ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА
АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Торебаев О., Қаражанов Б.

# ЭКОНОМИКАЛЫҚ ТЕОРИЯ
## пәнинен лекция тексти



НӨКИС - 2015

## МАЗМУНЫ


| Тема | Теманың аты | Бети |
|---|---|---|
| | **Кирисиў** | 5 |
| | **I - бөлим. Экономикалық теорияның тийкарғы машқалалары** | |
| **1– тема:** | **Экономикалық билимниң раўажланыў басқышлары, пәниниң предмети ҳәм үйрениў усыллары** | 6 – 18 |
| | 1. Экономикалық билимниң раўажланыў басқышлары, предмети | |
| | 2. Экономикалық процесслер ҳәм экономикалық қатнасықлар | |
| | 3. Экономикалық нызамлар ҳәм олардың түрли шараятларда сәўлелениўи | |
| **2– тема:** | **Социал - экономикалық мүтәжликлер ҳәм олардың түрлери** | 18 – 23 |
| | 1. Мүтәжликлер, олардың мәниси ҳәм түрлери | |
| | 2. Экономикалық ресурслардың шекленгенлиги шараятында мүтәжликлерди қанаатландырыў машқалалары | |
| | 3. Ислеп шығарыўдың нәтийжелилиги ҳәм оның көрсеткишлери | |
| **2.1– тема:** | **Экономикалық хызмет ҳәм оның түрлери** | 24 – 28 |
| | 1. Экономикалық хызметтиң мазмуны ҳәм түрлери | |
| | 2. Ислеп шығарыўдың  улыўма нәтийжелери | |
| | 3. Мийнет өнимдарлығы ҳәм оған тәсир етиўши факторлар | |
| **3 - тема:** | **Товар ислеп шығарыў ҳәм пул, олардың экономикалық раўажланыўдағы орны** | 29 – 33 |
| | 1. Хожалық жүргизиў формалары | |
| | 2. Товар ҳәм оның оның қәсийетлери | |
| | 3. Пулдың мәниси ҳәм ўазыйпалары | |
| | 4. Пулдың товарға айланыўы. Мийнет күши – товар | |
| **4 - тема:** | **Мүлкшилик қатнасықлары** | 34 – 39 |
| | 1. Мүлкшилик қатнасықларының мәниси | |
| | 2. Мүлк түрлери ҳәм олардың економикалық мазмуны | |
| | 3. Мүлкти мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў машқалалары | |
| **5 - тема:** | **Ислеп шығарыў. Тутыныў ҳәм топлаў. Инвестиция** | 39 – 50 |
| | 1. Ислеп шығарыў ҳәм оның түрлери | |
| | 2. Макроэкономикалық теңсалмақлық | |
| | 3. Миллий дәрамат ҳәм оның бөлистирилиўи | |
| | 4. Инвестициялар ҳәм олардың мазмуны | |
| **6- тема:** | **Базар экономикасының мазмуны ҳәм ўазыйпалары** | 50 – 55 |
| | 1. Базар экономикасының мазмуни ҳәм оған өтиўдиң зәрүрлиги | |
| | 2. Базардың мәниси ҳәм ўазыйпалары | |
| | 3. Базардың түрлери | |
| | 4. Базар инфраструктурасы ҳәм оның элементлери | |
| **6.1 – тема:** | **Өзбекистан Республикасында базар экономикасының қәлиплесиўи** | 55 – 58 |
| | 1. Өзбекистанда экономикалық реформалардың зәрүрлиги ҳәм олардың тийкарғы шәртлери | |
| | 2. Республикада базар реформаларын әмелге асырыў ҳәм оның тийкарғы бағдарлары | |
| | 3. Базар қатнасықларына өтиў процессинде макроэкономикалық турақлылыққа ерисиў ўазыйпалары | |

| | | |
|---|---|---|
| | **II – Бөлим. Микроэкономика** | |
| **7 - тема:** | **Талап ҳәм усыныс нызамы** | 59 – 64 |
| | 1.Талап түсиниги ҳәм талап нызамы | |
| | 2. Усыныс түсиниги ҳәм усыныс нызамы | |
| | 3. Базардағы тенсалмақлы баҳа | |
| **8 -тема:** | **Бәсеки ҳәм оның түрлери** | 64 – 68 |
| | 1. Бәсекиниң әҳмийети, эконмикалық тийкарлары ҳәм түрлери | |
| | 2. Монополия ҳәм мәмлекеттиң антимонопол сиясаты | |
| **8.1 –тема:** | **Баҳалар. Баҳалардың пайда болыў  механизми** | 68 – 71 |
| | 1.Баҳалардың мазмуны, оның ўазыйпалары ҳәм оған тәсир етиўши факторлар | |
| | 2. Баҳа түрлери | |
| | 3. Өзбекистанда баҳа сиясаты | |
| **9 -тема:** | **Талапкершилик ҳызмети. Исбилерменлик капиталы ҳәм оның айланысы. Өндирис шығынлары ҳәм дәрамат. Кәрхана пайдасы.** | 72 – 79 |
| | 1. Бизнес ҳәм исбилерменликтиң улыўмалықлары ҳәм айырмашылықлары | |
| | 2. Кәрхананың тийкарғы формалары. | |
| | 3. Менеджмент ҳәм маркетинг. | |
| | 4. Экономикалық шығынлар түсиниги, олардың түрлери ҳәм қурамы. | |
| | 5. Кәрхананың хожалық хызметиниң нәтийжелилиги. Пайда нормасы ҳәм массасы. | |
| | 6. Коммерциялық шығынлар ҳәм коммерциялық пайда. | |
| **9-1 -тема:** | **Аграр қатнасықлар ҳәм  агробизнес** | 79 – 85 |
| | 1. Аграр қатнасықлар ҳәм олардың өзгешеликлери | |
| | 2. Агробизнес ҳәм оның Өзбекистандағы көриниси | |
| **10 –тема:** | **Жәмийетлик ислеп шығарыўдың дәўирлиги. Жумыссызлық ҳәм  инфляция** | 86 – 91 |
| | 1. Жәмийетлик ислеп шығарыўдың әҳмийети | |
| | 2. Экономикалық раўажланыўдың дәўирлиги. Экономикалық цикл ҳәм оның басқышлары | |
| | 3. Жумыссызлық ҳәм инфляция ҳәмде олар ортасындағы байланыслылық | |
| | **III – Бөлим. Макроекономика** | |
| **11 –тема:** | **Экономикалық өсиў ҳәм миллий байлық** | 92 – 101 |
| | 1. Экономикалық өсиў әҳмийети ҳәм факторлары | |
| | 2. Экономикалық өсиў  моделлери | |
| | 3. Миллий байлық түсиниги ҳәм оның дүзилиси | |
| **11.1 -тема:** | **Мийнет қатнасықлары ҳәм ис ҳақы** | |
| | 1. Мийнет базары ҳәм жумысшы күшиниң товар сыпатында қуны | |
| | 2. Ис ҳақының әҳмийети ҳәм түрлери | |
| | 3. Ис ҳақыны белгилеўде кәсиплик бирлеспелериниң роли | |
| **12 -тема:** | **Халық  дәраматлары ҳәм мәмлекеттиң социал сиясаты** | 101 - 106 |
| | 1. Халық  дәраматлары ҳәм оның дереклери | |
| | 2. Дәраматлардың бөлистирилиўи. Лоренс қыя сызығы | |
| | 3. Халықты социал қорғаўдың зәрүрлиги ҳәм оның тийкарғы бағдарлары | |
| **13 -тема:** | **Финанс ҳәм финанс қаинасықлары. Салық  системасы** | 106- 111 |
| | 1. Финансттың әҳмийети ҳәм ўазыйпалары | |

| | | |
|---|---|---|
| | 2. Мәмлекет бюджетиниң түрлениўи | |
| | 3. Салық системасы ҳәм оның ўазыйпалары | |
| | 4. Өзбекистанда бюджет ҳәм салық системасын жетилистириў мәселелери | |
| **13.1 -тема:** | **Пул-кредит системасы ҳәм банклер** | 111 - 118 |
| | 1. Пул айланысы. Пулға талап ҳәм пулдың усынысы | |
| | 2. Кредиттиң әҳмийети ҳәм ўазыйпалары, кредит түрлери | |
| | 3. Банк системасы. Орайлық ҳәм коммерциялық банклери ҳәмде олардың ўазыйпалары | |
| | **IV – Бөлим. Жер жүзлик хожалық**. | |
| **14 -тема:** | **Жер жүзлик хожалық ҳәм оның эволюциясы** | 119 -122 |
| | 1. Жер жүзлик хожалық ҳәм оның белгилери<br>2. Жер жүзлик хожалықтағы мәмлекетлер | |
| | 3. Шетке капитал шығарыў. Жумысшы күши миграциясы | |
| | 4. Жер жүзлик хожалық инфраструктурасы | |
| **15 -тема:** | **Халық аралық саўда** | 122 - 125 |
| | 1. Халық аралық саўда ҳәм оның әҳмийети | |
| | 2. Мәмлекеттиң саўда сиясаты | |
| | 3. Саўда балансы ҳәм оны тәртипке салыў усыллары | |
| **15.1-тема:** | **Валюта қатнасықлары ҳәм валюта системасы** | 125-129 |
| | 1. Халық аралық валюта системасы ҳәм түрлениў басқышлары | |
| | 2. Валюта түрлери | |
| | 3. Валюта сиясаты | |
| | Пайдаланылған әдебиятлар | 129 |
| | Қосымша пайдаланыў ушын усыныс етилетуғын әдебиятлар | 130 - 132 |

# КИРИСИЎ

Республикада базар экономикасын қурыў, еркинлестирилген базар экономикасына өтиўди тәмийнлеўде жетик қәнийгелер таярлаўдың орны үлкен. Ҳәзирги дәўир қәнийгелери базар экономикасы раўажланыўының тийкары болған, базар экономикасы механизмлерин толық үйрениўлери ҳәм оларды экономикалық турмыста енгизе алыўлары керек. Соның ушын ҳәм Республика оқыў орынларында қәнийгелерди таярлаўда олардың экономиикалық билимлерин асырыўға айрықша итибар берилмекте. Президентимиз: «Жәмийеттеги сиясий, социал-экономикалық, руўхый қатнасықлардың раўажланыўы ҳаққында арнаўлы оқыўлықлар, окыў қолланбалар, әдебиятлар жаратыў зәрүр» - деген еди.

Бул лекция тексти институттың барлық қәнийгелиги талабалары шын усыныс етилген оқыў дәстүр тийкарында жазылған болып, бунда экономикалық теория пәниниң предмети ҳәм үйрениў усыллары, экономикалық тәлийматтың қәлиплесиўи, социал-экономикалық искерлик ҳәм оның түрлери, товар ислеп шығарыў, оның экономикалық раўажланыўдағы орны, мүлкшилик қатнасықлары, ислеп шығарыў, тутыныў ҳәм топлаў, инвестиция, базар экономикасы мәниси, ўазыйпалары, талап ҳәм усыныс нызамы, республикада базар экономикасының қәлиплесиўи, бәсеки ҳәм оның түрлери, баҳалар, баҳалардың қәлиплесиўи, аграр қатнасықлар ҳәм агробизнес, жумыссызлық, инфляция, экономикалық өсиў ҳәм миллий байлық, базар экономикасында мийнет қатнасықлары ҳәм ис ҳақы, ҳалық дәраматлары, мәмлекеттиң социаллық сиясаты, финанс ҳәм финанс қатнасықлары, пул-кредит системасы ҳәм банклер, миллий дәрамат ҳәм оның бөлистири-лиўи, инвестиция ҳәм олардың мәниси мәселелери жарытылған.

Лекция текстинде республикада базар экономикасы раўажланыўын жәҳән мәмле-кетлери менен экономикалық бирге ислесиўи, жәҳән хожалығы ҳәм оның эволюциясы, ҳалық аралық саўда ҳәм валюта қатнасықлары темалары талабаларға түсинерли дәрежеде жарытып бериўге ҳәрекет етилген. Лекция тексти авторлары пәнниң темаларын таңлаў, оларды жарытып бериў тәртиби ҳәм методлары бойынша оқыўшылар тәрепинен берилетуғын усынысларды миннетдаршылық пенен итибарға алады.

## I - бөлим. Экономикалық теорияның тийкарғы машқалалары

### 1– тема: Экономикалық билимниң раўажланыў басқышлары, пәниниң предмети ҳәм үйрениў усыллары

#### 1. Экономикалық билимниң раўажланыў басқышлары, предмети

Экономикалық теория ең қәдимги илимлерден бири болып есапланады. Себеби адамзат жәмийети пайда болған дәслепки дәўирлерден баслап-ақ адамлар өзлерин қоршаған жәмийеттиң экономикалық турмысын билиўге ҳәрекет қылған. Адамның тиришилик етиўиниң тийкары материаллық өндирис екенлигин түсинип, оның раўажланыў нызамлықларын билиўге, жәмийетте жүз берип атырған қубылыслар орта-сындағы өз-ара байланыслықты үйрениўге қызықсынған. Буның дәлили сыпатында әййемги Қытай, Рим, Әййемги Грецияда жасаған ойшылардың экономикалық ой–пикирлерин келтириўге болады. Мысалы, Әййемги Қытай ойшыларынан есапланған **Конфуций,** әййемги грек ойшыллары: **Аристотель, Платон, Ксенофонт,** Әййемги Рим ойшыллары **С.Катон, Варонлар** өзлери жасаған дәўирге тән болған экономикалық қубылыслар бойынша изертлеўлер жүргизип өз пикирлерин билдирген. "**Экономика**" термининиң өзи де биринши рет Аристотель тәрепинен киргизилген. Бул сөздиң мәниси келеси еки сөзлердиң қурамынан турады: «**ОЙКОС**» -**үй, хожалық**, «**НОМОС**» - **қәде, нызам** дегенди аңлатады ҳәм екеўи бирликте «**үй хожалығын жүргизиў шеберлиги**» дегенди билдиреди. Экономикалық билимлер қәдим заманлардан баслап пайда болғаны менен, оның ҳақыйқый илим сыпатында қәлиплесиўи ХВЫ - ХВЫЫ - әсирлерге туўра келеди. Ески Египет, Қытай, Индия, Ески Греция илимпазлары ҳәм ойшыллары өзлериниң мийнетлеринде: алмасыў пропорциялары, ақшаның функциясы, саўданың әҳмийети, халық аралық саўда, мәмлекетлер аралық саўда ҳәм т.б. ҳаққында өз дәўирлеринде өзлериниң пикирлерин айтқан.

Экономикалық бағдарда бул тәлийматларды алға сүрген илимпаз-алымлар қатарында **Ксенофонт** (шама менен эрамыздан алдыңғы 430-354 жыллары), Платон (шама менен эрамыздан алдыңғы 427-347 жыллары), ҳәм Аристотел (эрамыздан алдыңғы 384-322 жыллары) тәреплеринен айтылған пикирлери әсиресе, дыққатқа ылайық. Биз көп пайдаланатуғын **«Экономия»** түсиниги Ксенофонттың шығармасының бас атамасы болып, ол грек тилинен алынған, қарақалпақ тилине аўдарғанда **«ойкономия» - «ойкос» - үй, хожалық** ҳәм «**номос» - нызам, яғный** «**үй хожалығы нызам – қағыйда**» мәнисин аңлатады.

Грек алымы **Ксенофонт** хожалық жүргизиў хызметин пайдалы буйымлар дөретиў процесси, яғный тутыныў қунларын дөретиў деп билген. Усы бағдарда биринши болып, мийнеттиң бөлистирилиўиниң әҳмийетин түсиндирип берген. **Ксенофонт** натурал хожалықты қоллап қуўатлайды. Ол мийнеттиң бөлистирилиўи, өнимниң алмасыў қуны бойынша көплеген анық пикирлер билдиреди.

**Платон** өзиниң «**Мәмлекет ҳәм нызамлар**» шығармасында идеал мәмлекет ҳақ-қында айтып, адамларды **3 категорияға: философларға, әскерийлерге ҳәм меншик ийелерине** бөледи. Оның, мийнет бөлистириўи, товар, ақша ҳаққындағы пикирлери итибарға ылайық.

Искендер Зулқарнайындың (Александр Македонский) устазы болған **Аристотель** өз шығармаларында экономикалық пикирлерди көплеп келтиреди. Ол тарийхта биринши болып, алмасыў қунды анализледи ҳәм **қунның мийнет теориясын** жаратты. **Аристотель «ҳақыйқый байлық»** деп, тутыныў қунларының жыйындысын түсинген. Ол биринши болып, алмасыў қунын анализлеген (**1 қой = 100 балық**). Алымның эконо-мика қандай пән екенлиги ҳаққындағы пикирлери де дыққатқа ылайық. Ол, **экономика дегенде, турмыс кешириў ушын зәрүр болған өнимлерин (тутыныў қунларын) өндирис пенен байланыслы болған тәбийий хожалық хызметин түсинген.**

Әйиемги Римде (Италияда) экономикалық пикирлердиң тарқалыўы қулшылық жәмийетиниң қулаўы дәўирине туўра келеди. «**Дийханшылық**» шығармасының авторы болған **Катон (эрамыздан алдыңғы 234-149 жыллары**) натурал хожалықтың

тәрепдары болған. Усы менен бирге, ол артықша өнимди сатыў ҳәм керекли буйымларды сатып алыўға ийтермелеген, яғный базардың зәрүр екенлигин тән алған.

**Аға-ини Тиберий** ҳәм **Гай Гракхлар** тарийхта биринши ири аграр реформашылар сыпатында өз пикирлерин баян еткен ҳәм бул жолда жанларын да аямаған. Буның арқасында әййемги Римде жеке меншикке айналған жерлер де пайда болған.

Әййемги Рим алымларынан **Люций Колумелла (ВЫЫЫ - әсир**) ҳәмде **Люций Аней Сенека** мийнеттиң өнимдарлығы ҳаққында пикир жүргизип, қол мийнетин жеңиллетиўге ҳәм соның себебинен нәтийжелирек хожалық жүргизиўге ҳәрекет еткен.

Феодал жәмийетиниң дәслепки басқышында, Араб, Шығыс мәмлекетлеринде Ислам дининиң тарқалыўы, оның экономикалық пикирлериниң әҳмийети жүдә улкен болған. Исламның экономикалық пикирлери мусылманлардың муқаддес китаплары **«Қураный Кәрим**»-де (610-632 жыллары арасында), **«Ҳәдислерде**» ҳәм басқа атақлы шығармаларда баян етилген.

**«Қураный Кәрим**» де саўдаға, ҳадал ҳәм әдалатлы ис жүргизиўге, саўда ҳәм исбилерменликтен пайда алыўда инсапты умытпаўға айырықша әҳмийет берилип, сүтхорлық, басқалардың ырысқысына қыянет етиў қараланған. Бул китапта меншиктиң тутқан орны, оған қыянет етиў кеширилмес гүнә деп айтылған, қарыз бериў, садақа берип турыў пикирлери айтылған. Соның менен бир қатарда китапта кәсип таңлаў, оны ийелеўге, пайдалы мийнет етиўге,мийнет етиў арқалы өмир кешириўди үйрениўге, мийнет ҳәр бир инсан ушын жақсы жасаўдың дереги деп үйретилген. Жәнe муқаддес «Қураный Кәрим» де инсанлар бар өнимлерден дурыс пайдаланыўы, сақаўатлы ислер ислеўи экономикаға әдалат көзи менен қараўға, ҳадал болыўы, ашкөзлик, ҳарам ҳәм әдалатсызлықтан қашыўы шәрт екенлиги де айтылған. Инсаният басып өткен узақ жол мийнет ҳәм дөретиўшилик жолы болып келген, соның ушын адамлар ҳәр қашан мийнетти қәдирлеген, жасларды мийнет сүйгиш етип тәрбиялаўға итибарды күшейтиўи зәрүр болған. Бул әлибетте тәрбияға байланыслы. Сол себепли, «**Билимлендириў ҳаққында**» ғы нызамда, «**Кадрлар таярлаўдың миллий дәстүринде**» ҳәм Өзбекстан Республикасында бул,  тараўдағы басқа бир қатар нызамларда мийнет тәлимине улкен итибар берилгени мақсетке муўапық.

Сондай-ақ **«Қураный Кәрим**» де шаңарақтағы меншик қатнасықлары мийрас қалдырыў, мийрасқа ийелик етиў, мийрасты дурыс бөлистириў мәселелерине айырықша итибар берилген. «**Қураный Кәрим» де қарыз бериў ҳәм қарыз алыў, мийрас бөлистириў** ( 4-сүре**, 8-аят), жетим - жесирлерге мириўбет, садақа бериў** ( 3-сүре, 128-аят), **өз-ара жәрдем бериў** ( 5-сүре, 3-аят) тилге алынған. Ысырапгершилик қараланған, пайда муғдары 10 процент етип белгиленген. **«Қураный Кәрим**» де шекленген ресурслардан үнемли пайдаланыўға итибар берилип, мынандай делинген: «**Жеңлер, ишиңлер, бериңлер бирақ ысырап етпеңлер**». **«Қураный Кәрим**»- де алға сүрилген экономикалық пикирлерден бири инсанның тутыныўы, оның норма шегерасы, тутыныў мәденияты да орын алған, яғный тутыныўшының нормада болыўы, ысырап етиў, олардан үнемли пайдаланыў зәрүрлиги айтылған, керисинше тутыныў нормасы ҳәм мәдениятын билмеў кәмбағалшылыққа, экономикалық дағдарысқа алып келиўи мүмкинлиги көрсетилип өтилген.

Орта Азия илимпаз-энциклопедистлери ҳәм ойшыллары: **Абу Наср Фарабий, Абу Али Ибн-Сино, Абу Райхан Беруни, Юсуф Хас Ходжиб, Алишер Навой** ҳәм тағы басқалар, олар еле экономикалық машқалаларға қызығыўшылық күшли емес ўақытын-да өз көз-қарасларын билдирген.

**Абу Насыр Фарабий** илими - пән тарийхында **«Шығыстың уллы философы», «Шығыстың Аристотели», «Шығыс Платоны»** атлары менен белгили болған. Оның экономикалық пикирлери «**Фозил кишилар шахри**» шығармасында баян етилген. Ол ең дәслеп мүлкке ийе болыў, оның жәрдеминде бай болып жасаў мүмкин екенлигин, мүлкти пайдасыз жыйнаўдан сақланыў, адамларға, әўладқа зыян келтирмейтуғын малмүлк жыйнаў пайдалы ис дейди. Басқалар ушын зыян келтиретуғын байлық топлаў, мал-мүлкке

ийе болыў жаман әдет деп билдиреди. (Абу Насыр Фарабий: «Фозил кишилар шахри». Т. 1993 ж. 38-бет). **Фарабий – «Мүлк арттырыўда онша қәўип жоқ, бирақ оны асырап сақламаў мүмкин емес. Егер басқа биреўлер есабынан мүлк арттырғанлар жазаланбаса, бундай жағдайда халқынан инсан ҳәм ҳадаллық жоғалады. Мүлкти асырап - сақлап күтиў өзиниң мүтәжлиги ушын пайланса, бул жаман ис болып табылмайды»,** деп көрсетеди ( Абу Насыр Фарабий: «**Фозил кишилар шахри**». Т. 1993 ж. 47-бет).

**Абу Али Ибн - Сино** тәлийматында да Фарабийдиң пикирлерине уқсас мүтәжликлер, оларды қанаатландырыў машқалалары айырықша орын ийелейди. Ол әсиресе, адамлар өз мүтәжликлерин қанаатландырыўда бир - бирлери менен байланыста болады. Себеби, ҳәр бир Адам өз алдына ислесе, ол қанша күшли ҳәм қәбилетли болмасын өз мүтәжликлерин қанаатландыра алатуғын барлық өнимлерди өндире алмайды. Сол себепли олар өз-ара экономикалық келисим тийкарында, яғный мийнет бөлистири-лиўи арқалы мийнет етиўге, экономикалық хызмет алып барыўға умтылады. Соның ушын, Ибн Сино адамлар жәмийеттен сырта жасай алмайтуғынлығын, ол белгили бир жәмийетте ғана өз-ара экономикалық бирге ислесиў арқалы өз турмысын даўам еттиреди, өзлериниң жасаў мүтәжликлерине бойсыныўы керек деп үйретеди.

Ибн Сино «**Тиб қонунлари**» шығармасында **«Егер ҳайўанлар тәбият байлық-ларына қанаат етип жасаса, адамларға бул байлықлар жетпейди, олар азық-аўқат, кийим-кеншек, үй - жайға болған мүтәжликлерин қанаатландырыўы тийис. Егер ҳайўанлар таяр тәбият байлықларын өзлестирип алса, адамлар болса өз мийнет-лери менен зәрүр болған байлықларды дөретеди, соның ушын да олар мийнет етеди ҳәм ҳәр қыйлы хызмет – дийханшылық, шарўашылық, өнерментшилик пенен бәнт болады»** - деп жазады.

Юсуп Хос Ҳәжиптиң «**Қутадғу билиг»** деп аталған шығармасында айтып өтилген. Ол бул мийнетинде, мийнетке дурыс ҳақы төлеў, мийнетти хошаметлеў, материаллық мәпти қорғаў, кәсип-өнер ийелеў, күшли социаллық қорғаныўға көп дыққат бөлген. Шығармада дийханларға, шарўаларға, саўдагерлерге, өнерментшилерге бағышланған өз алдына баплар бар. **«Хызмет етиўши халық** – деп жазады алым, **өз мийнети нәтийжесинен үмит етеди. Үмит еткен нәтийжесине ерисе алмаған хызметкерлердиң кеўли сынады, ... хызметине ылайық мақсетке ерискен хызметкерлердиң болса кеўли көкке жетеди»** («Қутадғу билиг» Т. 1990 ж. 63-бет).

Ол мәмлекет, ел - журт ҳәм оның баслығы бай болыўы ушын, адамларды, жумыс-шыларды бай етиўи керек, деген пикирди алға сүреди. «**Хызметкерлер бай болса, мәмлекет, ел басшысы бай болады, ел басшысының күши халық пенен. Соның ушын халық тоқ болсын**» («Қутадғу билиг» Т. 1990 ж. 65-бет) деп жазады. Уллы алымның бул экономикалық идеялары республикамызда алып барылып атырған базар реформалары менен сәйкес келмекте, деп айтыўға толық дерек береди.

**«Реформалар инсан мәплерине сәйкес келген, оның талап ҳәм мүтәжликлерин қанаатландырыўға жәрдем берген: жумыстың дәрежесин жақсылаўға қаратылған жағдайда ғана әҳмийетли болыўын удайы ядта сақлаўымыз керек»-** деп түсин-диреди, Президентимиз И.А.Каримов ([1], 19 бет). Ҳәр бир инсан турмыстың дәрежесин ол етип атырған мийнетке, оның муғдарына, сыпатына байланыслы болмаса, экономика ҳәш қашан раўажланбайды. Инсан мийнеттиң дурыс ҳәм әдалатлы хошаметлениўи экономикаға көп муғдарда капитал сарплаў менен тең. Соның ушын да Президентимиз И.А.Каримов республикамызда экономикалық рефор-малардың стратегиялық ўазыйпа-ларынан бир **«адамларда жаңаша экономикалық пикирлеўди қәлиплестириў, олар-дың дүнья қарасын өзгертиў, ҳәр бир адамға өз мийнетин сарплаў тараўы ҳәм формаларын ғәрезсиз белгилеў имканиятын бериўи тийис»** деп көрсетеди ([1], 18 бет).

Шығыс экономикалық тәлийматының раўажланыўында сақыпқыран **Әмир Темурдың** экономикалық пикирлери айырықша орын ийелейди. Олардың экономикалық пикирлери

**«Темур тузуклари»** деп аталған шығармасында көбирек баян етилген. Онда «**Экономикалық теория**» пәнинде үйретилетуғын көплеген экономикалық түсиниклер ҳаққында айтылып өтиледи. «**Темур тузуклари**» шығармасында Әмир Темур тәрепинен мәмлекетти басқарыў, оны раўажландырыў нызам – қағыйдалары, принциплери, жоллары, экономиканы шөлкемлестириў, турақластырыў машқалаларына арналған зәрүр усыныслар берилген.

Әмир Темур мәмлекет ҳәм экономиканы басқарыўдың өзине тән **еки басқышлы**: («**Бас ўәзир кеңеси»** ҳәм «**Ҳәр бир ўәлаят кеңеси»**) мектебин ислеп шықты. Бул басқарыў системасы салық жынаў, тәртипти сақлаў, өндирис ҳәм жәмийетлик инфраструктураларды дөретиў ҳәм оларды жүргизиў, қадағалаў ҳәм тексериў жумысларын алып барыў, халықтың минез - қулқын қадағалап барыў ҳәм басқа жумысларға басшылық еткен.

Әмир Темурдың экономикалық сиясаты негизинде инсан, оның мәпи, пәраўан ҳәм тыныш турмыс кешириў мәселелери жатады. Адамларға өнер - кәсип үйретиў, оларды жумыс пенен тәмийнлеў, исбилерменлик ҳәм талапкершилик пенен шуғылланыўшыларға зәрүр болған қаржылар ажыратыў, үй - жайлар қурып бериў ҳаққында айтылып өтиледи. **«Өнер-кәсип ҳәм билим ийелерине ири кәрханалардан үлес берилсин, билегинде күши бар жас адамлар болса, өз жағдайына қарап жол тутсын, қаржысы қолынан кетип қалған саўдагерлерге өз қаржыларын қайта тиклеп алыў ушын қазнадан жетерли муғдарда алтын берилсин», «күши жетпеген дийханларға егис ушын тухым, әсбап - үскенелер таярланып берилсин, пухаралардан үй - жайы бузылып, қайта тиклеўге қурбы жетпегенлерге керекли затларды жеткерип берип, оларға жәрдем берилсин»** («Темур тузуклари» Т.1993 ж. 67 бет) деп көрсетеди Әмир Темур. Бул пикирлер ҳәзирги дәўирде де, базар экономикасына өтиўде улкен әҳмийетке ийе.

Әмир Темур меншик мәселелерине де итибар берген ҳәм ҳәр қыйлы меншиклердиң тең қолланыўына жағдай жаратып берген. Сақыпқыран Әмир Темур дәўиринде тийкарғы өндирис қуралы болған жерге ийелик етиўдиң бес тийкарғы көриниси болған.

Әмир Темур халықты өзи жүргизип атырған экономикалық сиясатынан әсиресе, финанслық қатнасықлардан, ақша машқалалары ҳәм салық системасынан хабарлы болыўы, яғный экономикалық жақтан саўатлы болыўын талап еткен. Ол халық экономикалық жақтан саўатлы болса, мәмлекет те экономикалық жақтан раўажланады ҳәм нәтийжеге ериседи деп есаплаған.

Және де ол салықлар ҳаққында жазып: «**Егер халық дизимге алынған жерлерден берилетуғын салық нақ ақша менен төлеўге разы болса, оларға жеңиллик берилиўи керек»** - деп ҳәм буның менен ол салықты нақ ақша менен төлеўшилерге нақлай емес ақша яғный, өним бериў жолы менен төлеўшилерге қарағанда жеңилликлер бериў зәрүрлигин айтады. Бундай сиясат әлибетте әпиўайы мийнеткеш халық мәплери менен үзликсиз байланысқан сиясат екенлигинен дерек береди. Бундай сиясат дуньяда экономикалық ҳәм әскерий тәрептен күшли, қудретли, мәмлекет дүзилисине себеп болған. Сақыпқыран Әмир Темур сыртқы экономикалық байланысларды жүдә әҳмийетли деп билген. Қытай, Ҳиндистан, Араб мәмлекетлери, Мыср, Рим, Израил усаған мәмлекетлер менен жақын экономикалық байланысларды жолға қойыўға умтылған.

Халқымыз, әсиресе, жасларымыз **Алишер Наўайыны** тийкарынан шайыр сыпатында жақсы биледи. Ол экономикаға да байланыслы көплеген идеяларды өзиниң **«Махбуб ул қулуб»** (**«Қәлб сүйиклиси»**) шығармасында көрсетип өткен.

Алишер Наўайы еки экономикалық пикирди алға сүрди:

1) **Мийнеттиң муғдары ҳәм сыпатына қарап хошаметлениўи.**
2) **Мийнетке қарай ис ҳақы алыў, анна сүтиндей ҳадал екенлиги.**

Наўайының экономикалық көз-карасларында меншик мәселерине, оны дурыс бөлистириў, ресурслардан үнемли пайдаланыў, ысырапгершиликке жол қоймаў, сонда ғана халық тоқ, параўан жасайды деген идеяны алға сүреди. **«Ысырап етиў**

**сақыйлық емес, орынсыз жумсаўды ақыллы адамлар сақыйлық деп есапламайды, ҳадал малды күйдиргенди тентек дейди, жақты жерде шам жаққанды ақылсыз дейди».**

Уллы шайыр Алишер Наўайы исбилерменлик, яғный дәрамат табыўдың жоллары үстинде үлгили пикирлер айтқан. Оның пикиринше дарамат табыўдың еки жолы болып, **биринишиси** өз мийнети менен байлық топлаў ҳәм тоқ жасаў, ал, **екиншиси** болса урлық, дәмегойлик ҳәм зорлық есабынан байлық жыйнаў.

Сол дәўирлерден баслап ҳәзирге шекем экономикалық теория пәни бир қанша раўажланыўы басқышларынан өтти ҳәм буған бир қатар ағымлар өз үлеслерин қосты.

Экономикалық теорияның раўажланыўындағы ең дәслепки ағымлар сыпатында "**Меркантилизм"** ағымын айтыўға болады. Меркантилизмниң ең көрнекли көзге көр-инген ўәкиллери болып: **Т. Манн (1575-1621), А.Монкретьен де Ваттевиль (1519-1584), Г. Скаруффи (1519-1584). Д. Норе (1641-16941), Д. Юм (1711-1746) есапланады. Меркантилистлер** тәлийматында ҳәр қандай байлықтың дереги саўда сферасы деген идея тийкарғы орында ийелейди. Олар, **байлықты ақша менен белгилейди ҳәм мәмлекет байлығын сақлап турыў ушын миллий экономикаға шет ел капитал-ларының ағып келиўине жол қойылыў керек деп көрсетеди.**

Меркантилистлик мектеп үәкили **Антуан Монкретьен** экономикалық пәнге бирин-ши болып «**Сиясий экономия**» түсинигин киргизген. Ол 1665 жылы «**Сиясий экономия трактати**» шығармасын жазған. Бул шығарманың тийкарғы идеясы – **«көп сатыў, аз сатып алыў**». Меркантилизм Ангилияда да аўыл хожалығы ҳәм санааттың раўажла-ныўына түртки берген болса, Францияда ол тийкарынан итибарды санаатқа қаратқан. Францияда бул тәлиймат басында Франция короли Людовик XIV-тиң финанс (қаржы) үәзири **Ж. Б. Кольбер (1619-1683 ж.)** турған. «**Ақша саўданы раўажландырады**» деген докторинаны ең жоқары дәрежесине көтерген меркантилист **Жон Ло** еди. **Жон Ло** 1705 жылда өзиниң тийкарғы шығармасы «**Ақша ҳәм саўда анализи**» мийнетин жазған. **Жон Лоның** идеясы төмендегилерден ибарат болған: Оның пикиринше экономикалық раўажланыўдың гилти мәмлекетте ақшаның көплиги болып есапланады. Ол ақшаның өзин байлық деп есапламаған, ал товарлар, кәрханалар ҳәм саўданың өзин ҳақыйқый байлық деп билген. Бирақ, ақшаның көплиги өндирис факторларынан толығырақ пайдаланыўға имканият береди. Жон Лоның пикиринше, ақшалар металдан емес, ал хожалық талабы тийкарында банклер тәрепинен шығарылатуғын кредиттен ибарат болыўы керек, яғный қағаз ақшаларға үстинлик бериледи. Меркантилизм мектеби ҳәмме мәмлекетлерде тарыйхый унамлы характерге ийе болды. Олар биринши болып тутыныў қунын емес, ал алмасыў қунын байлық сыпатында тән алады. Олар қун ҳәм байлықты ақша менен бир деп билип, әпиўайы етип айтқанда, капитал жәмийетиниң тәбиятын ашып берди.

Экономикалық билимлердиң раўажланыўындағы жаңа басқыш физиократлар аты менен байланыслы болып «**Физиократия»** яғный «**Тәбият үкимдарлығы**» деп аталған. Олардың меркантилистлерден тийкарғы айырмашылығы ҳәр қандай байлықтың дереги саўда да емес, ал мийнетте екенлигин түсинди. Бул ағымның ўәкиллеринен бири **Ф.Кенэ** болып, олардың тийкарғы кемшилиги тек ғана аўыл хожалығында исленген мийнетти өнимли мийнет деп есаплап, барлық байлықлар аўыл хожалығында өндириледи деп көрсетиўи болып табылды. «**Байлық аўыл хожалығында жаратылады ҳәм көбейеди**» деген идеясы менен меркантилистлерден ажыралып турады.

Экономикалық билимлердиң раўажланыўына «**классик сиясий экономия**» ўәкил-леринен есапланған **Адам Смит, Ульям Петти** ҳәм **Давид Рикардоларда** үлкен үлес қосты. Олардың ең үлкен жетискенлиги мийнет қуны теориясына тийкар салыўы болып табылады. **Уильям Петти** да бул ағымның көрнекли ўәкиллеринен болып, ол "**Ҳәр қандай байлықтың атасы мийнет, анасы - жер"** деген баҳалы пикирди айтты. Олар өндиристиң ҳәр түрли тараўларына байланыссыз изертлеўлер баслаған (**Байлық бул-мийнет, товар, ақша, пайда ҳ.т.б.** деп түсиндирген).

Олар «**Байлық тек ғана аўыл-хожалығында емес, соның менен бир қатарда санаат, қурылыс ҳәм басқа хызмет көрсетиў тараўларында да жаратылады**» деген илимий жуўмаққа келеди.

Экономикалық билимлердиң буннан кейинги раўажланыўы **марксислик** басқышқа туўры келеди. Х1Х әсирдиң ақырларына келип марксизмге қарама - қарсы болған «**маржинализм**» теориясы пайда болды. Бул теорияның тәрептарлары **К.Менгер, Бем-Баверклер** есапланады. Бул ағым ўәкиллери: **өндирис шығынлары, талап, усыныс, баҳа, нәтийже ямаса шығын шегарасы, өндиристиң катнасықлары** ҳ.т.б. түсиниклерди киргизди.

Маржинализм ағымының баслы бағдары (**шекли пайдалылық)** теориясы болып, олар өндирис шығынларын, талап, усыныс, баҳа, нәтийже ямаса шығын шегерасын, өндирис қатнасықларын ҳ.т.б. анықлаўда санлық анализлерге сүйенеди ҳәм бунда экономикалық - математикалық моделлестириў усыллардан пайдаланады.

ХХ әсирдиң ақырына келип экономикалық билимлер системасында үлкен өзгерислер жүз берди. Экономикалық теорияның раўажланыўында **монетаризм, неолиберализм, кейнслик, неоинститутционализм** ағымлары да пайда болып, олар ҳәзирги заман экономикалық теориясының баслы бағдарлары есапланады.

ХХ әсирге келип экономикалық анализдиң жаңа подходлары (есаплаўлары, жантасыўлары) жаңаша талқылаўлар пайда болды.

**Кейиншилер** - макроэкономикалық анализ жәрдеминде мәмлекет жәмийеттиң экономикалық процесслерин регулировка етиўи тийис ҳәм әмелге асырады да деп көрсетеди.

**Монетаризм** - мәмлекеттиң экономикаға араласыўының шекленгенлиги ҳәр жылы ақша массасының темпиниң өсиўи 3-5 % болыўы керек деп көрсетеди.

**«Экономикалық усыныс» теориясы** - базар экономикасын жанландырыў ушын усыныс факторларын, экономикалық субъектлердиң активлигин (белсеңдилигин) стимулластырыў керек деп көрсетеди.

**Рационал күтиў теориясы -** экономикалық субъектлер, өзлериниң өмирлик тәжрийбелеринен ҳәм информациялардан (мағлыўматлардан) пайдаланып экономиканың перспективасын (келешегин) алдын ала көре билиўи, мәмлекеттиң қандай сиясат алып барыўын ҳәм оған адекватлы (жудә жақын, уқсас) ҳәрекет етиўи керек дейди.

**Институтционаллық-социаллық бағдар** - бул тийкарынан жәмийетлик эволюция дегенде, илимий-техникалық прогресс, яғный **«индустуриялық», «информациялылық»** жәмийет деп түсинеди.

«**Сиясий экономия**» пәни ҳәзирги «**Экономикалық теория»** деген ат пенен 1990–шы жыллардан үйретиле баслады. Бунның **биринши себеби**, экономикалық пәнди сиясатластырыўдан азат етиў болса, **екиншиден,** экономиканы шөлкемлестириўди улыўма адамзатлық принциплерге муўапықластырыў болып табылады.

**Экономикалық теория** - бул адамлардың мүтәжликлерин толық қандырыўға ерисиў ушын экономикалық ресурслардан(шийки затлардан) нәтийжели (эффектли) пайдаланыў жолларын үйрететуғын илим.

**Макроэкономика болса**, экономиканы бир пүтин түринде үйретеди, мәмлекеттиң экономикасын тәртипке салыў нызамлықларын анықлайды.

**Микроэкономика болса**, бул ҳәр бир субъектлердеги ҳәм структуралардағы (фирмалар, тараўлар, товар базарлары ҳ.т.б.) экономикалық байланысарды үйретеди.

Экономикалық теория жәмийетлик пән болып, басқа илимлер сыяқлы өз предметине ийе. Ҳәр қыйлы дәўирлерде экономикалық теория пәниниң предмети ҳаққында ҳәр қыйлы анықламалардың берилгенлигин көриўге болады. Экономикалық билимлердиң раўажланыўындағы ең дәслепки ағымлардан есапланған меркантилистлер, илимий изертлеўлердиң тийкарғы предмети байлықлар ҳәм олардың дереклерин үйрениў болып табылады деп есаплаған болса, физиократлар изертлеў предметин алмасыў сферасынан өндирис сферасына өткереди. Бирақ оларда барлық байлықтың дереги аўыл хожалығында деп есаплап бир қанша қәтеликлерге жол қояды.

**Классик сиясий экономия** ўәкиллери бул илимди, материаллық өндирис тараўларында миллий байлықты өндириў, бөлистириў ҳәм топлаў жағдайларын үйрениўши илим сыпатында алып қарайды.

Экономикалық теория “**Сиясий экономия**” деген ат пенен үйренилип келинген бир қанша жыллар даўамында ол, “**Материаллық байлықларды өндириў, бөлистириў, алмасыў ҳәм тутыныўды басқарыўшы нызамлар ҳаққындағы илим**” деген анықламаға тийкарланып келинди.

Экономикалық теорияны **өндирис қатнасықларын үйренетуғын илим** деп алып қарайтуғын көз - қараслар ХХ-әсирде жасаған көпшилик экономистлер тәрепинен мақулланып келинди.

**К.Р.Макконелл, С.Л.Брю** авторлығындағы **“Экономикс”** китабында бул пәнниң предмети **адамлардың материаллық талапларын толығырақ қанаатландырыў мақсетинде шекленген ресурслардан нәтийжели пайдаланыў жолларын үйрениў** болып есапланады деп көрсетеди. Бул анықлама экономикалық теория “**Экономикс**” деген ат пенен жүргизилиўши сабақлықларда келтириледи.

“**Экономикс**” экономикалық теория курсына салыстырғанда бир қанша кеңирек болып, ол Кембридж университетинде **А.Маршаллдың** усынысы бойынша енгизилген еди.

**А.Ф.Шишкин** авторлығындағы «Экономикалық теория» сабақлығында, **бул пән өндирис қатнасықларын үйретеди** деген анықлама басшылыққа алынады.

Экономикалық теория пәниниң предмети бойынша Өзбекистан экономистлери де өзлериниң бир қанша баҳалы пикирлерин билдиреди.

Академик **С.С.Гуломов**, академик **Г.П.Журавлева** ҳәм басқа да бир қатар авторлар тәрепинен жазылған “**Экономикалық теория**” сабақлықларында ҳәм **Ш.Шодмонов, Т.Жураевлардың «Экономикалық теория»** курсы бойынша лекциялар тексти сыпатында жазылған китабында да экономикалық теория предметине бир тәреплеме анықлама бериўге жол қоймаў зәрүрлиги ҳаққында айтылады.

Жоқарыда келтирилген анықламалар экономикалық теорияның предметин адамзат жәмийетиниң ҳәр қыйлы аспектлерин есапқа алыў тийкарында берилген анықламалар болып табылады. Олардың айырымлары **шекленген ресурслардан өнимли пайдаланыўға тийкарғы итибарды қаратқан болса, екинши бир топары өндирис қатнасықларына айрықша дыққат аўдарады.** Усыларды есапқа ала отырып бизиң пикирлеўимизше «**Экономикалық теория**» пәниниң предмети бойынша көбирек мақулланған анықлама сыпатында төмендегише анықлама берген мақул деп есаплаймыз.

**<u>«Экономикалық теория» пәниниң предмети</u> - шекленген ресурслар жағдайында, шексиз талапларды қанаатландырыў мақсетинде, материаллық байлықларды өндириў, бөлистириў, алмасыў ҳәм тутыныў процессинде жүзеге келетуғын өндирис қатнасықларын, базар экономикасы жағдайында хожалықты нәтийжели жүргизиў жолларын үйрениўден ибарат.**

Экономикалық теория өзиниң предметин үйрениў арқалы жәмийет раўажланыўы-ның экономикалық нызамларын да ашып береди.

**<u>Экономикалық нызамлар</u> - бул экономикалық ҳәдийселер ҳәм қубылыслардағы үзликсиз қайталанып туратуғын өз-ара байланыслар ҳәм себеп ақыбетлердиң улыўмалық тәреплерин сәўлелендирип көрсететуғын түсиник болып табылады.**

**Экономикалық категория – бул логикалық түсиник болып, ол экономикалық қубылыстың тәреплериниң мазмунын улыўмаластырылған түрде көрсетеди.** Мысалы, капитал, ис ҳақы, инфляция, жумыссызлық ҳәм тағы басқа.

Экономикалық теорияда жәмийет раўажланыўының экономикалық нызамлары **улыўмалық, арнаўлы ҳәм айрықша түрлерге** ажыратылып үйрениледи.

Экономикалық теория пәнининң предмети оның атқаратуғын хызметлери арқалы толығырақ сәулеленеди. Оның тийкарғы хызметлери ретинде төмендегилерди айтыўға болады:

**1. Билиў хызмети.** Экономиканың сырларын билиў ҳәм оларды халыққа жеткериў арқалы, олардың экономикалық билимлерин арттырады. Адамларда жаңаша экономикалық пикирлеўди қәлиплестириўге, олардың дүнья қарасын өзгертиўге хызмет қылады.

**2. Методологиялық хызмет.** Экономикалық теория басқа бир қатар экономикалық пәнлер ушын методологиялық тийкар болып хызмет етеди.

**3. Әмелий усыныслар бериў хызмети.** Экономикалық теорияның бул хызметиниң мәниси жеке адамның, жәмәәттиң, жәмийеттиң мәпине жуўап беретуғын меншиктиң ҳәм хожалық жүргизиўдиң прогрессив формаларының зәрүрлигин ҳәм оларды жетилистириў жолларын ҳәр тәреплеме тийкарлаўдан, хожалықты басқарыўдың нәтийжели формаларын анықлаўдан ибарат.

**4. Болжаў хызмети.** Ҳәзирги ўақытта бул хызмети айрықша әҳмийетке ийе болып, ол илимий болжаўларды ислеп шығыў, жәмийеттиң келешектеги раўажланыў бағдарларын анықлап бериў арқалы әмелге асырылады.

Ҳәр қандай илим өзине тийисли болған объектлерди белгили усыллар жәрдеминде изертлейди ҳәм үйренеди. Сол сыяқлы экономикалық теорияда да экономикалық қубылысларды изертлеўде бир қатар усыллардан пайдаланады.

Eң көп қолланылатуғын усыллардан бири **илимий абстракция усылы** болып, бунда үйренилип атырған ҳәдийселерге сезилерли тәсир көрсетпейтуғын екинши дәрежели элементлер абстракцияланады, яғный есаплаўларды қыйынластырмаў мақсетинде бул элементлер итибардан шетте қалдырылады. Илимий абстракция жолы менен изертленгенде ҳәдийселер конкретлиликтен абстрактлылыққа қарай үйрениледи.

Бул усыл қубылыслардың көзге көринбейтуғын тәреплерин, оның түп мазмунын ашып бериўге жәрдем береди ҳәм ол усылларға төмендегилер киреди:

**Материалистлик-диалектика усылы** – экономикалық қубылыслар ҳәм процесслер өз-ара байланыста ҳәм үзликсиз раўажланыўды болады деп қарайды.

**Илимий абстракция усылы** – бул изертленип атырған объектти тосынанлық ўақытша көринислерден(черта) ҳәм тағы басқалардан тазалап оның турақлылық қәсийетлерин анықлап алыўды көрсетеди.

**Анализ ҳәм синтез усылы.** Экономикалық қубылыслар eң дәслеп айырым бөleклерге ажыратылып анализленди. Соңынан бир-бирине жақын болған элементлер өз-ара бирлестирилип синтезленеди, айырым бөлеклерди изертлеў нәтийжесинде алынған нәтийжелер улыўмаластырылып, белгили бир жуўмақ шығарылады.

**Индукция ҳәм дедукция усылы.** Барлық пәнлер эмпирик, яғный фактлерге тийкарланады. Фактлерсиз теория бос болады, теориясыз фактлер болса мәниссиз. Усыған байланыслы экономикалық теорияда индуктив ҳәм дедуктив усыллар пайдаланылады. Индуктив усыл жәрдеминде фактлер бир жерге топланып, системаға келтирилип, олар улыўмаластырылады ҳәм олардан теориялық жуўмақ шығарылады. Дедуктив усылда болса келтирип шығарылған жуўмақлар қайтадан фактлер тийкарында тексериледи.

**Тарийхый – логикалық бирлиги усылы.** Бул усыл изертлеўлерди тарийхый раўажланыў көз-қарасынан алып барыў зәрүрлигин талап қылады. Себеби ҳәр қандай қубылыс сыяқлы экономикалық ҳәдийселерде өзиниң келип шығыў тарийхына ийе. Соның менен бирге оларды үйрениў логикалық избе-изликте алып барылыўы тийис.

Экономикалық қубылысларды муғдар ҳәм сапа жағынан үйрениўде **математикалық, статистикалық** ҳәм **графикалық** усыллардан да кең пайдаланылады. Себеби миллий экономиканың раўажланыў жағдайын, оның макроэкономикалық көрсеткишлерин анықлаў математикалық, статистикалық есаплаўларсыз болыўы мүмкин емес.

Әсиресе бунда **экономика - математикалық моделлестириў усылынан** пайдалфныў айрықша әҳмийетке ийе болады. Себеби бул усыл жәрдеминде экономикалық процесслердиң өз-ара байланысларын, өз-ара тәсирлерин формулалар, символлар, белгилер

жәрдеминде онық адекватлы моделлери дүзиледи ҳәм ҳәзирги заман есаплаў техникалары болған компьютерден пайдаланыў мүмкиншилигине ийе боламыз.

Экономика пәниниң мақсети ҳәм ўазыйпасын еки тәреплеме, яғный ҳәм теориялық ҳәм әмелий тәреплерин түсиндириў мүмкин.

Экономика пәниниң теориялық тәреплери қәлиплесип ҳәм жетилисип атырған экономикалық қатнасықларды, экономикалық нызамлар ҳәрекетин, олардың ислеп шығарыўда ҳәм экономикалық раўажланыўдағы орынларын үйренип барады.

Әмелий экономиканың тийкарғы мақсети экономикалық өсиўди тәминлеў ҳәм соның тийкарында өсип баратырған мүтәжликлерди қанаатландыра билиўден ибарат. Оның ўазыйпасы сол мақсеттен келип шығып, шекленген ҳәр қыйлы ресурслардан нәтийжели пайдаланып, оның ҳәр бир бирлиги есабынан көбирек товарлар ислеп шығарыў ҳәм хызметлер көрсетиўди тәминлеў, ҳәр бир искерлик түри бойынша қәрежетлер муғдары менен ерисилген нәтийже, яғный товар ҳәм хызметлер муғдарын салыстырыў, ресурслардан нәтийжели пайдаланыў жолларын табыўдан ибарат. Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов: - "**Жәмийетлик өмиримиздиң бәрше тараўларын демократластырыў процессин жәнеде тереңлестириў, жаңа мазмун менен байытыў, оның изшиллигин ҳәм нәтийжелилигин тәминлеў - мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған сиясий реформалардың усы басқышында алдымызда турған ең актуал ўазыйпа есапланады**» ([3]. 7-бет) – деген еди.

Буннан тысқары экономикалық билим ҳалықты жумыс пенен тәминлеў, пулдың қәдирсизлениўиниң алдын алыў, ҳалықты соцаллық қорғаў жолларын көрсетип бериў лазым. Экономикалық қатнасықларды микрокономика ҳәм макрокономика дәрежесинде анализ етип, олардың тараўлары, көрсетикишлери, факторлары ортасындағы байланысларды, экономикалық өсиў жолларын көрсетеди ҳәмде мәмлекеттиң ишки ҳәм сыртқы экономикалық сиясатында илимий тийкар болып хызмет қылады.

Экономиканың мақсети болса, ең алды менен илимий билиўден ибарат. Бул соннан келип шығады, пән экономикалық процесслер ҳәм ҳәдийселерди бақлаў, олардағы форма ҳәм мазмун өзгерислерин, ишки байланыслардың, қарама - қарсылықлардың, нызам қағыйдалардың түсиниклерин билип, биринши нәўбетте талабаларға, экономист қәнийгелерге ҳәм экономика менен қызығыўшы басқа исшилерге үйретиўден ибарат. Экономиканың биз атап өткен теориялық ҳәм әмелий тәреплери бир - бири менен тығыз байланыслы. Әмелий экономика теориялық билимге ийе болыўды ол менен қуралланыў зәрүрлигин талап етеди. Теориялық билим болса алдыннан көре билиў ҳәм әмелий ҳәрекет жолын туўры белгилеў имканын береди.

Ўлыўма алғанда экономикалық теория пәни экономикалық процесслер, ўақыя ҳәм ҳәдийселер сырын билиўде илимий қолланба есапланады.

«**Экономика пәни деп – даўам еттиреди Президентимиз И.А.Каримов – адамларда жаңаша экономикалық пикирлеўди қәлиплестириў, олардың дүнья көз қарасын өзгертиў, ҳәр бир адамға өз мийнетин сарплаў тараўы ҳәм формаларын ғәрезсиз белгилеў имканын береди**» ([4], 187 б.) экономиканы реформалаў тараўындағы стратегиялық мақсетлеринен бири болып есапланады.

Президентимиз Ислам Каримов айтып өткениндей жәмийетте өмирге, өзгерислерге бийпәрўа қарайтуғын адамлар болмаслығы керек. Бул раўажланыўымызды арқаға сүрип жибереди. Инсан уллы, пәк арзыўлар менен жасасын. Оны тек ғана мәмлекет ишинде емес бәлки жәҳәнде жүз берип атырған ҳәдийселер қызықтырсын. Дүнья көз қарасы, санасы шегараланып, бир қәлипте қалмасын. Миллий ғәрезсизлик идеологиясы оған ҳәр дайым жолдас болсын. Бул мақсетке ерисиў ушын экономика пәни Президентимиз И.А.Каримовтың сөйлеген сөзлеринде, шығармаларында көрсетип берилген базар экономикасына өтиў дәўири принциплерин, өтиўдиң өзине сай жолын, өзиниң экономикалық нызамлары, Олий Мажлис, Министрлер Кеңеси қабыл еткен нызам ҳәм қарарлар тийкарында мәмлекетимиз алдында турған экономикалық машқалалар ҳәм ўазыйпалардың терең анализин, оны шешиў жолларын жарытыўы, өтиў дәўири экономикасының қәсийетлери,

көп укладлы экономиканың, түрли формадағы мүлкшиликтиң қәлиплесиў жолларын, усылларын көрсетип бериўи лазым.

### 2. Экономикалық процесслер ҳәм экономикалық қатнасықлар

Экономиканың тийкарғы мақсети адамлардың мүтәжликлерин қанаатландырыў ҳәм олардың турмысын даўам еттириў имканиятын жаратып бериў есапланады.

Экономикалық процесс инсанның дәслеп тәбиятқа тәсир өткизиўи менен басланған, кейин ала ҳалық хожалығын раўажландырыўда ҳәрекет көрсетиўге алып келген.

Ислеп шығарыў процессинде адамлар өз-ара қатнасыққа кириседи. Экономикалық қатнасық дегенде адамлардың бир-бирлери менен байланыста тәбиятқа тәсир өткизиўлери түсиниледи. Экономикалық қатнасықлар ҳәр дайым жәмийетлик характерге ийе болады.

Жәмийетлик қатнасықлар ислеп шығарыў процессинде, сол өнимлерди бөлистириў, алмастырыў ҳәм тутыныў процессинде де жүзеге келеди. Ислеп шығарыў процессин төмендеги көринисте сәўлелендириў мүмкин. Экономикада қайта ислеп шығарыў процессиниң басқышлары төмендегише:

**Ислеп шығарыў** – шийки заттан таяр өним ислеп шығарыў процесси

**Бөлистириў**– ислеп шығарылған өнимди тутыныўшыға бағдарлаўды аныклаў

**Тутыныў** - өнимди мүтәжликти қанаатландырыўға бағдарлаў

**Алмастырыў** - өнимди пулға яки басқа товарға алмастырыў

Ислеп шығарыў процессиниң раўажланыўына оның факторлары тәсир өткизеди. Ислеп шығарыў факторларына төмендегилер киреди:

**1. Инсан факторы** – бул жалланған мийнеткешлердиң физикалық, ақылый, исбилерменлик исши күшлериниң жыйындысы болып, билимлери, тәжрийбе ҳәм көнликпелерин ислеп шығарыў процессинде қолланыў.

**2. Материаллық фактор** – бул ислеп шығарыў қураллары.

**2.1. Мийнет қураллары** - өнимлерди ислеп шығарыў қураллары (тийкарғы фондлар).

**2.2. Тәбийий ресурслар** – өнимлерди таярлаў ушын керек болған шийки зат.

**3. Финанслық фактор** - фирманың капиталы, яғный нақ ҳәм нақ болмаған, өзиниң ҳәм қарызға алынған қаржылары.

**4. Исбилерменлик ҳәрекети** – арнаўлы фактор болып, ислеп шығарыў процессинде бәрше факторларды бирлестиреди. Исбилерменлик ҳәрекети мәлим дәрежеде қәўип пенен болған тәўекел ис жүритиўге тийкарланады, керекли қарарларды қабыл етеди. Исбилерменлик ҳәрекетиниң тийкарын билим, шаққанлық, талант, хабар қуралларына ийелик етиўди қурайды.

**5. Инфраструктура**. Ислеп шығарыў процессин нормал жағдайда әмелге асырыў ушын керек болган орталық.

**5.1. Ислеп шығарыў инфраструктурасына**: транспорт, байланыс, жоллар, көпирлер, портлар, складлар киреди.

**5.2. Социаллық инфраструктура**: медицина объектлери, тәлим, мәдeният, пән, спорт, яғный исшиниң ҳәм оның шаңарақ ағзаларының искерлигин тәмийнлейтуғын социаллық орталық киреди.

Ислеп шығарыў факторлары бир-бирин толықтырып өндирис процессиниң үзиликсизлигин тәминлейди.

Ислеп шығарыў қатнасықлары системасынан ең тийкарғысы өндирис процесси есапланады. Себеби бәрше товарлар ҳәм хызметлер усы процессте жаратылады.

Екинши әҳмийетли фаза болса бөлистириў процесси. Бул басқышта ең алды менен ислеп шығарыў қураллары, капитал ҳәм исши күши товар ҳәм хызметлердиң түрлери, ислеп шығарыўшы тармақлар, тараўлар, территориялар ҳәм кәрханалар ортасында бөлистириледи. Буннан тысқары, ислеп шығарыў нәтийжеси болған товар ҳәм хызметлер, олардың пул ҳалындағы көриниси болған дәраматлар да бөлистириледи. Бунда ислеп шығарыў қаншелли раўажланған болса, бөлистирилетуғын товар ҳәм хызметлер көлеми,

соның менен бирге дәраматлар көлеми де соншелли үлкен болады, бөлистириў қаншелли әдалатлы ҳәм туўры болса, ислеп шығарыўдың раўажланыўына соншелли жақсы тәсир өткизеди.

**Алмастырыў процесси** - мийнетти бөлистириў ақыбетинде айырым топарлар, адамлар, товар ҳәм хызметлердиң мәлим түрлерин ислеп шығарыўға, жеткизип бериў менен, айырым топарлары болса басқа турдеги товарларды ислеп шығарыў, оны тутыныўшыларға жеткизиў менен шуғыланатуғын структура болады. Ҳәр бир товар түрин ислеп шығарыўшы өз товарын сатып, өзине керекли болған басқа товар яки хызметлерди сатып алады. Нәтийжеде түрли бағдардағы ислеп шығарыўшылар ҳәм хызмет көрсетиўшилер ортасында экономикалық байланыс - алмастырыў, пул арқалы алды - сатты процесси жүз береди.

Экономикалық ислеп шығарыўдың ақырғы ўазыйпасы тутыныў процесси.

Бул процессте товарлар ҳәм хызметлер түрли адамлар, топарлар тәрепинен тутынылып, олардың мүтәжликлери қанаатландырылады. Тутыныў еки түрде болады:

1.Өндирис тутыныўы.

2. Жеке тутыныў.

Өндирис тутыныўында ислеп шығарыў қураллары (инвестиция) ҳәм исши күшинен пайдаланып, өнимли тутыныў қылынады, яғный тутыныў ушын зәрүр болған товарлар ислеп шығарылады. Жеке тутыныў процессинде болса тутыныў буйымларынан пайдаланып, жәмийет ағзаларының тутыныў талапларын қанаатландырыў ушын сарыпланады ҳәм орнына жәнe жаңасын ислеп шығарыў зәрүрлиги пайда болады.

### 3. Экономикалық нызамлар ҳәм олардың түрли шараятларда сәўлелениўи

Экономика пәни барлық пәнлер киби бир қанша ўазыйпаларды орынлайды.

Дәслеп, **А.Смит** экономика пәниниң позитив, негатив ҳәм норматив ўазыйпасын анықлады.

Экономика пәниниң норматив ўазыйпасы фирма ҳәм мәмлекеттиң экономикалық сиясатын тәминлейди.

Анализлер тийкарында ислеп шығарыўдың ең оптимал тәрепин шөлкемлестириў ушын усыныслар береди.

Оның позитив ўазыйпасы объектив процесслерди анализ етиў нәтийжесинде экономикалық раўажланыўдың нызамлықларын анықлайды. Позитив ўазыйпа фактлер тийкарында әмелге асады.

Негатив ўазыйпасы болса, объектив процесслердиң раўажланыўына кери тәсир етиўши факторларды анықлаўды сәўлелендиреди.

Экономика пәни көплеп фактлерден ибарат. Оларды үйрениўде мәлим усыллардан пайдаланылады. «**Усыл**» дегенде анализ етиў қуралы деген мазмунды аңлатады. Дәслеп, диалектика усылынан пайдаланылады. «**Диалектика**» сөзи избе-из деген мәнисти аңлатады. Оның мәниси экономикалық процесслерди избе-изликте ҳәм өз-ара байланыста үйрениўди сәўлелендиреди. Анализдиң нәтийжели болыўы ушын илимий абстракция усылынан пайдаланылады. Бул усыл бойынша ислеп шығарыў процессин үйрениўде екинши дәрежели болған фактлер есапқа алынбайды.

Экономикалық процесслерди үйрениўде анализ ҳәм синтез, индуктив ҳәм дедуктив, математика ҳәм статистика, тарихый ҳәм логикалық усыллары да бар болып, бул усыллар фактлерди анализ етиўде бир-бири менен байланыслы ҳәм бир-бирин толықтырады, ҳәм де объектив жуўмақларға ийе болады.

Анализ усылында бир пүтин ўақыялықты бөлеклерге бөлинип үйрениледи. Синтез усылында болса анализ етилген бөлеклер тийкарында улыўмаласқан жуўмақ қылынады. Анализ ҳәм синтез усылы өз-ара байланыслы.

**Дедуктив усыл** - бул тийкарынан анализди теориялық тәрептен илгери сүриўде сәўлеленеди ҳәм фактлер менен салыстырылады. Индуктив усылда болса фактлер үйрениў нәтийжесинде теорияны (гипотезаны) қәлиплестириў сәўлеленеди.

**Математикалық ҳәм статистикалық усылда** экономикалық ҳәдийселердиң муғдар жағынан өзгерислерин сыпат өзгерислерине өтиў имканиятларын анықлаў мүмкин.

**Тарихый ҳәм логикалық усылда** экономикалық ҳәдийслердиң келип шығыўы, раўажланыўы үйрениледи ҳәм тийисли логикалық жуўмақлар қабыл етиледи.

Жоқарыда биз айтып өткен усыллар, экономикалық ҳәдийселердиң түрли тәреплерин анықлап беретуғын экономикалық категориялар хаққындағы түсиниклер системасын ислеп шығыўды талап етеди.

**Экономикалық категориялар** - ҳәр дайым тәкирарланып туратуғын, экономикалық процесслер ҳәм ҳәдийселердиң айырым тәреплерин сәўлелендириўши илимий теориялық түсиник есапланады.

Терең анализлер нәтийжесинде өндиристи ишинен басқаратуғын экономикалық нызамлардың әмел қылыўын түсиниў мүмкин болады. Экономикалық нызамлар дегенде - ҳәр дайым тәкирарланып туратуғын, себеп - ақыбет байланысларын өзинде сәўлелендириўши ўақыя ҳәдийселерге айтылады. **Мәселен:** адамлардың мүтәжликлери ҳәр дайым өсип барады. Ислеп шығарыў күшлериниң раўажланыў дәрежеси төмен болғанда, жәмийет ағзаларының мүтәжликлерин қанаатландырыў имканияты болмайды. Адамлардың мүтәжликлери жәмийеттиң имканиятынан илгерилеп кеткенде экономика қытшылық жағдайында болады. Экономикалық нызамлар да тәбият нызамлары киби объектив. **Мәселен**, күнниң түн менен алмасыўы себеби олардың избе - излиги емес, бәлки жердиң өз шеңбери әтирапында айланыўы нәтийжесинде әмелге асады. Тап усы сыяқлы экономикалық нызамлардың әмел етиўиниң де өзине жараса себеби, тийкары болады. **Мәселен**, мийнет өнимдарлығының тоқтаўсыз өсиў нызамы әмел қылыўы ушын мийнет қуралары жетилискен болыўы, талап ҳәм усыныс нызамы әмел қылыўы ушын ислеп шығарыў процесси, базар болыўы, қун нызамы әмел қылыўы ушын жәмийетлик мийнетти бөлистириў болыўы керек.

Экономика пәни тәрепинен ашып берилген кономикалық нызамлар объектив әмел қылып атырған экономикалық ўақыялықтың улыўмаласқан теориялық сәўлелениўи болып, ол объектив реаллықтың илимий билиў нәтийжеси есапланады. Экономикалық нызамлардың әмел қылыўы оның қәсийети жәмийеттиң ислеп шығарыў қатнасықларының характерине байланыслы, яғный жәмийттиң раўажланыўы менен айырым экономикалық нызамлар жоғалып оның орнына жаңалары келиўи мүмкин.

Экономикалық нызамлардың тәбиятын адамлар қаншелли жақсы үйренсе, инсаниятқа соншелли пайда келтиреди. Экономикалық нызамларды тән алмаслық, ақыр ақыбетинде экономикаға, инсаниятқа үлкен зыян келтиреди.

Экономикалық нызамлар тәбият нызамлары киби объектив болсада, оннан парық қылады, себеби экономикалық нызамлардың айырымлары мәнги әмел қылмайды.

Экономикалық нызамларды әмел етиўине қарап, төмендеги топарларға ажыратады:

**1. Улыўма экономикалық нызамлар** – адамзат жәмийетиниң раўажланыў басқышларының бәршесинде әмел қылады. **Мәселен,** ўақытты үнемлеў нызамы, мүтәжликлердиң тоқтаўсыз өсип барыў нызамы, мийнет өнимдарлығының тоқтаўсыз өсип барыў нызамы, талап ҳәм усыныс нызамы, ислеп шығарыў қатнасықларының өндирис күшлериниң раўажланыў дәрежесине сай келиў нызамы, қун нызамы ҳәм басқалар.

**2. Арнаўлы экономикалық нызамлар** – белгили бир экономикалық система шараятында әмел қылады. **Мәселен:** Қосымша қун нызамы, орташа пайда нормасының қәлиплесиў нызамы, орташа пайда нормасының пәсейиў нызамы.

Улыўма экономикалық нызамлар жәмийетлик раўажланыў нызамлары сыпатында, белгилеўши, басқарыўшы нызамлар сыпатында сәўлеленеди ҳәм ҳәр бир тарийхый басқышта олардың роли өзгерип барады. Улыўма экономикалық нызамларды билиў, экономика пәниниң предметин анықлаўда айрықша әҳмийетке ийе.

Улыўма алғанда экономикалық нызамлар ҳәм категориялар бир - бирлери менен байланыслы болып, олар бир – бирин толықтырады. Олар биргеликте экономикалық раўажланыў процесслерин сәўлелендиреди.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:**

Экономика. Шығыс мәмлекетлеринде экономикалық билимлердиң қәлиплесиуйи. Экономикалық билим тийкарлары пәнининң предмети. Экономикалық сиясат ҳәм сиясий экономика. Экономикалық процесслер: ислеп шығарыў, бөлистириў, алмастырыў, ҳәм тутыныў. Ислеп шығарыў факторлары. Инсан факторы. Материаллық фактор. Мийнет қураллары. Финанслық фактор. Исбилерменлик ҳәрекети. Инфраструктура. Пәнниң ўазыйпалары: норматив, позитив, негатив. Пәнди үйрениўде қолланылатуғын усыллар: илимий абстракция, анализ ҳәм синтез, индукция ҳәм дедукция, статистика, математикалық усыл. Экономикалық категориялар. Экономикалық нызамлар. Улыўма экономикалық нызамлар. Арнаўлы экономикалық нызамлар.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар.**

1. Экономикалық билимлер қайсы дәўирлерден баслап пайда болған?
2. Экономикалық билимлердиң раўажланыўындағы қандай басқышларды билесиз?
3. Экономикалық теорияның предмети не?
4. Экономикалық теория қандай хызметлерди атқарады?
5. Экономикалық процесслерди үйрениўде қолланылатуғын тийкарғы усылларды атап бериң?

## 2 – тема: Социал-экономикалық мүтәжликлер ҳәм олардың түрлери

### 1. Мүтәжликлер, олардың мәниси ҳәм түрлери

Жәмийеттиң тийкарғы ҳәрекетлендириўши күши адамлардың мәпдарлығы есапланады. Мәплер мүтәжликлер жәрдеминде сәўлеленеди. Экономика турмыслық мүтәжликти қанаатландырыў усылы есапланады.

Инсанлардың жасаўы ҳәм инсан сыпатында камал табыўы ушын бәрше зәрүр нәрселер олардың турмыслық мүтәжликлерин қурайды.

Инсанлардың мүтәжликлери екилемши болып, ислеп шығарыў күшлерининң раўажланыў дәрежеси бирлемши есапланады.

Ислеп шығарыў күшлерининң раўажланыў дәрежеси қаншелли жоқары болса, адамлардың мүтәжликлерин қанатландырыў имканияты да жоқары болады, яғный ҳәр бир жәмийеттиң имканияты ислеп шығарыў күшлерининң раўажланыў дәрежесине байланыслы. Адамлардың мүтәжликлери тоқтаўсыз өсип барады, яғный ҳәр қандай қандырылған мүтәжлик өзининң изинен жәнеде қурамалырақ мүтәжликти келтирип шығарады. Адам мүтәжликлерининң тоқтаўсыз өсип барыўы нызамлы есапланады.

Мүтәжликлер түрли формаларда сәўлеленеди.

Жәмийет ағзалары ҳаяллар ҳәм еркеклер, балалар, қәриялар, талабалар, мектеп оқыўшылары, спортшылар, оқытыўшы ҳәм басқалардан қураған. Жәмийет ағзаларын санап санағына жеткизиў қыйын. Усы топарлардың мәплеринен келип шығып, мүтәжликлер де түрлише болады. Дәслеп мүтәжликлер: **материаллық, руўхый** ҳәм **социаллық мүтәжликлерге** бөлинеди. Бул мүтәжликлердиң қайсы бири бирлемши?

Булар бир бирин толықтырады ҳәм биргеликте раўажланады. Егер инсан тек ғана материаллық мүтәжликлерди қанаатландырыў менен шегараланғанда искусство, мәдeният, экономикалық раўажланыў болмаған болар еди.

Инсан материаллық мүтәжликлерди қанаатландырыў процессинде тәбият байлықларынан пайдаланыў тийкарында, жәмийет ағзаларының мәлим бир дәрежеде тутыныў талаплары ислеп шығарылған товарлар тийкарында қанаатландырыўда сәўлеленеди. Инсан өз мүтәжликлерин жәмийетлик қатнасықларға кирискенде ғана қанаатландыра алады. Жәмийетлик қатнасықларға инсан мийнет жәрдеминде киреседи. Яғный инсан мийнетке де мүтәжлик сезеди. Мийнетке болган мүтәжлик өз нәўбетинде қолай жумыс орынларына, жетилискен техника ҳәм технологияға болған мүтәжликти келтирип шығарады.

Руўхый мүтәжликлер бул адамларды ҳәр тәреплеме камалатқа жеткизиў ушын, олардың интелектуал билимлерин асырыўда сәўлеленеди. Руўхый мүтәжликлер тәлим-тәрбия, илим алыў, қәнийгелигин жетилистириў ҳәм басқаларды өз ишине алады.

Инсанлар материаллық ҳәм руўхый мүтәжликлер менен биргеликте, социаллық мүтәжликлерге де мүтәж болады. Социаллық мүтәжликлер материаллық ҳәм руўхый мүтәжликлердей адамзат раўажланыўы ушын зәрүр есапланады. Бул мүтәжликлер тийкарынан инсанларға түрли хызмет көрсетиў тийкарында сәўлеленеди. Бундай хызметлерге коммунал үй-жай хызметлери, ҳалыққа мәдений - турмыслық хызметлер көрсетиў, жасларды тәрбиялаў, жәмийетлик шөлкемлер хызметинде тәлим бериў ҳәм басқа хызмет түрлеринен қуралады.

Мүтәжликлердиң тоқтаўсыз өсип барыўын көз алдымызға келтириў ушын олардың төмендеги түрлерин көрип шығамыз:

1. Ҳәзирги дәўирдеги мүтәжликлер
2. Хақыйқый мүтәжликлер
3. Абсолют мүтәжликлер

**Ҳәзирги дәўирдеги мүтәжликлер** жәмийеттиң усы күндеги ислеп шығарыў күшлериниң раўажланыў дәрежесиндеги мүтәжликлер есапланады. Ҳәзирги дәўирдеги мүтәжликлер инсанлардың минимал мүтәжликлерине туўры келеди.

**Ҳақыйқый мүтәжликлер** дегенде инсанлардың нормал жасаўлары ҳәм искерлик көрсетиўлери ушын зәрүр болған тиришилик жемислери жыйындысы түсиниледи.

**Абсолют мүтәжликлер** дегенде адамлардың әрман қылатуғын мүтәжликлери тусиниледи. Абсолют мүтәжликлерди толық қанаатландырып болмайды. Мәмлекеттиң алып баратуғын социаллық сиясаты ҳалықтың ҳақыйқый мүтәжликлерин қанаатландырыўға қаратылады.

Жәмийет мүтәжликлериниң көлеми ҳәм дәрежесине бир қатар факторлар тәсир етеди. Булар:

**а) Жәмийеттиң экономикалық раўажланыў дәрежеси.**

Экономикасы төмен болған мәмлекетлердиң инсан мүтәжликлерин қанаатландырыў дәрежеси төмен болса, раўажланған мәмлекетлерде инсанлардың мүтәжликлерин қанаатландырыў дәрежеси кең ҳәм ҳәр қыйлы болады.

**б) Жәмийеттеги социал-экономикалық система**

Жәмийетте байлар ҳүкмранлық қылғанда бир топар мүлкдарлар өз мүтәжликлерин қанаатландырыў имканиятына ийе боладылар. Кәмбағаллардың имканияты шекленген болады.

**в) Тәбийий географиялық шараятлар.**

Суўық климатта ыссы климат шараятында жасайтуғын ҳалыққа салыстырғанда мүтәжликлер көбирек болады.

**г) Тарийхый дәстүрлер ҳәм көнликпелер.**

**Мәселен,** өзбеклердиң өзине тән қәсийетлери қосымша мүтәжликлерди келтирип шығарады. Мерекелер, тойлар өзине тән болған мүтәжликлерди келтирип шығарады.

**д) Ҳалықтың табийий өсиўи.**

Бул да қосымша мүтәжликлерди келтирип шығарады.

**е) Ҳалық аралық байланыслар**

Миллетлер ҳәм регионлар ортасындағы мағлыўмат ҳәм өним алмастырыў процесси де қосымша мүтәжликлерди келтирип шығарады.

Жәмийет мүтәжликлериниң экономикалық процесслерге қарап өзгериўине мүтәжликлердиң трансформациясы дейиледи. **Мәселен**, балалар туўылыўының жоқары болыўы, ойыншықларға болған мүтәжликти асырады. Жәмийетте қәриялар санының көбейиўи дем алыў үйлери, қариялар үйине болған мүтәжликти асырады.

Ҳәзирги дәўир мәмлекетлерди жәҳән хожалығы қурамына кириўин талап етеди. Бундай жағдай мүтәжликлердиң ҳәр қыйлы болыўына тәсир етеди.

Мүтәжликлердиң өсиўине тәсир ететуғын факторлар да бар. Экономикалық кризислер, тәбийий апат, жер силкиниўи, суў тасқынлары, жанғын киби жағдайлар тоқ жасап атырған ҳалықты, кәмбағал жағдайға алып келиўи мүмкин.

Инсанлар өз мүтәжликлерин қанаатландырыў процессинде, дәрамат нәтийжелилиги ҳәм таңлаў машкаласына дус келеди. Бул еки категория бирин бири толықтырады. Дәрамат нәтийжелилиги инсанлардың ислеп шығарыў искерлигиндеги мийнетлериниң үнемли дәрежесине байланыслы болып, ақыбетинде өз тутыныў дәрежелериндеги товарларды таңлаў машқалаларын шешиў менен қанаатланады. Демек, инсанларлар өз дәраматларына жараса өнимлерди сатып аладылар.

Инсанлар қаншелли көп товар сатып алсалар, олардың мүтәжликлери соншелли тойынады. Нәтийжеде ҳәр бир товардан кейинги товарды сатып алыўы менен кейингисиниң пайдалылығы кемейип барады.

Пайдалылықты төмендеги **мысал жәрдеминде** көриўимиз мүмкин: ыссы күнде сиз сатып алған муз қаймақтың пайдалылығы 100% деп есапласақ, екинши муз қаймақтың пайдалылығы 90%, он биринши музқаймақтың пайдалылығы 0% ке тең болады. Яки инсанлар өзлерине зәрүр болған товар муғдарын сатып алыўлары менен, олардың талапларынан артықша болған товарларға пайдалылық дәрежеси пәсейип барады.

Демек, инсанлардың мүтәжликлери муғдар тәрепинен қанаатландырылса, сыпатлы өним, товарлардың ислеп шығарылыўы менен асып барады.

## 2. Экономикалық ресурслардың шекленгенлиги шараятында мүтәжликлерди қанаатландырыў машқалалары

Экономикалық ресурслар дегенде товар ислеп шығарыў, хызмет көрсетиў, оларды тутыныўшыға жеткизип бериўде ҳәм тутыныў процессинде пайдаланыў мүмкин болған экономикалық имканиятлар, запаслар, дереклер түсиниледи.

Тәбийий, мийнет, финанслық ресурслар ҳәм исбилерменлик хызмети экономикалық ресурслар есапланады. Экономикалық ресурслар шекленгенлиги себепли инсанлар өз мүтәжликлерин толық қанаатландыра алмайды. Олардың шекленгенлиги инсанлардың азық - аўқатқа, товарларға ғана емес, бәлки хызмет көрсетиўге болған мүтәжликлерди де шегаралап қояды.

Бундай жағдайда инсанлар менен мәмлекет, жәмийет ағзалары өз дәраматларына жараса таңлаў машқаласына дус келеди. **Мәселен:** Өзбекистан Республикасы энергия ғәрезсизлигин тәминлеў мақсетинде нефт қазып алыў ҳәм газ конденсатын ислеп шығарыўға басқа тармақ ислеп шығарыўына қарағанда көбирек қаржы ажыратыўға мәжбүр болды.

Солай етип, ресурслардың шекленгенлиги мүтәжликти қанаатландырыўдың әҳмийетли жолы болған ислеп шығарыў имканиятларын да шегаралап қояды. Бул имканиятлар дәрежеси ҳәр дайым бир қыйлы болып турмайды, бәлки жаңа технологиялардың жаратылыўы ҳәм де иске қосылыўы, ислеп шығарыў имканиятларын, оның шегараларын кеңейтириў имканын береди. Жана техника ҳәм технологиялар бир тәрептен, мийнет өнимдарлығын, егинлер ҳасылдарлығын асырыў, энергия, жанылғы, мийнет ҳәм басқа материаллық ресурсларды үнемлеў имканын берсе, екинши тәрептен, жана материал, шийки зат, энергия ҳәм басқа ресурслар дереклерин таўып, турмысқа енгизиў имканын береди. Соның ишинде, жердиң терең қатламларындағы байлықларды табыў ҳәм иске түсириў, жер жүзлик океанының узақ ҳәм шуқыр жерлериндеги ресурслардан пайдаланыў ҳәм т.б. Экономикалық ресурслар, ислеп шығарыў ҳәм мүтәжликлерди қанаатландырыў дәрежеси ортасындағы үзиликсиз ҳәм беккем байланысларды төмендегише сәўлелендириў мүмкин:




**1-сызылма. Экономикалық ресурслар ҳәм мүтәжликлердиң қанаатландырылыўы ортасындағы байланыслылық.**

Шекленген экономикалық ресурслардан пайдаланып, ислеп шығарыў имканият-ларын ҳәм мүтәжликлерди қанаатландырыў дәрежесин асырыў зәрүрлиги экономика алдына төмендеги машқалаларды қояды:

1. Ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиўдиң альтернатив вариантларын таңлап алыў ҳәм ресурсларды көбирек ислеп шығарыўға тартыў.

2. Бар болған ресурслардың ҳәр бир бирлигинен үнемли, нәтийжели пайдаланыў.

3. Пән - техника жетискенликлери ҳәм жаңа технологияларды енгизип, жаңа энергия, материал, шийки зат түрлери, олардың дереклерин таўып, пайдаланыўға тартыў, ресурслардың өнимдарлығын асырыўға ерисиў.

Демек, ресурслар үнемленгенде ғана инсанлардың ҳақыйқый мүтәжликлерин қанаатландырыў мүмкин болады.

Базар экономикасы шараятында жәмийет ағзаларының дәраматларын олардың исбилерменлик ҳәрекетлерине қарап түрли дәрежеде қәлиплесиўине алып келеди.

Мәмлекет бундай жағдайда ҳалықты күшли социаллық қорғаў сиясатын алып барады. Миллий дәраматты қайта бөлистириў нәтийжесинде аралық қысқарады. Бирақ, тийкарынан инсанлардың өз мүтәжликлерин қанаатландырыўға олардың мийнет сүйгишлиги, мийнетке болған қатнасығы әҳмийетли роль ойнайды. Исжақпас, ериншек адамлардың мүтәжлиги мәмлекеттиң социаллық сиясаты нәтийжели, экономиканың раўажланыў дәрежеси жоқары болғанда да қанаатландырылмайды.

Демек, инсанлардың өз мүтәжликлерин қанаатландырыў ең биринши нәўбетте өзине байланыслы. Мүтәжликлер шексиз болады. Инсанлардың жақсы жасаўы менен байланыслы болған арзыў-үмитлери үзиликсиз рәўиште өсип барады. Бул болса мүтәжликлердиң өсип барыўы нызамында өз сәўлелениўин тапты. Ислеп шығарыўдың өсиўи, халық дәраматларының, кәрхана пайдасының өсип барыўын сәўлелендиреди. Ақыбетинде бул экономикалық раўажланыў инсанлардың мүтәжликлериниң өсип барыўын тәминлейди. Мүтәжликлердиң өсип барыўы халықтың экономикалық ҳәм социаллық турмыс шараятлары менен сәўлеленеди.

### 3. Ислеп шығарыўдың нәтийжелилиги ҳәм оның көрсеткишлери

Экономикалық ресурсларды үнемлеў, экономикалық ресурс қәрежетлери ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыў пәнниң дыққат орайында турған машкала есапланады. Бул машқала ҳәзирги күнде, әсиресе, кескин қойылмақта. Себеби бул ўазыйпаны орынлаў менен мәмлекет өз экономикалық ғәрезсизлигин тәминлейди.

Базар экономикасы шараятында ислеп шығарыўдың тийкарғы мақсети пайда алыўға қаратылганлығы себепли, ҳәр бир экономикалық субъект көбирек пайда алыўға умтылады. Соның ушын да ислеп шығарыў нәтийжелиги алынған пайданың (**П**) ислеп шығарыўға сарпланған ресурс қәрежетлерине (**Қ**) қатнасы менен анықланады:

**Нәтийжелилик = ( П / Қ) * 100%**

Экономикалық әдебиятларда экономикалық нәтийжелиликтиң бас критериясы ҳаққында да бир қанша пикрлер бар. Айырым алымлар ислеп шығарыў нәтийжелилигиниң бас критериясы пайда, басқа бириўлери болса жалпы миллий өним, сап өним, үшиншилери миллий дәрамат, төртиншилери болса қосымша өним деп көрсетеди. Биз ҳәзир бул жерде пикирлердиң қайсы бири дурыс екенлиги ҳаққында терең тоқталып отырмаймыз, бирақ соны айтып өтиў керек, көпшилик алымлар тәрепинен базар экономикасы шараятында нәтийжелиликтиң бас көрсеткиши алынған пайданың қәрежетлерге қатнасы, яғный рентабеллик яки пайдалылық дәрежеси менен белгиленеди, деп тан алынады. Ислеп шығарыў нәтийжелилиги көп қырлы мәселе болып, бул айтылған бир ғана тийкарғы көрсеткиште, оны толық рәўиште ҳәр тәреплеме сәўлелендирип болмайды. Соның ушын ислеп шығарыў нәтийжелилигин толық сәўлелендириўде онда қатнасқан факторлардың өнимдарлылығын, олардан нәтийжели пайдаланыў дәрежеси арқалы белгиленеди.

Булардан бири мийнет өнимдарлығы есапланады. Мийнет өнимдарлығы деп исши күшиниң ўақыт бирлиги даўамында өним жаратыў қәбилетине айтылады ҳәм ислеп шығарылған өнимниң (тутыныў қунының) сарпланған мийнет муғдарына қатнасы менен белгиленеди. Сарпланған мийнет муғдары болса, исленген ўақыт пенен, ис күни, ис сааты ҳ.т.б. менен белгиленеди. Егер мийнет өнимдарлығын **МӨ**, өнимди **Ө** менен, сарпланған ис ўақытын болса **Ў** менен белгилесек, мийнет өнимдарлығы төмендегише анықланады:

**МӨ = Ө / Ў**

Мийнет өнимдарлығы сарпланған мийнеттиң ҳәр бирлиги орнына, яғный ис қуны, ис сааты, есабына ислеп шығарылған өним муғдары менен анықланады.

Нәтийжелиликти анықлаўда капитал өнимдарлығы деген көрсеткиштен пайдаланылады ҳәм ол ислеп шығарыўда қатнасқан капиталдың ҳәр бир бирлиги орнына алынған өним, дәрамат яки пайда менен анықланады. Егер капитал өнимдарлығын **КӨ** деп, ислеп шығарыўда қатнасқан капитал муғдарын **К**, өнимди **Ө**, жалпы дәраматты **ЖД** менен, пайданы **П** менен белгилесек, төмендеги көринислер пайда болады. Ислеп шығарыўда қатнасқан капитал бирлигине ислеп шығарылған өним **КӨ = Ө / К** көриниси тийкарында, жалпы дәраматқа болса **КӨ = ЖД / К** көриниси тийкарында ҳәм сарпланған капиталға қарата алынған пайда **КӨ = П / К** көриниси арқалы есапланады.

Ислеп шығарыўдың әхмийетли факторларынан бири жер есапланыўынан себепли, жерден пайдаланыў нәтийжелилиги көрсеткиши де анықланады. Бул көрсеткиш алынған өним көлеминиң жер майданына (гектарға) қатнасы менен есапланады.

Нәтийжелиликти анықлаўда бул көрсеткишлерден тысқары өнимниң мийнет сыйымлылығы, материал сыйымлылығы, энергия сыйымлылығы деген көрсеткишлер де қолланылып, олар ислеп шығарылып атырған өнимниң ҳәр бир бирлигин жаратыў ушын кеткен яки ислеп шығарыў ушын зәрүр болған мийнет, энергия ҳәм материаллық затлар муғдарын сәўлелендиреди.

Бул көрсеткишлердиң ҳәр бири ислеп шығарыўда қатнасқан түрли факторлар нәтийжелилигин сәўлелендирип, бир-бири менен үзиликсиз байланыста болады, бир-бирин толықтырады.

Ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыў ушын оған тәсир ететуғын факторларды да билиў зәрүр. Ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыўға бир қанша факторлар тәсир етеди:

- Илимий –техникалық раўажланыўды тезлестириў ҳәм оның нәтийжелерин тезлик пенен ислеп шығарыўда қолланыў;
- Ислеп шығарыўды рационал жайластырыў, қәнийгелестириў ҳәм кооперациялаў;
- Экономиканың структуралық бөлимлерин ҳәм оның шөлкемлестириўшилик бууынларын өзгертиў;
- Ислеп шығарыўшыларды хошаметлеў ҳәм олардың активлиги асырыў;
- Бар болған тәбийий, материаллық ҳәм мийнет ресурсларынан ақылға муўапық, үнемлеп пайдаланыў, жаңа арзан, сыпатлы шийки зат ҳәм энергия түрлерин, егинлердиң жаңа ҳасылдар сортларын, нәсилдарлы шарўа малларды таўып ислеп шығарыўға енгизиў;
- Адамлардың билим дәрежесин, қәнийгелигин асырыў, жетекши исши ҳәм қәнийгелерди таярлаў;

Бул санап өтилген факторлар ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыўға тәсир ететуғын тийкарғы ҳәм пүткил экономиканың бәрше тараўлары ушын улыўмалық факторлар есапланады. Булардан тысқары анық алынған хожалықларда, тармақларда ҳәм территорияларда нәтийжелиликти асырыўдың усы жердиң шараятларынан келип шығатуғын қаншадан - қанша факторлар бар болып, оларды таўып иске салыў ҳәм пайдаланыў нәтийжелилигин кескин асырыўдың кең имканиятлары болып есапланады. Биз бул жерде ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыўдың бәрше факторлары туўрысында анық тоқтала алмаймыз. Бирақ оның әҳмийетли ҳәм ҳәзирги күнде республикамыз ушын актуал факторлардан бири болған илимий - техника раўажланыўы туўрысында қысқаша тоқталамыз.

Пән - техника раўажланыўы пән тараўындағы ислеп шығарыў қураллары, технология, басқарыў ҳәм басқа көплеген өзгерислерди өз ишине алады. Ҳәзирги дәўирде пән - техника тез пәт пенен раўажланбақта ҳәм ол илгеридеги техника раўажланыўына қарағанда бир қанша абзаллықларға ийе.

Ҳәзирги дәўрдеги пән - техника раўажланыўының абзаллығы сонда, алдыңғы мәмлекетлерде пән жаңалықлары тезлик пенен ислеп шығарыўға енгизиледи, себеби пән туўрыдан туўры ислеп шығарыўшы күшке айланып барады.

Ҳәзирги дәўирдеги ислеп шығарыўдың техникалық базасын беккемлеў электроника, радиоелектроника, телемеханика, атом энергиясы, химия ҳәм басқа пәнлердиң ерискен жетискенликлери менен туўрыдан туўры байланыслы.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:**

Мүтәжлик ҳәм оның түрлери: абсолют, ҳақыйқый, материалык, руўхый ҳәм социаллық мүтәжликлер, биринши ҳәм екинши дәрежели мүтәжликлер. Мүтәжликлер трансформациясы. Таңлаў машқаласы. Пайдалылық.. Экономикалық ресурслар. Ресурслардың шекленгенлиги. Мүтәжликлердиң шексизлиги. Ислеп шығарыў нәтийжелилиги. Пайда. Пайда көлеми. Пайда нормасы. Мийнет өнимдарлығы. Капитал өнимдарлығы. Ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыўға тәсир етиўши факторлар.

## 2.1. - тема: Экономикалық хызмет ҳәм оның түрлери

### 1.Экономикалық хызметтиң мазмуны ҳәм түрлери

Адамлар мүтәжлиги ҳәр қыйлы болып, оларды қанаатландырыў да түрли жоллар менен әмелге асырылады ҳәм бул ис экономикалық хызметти талап етеди.

Экономикалық хызмет инсан тиришилигин тәминлеў усыллары, қуралларының жыйындысы есапланады. Экономикалық хызмет төрт бөлимнен ибарат, оны:

- ислеп шығарыў;
- бөлистириў;
- алмастырыў;
- тутыныў тараўларына бөлип үйрениў мүмкин.

Ислеп шығарыў материаллық ҳәм руўхый байлықларды жаратыў процесси. Оны еки түрге бөлиў мүмкин.

1. **Материаллық ислеп шығарыў** - анық материя формасына ийе. **Мәселен,** санаат, аўыл хожалығы, қурылыс, байланыс ҳәм басқалар.
2. **Материаллық емес ислеп шығарыў** – материаллық формаға ийе болмаған, хызметлер көрсетиў. **Мәселен,** оқытыўшы хызмети материаллық көринисте емес, бирақ ол ҳәммеге зәрүр. Бул тараўға ден саўлықты сақлаў, ҳалық тәлими, мәденият ҳам басқа усыған уқсаған тараўлар киреди.

Бул тараўларда жаратылған байлықлардың бир бөлеги адамлардың мүтәжликлерин қанаатландырыўға бағдарланады, басқа бир бөлеги болса ислеп шығарыў мүтәжликлерин қанаатландырыўға сарпланады. Байлықлардың бундай етип бөлиниўи пүткил жәмийетлик ислеп шығарыўдың да еки үлкен бөлимлерден ибарат болыўын тийкарлап береди:

1. **Ондирис қуралларын ислеп шығарыў бөлими**, яғный өнидиристиң өз тутыныўы ушын ресурслар жаратыў.
2. **Тутыныў буйымларын ислеп шығарыў бөлими**, адамлар ушын тутыныў байлықларын жаратыўшы бөлим.

Ислеп шығарыў ҳәр дайым тәкирарланып ҳәм тикленип туратуғын үзиликсиз процесс болғаны ушын биз оны тәкирар ислеп шығарыў деймиз. Оны екиге бөлиў мүмкин:

1. **Әпиўайы тәкирар ислеп шығарыў** – тутыныў буйымлары ҳәм хызметлериниң алдынғы дәрежеде, өзгермеген көлемде ислеп шығарыў.
2. **Кеңейтирилген тәкирар ислеп шығарыў** – тутыныў буйымлары ҳәм хызметлериниң алдынғы көлемге қарағанда көбирек ислеп шығарыў, сыпатының жақсыланып барыўына айтылады.

Ислеп шығарыў процесси жүз бериўи ушын, әлбетте, онда қатнасатуғын факторлар болыўы керек. Ислеп шығарыў факторлары товар ҳәм хызметлер ислеп шығарыўда қатнасатуғын ресурслар есапланады. Биз оларды исши күши, мийнет қураллары, мийнет предметлерине бөлиўимиз мүмкин.

Исши күши яки ислеп шығарыўдың жеке факторы бул исши күшиниң ақылый ҳәм физикалық мийнет етиў қәбилетиниң өзинде сәўлелениўи есапланады. Жәнеде анығырақ айтсақ, исши күши мийнетке жарамлы ҳалық, оның физикалық ҳәм ақылый қәбилети, билими ҳәм интелекти, қәнийгелиги ҳәм уқыплылығы жыйындысы есапланады.

**Мийнет қураллары деп – тәбият байлықларына тәсир өткизе алатуғын бәрше қуралларға айтылады. Мәселен**: станок, машина, асбәп-үскенелер ҳәм басқалар.

**Мийнет предметлери – инсан өз тәсирин өткизетуғын тәбият байлықлары.** Мийнет предметлери шийки зат ҳалатында ҳәм таяр өним көринисинде болыўы мүмкин.

Мийнет қураллары ҳәм мийнет предметлери жыйындысын биз ислеп шығарыў қураллары деп атаймыз.

Ислеп шығарыў факторлары инсаният тарийхының бәрше басқышлары ушын улыўма болсада, бул факторларға түрли әдебиятларда түрлише түсиниклер береди. Ҳәзирги базар экономикасына тийисли әдебиятларда ислеп шығарыўдың төрт факторы тәбийий ресурс, инсан ресурслары, капитал ҳәм исбилерменлик қәбилети көрсетип өтиледи.

Тәбиийй ресурслар жер, жер асты ҳәм жер үсти байлықлары. Тәбиийй ресурслар товарлар ҳәм хызметлерди ислеп шығарыўда пайдаланылатуғын тәбиийй байлықлар есапланады. Жанлы тәбият ҳәм тоғай ресурслары солардың қатарына киреди. Инсан ресурслары бул исши күши есапланады.

Капитал дегенде ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиўдиң барлық тараўларында ислетилетуғын ислеп шығарыў қуралларын, сатыўға таяр турған товарларды, яғный қураллар ҳәм исши күшин сатып алыўға бағдарланған пул қаржылары түсиниледи.

Исбилерменлик дегенде товар ҳәм хызметлерди ислеп шығарыў ушын бәрше фирмаларға зәрүр болған басқарыў ҳәм шөлкемлестириўши қәнийгеликлери түсиниледи, яғный шөлкемлестириўши, жаңалыққа умтылыўшы, экономикалық қәўиптен, жуўап-кершиликтен қорықпайтуғын адамлар исбилерменлик қәбилиетине ийе болған шахслар есапланады. Исбилермен ислеп шығарыўдың жоқарыда айтып өтилген үш факторды жәмлейди.

**Бөлистириў** – бул ислеп шығарыў процессинде пайда болған байлықлар жәмийет ағзаларының жәмийетлик мийнет искерлигинде қатнасыў дәрежелерине қарап өз қосқан үлеслерине жараса ис ҳақы көринисиндеги байлықларға ийе болыўы.

Бөлистириў мәселесине жүдә қәдимнен баслап үлкен итибар менен қаралған. Орта Азия алымларынан **Ал - Фарабий** қарасларында бөлистириў мәселеси жүдә кең ҳәм өзине тән усылда талықланады. Ол жәмийет ҳәм адамлар қолындағы мүлк ҳәм байлықларды туўры бөлистириў мәмлекет қурылысында тийкарғы мәселе – деген пикирди билдиреди. «**Бул – басқарылыўы ең қыйын болған ис, кимде - ким өз ықтыярында болған мүлкти пайда шығарыў ушын айланысқа қоймаса, оны тек өзи ушын ғана жамғарса, жүдә үлкен зыян келтиреди**». Бөлистириў мүлкти, өним, байлықлар есабын туўры жолға қойыўдан басланады. Усы пикир **Ал - Фарабий** тәрепинен алдынғы орынларға шығарылады. «**Биринши нәўбетте,- дейди алым, жер ҳәм орынлардың муғдары, кейин олардың ийелери ҳәм тутқан орынлары, оннан кейин болса жүдә керекли болған азық - аўқатлар, егислик жерлер, сарай ҳәм жеке үйлердиң муғдары есапқа алыныўы зәрүр**» ([11], 42-бет).

Жәмийетте қарар тапқан бөлистириў механизми ислеп шығарыўдың нәтийжелилигин белгилеўши факторлардан бири есапланады. Соннан келип шыққан ҳалда еркин базар экономикасы бөлистириў қатнасықларында өзине тән әҳмийетке ийе, яғный бөлистириў енди мәмлекет емес, бәлки базар орынлайды. Ислеп шығарыў қуралларының базарда еркин сатылыўы олардың ҳәрекетин тезлестиреди, товар қытшылығына шек қойылады. Сол себептен базарда ислеп шығарыўшы емес, бәлки қарыйдар өз ҳүкимин өткизеди, товар ҳәм хызметлердиң сыпатына ҳәм баҳасына қарап таңлап алыў имканына ийе болады.

**Алмастырыў** - жәмийет ағзаларының социал-экономикалық пәраўанлығы ушын ҳәр қыйлы материаллық байлықлар зәрүр. Соның ушын да олар ортасында алмастырыў процесси әмелге асады, яғный бул процессте өним ҳәм хызметлер жаратылмайды, бәлки олар мәлим муғдарлық қатнаста бир-бирине алмастырылады. Енди еркин базар экономикасы шараятында тутыныў булйымлары ҳәм хызметлер, арнаўлы тутыныў товарлары ҳәм хызметлер базар арқалы еркин баҳаларда алмастырылады. Алмастырыў ислеп шығарыў менен тутыныўды бир-бирине байланыстырып турады.

**Тутыныў** - жәмийет ағзалары ислеп шығарыў процессинде үзиликсиз тәкирар рәўиште қатнасыўлары, өзлериниң физиологиялық мийнет етиў қәбилетлерин тиклеў ушын жаратылған материаллық байлықлардың тутыныўы есапланады. Өнимлер, бириншиден, тиришилик ушын адамлардың өзлери тәрепинен тутынылады, екиншиден, ислеп шығарыўды даўам еттириў ушын оның өзинде ислетиледи. Тутыныў искерлик сыпатында жеке, шаңарақ, топарлық ҳәм улыўма миллий тутыныў тәризинде жүз береди. **Мәселен**, жеке буйымлардан ҳәр бир адам жеке тәртипте пайдаланады. Телевизор, мебель ҳәм басқалар шаңарақтың биргеликтеги тутыныўы есапланса, балалар бақшасы, мектеп,

емлеўхана үскенелери бир топар адмлар тәрепинен ислетиледи. Армия қәўипсизлик хызмети ҳәм басқалардан пүткил ҳалық пайдаланады.

Демек, өним ҳәм хызметлер тутынылыўы менен бирге, олар қайта жартылыўы лазым. Соннан келип ҳалда, шексиз мүтәжликти қанаатландырыў үзиликсиз экономикалық искерликти талап етеди.

## 2. Ислеп шығарыўдың улыўма нәтийжелери

Ислеп шығарыўдың түрли факторларының биргеликте ислетилиўи нәтийжесинде товар ҳәм хызметлер жүзеге келеди. Оларды жаратыўшы кәрханалардың саны оғада көп. Сырттан қарағанда ҳәр бир кәрхана өзи ғәрезсиз ис жүргизип атырғанға уқсайды. Бирақ ҳәр қыйлы товарлар ҳәм хызметлердиң жаратылыўы нәтийжесинде индивидуал қаржылар бир бири менен биригип кетеди, яғный жәмийетлик ислеп шығарыў жүзеге келеди.

Демек, жәмийетлик ислеп шығарыў пүткил жәмийет көлеминде макроэкономикалық ислеп шығарыў есапланады. Жәмийетлик ислеп шығарыўдың нәтийжеси миллий өним есапланады.

**Жалпы миллий өним (ЖМӨ)** - жыл даўамында мәмлекет пуқаралары тәрепинен жаратылған жәми товар ҳәм хызметлерди базар баҳаларындағы улыўма қунына айтылады. Миллий өним ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиў тараўлары жыллық искерлигиниң нәтийжелилигин сәўлелендириўши көрсеткиш есапланады.

Миллий өним түрли тармақларда ислеп шығарылса да, олар еки түрли натурал буйымласқан ҳәм қун көринисинде есапқа алынады.

Натурал буйымласқан түри де еки бөлимнен: ислеп шығарыў қураллары ҳәм тутыныў товарларынан турады. Тутыныў товарлары болса, өз нәўбетинде тутыныў буйымларынан ҳәм халыққа көрсетилетуғын түрли хызметлерден ибарат.

Миллий өним қун бойынша 3 бөлимнен ибарат:

1. Ислеп шығарыў процессинде тутынылған ислеп шығарыў қураллары қунының өнимге өткен бөлеги (**С**).
2. Жаңадан жаратылған өнимниң бир бөлеги, яғный исшилердиң мийнетине тийисли бөлеги зәрүрий өнимниң қуны есапланады (**В**).
3. Жаңадан жаратылган өнимниң мүлкдарлар, исбилерменлер ҳәм жәмийет ушын жаратылған қосымша өним қунынан (**М**) ибарат.

Миллий өнимди анығырақ сәўлелендирсек,

**ЖМӨ = С + В + М**

Ислеп шығарыў процессинде жаратылған ҳәм усы процессте тутынылған ислеп шығарыў қуралларының қунын айырғаннан соң қалған өним **сап миллий өним (СМӨ)** ди қурайды.

Демек, **сап миллий өним (СМӨ)** ди ислеп шығарыўда бәнт болған менежерлер, исшилер, дийханлар ҳәм басқалардың жаңадан сарп етилген мийнети менен жаратылған зәрүрий ҳәм қосымша өнимнен ибарат.

Зәрүрий өним деп исши ҳәм хызметшилердиң зәрүрий ис ўақытында жаратылған мийнет күшин нормал жағдайда сақлаў ҳәм қайта тиклеў ушын зәрүр болған өнимге айтылады, яғный ол хызметшилердиң алған ис ҳақысына туўры келеди. Сап өнимниң зәрүрий өнимнен артықша бөлеги қосымша өним дейиледи ҳәм ол исбилерменлерге, мүлкдарларға, мәмлекетке тийисли болады. Зәрүрий ҳәм қосымша өнимге бөлиниў жәмийет раўажланыўының ҳәмме басқышларында бар. Бирақ олар ортасындағы қатнас түрли дәўирлерде түрлише болған. **Мәселен,** сабық социалистлик жәмийетте экономистлер қосымша өним жеке мүлкшилик дәўирине тән деп түсиндирип, социалистлик мүлк дәўринде ол болмайды деп есаплағанлар. Демек, қосымша өнимниң мазмунын толық түсинген халда, оны көбейтиў ҳәм бөлистириўди туўры жолға қойыў зәрүр. Қосымша өнимди тийкарынан үш жол менен көбейтиў мүмкин:

1. Исшилердиң санын көбейтиў арқалы.
2. Ис күнин узайтырыў арқалы.

3. Исши күшиниң шегарасы өзгермеген ҳалда зәрүрий ис ўақытын кемейтириў арқалы.

Базар экономикасы шараятында қосымша өним қосымша қун көринисинде болады. Ислеп шығарыўда жаратылған қосымша қун сатылыў процессинде пайдаға айланады. Пайдадан ҳәр бир ислеп шығарыў қатнасшылары өз үлеслерин алады. **Мәселен,** мәмлекет салығы көринисинде ҳ.т.б. Пайданың қалған бөлеги исбилерменлердиң сап пайдасы. Олар бул пайдадан, өз мүтәжликлерин қанаатландырыўға, ислеп шығарыўға, инвестицияны тартыўда ҳәм басқа түрли процесслерде пайдаланады. Демек, қосымша өнимди көбейтиў, жәмийет ағзаларының ҳәммеси ушын пайдалы есапланады.

### 3. Мийнет өнимдарлығы ҳәм оған тәсир етиўши факторлар

**Мийнет өнимдарлығы** – ислеп шығарыў процессиндеги адамлар мийнетиниң пайдалылығы, нәтийжелилиги ҳәм өнимдарлығы екенлигин билгенимиз ҳалда, мийнет өнимдарлығы қандай өлшениуин ҳәм есапланыўын да көрип шығамыз. Ҳәр бир адам өз мийнетине жақсы ҳақы төлениуин қәлейди. Бирақ бул нәрсе ҳәр дайым жақсы ҳәм сыпатлы мийнет етиў менен байланыслылығын көз алдымызга келтире бермеймиз. Бирақта биз үйренген мийнеттиң муғдары ҳәм сыпаты деген түсиник ең соңында оның нәтийжелилигинде, өнимдарлығында жәмленеди.

Мийнет өнимдарлығы ҳәр бир мәмлекет, жәмийет, тарихый дәўирдиң экономикалық раўажланыў дәрежесин сәўлелендиреди. Демек, мийнет өнимдарлығы инсанның ўақыт бирлигинде мәлим муғдарда өним ҳәм хызметлерди жарата алыўы есапланады.

Әдетте мийнет өнимдарлығын бир саат, ис күни, ҳәптеси, бир ай ҳәм жылда жаратылған өнимлер көлеми менен есаплаў қабыл етилген. Мийнет өнимдарлығын өлшеў ҳәм есаплаўды бәрше ушын ең түсинерли ҳәм әпиўайы жолы жаратылған өним аўырлығы, көлеми ҳәм бирлигин бир саатқа салыстырмалы тәризде алып есаплаўға болады. **Мысалы,** бир саатта дийхан 100 кг помидор терди, қурыўшы 75 дана гербишти имарат дийўалы ушын тақлады, сатыўшы 100 қарыйдарға хызмет етти ҳәм т.б.

Соннан келип шыққан ҳалда мийнет өнимдарлығы **МӨ** деп, өнимди **Ө** деп, сарыпланған ис ўақытын **Ў** деп белгилесек, мийнет өнимдарлығын төмендегише сәўлелендириў мүмкин:

$$\text{МӨ} = \text{Ө} / \text{Ў}$$

Инсан хызметиндеги көп қырлы жумыслардың бәршеси ҳәм анық өлшемге кире бермейди. Себеби мийнет ҳәр қыйлы болғаны ушын оның нәтийжесин кеткен ўақыт пенен өлшеў қыйын.

Сол себепли, мийнет өнимдарлығы қун, пул формасында өлшенеди: сўм, тенге, доллар, марка, франк, рубль кибилер жәрдеминде. **Мәселен,** бир айда фермер **25000 сўм,** баспаханада ҳәрип териўши **20000 сўм**, жүк тасыўшы **10000 сўм**, токар **30000 сўмға** ийе болған өним ислеп шығарған болса, олардың мийнетиниң өнимдарлығын салыстырыў аңсат.

Пулда есапланған өнимди ислеўшилер санына бөлсек, мийнет өнимдарлығы келип шығады.

Мәмлекетте төмендеги факторлар мийнет өнимдарлығына туўрыдан – туўры тәсир тәсир өткизеди.

**1. Мийнет ресурсларының сыпаты**: исшилердиң мағлыўматы ҳәм таярлылық дәрежеси, яғный мағлыўматлы ҳәм қәнийгели исшилер өзлериниң ислеп шығарыў ўазыйпаларын нәтийжели орынлайды. Демек, мийнет өнимдарлығын төмендегише асырыў мүмкин:

а) тәлим ҳәм оқытыў дәстүрлери сыпатын жақсылаў менен;

б) ислеўшилердиң талап - мүтәжликлерине сәйкес тәлим алыў ҳәм таярлықтан өтиў имканиятларын кеңейтириў менен.

Исшилердиң мийнет етиў ғайраты өнимдарлыққа тәсир етиўши және бир унамлы қәсийет есапланады, яғный өз исин сүйетуғын ҳәмде усы иси себепли қанаатланыўшылық сезими пайда болатуғын адамлар ислеўге ҳошамети жетиспейтуғын адамларға қарағанда жақсырақ ислейди.

**2. Машина ҳәм үскенелердиң сыпаты.** Техника қаншелли қурамалы болса, мийнет өнимдарлығы да соншелли жоқары болады. Жаңа технологиялар, жаңа усыллар ҳәм машиналарды қолланыў себепли ислеп шығарыўдағы өзгерислерден өнимдарлықты асырыў ушын исбилермен тәрепинен пайдаланылыўы мүмкин.

Исбилерменлер машиналарды нәтийжели қоллаў ушын мийнетти бөлистириўден де пайдаланыўлары, яғный қурамалы үлкен ўазыйпаларды бир майдарақ айырым операция-ларды орынлаўға қәнийгелестирилиўи лазым.

Мийнетти бөлистириўдиң әҳмийети әллеқашан аңлап жетилген. **Адам Смит** «**Халықлар байлығының тәбияты ҳәм себеплери ҳаққындағы изертлеўлер**» атлы шығармасында содай деп жазылған:

«**Бир исши сымды тартады, екиншиси туўрылайды, үшиншиси қырқады, төртиншиси ушын өткирлейди, бесиншиси қалпақша орнатылатуғын ушына форма береди. Қалпақшаны таярлаў еки яки үш ғәрезсиз операцияларды талап қылады; уны орнатыў өз алдына операция, түйреўишти ийириў болса басқа бир операция; ҳәттеки таяр түйреўишлерди қалташаларға ораў да ғәрезсиз бир операция есапланады, мине усы түрдеги киширек бир мануфактураны көрген эдим, ол жерде тек ғана он адам done ислер еди. Олар жүдә кәмбағал болсада, қызғын жумыс ислеп күнине 48000 түйреўиш ислеп шығара алар еди. Бирақ олардың бәрлығы жеке ҳалда ҳәм бир - биринен ғәрезсиз рәўиште ислегенде де усы арнаўлы иске үйретил-мегенинде, олардың биреўи де күнине мүмкин 12, ҳәттеки 1 дана түйреўиш ислей алмас еди**». **Адам Смит** сәўлелендирген түйреўиш фабрикасы жәмийетлик мийнет бөлистириўиниң абзаллығын көрсетеди.

**1. Ислеп шығарыўдың тәбийий шараяты.** Бул шараят қаншелли қолай болса, өнимдарлық соншелли жоқары болады, тәбийий шараятты инсан өзгерте алмайды, бирақ техниканы жетилистириў арқалы қолайсыз ҳәм тәбийий шараятта да өнимдарлықты асырып барыўы мүмкин.

Базар экономикасы шараятында мийнет өнимдарлығына, жаңа басқарыў ҳәм конъюнктура, жаңаи товар ҳәм хызметлерге болған талап та сезилерли тәсир көрсетеди. Бизге мәлим, талап көбейсе, баҳалар өседи ҳәм бул жағдай ислеп шығарыўды күшейтириўди талап етеди. Бул болса өз нәўбетинде, мийнет өнимдарлығын асырыўға алып келеди. Егер кери жағдай болып, талап кемейсе, ислеп шығарыў турғынлық ҳәм кризиске жүз бурады.

Экономикаға тән нызамлылық бул мийнет өнимдарлығының асып барыўы есаплана-ды, сол себепли ресурслар шекленген болыўына қарамай, өним көбейип барады.

### Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:

Экономикалық искерлик, ислеп шығарыў. Материаллық ҳәм материаллық емес ислеп шығарыў. Исши күши. Мийнет қураллары. Мийнет предметлери. Ислеп шығарыў қураллары. Тәбийий ресурслар. Капитал. Исбилерменлик. Бөлистириў. Алмастырыў. Тутыныў. Жалпы миллий өним (ЖМӨ). ЖМӨниң натурал буйымласқан ҳәм қун көринисиндеги формалары. Сап миллий өним. Зәрүрий өним, қосымша өним. Қосымша өним массасы ҳәм нормасы. Мийнет өнимдарлығы, оған тәсир етиўши факторлар.

## 3 - тема: Товар ислеп шығарыў ҳәм пул, олардың экономикалық раўажланыўдағы орны

### 1. Хожалық жүргизиў формалары

Жәмийетте экономикалық системаның түрли формадағы моделлери бар. Бирақ узақ тарийхый дәўирлерден баслап миллети, елаты, географиялық жайласыўына, мәмлекеттиң сиясатына қарамастан бәрше ушын улыўма болған натурал ҳәм товар хожалығы әмел етип келген.

Натурал хожалық дегенде өзиниң мүтәжликлерин қанаатландырыў ушын әмелге асырылатуғын ислеп шығарыў процесси түсиниледи. Бунда ислеп шығарылған өнимниң муғдары тутынылған товарлардың муғдарына тең болады.

Натурал хожалықтың қәсийетлери төмендегилерден ибарат:

- бир қыйлы өнимлер ислеп шығарыўшы әпиўайы патриархал хожалықлардың ҳәрекет етиўи;
- мийнетти бөлистириў ҳәм қәнийгелесиўдиң жоқлығы;
- ислеп шығарыўдың тар шеңберде әмелге асыўы;
- мүлкке жәмийетлик жәмәә тәрепинен ийелик етиўи;
- алмасыў, алды – сатты қатнасықларының жоқлығы.

Натурал хожалық ислеп шығарыў процессиниң раўажланыўының дәслепки басқышы болып, ол экономикалық раўажланыўдың барлық басқышларында, дәстүрий базар экономикасында да сақланып қалады. Жәмийеттиң раўажланыўы мийнет өнимдарлығының асыўы менен, жәмийетлик мийнет бөлисиўиниң тереңлесип барыўы менен байланыслы. Нәтийжеде адамлар бирар-бир кәсипке қәнийгелесе баслайды ҳәмде өзлериниң артықша болған мийнет өнимлерин алмастырады, ҳәмде олар өз ара жәмийетлик қатнасықларға кириседи.

Товар хожалығы дегенде өзиниң мүтәжликлери ушын емес, бәлки базар ушын, алмастырыў ушын ислеп шығарыўды әмелге асыратуғын хожалық жүргизиў формасы түсиниледи. Товар хожалығыда ислеп шығарылған өнимлердиң муғдары ислеп шығарыўшылардың тутыныўынан көп болыўы керек.

Товар хожалығы дәслеп әпиўайы товар хожалығы формасында жүзеге келеди. Әпиўайы товар хожалығы менен, тийкарынан, дийханлар, өнерментлер шуғылланады. Бул дәўирде товар хожалығы пүткил экономиканы қамрап алмайды. Мийнет бөлистириўиниң тереңлесиўи, мийнет өнимдарлығының раўажланыўы менен әпиўайы товар хожалығы кеңейтирилген улыўмаласқан товар хожалығы жағдайында әмелге асады. Бунда адамлар жаратқан өним ғана емес, бәлки мийнет күши де товарға айланады. Мийнет базарында мийнет күши де сатылады. Демек, товар хожалығының әҳмийетли элементи – товар болып қалады.

**Товар - бул инсанларды тутыныў мүтәжликлерин қанаатландыратуғын алмасыў яки сатыў ушын, ислеп шығылған адамлар мийнетиниң нәтийжеси есапланады.** Товар хожалығы **ислеп шығарыў – алмастырыў – бөлистириў – тутыныў системасы** тийкарында әмелге асады.

### 2. Товар ҳәм оның оның қәсийетлери

Товарда сәўлеленген мийнеттиң еки жақлама характери. Товардың еки қыйлы қәсийети болып, бул оның қун ҳәм тутыныў қунына ийе екенлиги.

Товардың тутыныў қуны бул адамлардың жәмийетлик мүтәжликлерин қанаатландырыў имканияты есапланады. Товардың тутыныў қуны материаллық ҳәм руўхый көринисте болыўы мүмкин.

Товардың алмасыў қуны оның қунын сәўлелендириў ушын айрықша әҳмийетке ийе. Себеби алмасыў процессинде адамлар өзлериниң сарплаған мийнетлерин теңлестириўге ҳәрекет етеди.

Қунның мийнет тийкарында жүзеге келиўи ҳаққындағы теориялардың тийкаршылары (**Аристотел, У.Петти, Адам Смит**) өнимлерди оған сарпланған мийнет тийкарында алмастырылады деген пикирди илгери сүрген. Олар алмасыў процессинде өнимниң саны, аўырлығы, формасын есапқа алмаған.

Алмасыў процессинде товардың тутыныў қуны есапқа алынады. Товардың тутыныў қуны оның сыпат жағынан қәсийетин сәўлелендиреди. Тигиў машынасы менен, тоқыў машинасының адамлардың мүтәжликлерин қанаатландырыў қәсийети ҳәр қыйлы. Олардың тутыныў қунлары мийнет бирдей сарыплансада ҳәр қыйлы қәсийетке ийе болады. Демек, алмасыў процессинде оған сарыпланған жәмийетлик мийнет сарпы есапқа алынады.

Улыўма мийнет ҳәм жәмийетлик мийнет жәмийет раўажланыўының бәрше басқышларында бар болған. Инсанлар мийнет ислегенлер, бирақ олардың мийнети дәслеп жеке ҳалда әмелге асырылған. Инсанлар өз мийнет өнимлерин алмастырғанларында өз-ара жәмийетлик қатнасыққа кирискен. Мийнет жәмийетлик характерге ийе болған. Қун товардың емес, бәлки тек ғана мийнеттиң жәмийетлик қәсийети есапланады.

Ҳәзирги дәўирде товарларды қун тийкарында емес, бәлки тутыныў қуны тийкарында алмастырыў керек деген пикир илгери сүрилмекте. Бул теория "**шегараланған пайдалылық теориясы**" деп аталады.

Ҳәр қандай ислеп шығарыў процессинде жаратылған өним яки көрсетилип атырған хызметлер өзиниң мәлим қунына ийе болады. Ол әдетте қун нызамына әмел қылынған ҳалда ислеп шығарылған өнимге сарып етилген жәмийетлик зәрурий мийнет пенен өлшенеди.

**Егерде товардың қуны оған сарыпланған жәмийетлик мийнет пенен өлшенсе, бул мийнеттиң муғдары, сыпаты ҳәм даўамлылығы қалай анықланады? Карл Маркс** мийнетти әпиўайы ҳәм қурамалы мийнетке ажыратқан. Әпиўайы мийнетлердиң жыйындысын, қурамалы мийнетке теңлестирген. **Бул әпиўайы мийнеттиң муғдары ҳәм оның коэффициенти қалай анықланады?** Бул сораў ашық қалған.

Мийнеттиң қун теориясы бойынша оның сарпы базарда анықланады. Бирақ шегараланған пайдалылық теориясы тәрепдарларының пикири бойынша базардағы өнимлерди қарыйдарлар оған қанша мийнет сарыпланғанлығына қарап емес, бәлки оның пайдалылығына қарап сатып алады.

Тек ғана товардың пайдалылығы товарға жәмийетлик характер береди. Жазбайтуғын ручканы, сыпатсыз сүтти оған мийнет сарыпланғанлығына қарамастан сатып алмайсыз. Ол сизге пайда берсе ғана сатып аласыз. Мүтәжлигиңизди қанаатландырасыз. Ат гөшин Россияда сатып алмайды. Жылан гөшин шет елден мийнет сарып етип алып келседе оны (Кытай яки Япониядағы киби) Өзбекистанда хеш ким сатып алмайды.

Шегараланған пайдалылық теориясына муўапық товардың қымбатлылығы, кереклилиги қалай анықланады?

Бул сораўға жуўап бериў ушын шегараланған пайдалылық теориясының тәрепдарлары немис экономисти болған **Г.Госсен нызамынан** (1810-1858) пайдаланады.

Ҳәр бир товардан кейинги товар өзиниң пайдалылығын жойтып барады.

Бул **К.Менгердиң** мысалы жәрдеминде сәўлеленеди. Тоғайда жасап атырған адамға 5 қап дән беремиз деп коз алдыңызға келтириң. Ол:

1- қапты оның аўқатына

2- қапты егинге

3- қапты үй қусларына

4- қапты пивоға

5- қапты – тоты қуска ислетеди.

Қарақшылар 2 қапты урлап кетсе бул адам қандай ис тутады?

Ол пивоға ҳәм тотықусқа дән ислетпейди. Өзине керекли, пайдалы болған мүтәжлигине ислетеди. Яғный ҳәр бир қосымша товардың пайдалылығы кемейип барады.

Дәслеп қаралғанда қун ҳәм шегараланған пайдалылық теориялары бир-бирине қарама-қарсы болып көринеди. Лекин **А.Маршал** жоқарыдағы теорияларды қайшының еки тәрепине уқсатады. Яғный бирар бир нәрсени қырққанда қайшының жоқары ҳәм төмен тәрепи бирдей орын ийелегениндей қун ҳәм пайдалылық шегарасы нызамы базарда тап усындай орын тутады. Баҳалардың қәлиплесиуинде, қун нызамы усыныс тәрепинен, шегераланған пайдалылық теориясы болса талап тәрепинен тәсир өткизеди, ҳәмде тутыныўшылардың ҳәрекетлерин сәўлелендирип береди.

Товардың қуны ҳәм тутыныў қуны өз ара қарама - қарсы болған бирликти қурайды. Бунның себеби товарда пайдаланылған мийнеттиң еки түрли характерге ийе екенлигинде.

Мийнет пайдалы болғанлығы себепли тутыныў қунын жаратады. Яғный ол анық, конкрет мийнет есапланады. Ҳәр қандай анық мийнет өзиниң жаратыўшылық, технологиялық дәрежеси, исшиниң билими ҳәм мақсети киби қәсийетлери менен парықланады.

Лекин, усыған қарамастан ҳәр қыйлы ислеп шығарыўшылардың мийнетин улыўмаластыратуғын қәсийет бар. Мийнеттиң қандай болыўынан қаттий нәзер оған инсан физиологиялық тәрепинен қаралғанда энергия сарыплайды.

Бул: **энергия – нерв, көз нуры, физикалық ҳәм ақылый мийнет сарпы**. Яғный улыўма инсанийлық мийнетиниң сарпы – абстракт мийнет еспаланады. Абстракт мийнет товар алмасыўда керек болатуғын қунды жаратады.

Биз мийнеттиң сыпат көрсеткишлерин көрип шықтық. Енди оның муғдар көрсеткишин көрип шығамыз.

Товарға сарыпланған қунның муғдары оған сарыпланған жәмийетлик зәрүрий мийнетке тең. Жәмийетлик зәрүрий мийнет жәмийеттиң ислеп шығарыў күшлериниң раўажланыў дәрежесиндеги орташа мийнет өнимдарлығы ҳәм орташа мийнет тезлигиндеги мийнет сарпы менен өлшенеди.

**Мәселен**, японлар бир телевизор ислеп шығарыўға 1 саат сарпласа, инглизлер 2,7 саат ўақыт сарплайды. Инглиз Японияда ислесе ол да 1 саат ўақыт сарплайды. Демек, мийнет сарпы ҳәр қыйлы мәмлекетте ҳәр қыйлы болады ҳәм оның сарпы ислеп шығарыў күшлериниң дәрежесине байланыслы болады.

Товардың қунына мийнет өнимдарлығы ҳәм мийнет тезлиги түрлише тәсир өткизеди. Мийнет өнимдарлығының асыўы товар қунын пәсейтирсе, мийнет интенсивлигиниң асыўы өним қунын асырады.

## 3. Пулдың мәниси ҳәм ўазыйпалары

Пулдың жүзеге келиўи узақ тарихый дәўирге барып тақалады. Самарқандта IX әсирлерде пул болған, 1507- жылларда пул реформалары өткизилген. Бухарада алтын теңгелер усы ўақытларда енгизилген. Лекин пул айланыста кең қолланылмаған. Саўдагерлер, байлар ҳалықтың бир бөлеги пул жәредеминде айланысқа кирискен болсада, ҳалықтың көп бөлеги натурал хожалық тийкарында жасаған ҳәм өнимлерди өнимлерге алмастырыў жәрдеминде қатнасықларға кирискен. Дәслеп жәмәәтте мийнет қуралларының, мийнет өнимдарлығының раўажланыўы, жәмийетлик мийнет бөлистириўиниң раўажланыўына алып келген. Бул дәўирде адамлар өнимлерин өз ара алмасыўға кирискен.

Алмастырыў процессиниң дәслепки басқышы қунның әпиўайы яки тосыннанлық формасы деп аталады:

**1 балта 4 қап дәнге алмастырылады.**

Жәмийетлик мийнет бөлистирилиўиниң раўажланыўы нәтийжесинде товарлардың түрлери көбейеди. Алмасыўдың кеңейтирилген формасы жүзеге келеди. Алмасыўдың бундай формасын төмендегише сәўлелендириў мүмкин.

**1 балта 14 қап дәнге, 11 етикке, 11 қойға теңлестирилди.**

Жәмийетлик ислеп шығарыўдың раўажланыўы алмасыўдың улыўмаласқан усылының қәлиплесиуи менен алмасыў процесси тәртипке түседи ҳәм товарлар дүньясынан бир товар ажыралып шығады. Усы товар тийкарында қалған товарлардың қуны сәўлелендириледи. Узақ дәўирлер даўамында ҳәр қыйлы мәмлекетлерде улыўмалық эквивалент

сыпатында дуз, шығанақ, тери, темир, алтын усығанлар ислетиледи ҳәм нәтийжеде бәрше мәмлекетлер улыўмалық эквивалент сыпатында алтыннан пайдаланады.

Алтынның улыўмалық эквивалент сыпатында ислетилиўининң себеби:

- оның тотланбаўы;
- муғдары аз болсада, баҳаның жоқары екенлиги;
- оның тәбиятта кем ушыраўы;
- бөлинседе, өзинниң қунын жойтпаслығы.

Демек, пулдың жүзеге келиўи, товар ислеп шығарыў ҳәм алмастырыў қыйыншылықларының кескинлесиўи нәтийжеси есапланады. Пул (алтын яки гүмис) улыўмалық эквивалент ролин ойнаўшы арнаўлы товар.

**Пул - барлық товарлар ҳәм хызметлерди сатыў ҳәм сатып алыў мүмкин болған улыўмалық эквивалент.**

Пулдың мәниси оның ўазыйпаларында сәўлеленеди:

**1. Пул қун өлшеў бирлиги.**

Қунның пулда сәўлелениўине баҳа дейиледи. Товардың баҳасы талап ҳәм усыныс нызамы бир – бирине туўры түскенде ғана товардың қунын сәўлелендиреди. Өнимге болған талап жоқары болғанда оның баҳасы да қунынан жокары, усыныс жоқары болғанында баҳасы қунынан төмен болыўы мүмкин.

Дәслеп пул бирликлери ҳәм олардың атлары көбинесе белгили аўырлық қымбат металлар менен байланыслы болған, валюталардың атлары да (фунт, стерлинг) соннан дерек береди. Лекин ўақыт өтиў менен "**салмақ**" аты пул бирлигинен қымбат металлардың хақықый салмағынан парық қыла баслаған.

**2. Пул айланыс қуралы.**

Пулдың айланыс қуралы сыпатындағы ўазыйпасы соннан ибарат, ол товарлар айланысы процессинде далдалшы болып майданға шығады.

Дәслеп товарларды алмастырыўда алтын ҳәм гүмис қуймаларынан пайдаланылған.

Әсте-ақырын қуймалар орнына теңгелер ислетилген. Алтын ҳәм гүмис теңгелер айланыс процессинде жемирилген яки олардың сыпаты бузыла баслаған. Сол себепли айланысқа алтынның орнын басыўшы, пул сыпатыда қағаз пуллар ислеп шығарылған. Демек, усы айланыс тараўы қағаз пуллардың жүзеге келиўине себеп болған.

**3. Топлаў ўазыйпасы.**

Пул айланыстан шығарылғаннан соң байлық топлаў ўазыйпасын орынлай баслайды.

Натурал хожалық шараятында байлық топлаў өним топлаў формасыда болған. Товарларды шекленбеген муғдарда сақлаб болмайды. Пулды қәлеген муғдарда сақлаў мүмкин. Пуллар банклерде де сақланады. Пулдың қәдирсизлениўи оны басқаша формада топлаўға себеп болады. Адамлар пулларын ислеп шығарыўга сарыплайды, аўылларда сыйыр, қой, қозы, көшпес мүлклерди сатып алады, алтын ҳәм гүмис тағыншақлар, антиквариатларды сатып алады. Ислеп шығарыўды раўажландырыў мақсетинде жаңа техника ҳәм технологияларды сатып алыў да топлаў есапланады.

**4. Төлеў ўазыйпасы.**

Төлеў ўазыйпасы нақ пуллар жәрдеминде әмелге асырылады. Пулдың төлеў ўазыйпасы рента, салық, кредитке төлеўлер көринисинде болады. Буның себеби ислеп шығарыў процессиниң мәлим дәўирди талап қылыўы есапланады. Бундай жағдайда пулдың төлеў ўазыйпасынан вексел ҳәм банкноталар келип шығады. Банкноталар менен бир қатарда айланыстың кредит қуралларынан жәнe бири – чеклер пайда болады. Чек аманат ийеси тәрепинен өз есабындағы пулдан чекте көрсетилген шахсқа бериў ҳаққында банкке жазылған буйрықлар есапланады.

Ҳалық аралық экономикалық қатнасықларда есап-китаплар алтын менен тәмийнленбеген миллий валюталарда (доллар, марка, йена ҳ.т.б.) әмелге асырылады.

**5. Пуллар жәҳән пулы ўазыйпасын орынлайды.** Бирақ олар мәлим формаға теңлестириледи, тийкарынан АҚШ долларына. Миллий экономиканың жәҳән экономикасына қосылыўы пулдың қәдирин асырыўды талап етеди.

Пулдың мәниси ҳәм ўазыйпалары ҳаққындағы сораўды жуўмақлағанда, пулдың және бир ўазыйпасын айтып өтиў зәрүр.

Гәп алмасыўды әмелге асырыўда жүзеге келетуғын қәрежетлер ҳаққында бармақта. Бул қәрежетлерге: **искерлик жүргизиў тараўына тийисли болған мағлыўматларды топлаў, базарда потециал шериклерди таңлаў, рекетшилерге пул төлеў, почта қәрежетлери, қамсызландырыў** қәрежетлери киреди.

Бул қәрежетлер трансакцион қәрежетлер дейиледи. Пул бундай қәрежетлерди кемейтириў имканын береди. Соның ушын пулдың ўазыйпасын пайдалы товар емес, алмастырыўды әмелге асыратуғын ҳәм оның айланысын тезлестиретуғын қағаз пуллар орынлайды.

## 4. Пулдың товарға айланыўы. Мийнет күши – товар

Өмирде көпшилик пулды капитал деп есаплайды. Егерде пул алды - сатты ўазыйпасын орынласа, ол тек ғана айланыс куралы есапланады. (**Т – П - Т**) Пул айланысқа қойылғанда оның қуны асса капиталға айланады. (**П – Т - П1**). Пулдың қуны дәслепки қуннан жоқары болады. Пулдың айланыста көбейиў процесси қәдим-қәдим дәўирлерде де ушыраған. Сүтқорлық капиталын буған мысал етиў мүмкин. Бирақ сүтқорлық капиталы ислеп шығарыў процессинде емес, бәлки айланыс процессинде көбейген.

Капитализм дәўиринде пулдың муғдары жалланба мийнет есабынан асып барады. Ис бериўши ислеп шығарыў процессинде мийнет күшин сатып алады.

Мийнет күши товарға айланады. Мийнет күши товар екен, ол қун ҳәм тутыныў қунына ийе болады.

Жалланған исши 8 саатлық ис күнин мәлим бөлегинде өзине мийнет етсе, қалған бөлегинде оған ис берген мүлк ийесине ислейди. Бул дәўирде ол қун ҳәм тутыныў қунын жаратады. Тутыныў қунының қәсийети оның өз қунынан көп қун жаратыў менен сәўлеленеди.

Мийнет күшининг қуны исшиниң ҳәм оның шаңарақ ағзаларының тиришилик байлықларының жыйындысынан ибарат. Мийнет күшиниң қунына тәсир ететуғын ең әҳмийетли фактор мийнет өнимдарлығы есапланады. Америкада мийнет күши қунының жоқары болыўы усы мәмлекетте мийнет өнимдарлығының жоқары екенлигинен дәлил береди.

Мийнет өнимдарлығы жоқары болсада мийнет күши қуны пәс болыўы мүмкин. Бундай ҳалда қәнийгели мийнет күшине болған талап пәс болады.

Соның менен бирге мийнет күши қунына мәмлекеттиң ислеп шығарыў күшлериниң раўажланыў дәрежеси, мәденият дәрежеси, табийий – ықлым шараяты, мийнет күшиниң тарийхый қәлиплесиў процесси, билим алыўға ҳәм қәнийгеликти асырыўға сарыпланған қәрежетлердиң муғдары, қасызландырыў системасының жағдайы ҳәм т.б. тәсир өткизеди.

Солай етип, товар алмасыў, мийнет күшиниң товарға айланыўы, пулдың келип шығыўы ҳәм оның ўазыйпалары базар ҳәм базар экономикасының келип шығыўына себеп болды ҳәм оның раўажланыўына шәрт-шәраят жаратты.

## Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:

Натурал хожалық, товар хожалығы, әпиўайы товар хожалығы, капиталистик товар хожалығы, товар, товардың тутыныў қуны, товар қуны, товардың алмасыў қуны, бартер, мийнет, жәмийетлик мийнет, анық мийнет, абстракт мийнет.

## 4 - тема: Мүлкшилик қатнасықлары
## 1. Мүлкшилик қатнасықларының мәниси

Экономикада ислеп шығарыў қуралларына қарата мүлкшиликтиң түрлери ҳәм формалары үйрениледи. Мүлкшилик қатнасықлары материаллық ҳәм руўхый байлықларды ислеп шығарыў ҳәмде жәмийет байлықларын өзлестириў процесслеринде жүзеге келип, ҳәр қандай экономикалық системаның негизин ҳәм ондағы экономикалық қатнасықларды сәўлелендиреди. Мүлкшилик ислеп шығарыўшылар ортасында жүзеге келетуғын өз - ара қатнасыкларды сәўлелендиреди. Ислеп шығарылған өнимниң бөлистирилиўи алмастырыў дәрежесин ҳәмде тутыныў дәрежесин белгилейди. Улыўма алғанда мүлкшилик қатнасықлары мүлкке ийелик етиў ҳәм оннан пайдаланыў ҳәмде басқарыў процессинде жүзеге келетуғын экономикалық қатнасықлар есапланады.

Мүлкшилик қатнасықлары, оның объектлери ҳәм субъектлери болыўын талап етеди. Мүлк объектлери бул мүлкке айланған барлық материаллық ҳәм руўхый байлықлар, тәбийий байлықлар, ақылый мийнет жемислери, инсанның мийнет етиў қәбилети ҳәм т.б. Мүлк объектиниң тийкарғы буўыны ислеп шығарыў қураллары кимдики болса, ислеп шығарылған өнимлер де соған тийисли болады.

Мүлк субъекти бул жәмийетте мәлим экономикалық статусқа ийе болған, мүлк объектин өзлестириўде қатнасыўшылар, мүлкий мүнәсибетлер қатнасыўшылары болып олар жәмәәт, топар, яки басқа жәмийетлик топарларға бирлеседи. Мүлк субъектлери айырым адамлар, шаңарақлар, түрли көринистеги кәрханалар, шет ел пуқаралары, шөлкемлер ҳәм мәмлекет есапланады. Яғный булар улыўма мүлкий мүнәсибетлерде қатнасыўшы бәрше физикалық ҳәм юридикалық шахслар есапланады.

**Мүлкке ийелик етиў мүлкдарлық ҳуқықының оның ийеси қолында болыўын билдиреди ҳәм жаратылған материаллық байлықларды өзлестириўдиң жәмийетлесиўин сәўлелендиреди.**

Айырым жағдайларда мүлк ийеси мүлкке ийелик ҳуқықын сақлап қалған ҳалда өз мүлкинен өзи пайдаланбайды, бәлки басқа адамларға пайдаланыў ушын береди. Бунда аренда қатнасығы жүзеге келип, бул жағдайда мүлктен пайдаланыў яғный мал мүлктиң экономикалық искерликте ислетилиўи яки жәмийетлик өмирде қолланыўы жүзеге келеди. **Мал - мүлктен пайдаланыў жүз бергенде ол дәрамат алыў яки жеке мүтәжликти жүзеге келтиреди. Мүлкти бийлик етиў (басқарыў) бул мал - мүлк тәғдирин ғәрезсиз шешиўди билдиреди.** Ол мал-мүлкти сатыў, мийрас етип қалдырыў, саўға етиў, ижараға бериў киби жайғдайларда жүз береди.

Мүлкшилик өз мәнисине көре ҳуқықый ҳәм экономикалық қатнасықлар мазмунын өзинде сәўлелендиреди. Мүлкшиликтиң ҳуқықый ҳәм экономикалық мазмуны өз ара байланыслы болып бир-бирин толықтырып турады. Соның ушын мүлкшилик ҳәм ҳуқықый, ҳәм экономикалық категория есапланады.

Мүлкшилик ҳуқықый мәнисте мүлкке мәлим ҳуқықый ийелик мүнәсибетин сәўлелендиреди.

Соның ушын материаллық байлықлардың түрли субектлер ортасында бөлистирилиўи ҳәм өзлестирилиўиниң ҳуқықый нормалары белгилеп бериледи. Усыған көре мүлк ийеси өзине нызамда белгиленген буйымға ғана ийелик етиў, пайдаланыў яки бийлик етиў ҳуқықын алады. Мәмлекет мүлкшилик қатнасықларын беккемлейди ҳәм қорғайды.

Ҳуқықый нормалар, бир тәрептен мүлкшилик қатнасықларын қорғаса, екинши тәрептен мүлкшилик қатнасықларын раўажландырады. Солай етип, мүлкшиликтиң хуқықый нормалары **биринширден** ислеп шығарыў қураллары ҳәм жаратылған материаллық байлықлардың мәлим субъектлерге тийисли екенлигин, **екиншиден,** мүлк ийелериниң хақ хуқықлары мәмлекет тәрепинен нызам менен қорғалыўы, **үшиншиден,** мал - мүлкти қорғаў усылларын белгилеп береди.

Мүлкшилик экономикалық мәнисте ислеп шығарыўда әҳмийетли орынды ийелейди ҳәм адамлар ортасындағы қурамалы хожалық қатнасықларын қурайды. Мүлкшилик қатнасықлары экономикалық мүлкшиликтиң оның ажыралмас үш жағдайы: **ийелик етиў, пайдаланыў, ҳәм бийлик етиў (басқарыў)ды** белгилеп береди. Соның ушын мүлк ийесине дәрамат келтирсе ғана, мүлк экономикалық реализация қылынған есапланады. Кери жағдайда, яғный ислеп шығарыўда қатнаспаса яки мүлк ийесине дәрамат келтирмесе, ол тек ғана "**ҳуқықый**" категория болып қалады.

Ҳәр қандай жәмийеттиң экономикалық дүзилиси меншиктен басланады. Меншик қатнасықларына тийкарланбаған ҳеш бир жәмийет жоқ. Сонлықтанда экономикалық қатнасықлардың бир бөлегин меншик қатнасықлары қурайды.

**Меншик қатнасықлары** жәмийеттеги байлықларды өзлестириў менен байланыслы болған экономикалық қатнасықлар есапланады. Бул қатнасықлар: **мүлкке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў (басқарыў)** жағдайларында жүзеге келеди. Бул үш жағдай мүлкке ийелик етиў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў меншикликтиң ажыралмас бөлимлери болып есапланады.

**Мүлкке ийелик етиў** - бул меншик ҳуқықының меншик ийесиниң қолында сақланып турыўын аңлатады. Бул жағдайда меншик болған байлық бөлимлерге бөлинип өзлестириледи. Мүлкке ийелик етиў сақланған ҳалда, оны әмелде ислетиў өзгениң қолында болыўы мүмкин. Буның нәтийжесинде мүлктен келген пайда бөлистириледи, оның бир бөлегин мүлк ийеси, ал екинши бөлегин мүлкти әмелде ислетиўши өзлестиреди.

**Мүлкти пайдаланыў** - бул мүлк болған байлықты экономикалық хызметте қолланып, оны хожалық айланысына киргизип, оннан нәтийже алыўды аңлатады. Бул жағдайда байлық дәрамат табыў яки инсан мүтәжлигин қанаатландырыўға жумсалады. Егер мүлк ийеси өз мүлкин өзи пайдаланса, ийелик етиў ҳәм пайдаланыў бир қолда болады. Алынған нәтийже тек ғана меншик ийесине тийисли болады. Ал ийелик етиў ҳәм пайдаланыў ажыралған жағдайда, нәтийже бөлистирилген ҳалда өзлестириледи.

**Мүлкти бийлик етиў (басқарыў)** - бул мүлк болған байлық тәғдийрин ғәрезсиз шешиўди яғный мүлкти сатып жибериў, ижараға бериў, мийрас етип қалдырыў, асырап абайлап көбейтиў яки оны жоқ етип жибериў менен байланыслы ҳәрекетлерди әмелге асырыўды билдиреди.

Меншик улыўма экономикалық категория. Ол қатнасық сыпатында өз объект-лерине ҳәм субъектлерине ийе.

**Меншик объектлери** - бул меншикке айланған барлық байлық түрлери.

Оларға жер, суў, тәбийий кәнлер, өсимликлер ҳәм ҳайўанатлар дүньясы, машина-үскенелер, иматратлар, қурылмалар, өнимлер ҳәм хызметлер, тарийхый - мәдений естелик-лер, илимий - техникалық билимлер, товарлар, мийнетке болған ақлый (руўхый) ҳәм физикалық қәсийетлер ҳ.т.б. киреди. Мине бул материаллық ҳәм материаллық емес формадағы өнимлерди өзлестириў менен байланыслы меншик қатнасықлары қәлиплеседи ҳәм өнимлер меншикке айланғанда өзлестириледи.

**Меншик субъектлери** - бул меншик объектлерин өзлестириўде қатнасыўшылар ямаса меншик қатнасықларының қатнасыўшылары.

Буларға айырым адамлар, шаңарақлархарактерге ийе болады.

Меншик объектлерин өзлестириў төмендегише еки жолда әмелге асырылады:

**1. Өндирис ресурсларын өзлестириў.** Бунда материаллық ҳәм мийнет ресурсларын меншик ийеси өз меншигине айланғаннан соң өзлестиреди.

**2. Өндирис нәтийжелерин өзлестириў** - бул өндирилген өним ҳәм хызметлерди, оларды сатыўдан келген дәраматларды кимниң меншигине айланғанлығын билдиреди. Өндирис әсбаплары кимниң меншигинде болса, нәтийже соған тийисли болады.

Базар экономикасы меншик формаларының көп түрлилигин талап етеди. Өзбекистан Республикасы Конститутциясында да: «**Базар қатнасықларын раўажландырыўға қаратылған Өзбекистан экономикасының тийкарын ҳәр қыйлы меншик формалары қурайды»** деп көрсетилген.

## 2. Мүлк түрлери ҳәм олардың экономикалық мазмуны

Экономика тарийхында мүлкшиликтиң үш түри бар деп келинген. Ўақыт өтиўи менен мүлкшилик қатнасықлары жүзесинен пикирлер өзгерип жаңа мүлкшиликтиң формалары пайда болды.

Ҳәзирги экономикалық әдебиятларда мүлктиң улыўмалық, аралас, жеке, индивидуал, мәмлекетлик, жәмәәт, ширкет, мәҳәлле, мийрас мүлки киби түрлери бар деп белгиленбекте. Айырым экономикалық әдебиятларда болса мәмлекет мүлки, ширкет мүлки, мийрас мүлк ҳәм тағы басқаларды улыўмалық мүлктиң қурамлылық бөлеклери сыпатыда анализ қылынсада, шет ел экономикалық әдебиятларда олар айырықша мүлк түри сыпатыда сәўлелендириледи.

Базар экономикасы мүлкшилик формаларының ҳәр қыйлылығын талап етеди. Себеби товар алмастырыў процессинде товар белгили мүлк объекти болғанда ғана алдысатты қылынады. Соның ушын да Өзбекистан Республикасы Конституциясында да «**Базар қатнасықларын раўажландырыўға қаратылған Өзбекистан экономикасының негизин ҳәрқыйлы формалардағы мүлк қурайды**» ([13], 19 – бетлер) деп атап өтилген.

Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында мәмлекет мүлкинен тысқары ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиў тараўларындағы мүлклериниң ҳәр қыйлы түрлери, жәмийетлик шөлкемлер мүлки, уй хожалығы ҳәм жеке тамарқа хожалығы ҳәмде жеке тәртиптеги мийнет искерлиги менен байланыслы болған мийнеткешлердиң жеке мүлки, сыртқы экономикалық қатнасықлар тараўындағы аралас мүлк формалары ҳәм жеке мүлк тийкарындағы искерликлер әмел қылмақта.

«**Өзбекистан Республикасының мүлкшилик ҳаққындағы**» нызамында мәмлекет мүлки, жәмәә мүлки, жеке мүлк, индивидуал мүлк ҳәм аралас мүлк түрлери бар деп көрсетилген.

**Мәмлекет мүлки** – бул мәмлекет ықтыярындағы түрли көринистеги мүлк болып, оған мәмлекет тәрепинен толық ийелик қылынады ҳәм пайдаланылады. Мәмлекет мүлки тийкарынан еки жол менен пайда болады:

- ✓ **Жеке мүлкти мәмлекет, халық мүлкине айландырыў.**
- ✓ **Мәмлекет қаржысы есабынан мүлклерди қәлиплестириў.**

Мәмлекет мүлкине усы мәмлекет территориясындағы жер, суў, ҳаўа бослығы, жер асты ҳәм жер үсти тәбийий байлықлары, мәмлекет көлеминдеги экономикалық ҳәм стратегик әҳмийетке ийе болған кәрханалар, социал – мәдений биналар, медицина шөлкемлери ҳәм емлеўханалар ҳәмде басқалар киреди.

Базар экономикасы мәмлекетлик мүлк монополиясының қысқарыўын талап етеди.

**Жәмәәт мүлки** – белгили мақсет жолында жәмәәге бирлескен адамлар тәрепинен материаллық ҳәм руўхый байлықларды аўызбиршилик пенен өзлестириўди билдиреди. Жәмәәт мүлки мәмлекет мүлкин кәрхана жәмәәси сатып алыўы, табан төлеп кәрхана қурыўы, акция шығарып, оларды сатыў арқалы шөлкемлестириледи. Бул мүлк түриниң тийкарғы қәсийети соннан ибарат, ол бир шахсқа тийисли болмай, мәлим топар, яғный жәмәәге тийисли болады. Оған кооператив мүлк, ижара ҳәм жәмәә кәрханаларының акционер жәмийетлери, ширкетлер жәмәә ҳәм диний шөлкемлердиң мүлклери киреди. Онда ислеп шығарыў қураллары ҳәм олардың нәтийжелеринде пайдаланыў ҳәм өзлестириў мүлк ийеси болыўшы мийнет жәмәәсине тийисли болады.

**Жеке мүлк** - айырым адамларға тийисли жалланба мийнетке тийкарланған ҳәм өз ийесине пайда келтириўши мүлк есапланады. Исбилерменлик пенен шуғылланыў, жалланып ислеў, кредит мекемелерине қойылған қаржылар, қымбатлы қағазлардан алынатуғын дәраматлар, мийрас тәртипте мал-мүлкти қолға киргизиў кибилер жеке мүлкке мысал болады.

**Индивидуал мүлк** - бул пуқаралардың жеке ҳәм улыўмалық мүтәжликлерин қанаатландырыўға қаратылған мүлки болып, мүлк формалары ишинде әҳмийетли орын тутады, себеби ҳәр бир шахс өзиниң ҳәм шаңарағының мүлкин көбейтиў мақсетинде

мийнет қылады. Соның ушын да индивидуал мүлк шахстың яки оның шаңарақ ағзаларының мийнети нәтийжесинде көбейип барады. Улыўма индивидуал мүлк пуқаралардың жәмийетлик ислеп шығарыўдағы қатнасы ҳәм өз хожалығыда ис жүргизиўден түскен дәраматы тийкарында қәлиплеседи. Индивидуал мүлк объекти болып ўй–жай, бағ ҳәўлиси, транспорт қураллары, пул жамғармалары, жеке тутыныў ҳәм үй–рузгер ушын мөлшерленген буйымлар, хожалығыдағы индивидуал искерлиги ушын керекли ислеп шығарыў қураллары есапланады.

**Аралас мүлк** - түрли формадағы мүлклердиң қосылып кетиўи нәтийжесинде пайда болатуғын мүлк болып, көп жағдайларда қоспа кәрханалар, шет ел шөлкемлери ҳәм пуқаралар яки сырт ел мәмлекетиниң, резидент емес юридикалық шахстың үлеси есабынан шөлкемлестириледи. Бул мүлк объекттиң түрли мүлкдарлар қатнасыўында өзлестирилиўин билдиреди.

Өзбекистанда базар экономикасына өтиў дәўиринде мүлкшилик формаларының ҳәр қыйлы болыўы ислеп шығарыўды раўажландырыў ҳәм оның нәтийжелилигин асырыў ушын бәрше имканиятлардан пайдаланыў, шөлкемлестириўшилик ҳәм бәсекини жүзеге келтириў ушын қолай имканият ҳәм шараятлар жаратып бермекте. Мүлк түрлерине қарап, айырым мәмлекетлер экономикалық ресурсларынан қандай пайдаланыўды өзлериниң имканиятларынан, жәмийет экономикалық системасының қәсийетлеринен келип шығып шешеди.

**Экономикалық система - жәмийет алдында турыўшы экономикалық машқалаларды шешиў усыллары, механизмлери ҳәм қуралларының жыйындысы.** Адамзат жәмийети жүзеге келгеннен баслап экономикалық системаның 4 түри жүзеге келген ҳәм усы күнде де әмел қылып келмекте. Экономикалық системаның ең әпиўайы түри дәстүрий экономикалық система есапланады. Бундай система төмен раўажланған көпғана мәмлекетлерде бар. Бундай жәмийетлерде ислеп шығарылатуғын өнимлер ҳәм хызметлер әдетте он, жүз жыллар даўамында өзгермей қалады. Қулласы, дәстүрий экономикада ислеп шығарыў жүдә әсте өзгеретуғын үрп-әдетлер менен белгиленеди. Дәстурий ислеп шығарыў әпиўайы қайта ислеп шығарыўға мас түседи.

Экономикалық системалардан және бири административ буйрықпазлық системасы болып, оған Бурынғы Аўқамдағы ҳәмде социалистлик системада болған мәмлекетлерди киритиў мүмкин. Административлик буйрықбазлық системасының тийкарғы қәсийетлери мүлктиң улыўмалық екенлиги ҳәм ислеп шығарыў нәтийжеси болған материаллық байлықлардың орайдан турып бөлистирилиўи, хожалық буўынларында экономикалық еркинликтиң жоқлығы есапланады.

Базар экономикасы системасында мүлктиң көп бөлегине майда мүлк ийелери ийелик қылады. Мүлк формасы раўажланған сайын сап базар экономикасынан аралас экономикалық системаға өтиледи. Ҳәзирги дәўирдеги базар экономикасы системасы ҳәр қыйлы моделлердиң көринисин өзинде сәўлелендиреди. Бул моделлер ҳәр бир мәмлекет экономикасының қәсийетлерин сәўлелендиреди. Соның ушын да бул моделлер мәмлекетлердиң атлары менен аталады: **Қубла Корея модели, Америка модели, Туркия модели, Япония модели, Швейцария модели, Өзбек модели** ҳәм тағы басқалар.

Аралас экономикалық системада мәмлекеттиң экономикаға араласыўы инкар етилмейди. Базар экономикасына ийе болған мәмлекетлерде көпшилик экономикалық шешимлерди базар белгилеседе, олардың шешиминде мәмлекеттиң роли барған сайын асып бармақта. Базар менен мәмлекет қатнасы тийкарында экономикалық системаны ҳәм раўажланыўды аралас экономика деп атаў имканын береди.

## 3. Мүлкти мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў машқалалары

Жоқарыда келтирип өтилгениндей базар экономикасының тийкарғы шәртлеринен бири ҳәр түрли мүлк формаларының болыўы. Себеби көп укладлы экономика ҳәм бәсекелесиўши орталықты шөлкемлестириў тийкарында мүлкшиликтиң ҳәр қыйлы формаларының ҳәрекет етиўи жатады.

Сабық Аўқам дәўиринде Республикамызда мәмлекет мүлки ҳүкмранлық қылған. Улыўма халық мүлки субъекти болып мәмлекет есапланған. Бул жағдай болса ҳалық арасында «мәмлекеттики»ме демек «хеш кимдики», яки «биреўдики» деген пикирлерди пайда еткен. Нәтийжеде мәмлекет мүлкине хожасызларша мүнәсибет қәлиплесип, улыўма ҳалық мүлки абайлап көбейтирилиўи орнына айырым жағдайларда талан – тараж қылынған. Соның ушын экономикалық реформалардың ең әҳмийетли ўазыйпасы мүлкий қатнасықларды түптен өзгертиў болып, оның түп мәниси мүлкти өз йелери қолына бериў, исбилерменликке кең жол ашып бериў ҳәм мүлкдарларда жаңа мүлк ийеси түсинигин қәлиплестириўден ибарат. Буның ушын базар экономикасына өтиў дәўиринде көп мәмлекетлерде мүлкти меншиклестириў ҳәм мәмлекет қарамағынан шығарыў зәрүрияты жүзеге келди. Мүлкти мәмлекет қарамағынан шығарыў меншиклестириўге қарағанда кең түсиник есапланады. Мүлкти мәмлекет қарамағынан шығарыў бул мүлк есабынан жеке мүлктен тысқары басқа мәмлекетлик емес мүлк формаларын жүзеге келтириў есапланады. Ол мәмлекет кәрханаларын акционерлик жәмийетлерге айландырыў; мәмлекет кәрхана-сын сатып, жәмәәт мүлкине айландырыў; мүлкти қунына қарап шығарылған чеклер бойынша пуқараларға бийпул бериў, айырым мәмлекет кәрханаларының шет ел фирма ҳәм пуқараларына сатыў яки қарыз есабына бериў ҳәм усы киби илажларды өз ишине алады. Мүлкти мәмлекет қарамағынан шығарыў шараятына қарап пуллы, яки жеңилликлер тәризинде өткизиледи. Өз формасы ҳәм усылынан қаттий нәзер бул иләж ҳәр қыйлы мүлкшиликтиң жүзеге келтирилиўин тәмийнлейди.

**Меншиклестириў** – бул мәмлекет мүлкине ийелик етиў ҳуқықын мәмлекеттен жеке шахсларға өтиўи. Оның 3 модели бар:

**Меншиклестирўдиң 1-модели** мүлкти бәрше халыққа бийпул тәризде тең бөлисти-рилиўи. Бундай массалық меншиклестириўден мақсет қысқа мүддет ишинде чеклер базарының енгизиў есабынан мүлкдарлардың кең көлемин шөлкемлестириў болып, ол меншиклестириўдиң чекли (ваучерли) модели дейиледи. Ол Россияда қолланылған.

**Меншиклестирўдиң 2-модели** - кәрхана мүлкин оның жәмәәтине бийпул тәризде өткизиў болып, оның итибарлы тәрепи сонда, кәрхана мийнет етиўши жәмәә ықтыярында болады, бул болса мийнет жәмәәси ҳәм кархананың ислеп шығарыў бағдарын сақлап қалыўына себеп болады.

**Меншиклестирўдиң 3-модели** - мүлкти бөлеклеп яки толық тәризде сатып алыў. Буның абзаллық тәрепи оның мүлкдарда ҳақықый мүлк ийеси, жуўапкершилиги күшейип, мәмлекет бюджетине де мүлкдарға да пайда береди. Бул модел мәмлекет мүлкиниң халықтың социаллық қорғалатуғын бөлегине бийпул яки жеңилликли тәризде өткизиўди бийкар етпейди. Бул модел Өзбекистандағы меншиклестириў дәстүриниң тийкарын қурайды. Бунда меншиклестириў процесси үш басқышта әмелге асады.

**Биринши басқыш – 1992 - 1993 жылларда әмелге асырылды.** Бул ўақытта дерлик бәрше үй-жайлар меншиклестирилип, аўыл хожалығындағы ҳәр бир шаңараққа жер ажыратылды. Саўда, турмыслық хызмет, жергиликли тағы киши ҳәм орта кәрханалар сатылды ҳәм акционерлерге бөлип берилди.

**Екинши басқыш - 1994 -1995 жылларға туўры келеди.** Бул дәўирде мыңлап ири ҳәм орта кәрханалар акционерлердиң мүлкине айландырылды. Бул дәўирде киши бизнестиң саны 70000 ға жетти.

**Үшинши басқыш - 1996 жылдан басланды.** Бул басқыш жуўмақланыўшы қәсийетке ийе болып, бул дәўирде меншиклестирилмеген объектлер дизимине кирмеген бәрше объктлер ҳәм кәрханалар мәмлекет қарамағынан шығарылады.

2004 жылдың 1-январына келип дизимнен өткен киши ҳәм орта кәрханалар 263,8 мыңды қурады. Мәмлекетлик емес секторға 2004-жылда искерлик көрсетип атырған бәрше кәрханалардың 89,9 проценти туўры келген. Оларда бәнт болғанлар саны 2002–2003 жыллар ишинде 471 мың адамға көбейген.

Республикада мәмлекет мүлкин меншиклестириўдиң өзине сай қәсийетлери И.А.Каримов тәрепинен баян қылынған экономикалық реформалардың тийкарғы қағыйдаларынан келип шығады. Булар:

1. Мәмлекет мүлкин меншиклестириў республикада әмелге асырылып атырған реформалардың тийкарын қурайды.

2. Мүлкти меншиклестириў процесси мәмлекет тәрепинен басқарылады.

3. Меншиклестириўди хуқықый норматив тәрепинен тәмийнлеўде нызамға әмел қылынады.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:**

Мүлк, мүлк субъектлери ҳәм объектлери, мүлкий қатнасықлар, хуқықый ҳәм экономикалық қатнасықлар. Мүлк түрлери: мәмлекет мүлки, жәмәәт мүлки, жеке мүлк, аралас мүлк, мүлкти меншиклестириў моделлери ҳәм басқышлары. Экономикалық система, административ буйрықпазлық система, базар экономикасы системасы, аралас экономика системасы, мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў.

## 5 - тема: Ислеп шығарыў. Тутыныў ҳәм топлаў. Инвестиция

## 1. Ислеп шығарыў ҳәм оның түрлери

Жәмийетте макроэкономикалық теңсалмақлықты жүзеге келтириў тәкирар ислеп шығарыў процессиниң тийкарғы машқалаларынан бири есапланады. Ислеп шығарыў бир жола болатуғын ҳәрекет емес, ислеп шығарыў үзиликсиз процесс. Ҳәр дайым тәкирарланып ҳәм тикленип туратуғын бул процесс тәкирар ислеп шығарыў деп аталады.

Тәкирар ислеп шығарыў еки түрге бөлинеди:

- әпиўайы тәкирар ислеп шығарыў,

- кеңейтирилген тәкирар ислеп шығарыў. Әпиўайы тәкирар ислеп шығарыў деп ислеп шығарыў көлеминиң бир муғдарда тәкирарланыўына айтылады. Кеңейтирилген тәкирар ислеп шығарыў деб ислеп шығарыў процессин үзиликсиз рәўиште өсип барыўына айтылады. Базар экономикасы шараятында кеңейтирилген тәкирар ислеп шығарыўдың дереги болып, кәрханалардың сап ислеп шығарыў дәраматлары алынған кредитлер ҳәм амортизация қаржылары есапланады. Адамзат жәмийетиниң раўажланыўы, жәҳән көлеминде ҳалық санының өсиўи, тутыныў көлеминиң түрли дәрежесин тәмийнлеўши тәкирар ислеп шығарыў процессиниң ҳәр дайым кеңейип барыўын талап етеди. Демек, кеңейтирилген тәкирар ислеп шығарыў процесси жыл сайын ислеп шығарыў көлемлериниң кеңейиўин, яғный онда пайдаланып атырған ресурслар, исши күшин, ислеп шығарыў қуралларын ҳәм шийки затларды жыл сайын көбирек дәрежеде тутыныўды, соның менен бирге тәкирар ислеп шығарыў процесси нәтийжесинде ислеп шығарылған товарлар ҳәм хызметлер көлеминиң жыл сайын асып барыўын ҳәм усыған мас рәўиште, айланыс, бөлистириў ҳәм тутыныў процессине жыл сайын көбирек товарлар ҳәм хызметлер келип түсиўин билдиреди. Соның ушын экономика ҳәр дайым жаңаланып турыўшы товарлар ҳәм хызметлер, материаллық ҳәм финанслық ресурсларының шеңберлик ҳәрекетинен ибарат болады.

## 2. Макроэкономикалық теңсалмақлық

Макроэкономикалық процесс қурамалы болып, пүткил жәмийет дәрежесиндеги искерликти билдиреди ҳәм ол миллионлап товарлар ҳәм хызметлер жаратылыўын,оларды миллионлап адамлар тутыныўын билдиреди. Макроэкономикалық ҳәрекеттиң бир тегис әмелге асыўы ушын ондағы экономикалық қатнасықлар, яғный тәкирар ислеп шығарыўдың түрли тәреплери ортасындағы қатнаслар әҳмийетли роль ойнайды.

Жәмийетте макроэкономикалық теңсалмақлықты жүзеге келтириўдиң базар усылы товарлар ҳәм хызметлер, материаллық ҳәм финанслық ресурслар ҳәрекетин өндириўшилер мәплерин, қәбилетлерин есапқа алған ҳалда тәмийнлейди. «**Базар экономикасы - бул адамзат жәмийетиниң XX әсирлик өмири даўамында жүзеге келген ең үлкен жетискенлиги, сиясий ҳәм экономикалық искерликтиң ең жоқары формасы есапланады**», - дейди **Ж.М.Кейнс**.

Жәмийетте макроэкономикалық теңсалмақлықты жүзеге келтириўде тәкирар ислеп шығарыў процессиниң барлық тараўларында макроэкономикалық теңсалмақлықтың түрлери бойынша теңсалмақлықты жүзеге келтириўди талап етеди. Макроэкономикалық теңсалмақлықтың төмендеги түрлери бар:

**1. Жәмийетлик талап пенен усыныс ортасындағы теңсалмақлық.** Жалпы талап деп, ҳәр қандай баҳалар дәрежесинде тутыныўшылар, исбилерменлер ҳәм мәмлекет тәрепинен сатып алыныўы мүмкин болған жәми өнимлерге айтылады.

Жалпы усыныс дегенде экономика ислеп шығаратуғын бәрше товар ҳәм хызметлер түсиниледи. Дәраматың өсиўи оған мас рәўиште өндириўшилер тәрепинен және қосымша товарларды усыныс етиўди билдиреди.

**2. Ислеп шығарыў менен тутыныў ортасындағы теңсалмақлылық.** Бул жерде ислеп шығарыў тийкарғы орынды ийелеп, тутыныў оның негизин белгилейди. Ислеп шығарыў дәрежесиниң өсиўи тутыныў дәрежесиниң өсиўине алып келеди. Соның менен бирге тутыныў да ислеп шығарыў дәрежесине тәсир етеди.

Инсан өз характерине көре, турмыс дәрежесин жақсылаўға, тутынып атырған өнимлер сыпатын, түрин, өнимлердиң тутыныў қәсийетлерин жақсылап барыўға ҳәрекет қылады. Нәтийжеде ислеп шығарыў да инсанлардың турмыс дәрежесине тәсир етеди.

**3. Үй хожалығы дәраматы менен олардың қәрежети ортасындағы теңсалмақлылық.** Үй хожалығы дәраматлары деп ис хақы, өнимлер, сыйлықлар, мәмлекет трансферт төлемлери көринистеги жалпы дәраматқа айтылады. Үй хожалығы қәрежетлери деп, оның тутыныў өнимлерине, үй жай, электр энергия, мәдений дем алыў, билим алыў ҳәм басқа товарларға ҳәм хызметлерге болған сарыпларға айтылады. Бул үй хожалығы дәраматлары ҳәм қәрежетлери теңсалмақлылығының бузылыўы жәмийеттиң улыўма экономикалық теңсалмақлылығының бузылыўына алып келеди.

**4. Пул массасы менен товар ҳәм хызметлер массасы ортасыдағы теңсалмақлылық.** Бизге мәлим, ЖИӨ ниң тәкирар ислеп шығарыў процессиндеги ҳәрекети пул массасы арқалы әмелге асырылады. Соның ушын жәмийетте бар болған пул массасы товарлар ҳәм хызметлер массасына тең болмағы лазым. Егерде жәмийетте товарлар ҳәм хызметлер массасына салыстырғанда пул массасы асып яки кемейип кетсе, бул өз нәўбетинде тәкирар ислеп шығарыў процессинде жалпы ишки өним ҳәрекети теңсалмақлылығының бузылыўына алып келеди. Бул жағдай өз нәўбетинде тәкирар ислеп шығарыў процессинде үзилислер, тосықлар, тар бууынларды жүзеге келтирип, бул улыўма экономикалық теңсалмақ-лылықтың бузылыўына алып келеди.

Буннан тысқары топлаў менен инвестиция ортасындағы теңсалмақлылық, инвестиция дәрежеси менен экономикалық өсиў дәрежеси ортасындағы теңсалмақлықларды көрсетип өтиў мүмкин.

Макроэкономикалық турақлылық қуралы сыпатында экономиканы характерлеп бериўши, оның экономикалық раўажланыўының бағдарларын, ондағы әмелге асып атырған процесслерди белгилеп бериўши, көпғана көрсеткишлер бар. Оларға: **жалпы миллий өним (ЖМӨ), жалпы ишки өним (ЖИӨ)** ҳәм басқалар киреди. **Жалпы ишки**

**өним (ЖИӨ) - мәмлекетте белгили дәўир ишинде ислеп шығарылған өним ҳәм көрсетилген хызметлер қунының жыйындысы. ЖИӨ** экономиканың түрли тараўлары ҳәм тармақлары, кәрханалары өнимлериниң жыйындысы сыпатыда тәриплеў мүмкин. ЖИӨ қурамына төмендегилер киреди: тутынылған өндирис қураллары қуны (амортизация ажыратпалары), сарып етилген шийки зат, жанылғы ҳәм материаллардың қуны, ҳалықтың, кәрханалардың дәраматлары. **ЖИӨ** көрсеткиши экономикалық искерликтиң нәтийжесин анық көрсете алмайды. Себеби экономиканың айырым бууынларында айырым өнимлер яки олардың бөлеклери шийки зат материаллары сыпатыда бир неше тармақ кәрханаларында ислеп шығарыўға хызмет қылады. Сол себепли онда тәкирарий есаплар жүзеге келеди. Буған жол қоймаслық ушын **ЖМӨ** (жалпы миллий өним)нен пайдаланылады. **ЖМӨ** жыл даўамында мәмлекет пуқаралары тәрепинен (жер жүзиниң қай жеринде болыўынан қарамастан) жаратылған жәми товар ҳәм хызметлердиң базар баҳаларындағы улыўма қуны есапланады. Бул айырықша қунға ийе болған өлшем есапланады, себеби ол миллет пәраўанлығы ҳаққында көп мағлыўмат береди, яғный **ЖМӨ** көбейген сайын тутыныў-шылар алса болатуғын товарлар көбирек болады. **ЖМӨ** ди ишки, яғный қәрежетлер ҳәм дәраматлар жолы менен есаплаў мүмкин. Қәрежетлер бойынша есаплағанда, бәрше тутыныўшылардың товар ҳәм хызметлерди сатып алыўға сарплаған пулы жәмленеди. **Мәселен,** белгили жылда ҳалық өз тутыныўы ушын 40 млрд.сум, фирмалар, шөлкемлер, хожалықлар 50 млрд. сўм, мәмлекет мекемелери болса 30 млрд. сўм сарыплаған деп ойлайық. Демек, **ЖМӨ** ди ислеп шығарыў қәрежетлери (40+50+30=120) 120 млрд. сўмнан ибарат. Дәраматлар бойынша **ЖМӨ** товар ҳәм хызметлерди сатыўдан түскен пул дәраматларын топлаў арқалы есапланады. **Мәселен:** барлық фирма ҳәм шөлкемлер 50 млрд. сўмлық товар ҳәм хызметлерди сатқан, фермер ҳәм жәмәәт хожалықлары тамарқа ийелери болса, өним сатыўдан 60 млрд. сўм дәрамат алған. Мәмлекет кәрханаларының өним ҳәм хызметлерди сатыўдан алған дәраматы 40 млрд сўм. Демек, **ЖМӨ** 150 млрд. сўм (50+60+40=150).

**ЖМӨ** есапларында номинал ҳәм реал **ЖМӨ** көрсеткишлери бар. Ағымдағы базар баҳаларында есапланған миллий өним номинал миллий өним, өзгермес баҳаларда есапланған миллий өним реал миллий өним дейиледи. Ҳәр қыйлы жылларда ислеп шығарылған **ЖМӨ** қунын баҳа өзгермеген жағдайда салыстырыў мүмкин. Буннан тысқары баҳа дәрежеси экономикада инфляция (баҳа дәрежесиниң өсиўи) яки дефляция (баҳа дәрежесиниң кемейиўи) барлығын ҳәм оның қандай дәрежеде тәсир еткенлигин билиў имканын береди. Баҳа дәрежесин индекс формасында сәўлелендирип, төмендеги көринисте жазыў мүмкин.

$$\textbf{ЖМӨ нин индекси} = \frac{\textbf{Ағымдағы жылдағы тутыныўшылар себетшесиниң баҳасы}}{\textbf{Базис жылдағы тутыныўшылар себетшесиниң баҳасы}}$$

«**Базис жылы**» салыстырыўдың басланғыш дәўирин билдиреди. Бирақ баҳаның улыўма дәрежесин есаплаў ушын **ЖМӨ** баҳа индексинен пайдаланылады. Ол өз ишине тутыныў товарларынан тысқары, инвестицион товарлар, мәмлекет тәрепинен сатып алынатуғын ҳәмде халықара базарда сатылған ҳәм сатып алынған товар ҳәм хызметлер баҳаларында алады. Демек, **ЖМӨ** нинг баҳалар индекси номинал **ЖМӨ** ди реал **ЖМӨ** ге айландырып есаплаў имканын береди.

Оны төмендегише есаплаў мүмкин:

$$\textbf{Реал ЖМӨ} = \frac{\textbf{Номинал ЖМӨ}}{\textbf{Баҳалар индекси}}$$

**ЖМӨ** көрсеткишине сап экспорт (экспорт ҳәм импорт ортасындағы парық) киреди. Бирақ түрли мәмлекетлерде сыртқы саўда салмағы ҳәр қыйлы. Соның ушын миллий экономика раўажланыў дәрежесин анықлаў ушын **ЖИӨ** көрсеткишинен

пайдаланылады. **ЖИӨ - мәмлекет территориясында бир жыл даўамында ислеп шығарылған, тамамланған көринистеги товар ҳәм хызметлердиң базар баҳаларындағы улыўма қуны есапланады**. Раўажланған мәмлекетлерде ХХ әсирдиң 50 жылларынан баслап статистикада **ЖИӨ** көрсеткиши қолланыла басланды. Бул көрсеткиш жәрдеминде миллий экономиканы раўажланыў нызамлықлары ҳәм тенденциялары анализ етиледи, басқа мәмлекетлердиң экономикасының раўажланыў нәтийжелери менен салыстырады, экономиканы ислеп шығарыў структурасына баҳа бериледи, экономиканы қаншелли сыртқы экономикалық байланысларға байланыслы екенлиги анықланады. ЖИӨ көрсеткиши **ЖМӨ** нен мәмлекеттиң сыртқы капитал сарпларынан алған пайда сальдосы муғдарына парық қылады. Ҳәзирги шараятта ири кәрханалар искерлиги де күшейип бармақта. Өзбекистанда **ЖИӨ** тийкарғы экономикалық көрсеткиш есапланады.

**Елимиздиң экономикасындағы әмелге асырылып атырған структуралық өзгерислер айрықша итибарға ылайық.**

Бизге бурынғы совет системасынан бир тәреплеме раўажланған, тек шийки зат жетиристириўге бағдарланған, пахтаның жеке бийлиги қыйратыўшы дәрежеде ҳәўиж алған өндирис ҳәм социаллық инфраструктура күтә изде қалған, халықтың жан басына тутыныў көрсеткиши ең пәс болған экономика мийрас болып қалғанлығын ҳәммемиз жақсы билемиз.

**Экономикамызда жүз берип атырған унамлы өзгерислерди айқын көз алдымызға келтириў ушын төмендеги цифрларды келтирип өтпекшимен.**

Егер буннан онбес жыл бурын, яғный 2000-жылда елимиздиң жалпы ишки өниминде санааттың үлеси тек 14,2 процентти қураған болса, 2010-жылда бул көрсеткиш 24 процентти, аўыл хожалығының үлеси болса, 30,1 проценттен 17,5 процентке қысқарды.

2010-жылда аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыў 2009-жылға салыстырғанда 6,8 процентке, 2000-жылға салыстырғанда болса, 1,8 есеге асқаны да усыны көрсетеди.

Бизиң бул бағдардағы ең үлкен табысымыз жалпы ишки өним қурамында киши бизнес ҳәм исбилерменликтиң үлесиниң көбейиўине және елимиз экономикасын раўажландырыўда оның ролиниң сезилерлик дәрежеде артқанында көринбекте.

2000-жылда ЖИӨ ниң дерлик 31 проценти экономиканы жедел раўажландырып атырған усы секторының үлесине туўра келген болса, 2010-жылда бул көрсеткиш 52,5 процентти қурады.

Кәрханалар арасында кооперациялық байланыслар беккемленбекте, бул процесске киши кәрхана ҳәм жеке бизнес субъектлери барған сайын кең тартылмақта.

2010-жылда өткерилген Халықаралық санаат ярмакасы ҳәм коопeррациялық биржаға дүньяның 51 елинен 700 ден аслам шет ел фирмалары ҳәм компанияларының ўәкиллери қатнасты, 500 ден аслам жаңа түрдеги өним өрсетилди, Куны 2 триллион 600 миллиард сумлық сўмлық шәртнамаларға қол қойылды.

Өткен жыл даўамында киши бизнес субъектлерине ажыратылған кредитлердиң көлеми 14 есе көбейди ҳәм 2 триллион 700 миллиард сўмды қурады. Соның ишинде, микрокредитлердиң көлеми 485 миллиард сўмнан асып, бул көрсеткиш 2009-жылға салыстырғанда 1,5 есе көбейди.

Аўыл хожалығын реформалаў, фермер хожалықларына бекитилген жер участкаларын оптималластырыў, пахта ҳәм ғәллениң сатып алыў нырқларын арттырыў бойынша әмелге асырылып атырған избе-из ислер нәтийжесинде **экономикамыздың аграрлық секторында структуралық сапа өзгерислери жүз бермекте.**

Пахта ҳәм ғалле сыяқлы стратегиялық әҳмийетли аўыл хожлығы егинлери менен бир қатарда, мийўа-овошь, шарўашылық, қус өсириўшилик ҳәм балықшылық салаларында да өндирис көлеми сезилерли дәрежеде өсти, қайта ислеў тармақлары ҳәм ишки базарды сүт,

гөш, картошка овошь сыяқлы ең әҳмийетли азық-аўқатлық ҳәм басқа да аўыл хожалығы өнимлери менен жәёне де көбирек толтырыў ушын беккем шийки зат базасы жаратылмақта.

Тек 2010-жылдың өзинде жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаўға қаратылған жойбарларды әмелге асырыў ушын 150 миллиард сўмнан аслам қаржы қаратылады ҳәм бул 724 километрлик коллектор-дренаж тармақларын, 208 милоративлик қудықларды қурыў реконструкциялаў, дерлик 14 мың километрлик коллектор-дренеж системасын оңлаў, қайта тиклкеў ҳәм 335 заманагой мелиорация техникасын сатып алыў имканиятын береди.

Елимизде 2010-жылда 2009-жылға салыстырғанда 13,6 процентке көп, яғный 9 миллиард 700 миллион АҚШ долларына тең муғдардағы инвестициялар өзлестирилди, бул ЖИӨ ниң дерлик 25 прцентин қурайды.

Инвестиция бағдарламасы көлеминде 2010-жылда 200 ден аслам жойбар әмелге асырылды. Соның ишинде, жылына 50 мың автомобиль ислеп шығарыў қуўатына ийе болған «М-300» маркасындағы жеңил автомобиль ислеп шығарыўды өзлестириў 200 мың тонна калий тогинлерин ислеп шығарыў кўўатына ийе болған «Дийханабад калий төгинлери заводы қурылысы», «Хонжиза кәнинде полиметалл рудаларды қайта ислеў» сыяқлы улкен жойбарлар, Наўайы кән-металлургия комбинаты, «Наўайыазот» компания-сының бир қатар жаңа объектлерин қурыў ислери ҳәм басқа да жойбарлар жуўмағына жеткергенлигин атап көрсетиў керек.

2010-жылда «Наўайы» Еркин индустириаллық - экономикалық зонасы аймағында шет еллердиң инвесторлары менен ерисилген келисимлер көлеминде 19 инвестициялық жойбарды әмелге асырыўға кирисилди. Усы жойбарлар көлеминде дүнья базарында өтимли болған заманагой өним ислеп шығаратуғын 7 кәрхана пайдаланыўға тапсырылды.

Өзбекстан миллий автомагистралы жойбары қурамына киретуғын цемент - бетон қапламалы 222 километрлик автомобиль жолын қурыў ҳәм реконструкциялаў ушын «**Азия раўажланыў банки**» менен 600 миллион доллар муғдарында кредит қаржыларын тартыў ҳаққындағы шәртнамаға қол қойылды. Наўайы қаласындағы аэропорта пайдаланыўға тапсырылған «Наўайы» халықаралық интер-модаль логистика орайының жук терминалы арқалы 50,1 мың тонна ямаса 2009-жылға қарағанда 3 есе көп жүк тасылды.

Ҳаўа транспорты ҳәм темир жол парклерин жаңалаў ислери даўам еттирилмекте. 2010-жылы «**Эйрбас индастри**» компаниясының 6 дана **А-320-200** маркалы самолёты, 8 заманагой электровоз сатып алынды, 1 мың 790 жолаўшы тасыйтуғын ҳәм 38 жолаўшы тасыйтуғын вагонлар қурылды, оңланды ҳәм модернизация етилди.

2010-жылда кәсип - өнер колледжлнои ҳәм академиялық лицейлерди қурыў, рекон-струкциялаў жәнe үскенелеў, сондай-ақ, мектеплерди материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша бағдарламаларды әмелге асырыў жуўмағына жеткерилди.

Улыўма алғанда, 2005-2010-жыллар даўамында 7 мың 800 ден аслам улыўма билимлен-дириў мекемеси, дерлик 1 мың 500 кәсип-өнер колледж ҳәм академиялық лицей қурылды ҳәм реконструкцияланды. Тек 2010-жылда мектеплер, кәсип-өнер колледжлери ҳәм академиялық лицейлерде 2 мың 300 ден аслам компьютер техникасы ҳәм мутимедия үскенеси орнатылды. Усы жылы 72 спорт қурылысы, 27 жүзиў бассейин пайдаланыўға тапсырылды, улыўма қуны 3 миллион АҚШ долларына тең болған спорт инвентарьлары ҳәм үскенелери орынларға жеткерип берилди.

Егер 2009-жылда 6 музыка ҳәм өнер-көркем мектеби қурылған жәнe реконс-трукцияланған болса, 2010 жылында 46 әне усындай мектеп пайдаланыўға тапсырылды. Олардың қурылысына 51 миллиард сумнан аслам капитал қаржы жумсалды.

2010-жылда денсаўлықты сақлаў саласын реформалаў ҳәм усы системада сапа өзгерислерин әмелге асырыўды тәмийинлеў бойынша ислер даўам еттирилди. Тек 2010-жылдың өзинде 32 атамадағы жаңа дәри-дармақларды ислеп шығарыў өзлестирилди ҳам бул 2009-жылға қарағанда 23 процентке көп.

2010-жылда стационарлық медицина мекемелеринде қосымша түрде 1 мың 630 даўаланыў орынлары пайдаланыўға тапсырылды.

2010-жылы денсаўлықты сақлаў саласын раўажланыў ушын жәми 2 триллион сўмнан аслам қаржы қаратылды, буның 1 триллион 700 миллиард сўмы бюджет қаржысы есапланады.

2010-жылы елимизлилық районында үлги жойбарлар бойынша таяр етип тапсырыў шәрти менен 6 мың 800 турақ жай қурылды.

Бүгинги күнде биз ушын ең әҳмийетли машқалалардан бири болған елимизде мийнетке жарамлы халықты жумыс пенен тәмийинлеў бойынша әмелге асырылған ислеримиз ҳаққында айтсақ 2010-жылда елимизде жәми 950 мыңнан аслам жумыс орны дүзилгенин атап көрсетиўимиз керек. Бул жаңадан дүзилген улыўма жумыс орынларының 600 мыңнан аслам ямаса 65 проценти киши бизнес саласына тура келеди.

**Халық дәраматларын ҳәм абаданлығын арттырыў бойынша да** сапа жағынан терең өзгерислер жүз бермекте. Халықтың мийнет ҳақы ҳәм улыўма ақша дәраматлары турақлы кобейип бармақта, оның сатып алыў уқыплылығы турақлы өспекте, пуқараларымыз тутынатуғын өнимлер қурамының сапасы артпақта.

2010 –жылда бюджет саласы мекемелери хызметкерлериниң мийнет ҳақысы, пенсиялар ҳәм социаллық напақалар, степендиялардың муғдары 32 процентке, халықтың улыўма ақша дараматлары болса жан басына 1,3 есе көбейди.

Халықтың дәраматлары қурамында исбилерменлик жумысынан алынып атырған дәраматтың үлеси барған сайын салмақлы орын ийелемекте ҳәм барлық дәраматлардың 47 процентинен асламы усы саланың үлесине тура келмекте.

Елимизде шаңарақлардың сапалы ҳәм узақ мүддет пайдаланатуғын тутыныў товарлары менен тәмийинлениў дәрежеси сезилерли түрде артты. Атап айтқанда, бүгинги күнде ҳәр 100 шаңараққа орташа 132 телевизор, 99 музлатқыш, 18 ден аслам кондиционер, 27 ден аслам жеңил автомобиль, ҳәм 12 персонал компьютерлер туўра келеди.

## 3. Миллий дәрамат ҳәм оның бөлистирилиўи

Миллий экономикада жаңадан жүзеге келтирилген қун, яғный миллий дәрамат тутыныў ҳәм топлаў мақсетлеринде ислетиледи.

Миллий дәрамат экономиканың ең әҳмийетли көрсеткиши, нәтийжелилик мийзаны, жәмийет байлығын толырақ сәўлелендириўши экономикалық қурал есапланады. **МД** - пайда етилген сап өнимниң қундағы сәўлелениўи яки пул көриниси, яғный **МД - мәмлекет халкының 1 жыллық жәми ис хақы, процент, рента киби барлық дәрамат-лары ҳәм кәрханалар пайдасының жалпы жыйындысынан ибарат.** Ол **СМӨ** нен бәрше қыя салықларды айырыў жолы менен анықланады. **МД** мәмлекет халқының пәраўанлығы ҳәм турақлы раўажланыўының материаллық дереги. Соның ушын **МД** ты көбейтириўдиң бәрше усыллары ҳәм жоллары иске салынады. **МД** тың көбейиўи, тийкарынан, үш факторға байланыслы:

1. Ислеп шығарыўда бәнт болған адамлардың мәлим муғдары;
2. Мийнет өнимдарлығының артыўы;
3. Исбилерменлик ҳәм бизнес.

Жәмийет раўажланыўының түрли дәуирлеринде бул үш фактор түрлише әҳмийетке ийе болған. Ҳәзирги пән техника раўажланыўы шараятында екинши фактор күшлирек

роль ойнамақта. Ислеп шығарыўдың раўажланыўы өндирислик емес тараўларының раўажланыўына хызмет көрсетиў тармақларында бәнтликти асырыў, экономикалық өсиўге алып келеди. Яғный ислеп шығарыў әтирапында қәлиплесетуғын экономикалық ҳәм жәмийетлик инфраструктураның раўажланыўы **МД** ты көбейтиреди.

**МД** тың еки түри парықланады:

а) **ислеп шығарылған МД, яғный жаңадан жаратылған товар ҳәм хызметлер қунының жыйындысы;**

б) **пайдаланған МД – жаратылған МД тан жоғалтыўларды (тәбийий апатлар, сақлаўдағы жоғалтыўлар ҳәм басқалар) есапқа алғандағы қун.** Жәмийетте жаратылған миллий дәраматты тутыныў ҳәм топлаўға ажыратыў мүмкин. Тутыныў дегенде жәмий-етиң экономикалық мүтәжликлерин қанаатландырыў процессинде ислеп шығарылған товар ҳәм хызметлерден пайдаланыўды, оны тутыныўды билдиреди. Тутыныўды екиге өнимли ҳәм жеке түрлерге бөлиў мүмкин.

Өнимли тутыныў ислеп шығарыў қуралларының тутыныўы, яғный тутыныў өнимлерин жаратыў ушын қылынған тутыныў. Жеке тутыныў адамлар өмирин даўам етиўди тәмийнлеў ушын исленген тутыныў. Тутыныў процессинде материаллық ҳәм руўхый байлықлардан пайдаланғанлығымыз себепли, материаллық өнимлерди ҳәм хызметлерди тутыныўды ажыратыў мүмкин. Жеке яки жәмәә болып тутыныўды да парықлаў зәрүр. Жеке тутыныўға шаңарақ яки жәмийет ағзаларының ықтыярында болған материаллық байлықларды тутыныў түсиниледи. Жәмәәт болып тутыныўды болса жәмийет ағзалары топарларының биргеликте материаллық өнимлер ҳәм хызметлерден пайдаланыўды түсинемиз.

Тутыныў фонды қаржыларынан пүткил экономика көлеминде бәнт болған исшилердиң материаллық ҳәм мәдений мүтәжликлерин, соның ишинде, басқарыў ҳәм қорғаныў мүтәжликлерин қанаатландырыў ушын пайдаланылады. Ол пүткил халықтың жеке тутыныўын, халыққа жәмийетлик хызмет қылатуғын шөлкемлер ҳәм басқарыўдағы материаллық сарыпларды өз ишине алады. Адамлардың мүтәжликлери ҳәм оларды толық қанаатландырыў дәрежеси болған тутыныў муғдар ҳәм сыпат жағынан өзгерип турады, яғный тоқтаўсыз рәўиште артып, өсип турады. Тийкарында адамзат жәмийетиниң раўажланыўы тутыныўдың қанаатландырылыўына да байланыслы. Мүтәжликлердиң, соннан келип шыққан ҳалда адамлар тутыныўының өсиўи тийкарында еки себеп жатады: Биринши себеп – адамлардың жылдан-жылға сан жағынан көбейип барыўы (инсаният тарийхында адамлар ҳәм басқа себеплерге көре кемейип турса да): екинши себеп – жәмийетлик раўажланыў себепли барған сайын адамлардың өнимлерди тутыныў структурасында өзгерислер жүз бериўи, оның ҳәр қыйлы түске ениўи, сыпат жағынан өсип барўы есапланады. Демек, өсип баратырған мүтәжликлерди қанаатландырыў ушын тутыныў өнимлерин (азық-аўқат, кийим-кеншек, үй-жай, турмыслық ҳәм мәдений хызметлер ҳәм т.б.) көбейтириў лазым.

Адамлардың өсип баратырған мүтәжликлерин қанаатландырып барыў ушын топлаўды әмелге асырыў лазым. Топлаў дегенде ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиў көлемлерин кеңейтирип барыў процессин тусиниў мүмкин. Әмелде болса топлаў капитал яки инвестицион сарыплары көринисинде болып, тийкарғы капиталды жаратыў, әмелдегилерди кеңейтириў, жаңалаўға сарыпланған қаржыларды сәўлелендиреди. Жамғарманың ислеп шығарыў мақсетиндеги топлаўы, яғный материаллық ислеп шығарыў тараўының тийкарғы айланба қаржыларын кеңейтириўге сарыпланатуғын бөлеги ҳәм ислеп шығарыўдағы топлаў, яғный мәдeният, ден саўлықты сақлаў, оқыў ҳәм спорт мекемелери, үй жай, қысқасы жәмийетлик – мәдений тараўларды кеңейтириў жаңалаўға сарыплар көринисин сәўлелендириў мүмкин. Демек, ислеп шығарыўды раўажландырыўдың тийкарғы факторы, өндирислик емес тараўды раўажландырыў есапланады. **Топлаў – тәкирар ислеп шығарыўдың әпиўайы формасынан, кеңейген формасына айланыўы есапланады, яғный топлаў фонды, оның көлеми ҳәм қурамы тәкирар ислеп шығарыў пәтлерин белгилеп беретуғын фактор.**

Топлаў жәмийетлик процесс болғаны ушын оған жәмийетте кешетуғын басқа процесслер де тәсир етеди. Топлаўға тәсир ететуғын факторлардан бири **пән - техника раўажланыўы есапланады (ПТР).** Бул процесс әсиримиздиң 50-жылларынан басланып, ислеп шығарыў қуралларына, мийнет күшине, техникаға сондай тәсир өткизди, өмиримиздеги әҳмийетли өзгерислердиң ҳәммеси усы раўажланыў нәтийжеси. **ПТР** топлаў имканиятларын кеңейтирип бармақта, яғный топлаў ушын жаңа дереклер туўдырмақта. Бизге мәлим **ПТР** шараятында техника қуралларының жемирилиўи күшейеди, руўхый ескириўи (жаңа қуралларды̆ң тез жаналанып барыўы) артады. Демек, тийкарғы фондлардың амортизациясы артады, тезлеседи. Нәтийжеде оларды жаңалаў, жетилистириў, капитал оңлаў ушын амортизация фондынан пайдаланыў зәрүрияты туўылады. **ПТР** тез баратырған, санааты раўажланған мәмлекетлерде топлаўдың усы дереги үлкен әхмийет кәсип етпекте, топлаўда амортизация ажыратпаларының үлеси артып бармақта.

Топлаў процесси нәтийжесинде ислеп шығарыўда мийнет күшининг роли түптен өзгереди. Егер алдын инсан ислеп шығарыўдың тек ғана жеке факторы болған болса, топлаў оны басқарыўшыға, қадағалаўшыға айландырады. Бундай шараятта ислеп шығарыўдың нәтийжелилиги, өнимдарлық мийнет күши сыпатына, дүзилисине билими тәжрийбесине байланыслы болып қалады. Демек, ислеп шығарыўдың тәғдири тек ғана мүлк ийесине байланыслы болып қалмастан, ислеп шығарыўшыға да байланыслы болады. Бул топлаўдың жүдә күшли жәмийетлик ақыбети есапланады.

Топлаў халық бәнтлиги мәселесин басқаша шешиўди талап етеди. Гәп сонда, топлаў процессинде ислеп шығарыўда бәнт болған мийнет күши орнын техника - технология көбирек ийелейди, яғный исши күшине болған талап кемейип барады. Бирақ **ПТР** жаңа тармақлар, **мәселен**, космонавтика, электротехника, жасалма талалар ислеп шығарыўы киби тараўларды раўажландырып, жаңа кәнийгеликлерди, соның менен бир қатарда жаңа жумыс орынларын жүзеге келтиреди. Бул унамлы жағдай. Бирақ, топлаў себепли мийнет ресурсларының бир бөлеги ислеп шығарыў мүтәжликлеринен артықша болып қалады. Бул нәрсе жәмийет алдына, мәмлекет мекемелери алдына бәнтлик мәселесин унамлы шешиў машқаласын туўдырады. Бул машқала раўажланып атырған мәмлекетлер ушын, соның ишинде Өзбекистан ушын да актуал мәселе есапланады. Усы зәрүрияттан келип шығып, социаллық қорғаўдың дәстүрлери ислеп шығылады. Өзбекистанда мәмлекет басқарыў системасында халықты жумыс пенен тәмийнлеў, социаллық қорғаў менен шуғылланыўшы арнаўлы шөлкемлер қәлиплестирилди.

**Топлаў – экономикалық өсиў факторы.** Жәмийет раўажы, оның сыпаты экономикалық өсиўге байланыслы, яғный экономикалық өсиў - топлаўдың тийкарғы дереги болған қосымша өнимниң көбейиўине түртки береди ҳәм бул менен өзине өзи жол ашады.

### 4. Инвестициялар ҳәм олардың мазмуны

Инвестиция сөзи латынша - жайласыў мәнисин билдирип, қаржыны, мәлим байлықты, қосымша дәрамат алыў мақсетинде, ислеп шығарыў яки басқа тараўға жайластырыў, таңлаў дегенди аңлатады.

Исбилерменлик ҳәм басқа хызметлер түрлерине қосылатуғын бәрше материаллық ҳәм материаллық емес байлықлар инвестиция есапланады. Бул байлықларды төмендегише бөлиў мүмкин:

•Пул қураллары, мақсетли банк аманатлары, акциялар, қамсызландырыў ҳужжетлери ҳәм басқа қымбатбаҳалы қағазлар.

• Көшпес мүлк (биналар, имаратлар, үскенелер ҳәм басқа материаллық байлықлар).

• Авторлық ҳуқықынан келип шығатуғын мүлкий ҳәм мүлкий емес ҳуқықлар, басқа интеллектуал ҳуқықлар.

• Басқа байлықлар.

Демек, финанслық формасына көре, инвестициялар пайда алыў мақсетинде хожалық искерлигине қойылған активлер есапланса, экономикалық қәсийетине көре, ол жаңа

кәрханалар қурыўға, узақ муддетли хызмет көрсетиўши машина ҳәм әсбап - үскенелерге кеткен қәрежетлер есапланады. Инвестицияларды әмелге асырыў бойынша ҳәрекетти инвестицион искерлик, инвестицияларды әмелге асырыўшы шахс - инвестор дейиледи.

Инвестицияларды төмендеги түрлерге бөлиў мүмкин. **Өз - өзин қаплаўға көре: инвестициялар узақ, орта ҳәм қысқа мүддетли инвестицияларға бөлинеди**. Узақ мүддетли инвестициялар, тийкарынан, қымбат баҳалы ҳәм қурамалы проектлерде әмелге асырылады, олар узақ ўақыт даўамында өз - өзлерин қаплайды, (10 ҳәм оннан көбирек жыллар) қысқа мүуддетли инвестициялар әдетте бир жылға шекем болады.

Жоқарыда айтып өткенимиздей, инвестициялар жеке сектор ҳәм мәмлекет тәрепинен мәмлекет ишинде ҳәм оның сыртында түрли ислеп шығарыўларға ҳәм қымбат баҳалы қағазларға қойылыўы мүмкин. Соннан келип шыққан ҳалда, инвестициялар жалпы ҳәм сап инвестицияларға ажыратылады. **Жалпы инвестициялар** - бул ислеп шығарыў қуралларының тутынылған бөлегин қаплаў мақсетинде ислеп шығарыў жамғармалары ҳәм халықтын қаржы қойылмаларына айтылады . Басқаша сөз бенен айтканда, жалпы инвестициялар амортизация (мийнет қураллары ескирип барыўына қарап, олар қунының ислеп шығарылған өнимге әсте - ақырын өтип барыўы) ҳәм сап инвестициялар жыйындысынан ибарат. Сап инвестицияларды анықлаў ушын жалпы инвестициялардан амортизация ажыратылады.

Жалпы инвестициялар ҳәм амортизация ортасындағы қатнасқа батыс экономикасының жағдайы қандай екенлиги, яғный көтерилиў, турғынлық яки пәсейиў дәўирин басынан кеширип атырғанлығын анықлаў мүмкин. Егерде, жалпы инвестициялар амортизациядан артық, яғный сап инвестиция жоқары болса, экономика көтерилиў дәўиринде болады, себеби оның ислеп шығарыў қуўатлары өседи. Жалпы инвестиция ҳәм амортизация бир - бирине тең болған жағдайда экономика турғынлық жағдайында болады.

Ислеп шығарыў процессиндеги активлилик пәсейип баратырған экономика ушын жалпы инвестициялардың амортизациядан кем болған жағдайы тән, яғный экономикада жыл даўамында капитал ислеп шығарылғанына қарағанда көбирек тутыныў қылынады. Инвестиция қаржыларының финанс ҳәм реал түрлери бар. Финанслық инвестиция - акция, облигация ҳәм басқа қымбат баҳалы қағазларды сатып алыў жолы менен қаржы сарыплаў. **Реал инвестиция - мәмлекет ишинде ҳәм шет елде ислеп шығарыўды раўажландырыўға қаржы қойыў, ссуда ҳәм субсидиялар бериў формасыда әмелге асырылады.**

Финанслық инвестиция өзгерислери алдынғы ҳәм сонғы қойылған пул ортасындағы муғдарлық парық пенен өлшенеди. Реал инвестицияның нәтийжелилиги болса ерисилген экономикалық өсиў болады. Оның нәтийжелилигин төмендегише анықлаў мүмкин.

$$\textbf{Инвестиция нәтийжелилиги} = \frac{\textbf{ЖМӨ өсими}}{\textbf{Инвестиция өсими}}$$

Капиталды жайластырыў формалары түрлише болғаны ушын, инвестицияларды туўры ҳәм қыя түрлерге ажыратыў мүмкин болады. Туўры инвестиция капиталды жайластырыў формасы болып, инвесторды қымбат баҳалы қағазға яки мүлкке болған ҳуқықынан дәлалат береди. Туўры шет ел инвестициялар, капитал қойыўшы мәмлекет яки оның юридик шахсы тәрепинен өз капиталын капитал қабыл етиўши мәмлекет экономикасына жайластырыўды аңлатады. Инвестициялардан күтилип атырған дәрамат капитал орнына алыў мүмкин болған процент ставкасынан жоқарырақ болыўы керек. Сонда ғана капитал қабыл етиўши мәмлекеттиң туўры шет ел инвестицияларға болған талабы қанаатландырылған болады. Шет ел капиталының миллий экономикаға киритилиўи еки тәреп ушын да пайда келтириўи керек. Болмаса бундай қатнасықлар жолға қойылмаған болар еди, яғный капитал қабыл етип атырған экономика ушын инвестиция дәрамат келтирмегенде ол капиталды жайластырмаған, шет ел инвестор ушын

болса, капиталды пайдаланыўда күтилетуғын дәрамат капитал арқалы алыў мүмкин болған банк процент ставкасынан жоқары болмағанда, ол өз капиталын өзге экономикаға бағдарламаған болар еди. Шет ел инвестицияларын тартыўдан тийкарғы мақсет:

• Контракт қатнасыўшылары патентлер, саўда маркаларына ийе болыўды;

• Басқарыў тәжрийбесин ийелеў;

• Сатыў базарларын үйрениўди;

• Шөлкемлестириўшилик билимлерди ийелеўди ҳәм басқаларды тәмийнлейди. Ең тийкарғысы болса жәҳән базарына өз өнимин алып шығыў ҳәм базар қатнасыўшысы болыўға ерисиў есапланады. Шет ел инвестицияларының Өзбекистанға кирип келиўи, мүлкшиликтиң түрли формаларының қәлиплесиўине жәрдем береди, абройлы тармақлардың қәлиплесиўин тәмийнлейди. Демек, шет ел инвестициялардың ағымы:

• Өзбекистан раўажланыўында кәрханаларды қәлиплестириўге тийкар салады;

• Шет ел кәрханалары ҳәм хожалық жүргизиў субъектлериниң түрли сыңар кәрханалары, ўәкилликлери, хызмет көрсетиў мекемелериниң қәлиплесиўине тийкар жаратады. Шет ел инвестициялардың Өзбекистанға тартылыўы 1991-жылдан басланып, шет ел инвестициялар қатнасыўында кәрханаларды дизимге алыўдан басланады. 1991-жылда 191 қоспа кәрхана дизимге алынған болса, 2004-жыл 1-январына келип 3539 қоспа кәрхана дизимге алынды. Солардан 2209 яки 62,4 проценти шет ел инвестицияларын тартқан ҳалда хызмет көрсетпекте.

Қоспа кәрханалардың тийкарғы бөлеги АҚШ, Уллы Британия, Швейцария, Германия, Қубла Корея, Қытай, Туркия, Россия, Украина, Қазахстан ҳәм басқа мәмлекетлердиң инвестиция қаржылары тийкарында қәлиплескен.

Шет ел инвестициялары менен шөлкемлестирилген қоспа кәрханалар 2002–2003 жыллар ишинде улыўма ислеп шығарылған өнимлер, орынлаған жумыслар, хызметлер көлеми 1049,5 млрд. сумнан 1441,3 млрд. сумға көбейеди. Усы дәўир ишинде санаат ислеп шығарған өнимлер көлеми 871,3 млрд. сумнан 1230,9 млрд. сумға көбейген яки 2002-жылда ислеп шығарылған өнимлер, орынланған ҳәм көрсетилген хызметлер көлеминиң 83,0 проценти санаат ислеп шығарыўға туўры келген болса, бул көрсеткиш 2003-жылда 85,4 процентти қурайды ([15]. 62–бет).

Республикада әмел қылып атырған инвестиция дәстүрлеринде шет ел капиталын енгизиўдиң тийкарғы тараўлары ажыратылған. Оларға:

• заманагөй технология тийкарында халық тутыныў товарларын ислеп шығарыў;

• өнимдар технологияларды қолланған ҳалда аўыл хожалық өнимин қайта ислеп шығарыў;

• шийки зат, ресурсларды қазып шығарыў ҳәм экологиялық жақтан таза усыллар менен оларды қайта ислеп шығарыў;

• ислеп шығарыўшы кәрханаларда әтирап–орталықты қорғаўға қаратылған иләжлар өткизиў;

• әсбап-үскенелер ҳәм радиотехника өнимлерин ислеп шығарыў;

• санаат шығындыларын ҳәм усы тармаққа хызмет етиўши тараў шығындыларын қайта ислеў;

• дәри-дәрман ҳәм заманагөй медициналық техниканы ислеп шығарыў;

• заманагөй хабар ҳәм телекоммуникация системасын шөлкемлестириў ҳәм басқа тараўлар.

Демек, ҳәзирги дәўирде «... **экономикаға шет ел қаржыларын, ең алды менен, туўрыдан – туўры бағдарланған қаржыларды кең тартыў ушын қолай ҳуқықый шәрт-шараятты, кепиллик ҳәм экономикалық факторларды жәнеде кеңейтириў**» айрықша әҳмийетке ийе [11].

Елимизде 2010-жылда 2009-жылға салыстырғанда 13,6 процентке көп, яғный 9 миллиард 700 миллион АҚШ долларына тең муғдардағы инвестициялар өзлестирилди, бул ЖИӨ ниң дерлик 25 прцентин қурайды.

Инвестиция бағдарламасы көлеминде 2010-жылда 200 ден аслам жойбар әмелге асырылды. Соның ишинде, жылына 50 мың автомобиль ислеп шығарыў қуўатына ийе болған «М-300» маркасындағы жеңил автомобиль ислеп шығарыўды өзлестириў 200 мың тонна калий тогинлерин ислеп шығарыў күўатына ийе болған «Дийханабад калий төгинлери заводы қурылысы», «Хонжиза кәнинде полиметалл рудаларды қайта ислеў» сыяқлы улкен жойбарлар, Наўайы кән-металлургия комбинаты, «Наўайыазот» компаниясының бир қатар жаңа объектлерин қурыў ислери ҳәм басқа да жойбарлар жуўмағына жеткергенлигин атап көрсетиў керек.

2010-жылда «Наўайы» Еркин индустириаллық - экономикалық зонасы аймағында шет еллердиң инвесторлары менен ерисилген келисимлер көлеминде 19 инвестициялық жойбарды әмелге асырыўға киристилди. Усы жойбарлар көлеминде дүнья базарында өтимли болған заманагой өним ислеп шығаратуғын 7 кәрхана пайдаланыўға тапсырылды.

Өзбекстан миллий автомагистралы жойбары қурамына киретуғын цемент-бетон қапламалы 222 километрлик автомобиль жолын қурыў ҳәм реконструкциялаў ушын «**Азия раўажланыў банки**» менен 600 миллион доллар муғдарында кредит қаржыларын тартыў ҳаққындағы шәртнамаға қол қойылды. Наўайы қаласындағы аэропорта пайдаланыўға тапсырылған «Наўайы» халықаралық интер-модаль логистика орайының жук терминалы арқалы 50,1 мың тонна ямаса 2009-жылға қарағанда 3 есе көп жүк тасылды.

Ҳаўа транспорты ҳәм темир жол парклерин жаңалаў ислери даўам еттирилмекте. 2010-жылы «Эйрбас индастри» компаниясының 6 дана А-320-200 маркалы самолёты, 8 заманагой электровоз сатып алынды, 1 мың 790 жолаўшы тасыйтуғын ҳәм 38 жолаўшы тасыйтуғын вагонлар қурылды, оңланды ҳәм модернизация етилди.

2010-жылда кәсип - өнер колледжлнои ҳәм академиялық лицейлерди қурыў, реконструкциялаў және үскенелеў, сондай-ақ, мектеплерди материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша бағдарламаларды әмелге асырыў жуўмағына жеткерилди.

Улыўма алғанда, 2005-2010-жыллар даўамында 7 мың 800 ден аслам улыўма билимлендириў мекемеси, дерлик 1 мың 500 кәсип-өнер колледж ҳәм академиялық лицей қурылды ҳәм реконструкцияланды. Тек 2010-жылда мектеплер, кәсип-өнер колледжлери ҳәм академиялық лицейлерде 2 мың 300 ден аслам компьютер техникасы ҳәм мутимедия үскенеси орнатылды. Усы жылы 72 спорт қурылысы, 27 жүзиў бассейин пайдаланыўға тапсырылды, улыўма қуны 3 миллион АҚШ долларына тең болған спорт инвентарьлары ҳәм үскенелери орынларға жеткерип берилди. Егер 2009-жылда 6 музыка ҳәм өнер-көркем мектеби қурылған және реконс-трукцияланған болса, 2010 жылында 46 әне усындай мектеп пайдаланыўға тапсырылды. Олардың қурылысына 51 миллиард сумнан аслам капитал қаржы жумсалды.

2010-жылда денсаўлықты сақлаў саласын реформалаў ҳәм усы системада сапа өзгерислерин әмелге асырыўды тәмийинлеў бойынша ислер даўам еттирилди. Тек 2010-жылдың өзинде 32 атамадағы жаңа дәри-дармақларды ислеп шығарыў өзлестирилди ҳам бул 2009-жылға қарағанда 23 процентке көп.

2010-жылда стационарлық медицина мекемелеринде қосымша түрде 1 мың 630 даўаланыў орынлары пайдаланыўға тапсырылды.

2010-жылы денсаўлықты сақлаў саласын раўажланыў ушын жәми 2 триллион сумнан аслам қаржы қаратылды, буның 1 триллион 700 миллиард сумы бюджет қаржысы есапланады. 2010-жылы елимизлилық районында үлги жойбарлар бойынша таяр етип тапсырыў шәрти менен 6 мың 800 турақ жай қурылды. Бүгинги күнде биз ушын ең әҳмийетли машқалалардан бири болған елимизде мийнетке жарамлы халықты жумыс пенен тәмийинлеў бойынша әмелге асырылған ислеримиз ҳаққында айтсақ 2010-жылда елимизде жәми 950 мыңнан аслам жумыс орны дүзилгенин атап көрсетиўимиз керек. Бул

жаңадан дүзилген улыўма жумыс орынларының 600 мыңнан аслам ямаса 65 проценти киши бизнес саласына тура келеди.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:**

Тәкирар ислеп шығарыў. Әпиўайы тәкирар ислеп шығарыў ҳәм кеңейтирилген тәкирар ислеп шығарыў. Макроэкономика. Микроэкономика. Макроэкономикалық теңсалмақлылық. Жәми талап. Жәми усыныс. Макроэкономикалық көрсетикшлер: ЖМӨ, ЖИӨ, номинал ҳәм реал ЖМӨ. Миллий дәрамат (МД). Миллий дәраматтың натурал формасы. Миллий дәраматтың қун формасы. Миллий дәраматтың тутыныў ҳәм топлаўға бөлиниўи. Пән –техника раўажланыўы. Инвестиция. Сап инвестиция. Инвестиция нәтийжелилиги. Ишки ҳәм шет ел инвестициясы.

## 6 - тема: Базар экономикасының мазмуны ҳәм ўазыйпалары

### 1. Базар экономикасының мазмуни ҳәм оған өтиўдиң зәрүрлиги

Жәмийет өз раўажланыў процессинде бир неше түрли ислеп шығарыў усылларын басып өтеди. Бирақ хеш қайсы бири базар экономикасын шетлеп өте алмайды. Базар ҳәм базар қатнасықлары жәмийетлик ислеп шығарыў раўажланыўын тезлестириў ҳәм оның жәмийетлик-экономикалық нәтийжелилигин асырыўдың әҳмийетли қуралы болып табылады. Базар қатнасықлары қәлиплесиўи узақ даўам ететуғын, тийисли таярлық ҳәм зәрүр шәрт-шараятлардың шөлкемлестирилиўин талап ететуғын процесс.

Базар экономикасының мәниси, оның тәбияты ҳәм ҳәрекет етиў процессиндеги орынлайтуғын ўазыйпалары ҳаққында экономистлер жүдә көп излениўлер алып барып, илимий шығармалар жаратқанлар. Солардан бири, “**Сиясий экономика**” пәниниң “**атасы**” **Адам Смит** өзиниң “**Ҳалықлар байлығының тәбияты ҳәм себеплери ҳаққын-дағы изертлеўлер**” шығармасында базар экономикасының мәниси ҳәм ўазыйпаларын ашып берген.

Базар экономикасының жүзеге келиўиниң объектив ҳәм субъектив себеплерин келтириў арқалы **Адам Смит** оның мәнисин де ашып береди. **Субъектив фактор** - бул адамлардың алмасыўға болған мүтәжлиги болса, **объектив себеп** - ресурслар шекленгенлиги шараятында адамлар мүтәжликлериниң шексиз екенлигинде деп көрсетти. Хақыйқаттан да базар қатнасықларының тийкарын, бизге мәлим, мийнеттиң жәмийетлик бөлистирилиўи ҳәм ҳәр қыйлы ислеп шығарыўшылар өнимлерин алмастырыў зәрүрияты қурайды.

Базар экономикасы - бул еркин товар пул қатнасықларына тийкарланған, монополизмди бийкар етиўши социаллық бағдарланған экономика. Оның мәнисин жақсырақ аңлаў ушын, базар экономикасының өзине тән белгилерин көрип шығыўымыз лазым.

Бизиң пикиримизше, базар экономикасының биринши белгиси бул мүлкшиликтиң көп түрлилиги. Яғный сабық Совет аўқамы шараятында бирден бир улыўма ҳалық мүлки ҳүкимранлық қылса, базар экономикасына тийкарланған системада мүлктиң түрли формалары болыўшы жеке мүлк, жәмәәлер мүлки ҳәм мәмлекет мүлки ҳәмде қоспа мүлк бар болып, ол яки бул мүлк монополиясы болмайды. Бул мүлк ийелери бирдей хуқықларға ийе болып, еркин, шекленбеген ҳалда раўажланады.

Базар экономикасының және бир белгиси бул базар субъектлериниң еркинлиги есапланады, яғный, бул системаның элементлери өз мал-мүлки, өз мийнети жемислери ҳәм дәраматларын еркин басқарыўлары мүмкин.

Базар экономикасы ең кем сарып-қәрежетлер менен жоқары сыпатлы өним ислеп шығарыўды шөлкемлестириў басламасын көрсетиў ушын кең имканиятлар жаратады.

Базар экономикасында ғана бәсеки гүреси әмел қылады, қарыйдар ҳәм ислеп шығарыўшы монополиясы шекленеди.

Базар экономикасында тек ғана бәсеки емес, мәплер муўапықласқан шараятта бирге ислесиў жүз береди. Базар мийнетке ҳақы төлеўди жетилистиреди, яғный жоқары қәнийгели мийнетке жоқары ҳәм төмен ислеп шығарыў қуўатына ийе жумысқа ең кем ҳақы төлениўин талап етеди.

Базар экономикасының өзине сай раўажланыў механизми болып, ол экономикалық қызығыўға, адамларды тоқ ҳәм тыныш жасаўы, абырайға ийе болыўы, өмирде өз орнын табыў киби мәплерди жүзеге шығарыўға тийкарланады. Усы тәреплери менен менен базар экономикасы механизми экономикалық хошаметлеўдиң механизми болып табылады.

Базар экономикасына тән белгилеринен және бири еркин баҳалардың әмел қылыўы, бунда базар субъектлери базардағы талап ҳәм усынысларға қарап, жоқары пайда алыў мақсетинде ҳәрекет етедилер. Жеке мәп туйғысы, оларды кем қәрежет жумсап, сыпатлы өним ислеп шығарыўға ийтермелейди.

Базар экономикасы адамлар алатуғын дәраматларды шеклемейди. Базар жәмийет ағзаларын байытыўға имкан жаратады.

Базар экономикасы шараятында төмендеги нызамлар әмел қылады. Булар:

- ✓ қун нызамы;
- ✓ пул айланысы нызамы;
- ✓ талап ҳәм усыныс нызамы;

Қун нызамы товар ислеп шығарыў шараятында товар ислеп шығарыўшылар ортасындағы байланыслырды, социаллық мәнисин, бөлистириўди хошаметлеўди тәртипке салыўшы объектив экономикалық нызам есапланады. Ол бойынша товар ислеп шығарыў ҳәм алмастырыў олардың қуны тийкарында алып барылады.

Пул айланысы нызамы базар экономикасының объектив нызамы сыпатыда айланыстағы пул муғдарын басқарыўды әмелге асырады. Оған көре айланыс ушын зәрүр пул муғдары анықланып, усы тийкарда пул эмиссияси өткизиледи. Бул болса пулдың теңсалмақлылығын тәмийнлейди.

Талап ҳәм усыныс нызамы болса, жәмийетте ҳалықтың төлеў қәбилетиниң қандай екенлигин анықлаўға ҳәм соған тийкарланып керекли өним ислеп шығарыўды талап етеди.

Жоқарыда келтирип өтилген пикирлерге жуўмақ етип базар экономикасына төмендегише тәрийп бериўимиз мүмкин. **Базар экономикасы - бул еркин бәсеки тийкарында товар ислеп шығарыў, түрли хызметлер көрсетиўди шөлкемлестириў, экономикалық нызамлар тийкарында бөлистириў, алмастырыў ҳәм тутыныўды шөлкемлестиретуғын ҳәм мәмлекет тәрепинен басқарылыўы тәмийнленетуғын демократиялық тийкарда шөлкемлестирилген экономикалық комплекс есапланады.**

Республика экономикасын базар экономикасы тийкарында шөлкемлестириў, ислеп шығарыў субъектлери өз ара жақын экономикалық байланысларда болыўы ҳәм өз ара биргеликте ҳәрекет етиўин тәмийнлейди. Соның ушын мәмлекет экономикасын базар қатнасықлары тийкарында шөлкемлестириў, яғный базар экономикасына өтиў зәрүр. Сабық Аўқамда экономика орайдан турып басқарылған. Бундай шараятта еркин бәсеки, ресурсларды тежеў, өнимди талапқа жуўап беретуғын, сыпатлы ҳәм арзан етип ислеп шығарыў деген нәрсе болмаған. Экономикаға ийесизлерше мүнәсибетте болып, экономикалық ресурслар талан тараж қылынған. Бул жағдай болса адамлар турмыс дәрежесин базар экономикасына тийкарланған мәмлекетлерге салыстырғанда бир қанша арқада қалыўына себеп болған. Демек, базар экономикасына өтиў тарихый зәрүрият себепли өтиўи анық болып қалған. Биз жоқарыда базар экономикасының абзал тәреплерин келтирип өттик. Бирақ, базар экономикасы тәртипсиз, тәбийий ҳәрекетлерден де аўлақ емес. Бул хаққында Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов: «**Базар экономикасына өтиў машқалаларына тик көз бенен, реал қараў керек. Базар экономикасының тек ғана унамлы тәреплерин ғана емес, бәлки оның унамсыз тәреплеринде көре билиўи керек. Базарға, әсиресе оның қәлиплесиў басқышында узақ ҳәм терең экономикалық кризислер, жумыссызлықтың өсиўи, пулдың қәдирсизлениўи, көпғана кәрханалардың сыныўы ҳәм исбилерменлердиң банкрот болыўы, ҳалықтың материаллық тәмийнат жағынан кескин өзгешелениўи, нызамға қайшы ҳәрекетлер ҳәм жынаятлардың өсиўи тән болады. Базардың бул иллетлерин**

**билиў, оларға таяр турыў, оларды сапластырыў бойынша туўры шешимлер таба билиў керек**» ([4]. 38–39 бетлер).

Солай етип, базар экономикасының унамсыз тәреплери де бар болып, базар экономикасы нәтийжесинде халықтың классларға бөлиниўиниң тереңлесиўи, инфляция ҳәм жумыссызлықтың раўажланыўы солар қатарынан есапланады.

## 2. Базардың мәниси ҳәм ўазыйпалары

**Базар – қурамалы ҳәм көп қырлы ҳәдийсе.** Базар қатнасықлары раўажланыў дәрежеси, модификациясының өзине тәнлиги, тарихий, жәмийетлик ҳәм басқа көринислери бойынша түрлише тәрийпленеди.

Дәслеп базарга майдан, усақлап саўда өткизиўши орын сыпатында қаралған. Бирақ экономикалық категория сыпатында заманагөй мәнис кәсип еткен ҳалда оның тәрийпи өзгерип жетилистирилип барған. Ҳәзирги күнде базар төмендегише тәрийпленеди:

**Базар** – товар ислеп шығарыў ҳәм айланыс нызамы тийкарында шөлкемлестирилген алмастырыў болып, ислеп шығарыўшы ҳәм тутыныўшы ортасында товар–пул қатнасықлары тийкарында әмелге асатуғын қурамалы механизм. Базардың материаллық тийкарын орын емес, бәлки товар ҳәм пулдың ҳәрекети қурайды.

Базардың мәниси оның ўазыйпаларында сәўлеленеди. Базардың ўазыйпаларын схематик тәризде төмендегише сәўлелендириў мүмкин:




**Хабар** – бунда базар баҳалар арқалы өзиндеги товар ҳәм хызметлери талап ҳәм усынысларының теңсалмақлылығы ҳаққында мағлыўмат береди.

**Дәлдәлшылық** – ол базар субъектлерин өз искерлиги нәтийжелери менен өз ара алмасыўлары ушын бир–бири менен байланыстырады.

**Баҳа пайда етиўши** – базар қарыйдар төлеўге разы болған товар қунын көрсетеди, Себеби ол тек ғана жәмәә ушын зәрүр қәрежетлерди тән алады.

**Басқарыў** - базар экономикасының бәрше тараўларына ең алды менен ислеп шығарыўға тәсир көрсетип не, қалай ҳәм ким ушын ислеп шығарыў керек деген сораўға жуўап береди.

**Тазалаўшылық** – бунда базар жаўыз, аяўсыз система сыпатыда, бәсеке жәрдеминде ислеп шығарыўды экономикалық жақтан ислеўге жарамсыз ислеп шығарыўшылардан тазалап, жәнеде нәтийжели ислеп шығарыўшыларға жол ашады.

### 3. Базардың түрлери

Базардағы товарлардың ҳәр қыйлылығы оның қурамалы дүзилиске ийе екенлигинен дерек береди. Буннан тысқары, ислеп шығарыўшылар ҳәм тутыныўшылардың көп қырлы қурамалы байланыслардың әмел етиўи де базардың қурамалы механизм екенлигинен дерек береди.

Базардың ишки дүзилиси қурамалы болғанлығы себепли оны түрли критериялар бойынша түрлерге бөлемиз.

**I. Территориялық жайласыўына қарап:**

**1. Жергиликли базар** – қала, аўылдағы базар (Чорсу базары, Алай базары, Ташкент базары ҳәм басқалар).

**2. Миллий яки ишки базар** – бул мәлим бир мәмлекеттиң базары (Өзбекистан базары, Россия базары, Уллы Британия базары, Қытай базары ҳәм т.б.лар).

**3. Региональлық базар** – бир территория яки бир неше мәмлекетлердиң бирлескен базары (Европа экономикалық аўқамы, Орайлық Азия яки Азия базары, Батыс Европа базары ҳәм т.б.лар)

**4. Жәҳән базары** – раўажланған мәмлекетлер экономикасын қамрап алады.

**II. Жетиклилик дәрежесине қарап:**

**1. Раўажланбаған базар** – қәлиплесип атырған базар болып, тосынанлы қәсийетке ийе. Бунда алмастырыў көбинесе бартер усылында алып барылады, себеби ол пул еле айланысқа шықпаған яки пул кризиске ушыраған шараятта әмел қылады.

**2. Классикалық яки еркин базар** – бунда базарда көп санлы ислеп шығарыўшылар ҳәм тутыныўшылар қатнасады ҳәм олар ортасындағы мүнәсибет еркин бәсекеге тийкарланған, баҳалар болса талап ҳәм усыныс ортасындағы қатнас арқалы қәлиплеседи.

**3. Ҳәзирги заман раўажланған базары** – бунда мәмлекет де базар қатнасыўшысы болып, базар тәртиплескен болады, мәмлекет тәрепинен басқарылады.

**III. Әмел қылыў характерине қарап:**

1. Нызамлы базар;
2. Тәртипсиз базар;

**IV. Бәсеки гүресине қарап:**

1. Еркин бәсеки базарында ислеп шығарыўшылар, тутыныўшылар еркин экономикалық ҳәрекетте болады;
2. Монополистик базарда көп майда фирмалар ҳәр қыйлы товарларды ислеп шығарыўда еркин ҳәрекетте болады;
3. Олигополия базарында ири фирмалар бир түрдеги яки ҳәр қыйлы түрдеги товарларды ислеп шығарыўда ҳүкимранлық қылады;
4. Сап монополия базарында ири бир фирма өнимлерди ислеп шығарыўда жеке өзи ҳүкимранлық етеди, дерлик бәсеке болмайды.

**В. Мазмуны ҳәм ислетилиўине қарап, яғный базар объектиниң түрлерине қарап:**

**1.Тутыныў товарлары базары** – бунда ислеп шығарыў ҳәм тутыныў ушын зәрүр болған санаат ҳәм азық –аўқат өнимлери сатылады;

**2. Хызмет көрсетиў базары** – бунда халық, кәрханалар ҳәм мәмлекетке ҳәр қыйлы хызметлер усыныс етиледи. **Мәселен,** коммунал – турмыслық хызмет; туризм, транспорт, медициналық, репетиторлик хызметлери, хабар қураллары менен тәмийнлеў хызмети ҳәм т.б.лар;

**3. Үй–жай базары** – бунда көшпес мүлк пенен саўда–сатық қылынады;

**4. Мийнет күши яки мийнет базары** – бунда базар экономикасының тәбиятынан келип шыққан халда, мийнет күши де товар сыпатыда сатылады. Бул ис пенен тийкарынан мийнет биржалары шуғылланады;

**5. Инвестиция базары** – финанс базарының өзине тән көриниси болып, оны еки буўынға ажыратыў мүмкин: 1 - ссуда капиталы базары ҳәм 2 – қымбат баҳалы қағазлар базары.

Биринши базарда, тийкарынан, ҳәр қыйлы кредитлер бериледи.

Екинши базарда болса акция, облигация, вексел, чек, депозит кибилер сатылады.

**6. Инновация базары яки интеллектуал базар** - онда ақылый мийнет жемиси есапланатуғын техникалық жаңалықлар, ойлап табыўшылық ҳәм рационализаторлық усыныслары, илмий идеялар, исскуство ҳәм әдебият шығармалары, ҳәр қыйлы мағлыўматлар алды – сатты қылынады ҳәм т.б.

**VI. Айланысқа шығарылатуғын өнимлердиң түрлерине қарап:**

**1. Көтере сатыў базарда** тийкарынан көп муғдардағы товарлардың алды-саттысы әмелге асырылады;

**2. Усақлап сатыў базары** көтере сатыў базардан парық қылған ҳалда товарларды, тийкарынан кем муғдарда сатыў әмелге асырылады ҳәм т.б.

Жоқарыда келтирип өтилген ҳәр қыйлы түрдеги базарлар бир–бири менен өз ара байланыслы ҳәм бир–бирин толықтырған ҳалда раўажланады. Олар ортасындағы теңсалмақлылық нәтийжесинде экономикалық теңсалмақлылық жүзеге келеди.

## 4. Базар инфраструктурасы ҳәм оның элементлери

Базар шараятында қарыйдардың ҳүкими әҳмийетли есапланады. **Яғный қарыйдар өзине не керек екенлигин өзи белгилейди, товар оны қанаатландырадыма яки қанаатландырмайдыма?** Бирақ соның менен бирге қарыйдар базардың узақ яки жақынлығын, оған жетип барыўы ушын транспорт қуралларының қолайлығы, базардағы өнимлердиң сыпаты ҳәм баҳасының қанаатландырарлы болыўы менен қызығады. Бул мәселениң бир тәрепи. Мәселениң екинши тәрепинде болса, өним ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиўши тараўлардың өзине тән талап ҳәм қәсийетлери жатады. Бул жағдай тәбийий есапланып, тутыныўшылар менен ислеп шығарыўшы ҳәм хызмет көрсетиўшилер ортасында кескин қарама - қарсылықларды келтирип шығарады. Усындай шараятта базар инфрадүзилмеси жүзеге келетуғын бәрше қарама - қарсылықларды шешиў, яғный ҳәм тутыныўшылардың талапларын қанаатландырыў, ҳәм ислеп шығарыў ҳәм саўда ушын қолай шараят жаратып бериўден ибарат болады.

**Хош, солай екен, базар инфраструктурасы не?**

«**Базар қатнасықларын қәлиплестириў тийисли орталықсыз – товар, пул базарларында ҳәм мийнет ресурслары базарында хожалық жүргизиўши субъектлер ортасында өз ара байланыстың тәмийнлениўи керек болған базар инфраструктурасыз көз алдымызға келтирип болмайды… Базарға өтиўден алдын базар инфраструктурасын жаратыў зәрүр. Финанс, банк–кредит системалары менен байланыслы мәселелерди шешиў, қамсызландырыў, аудиторлық, юридикалық ҳәм консалтинг фирмалары ҳәмде шөлкемлерин, биржа системасын жаратыў зәрүр**» ([4]. 260–261 бетлер).

Базар инфрадүзилмесиниң бул бәрше элементлери ислеп шығарыўшылардың саўда – сатық, финанс – кредит жумысларына, шерик табыўына, мийнет күшин жаллаўға көмеклеседи, мәмлекеттиң экономиканы тәртипке салыўшы иләжларын әмелге асырады, ислеп шығарыўшылар менен тутыныўшылар ортасында байланыслар орнатыўға жәрдем береди. Олардың айырымлары мәмлекет системасындағы кәрхана ҳәм шөлкемлер болса, қалғанлары ғәрезсиз шөлкемлерден ибарат болып, көрсетилген хызмети ушын хақы алады.

Базар инфраструктурасының тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат:

**1. Санаат өнимлери бойынша:** қабыл етиў, орнатыў, жайластырыў, сақлаў, талапқа муўапық тутыныў ушын жеткизип бериў;

**2. Аўыл хожалық өнимлери бойынша:** қабыл етиў, жуўыў, қурытыў, сортларға ажыратыў, жайластырыў, орнатыў, контейнерлерге салыў, сақлаў, керек болғанда суўытыў ҳәм тутыныў ушын бир темпте жеткизип бериў;

**3. Барлық түрдеги өним ушын:** ири тутыныўшыларға жеткизип бериў ушын товарларды топлаў яки керисинше, майда тутыныўшыларға талапқа муўапық жеткизип бериў ушын ири партиядағы товарлардың комплектин майдаластырыў;

**4. Исбилерменлик ҳәрекетин кредитлестириў**;

**5. Исбилерменлик тәўекелшилигин қамсызландырыў**;

**6.Товар табыўды тәмийнлеў**;

**7. Исбилерменлерди дизимнен өткизиў**;

**8. Базар қатнасыўшыларының мәплерин хуқықый қорғаў**;

**9. Базар қатнасыўшыларына консалтинг, инжиниринг, аудитор, проект–смета хызметин көрсетиў**.

Солай етип, базар инфраструктурасы ҳәм оның элементлери барлық базар түрлериниң әмел қылыўы ҳәмде мәмлекетлар ара экономикалық қатнасықларды тәртипке салыўды тәмийнлейди.

### Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:

Базар экономикасы. Базар экономикасының тийкарғы белгилери. Базар экономикасында әмел қылыўшы тийкарғы нызамлар, базар механизми, базар структурасы, базар объекти, базар субъекти. Базардың ўазыйпалары: хабар, дәлдәлшылық, баҳаларды қәлиплестириў, басқарыў, базар қатнасықлары, базардың түрлери. Базар инфрадүзилмеси; базар инфрадүзилмесиниң ўазыйпалары: аудит; консалтинг; инвестиция; инновация.

## 6.1– тема: Өзбекистан Республикасында базар экономикасының қәлиплесиўи

### 1. Өзбекистанда экономикалық реформалардың зәрүрлиги ҳәм олардың тийкарғы шәртлери

Бизге мәлим, ХХ әсирдиң ақырында дүньяның раўажланыўында әҳмийетли өзгерислер жүз берди. Яғный сабық социалистлик аўқамлас республикалар ғәрезсиз болды. Бул жағдай ғәрезсиз мәмлекетлер ортасында жәмийетлик - экономикалық байланысларды орнатыўда ҳәм улыўма олардың раўажланыўында бир қанша машқалаларды жүзеге келтирди. Бул машқалалардың көплерин жәҳән көлеминде ғана шешиў мүмкин болып қалды. Бул болса өз нәўбетинде дүнья танымайтуғын, жаңадан қәлиплестирилген ғәрезсиз мәмлекетлердиң жәҳән хожалығына кирип барыўы, солай екен, бул мәмлекет экономикасын жәҳән талапларына жуўап беретуғын тәризде қәлиплестирип, раўажландырыўды зәрүр етип қояды. Бул әлбетте жүдә қурамалы процесс. Себеби Сабық Аўқам қурамында болған бәрше республикалар экономикасы төмен жағдайда еди. Өзбекистанға да басқа ғәрезсиз мәмлекетлердей төмен экономика мийрас болып қалды. Оның турмысқа жарамлы емеслиги, экономикалық система мәмлекет мүлкшилигине тийкарланғанлығы, кәрханалардың орайға қарамлылығы ҳәм экономикалық хуқықларға ийе емеслиги, халық хожалығы ҳәдден тысқары монополияластырылғанлығы мәмлекет ҳалқының турмыс дәрежесин жүдә пәсейтирип жиберген еди. Қысқасы, буйрықпазлыққа тийкарланған экономика ислеп шығарыў пәтлериниң пәсийип кетиўине, барған сайын күшейип баратыған экономикалық кризис, гиперинфляция киби көпғана жәмийетке зыян келтириўши ҳәдийселер менен сәўлеленеди. Улыўма алғанда Өзбекистан Сабық Аўқам дәўиринде шийки зат жеткизип бериўши базаға айланып қалған еди.

Республика территориясындағы кәрханалардың көпшилиги өнимди ишки базар ушын емес, бәлки басқа аўқамлас республикалар ушын ислеп шығаратуғын еди. Тармақларда жуўмақланбаған технология процессине ийе ислеп шығарыў шөлкемлестирилген еди. Олар шийки затты дәслепки қайта ислеў ҳәм ярым таяр өнимлерди шығаратуғын еди. Бул өнимлерди арзанға сатып, басқа республикаларда оларды таяр өним ҳалына келтирилгеннен кейин, оны қымбат баҳада Республика ушын сатып алынар еди. Соның нәтийжесинде 1990-жылда Өзбекистанның республикалар ара саўда

айналысында кери саўда 3,7 миллиард рублди яки миллий өнимниң 11 процентин қурады. Буннан тысқары, республикамыз нефть ҳәм басқа энергетика дереклери менен өзин - өзи тәмийнлеў имканиятына ийе болсада, шеттен 10 миллион тоннадан артық нефть сатып алатуғын еди. Соның менен бирге ҳалық ушын зәрүр болған өнимлер ғәлле, қант, гөш, сүт өнимлери, картошка кибилерди де тийкарынан шеттен сатып алынатуғын еди.

Республиканың 2003-жылға келип сыртқы саўда обороты 6689,2 млн. АҚШ долларын қурады. Бул көрсеткиш 2002-жылға салыстырғанда 2003- жылда 17,3 процентке көбейген. Улыўма сыртқы саўда оборотының 31,4 проценти яки 2105,4 млн АҚШ долларында ҒМА мәмлекетлери үлесине туўры келген. Бул көрсеткиш 2002–2003 жыллар ишинде 15,4 процентке, узақдағы шет ел мәмлекетлери менен болса, 18,2 процентке ([16]. 14–бет) көбейген.

Ислеп шығарыў факторларынан нәтийжели пайдаланбаслық нәтийжесинде мәмлекет миллий дәраматы өсиўи жүдә төмен еди. Буннан тысқары, көбирек өним ислеп шығарыў мақсетинде тәбийий ресурслардан пайдаланыў, республика табийий ресурслары ҳәм экологиялық орталыққа да жүдә үлкен муғдарда, қайтарып болмайтуғын дәрежеде зыян жеткизилди. Буған Арал апатшылығын мысал етип алыўымыз мүмкин.

Жоқарыда келтирилген унамсыз ақыбетлер нәтийжесинде республикамызға ғәрезсизликке ийе болған ўақытта төмен раўажланған экономика Сабық Аўқамнан мийрас болып қалған еди.

Бул киби жағдай тек ғана бизде емес, басқа республикаларда да гүзетилди. Соның ушын, Аўқам тарқалып кеткеннен кейин, аўқамдағы республикалар басшылары ҳәр бир республика ушын базар экономикасына өтиўдиң айырықша проектлерин ислеп шығыўды усыныс қылғанлар. Өзбекистанда да базар қатнасықларынан кең пайдаланыў жолы менен экономиканы турақластрыў республика дәстүри ислеп шығылды.

Бул дәстур базар экономикасына өтиў бул жәмийетлик ислеп шығарыў, республика халық хожалығының нәтийжелилигин асырыўдың әхмийетли қуралы болып, ҳалықтың турмыс дәрежесин көтериў, олардың социаллық жәрдемге мүтәж қатламларын мәмлекетлик қорғаўын тәмийнлеў, республика сиясий ҳәм экономикалық ғәрезсизлигине ерисиўге тийкар жарататуғын бирден-бир жол еди.

## 2. Республикада базар реформаларын әмелге асырыў ҳәм оның тийкарғы бағдарлары

Жоқарыда айтып өткенимиздей, Сабық Аўқам тарқалғаннан кейин, ғәрезсизликке ерискен республикалар базар экономикасына өтиў жолын таңлады. Бирақ бул ўазыйпаны бәрше бирдей, яғный бир жойбар тийкарында алып бара алмас еди. Себеби бәрше республикалар экономикасының раўажланыў дәрежеси ҳәм қурамы ҳәр қыйлы еди.

Соның ушын Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов: «**Социаллық бағдарланған базар экономикасын қурыўда республиканың өзине тән қәсийетлерин есапқа алатуғын, Өзбекистанның кешеги, ҳәзирги күни ҳәм келеси раўажланыўына толық мас келетуғын абсолют жаңа стандартлары, өзине тән жол зәрүр**» деген ([4]. 72 бет) еди.

Усыған тийкар режели – орайласқан экономикадан базар системасы, яғный улыўма жаңа шараятларда ислеп шығарыўды шөлкемлестириў формалары тәрепине республикамыз өз шәрт - шараятларын есапқа алған ҳалда дәслепки қәдемлерди қойды. Бул қәдемлер «**секириў**» яки «**шок усылы**» жолы менен емес, бәлки тыныш, мақсетке бағдарланған ҳәрекетлер менен адымлады. Бугин Өзбекистанның тарихый, миллий ҳәм мәдений қәсийетлери есапқа алынды. Себеби, мәнисине көре «**шок усылы**» менен даўалаў экономикалық революцияның формасы есапланады. Бизде болса, бизиң экономикалық раўажланыў дәрежемизди, ҳалықтың қурамы ҳәм турмыс дәрежесин есапқа алған ҳалда бул жолды қоллап болмас еди. Усыған тийкарланып Президентимиз бир қанша мәмлекетлерге барып, олардың тәжрийбелерин үйренип, базар қатнасықларына өтиўдиң өзине тән жолын ислеп шықты. Бул ҳаққында И.А.Каримов төмендегилерди айтып өтеди:

«**Биз басқа мәмлекетлердиң раўажланыў процессинде топлаған ҳәм республика шараятында енгизиўге болатуғын бәрше унамлы тәжрийбелерден пайдаланыў имканиятын бийкарламаймыз. Ҳәзирги ўақытта бирер бир стандарттан, ҳәттеки ол белгили бир мәмлекетте унамлы нәтийжелерге алып келген болса да, олардан нусқа көшириў улыўма жарамайды. Сонысы анық рәўшан, белгили қурал ҳәм усыллар қайсы мәмлекет ушын бағдарланған болса, олар усы мәмлекетке тән болған белгили шараятларда ғана унамлы нәтийже бериўи мүмкин**» ([4].87-88 бетлер).

Республикада экономикалық реформаларды әмелге асырыўдың тийкарғы бағдарлары төмендегилерден ибарат:

1. Мүлкий қатнасықларды реформалаў;
2. Аграр реформалар;
3. Финанс-кредит ҳәм баҳа сиясаты;
4. Басқарыў системасын реформалаў ҳәм базар инфраструктурасын жаратыў;
5. Сыртқы экономикалық байланыслар реформасы;
6. Жәмийетлик реформалар.

Экономикалық реформалардың бул тийкарғы бағдарлары И.А.Каримовтың «**Өзбекистан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында**» китабында баян етилди.

Өзбекистанның базар қатнасықларына өтиўиниң өзине тәнлиги ҳәм жаңа тәбияты, оның финанслық қәсийетлеринде, логикалық өз ара байланысқан мәмлекеттиң базар қатнасықларына өтиўи Президент И.А.Каримов тәрепинен ислеп шығылған бес принципте өз сәўлелениўин тапқан.

Бул принциплер төмендегилер:

**Бириншиден, экономиканы идеологиядан азат етиў.** Экономиканың үстин турыўы, оның ишки мазмунын қураўы лазым.

**Екиншиден, қурамалы өтиў дәўиринде мәмлекеттиң өзи бас реформатор болыўы зәрур.** Мәмлекет пүткил халықтың мәплерин гөзлеп, реформалар процессиниң баслаўшысы болыўы, экономикалық раўажланыўдың жетекши бағдарларын белгилеў, экономикада, жәмийетлик тараўда ҳәм суверен мәмлекетимиздиң жәмийетлик – сиясий өмиринде түп өзгерислерди әмелге асырыў сиясатын ислеп шығыўы ҳәм изшил әмелге асырыўы керек.

**Үшиншиден, пүткил жаңаланыў ҳәм раўажланыў процесси нызамларға тийкарланыўы керек.** Экономикалық өзгерислер сыналған әмелий күшке ийе болған нызамларға таянғанда ғана бул өзгерислер сезилерли нәтийжелер бериўи мүмкин.

**Төртиншиден, демография тараўындағы реал жағдайды, халықтың реал турмыс дәрежесин есапқа алған ҳалда базар қатнасықларына өтиў менен бир қатарда адамларды социаллық қорғаў тараўында күшли иләжларды алдыннан әмелге асырыў керек.** Социаллық қорғаў ҳәм кепилликлердиң кушли, тәсиршең механизми әмел қылғанда ғана жәмийетлик–сиясий турақлылықты сақлаған ҳалда базар экономикасына қарай тынымсыз раўажланып барыўды тәмийнлеў мүмкин.

**Бесиншиден, жаңа экономикалық, базар қатнасықларын пухта ойлап, басқышпа - басқыш қарар таптырыў лазым….** Соның менен бирге базарға басқышпа–басқыш өтиў принципи айырықша итибарға ылайық. Бул жетекши принциплерден бири. Ол экономикалық реформалардың пүткил ишки логокасын, раўажланып барыўы ҳәм характерин белгилеп береди ([6]. 10–11 бетлер), деген.

Солай етип, реформалардың бәрше бағдарлары ҳәм базар қатнасықларына өтиў принциплери бар экономикалық системаның изшиллик пенен базар экономикасына өтиўге қаратылғанлығы менен сәўлеленеди.

## 3. Базар қатнасықларына өтиў процессинде макроэкономикалық турақлылыққа ерисиў ўазыйпалары

Республикада базар қатнасықларына өтиў дәўиринде экономика алдында бир қанша ўазыйпалар турады. Булар:

- меншиклестириў ҳәм бәсеки орталығын жаратыў процесслерин тереңлестириў;
- макроэкономикалық турақлылыққа ерисиў;
- миллий валютаны беккемлеў;
- экономика стуктуралық дүзилисин түптен өзгертиў;
- социаллық кепилликлерди жаратыў, яғный кушли жәмийетлик сиясат жүргизиў нәтийжесинде кушли демократиялық мәмлекетти қәлиплестириў.

Бул ўазыйпаларды орынлаўдың теориялық ҳәм әмелий тийкарларын Президентимиз И.Каримовтың «**Өзбекистан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында**» китабында сәўлелендирип берилген.

Базар қатнасықларына өтиў дәўиринде мәмлекет мүлкин меншиклестириў нәтийжесинде еки тийкарғы ўазыйпа шешиледи. **Бириншиден**, мәмлекет ықтыярындағы мүлк өзиниң хақықый ийелериниң қолына тапсырылады. **Екиншиден,** көп укладлы экономика ҳәм бәсеки орталығын жүзеге келтириледи.

Экономиканы турақластырыў базар қатнасықларын қәлиплестириў жолындағы қурамалы процесс. Ол ең алды менен қытшылық жағдайын сапластырыўға қаратылады. Қытшылық жағдайы кризиске ушыраўдың алдын алыў ушын ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыў, өним ҳәм хызметлердиң сыпатын жақсылаў, олардың түрлерин жетилистириў, ҳәмде бәсекиге шыдамлы болыўыға алып келеди. Бул жағдай базарда талап ҳәм усыныстың теңсалмақлылықта болыўын тәмийнлейди. Турақлылық болса кең мәнисте муўапықластырыў дегенди аңлатады, яғный макроэкономикалық теңсалмақлылықты орнатыў дегенди аңлатады. Бул болса өз нәўбетинде ислеп шығарыўдың бирден пәсейиўин, массалық жумыссызлықты, инфляцияның алдын алыўға имкан береди.

Турақлылыққа төмендеги жоллар менен жантасыў мүмкин:

**Бириншиден,** монетар жантасыў: ол пулдың қәдирсизлениў дәрежесин пәсейтирип турады ҳәм пул айланысын турақластырады.

**Екиншиден,** ислеп шығарыў ҳәм исбилерменлик хызметин хошаметлеп, экономикалық турақсызлылықты сапластырыўға ҳәрекет қылады.

Бул жантасыўлар негизинде экономикалық турақлылыққа ерисиўдиң тийкарғы мийзанлары төмендегилер:

1. Ислеп шығарыў колеминиң қысқарыўына жол қоймаў;
2. Әҳмийетли тармақларда ислеп шығарыўды жетилистириў ушын қолай шараятларды жаратыў;
3. Мәмлекет бюджети ҳәм кәрханалардың финанслық жағдайын жақсылаў;
4. Пулдың қәдирсизлениўин тоқтатыў;
5. Төлеў балансы ҳәм мәмлекет валюта резервлериниң жағдайын жақсылаў;
6. Муўапықластырылған жәмийетлик сиясат тийкарында ҳалықтың турмыс дәрежесин жақсылаў.

Солай етип, Республикада экономикалық реформаларды әмелге асырыў экономикада жаңа базар қатнасықларына тийкар салады, экономикалық искерлик еркинлиги ҳәм исбилерменликти көрсетиў ушын шараят жаратып береди ҳәм жәмийетлик - руўхый тараўдағы жәмийетлик кепилликлерди беккемлейди.

### Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:

Өтиў дәўири; базар реформалары; экономикалық реформалар; экономикалық уклад; экономиканы еркинлестириў; реформалар концепциясы; экономиканы турақластырыў

## II – Бөлим. Микроэкономика

## 7– тема: Талап ҳәм усыныс нызамы

### 1. Талап түсиниги ҳәм талап нызамы

Бизге белгили, адамлар өмири даўамында ҳәр дайым бир нәрсеге ийе болыўды қәлейди. Адамлардың жасаўы ҳәм камал табыўы ушын керек болатуғын турмыслық қуралларға болған зәрүрияты мүтәжлик есапланады. Инсан ҳәр дайым өзине зәрүр болған нәрселерди сатып алып, мүтәжликлерин қанаатландырыўға ҳәрекет қылады. Бирақ мүтәжликти қай дәрежеде қанаатландырылыўы оның белгили товарға болған талабы менен белгиленеди. Бирақ ол адамның дәраматына, оның сатып алыў қәбилетине байланыслы. Демек **талап - бул пул менен тәмийнленген мүтәжлик, мүтәжликтиң тек ғана пул менен тәмийнлеген бөлеги талап болады, қалғаны болса «қәлеў» болып қала береди. Соннан келип шығып талапқа төмендегише тәрийп беремиз.**

**Талап** - бул тутыныўшының белгили жерде ҳәм белгили ўақытта товар яки хызмет сатып алыў имканияты.

Басқаша қылып айтсақ, талап қарыйдар қалтасындағы пулына байланыслы болады.

Талаплар хәр қыйлы болып, бирдей товар яки хызметлерге болған талаптың еки түри бар:

а) **жеке талап** - бул айырықша алынған шахс, шаңарақ, кәрхана яки фирманың товардың усы түрине болған талабы;

б) **базар талабы** - бул бир қанша, яғный көпшилик тутыныўшылардың усы түрдеги товар яки хызметке болған талаплар жыйындысы. Талап муғдары ҳәр дайым бирдей болмайды, ол бир қанша факторлар тәсири астында өзгерип турады. Талапқа тәсир етиўши факторлардың ең тәсиршеңи бул баҳа. Баҳа ҳәм сатып алынатуғын товарлар муғдары ортасындағы болатуғын байланыслылықты төмендеги таблица мағлыўматлары тийкарында көрип шығамыз:

1-таблица

| Товар бирлигиниң баҳасы (сўм) | Талап муғдары (дана) |
|---|---|
| 5000 | 10000 |
| 4000 | 20000 |
| 3000 | 30000 |
| 2000 | 40000 |
| 1000 | 50000 |

Таблицадан көринип турыпты, товар бирлигиниң баҳасы қаншелли төмен болса, тутыныўшылардың сатып алыў қуўаты, яғный сатып алыўы мүмкин болған товар муғдары соншелли көп болады ҳәм керисинше.

Талап нызамының өзине тән қәсийети соннан ибарат, товар баҳасы менен сатып алынып атырған товар муғдары ортасында кери байланыс бар.




1 - суўрет. Талап қыя сызығы

бул жерде: **ОП** - товарлар баҳасы. **ОҚ** - товарлар муғдары. **Д** - товар талабы.

Товар баҳасы менен товар муғдары ортасындағы байланыс товар қыя сызығы дейиледи ҳәм ол талап нызамын сәўлелендиреди.

Талап муғдарына жоқарыда айтып өтилгениндей, баҳадан тысқары басқа бир неше фактор тәсир етеди. Булар:

**1. Тутыныўшылардың дийди ҳәм әдетлериниң өзгериўи.** Ол тийкарынан рекламаның яки моданың өзгериўи нәтийжесинде жүз береди.

**2. Бир-бириниң орнын басыўшы товарлар. Мәселен:** еки қыйлы бир түрдеги товар бир қыйлы талапты қанаатландырыўы мүмкин. Бул товарлардың бириниң баҳасының өзгериўи, екиншисине болған талапты өзгертеди.

**3. Толықтырыўшы товарлар баҳаларының өзгериўи. Мәселен:** көп түрдеги товарлар биргеликте сатып алынады. Аяқ кийим баҳасының өсиўи оған болған талапты төменлетеди, сонын менен аяқ кийим майына болған талап та пәсейеди.

**4. Товар пайдалылығының өзгериўи. Мәселен:** палыз мийўелердиң мәўсимге қарап, ден саўлық ушын пайда екенлиги ҳаққындағы мағлыўмат оған болған талапты асырады.

**5. Әтирап–орталықтағы өзгерислер. Мәселен:** егер ҳаўа ысып кетсе, салқын ишимликлер ҳәм музқаймаққа болған талап асады ҳәм керисинше.

**6. Ҳалық дәраматларының өзгериўи,** яғный ҳалық дәраматларының асыўы, олардың сатып алыў қуўатын асырады, бул болса товарларға болған талапты асырады.

**7. Ҳалық санының өсиўи. Мәселен:** ҳалықтың туўылыў дәрежесиниң өсиўи нәтийжесинде акушерлик хызмети, мектепке шекемги тәрбия, мектеп тәрбиясы киби хызметлерге, балалар ушын керекли өнимлерге талап асады.

Баҳадан тысқары талапқа тәсир етиўши факторлардың бәршеси талапты оң яки шеп тәрепке жылысыўына алып келеди, яғный баҳа өзгериўи талап муғдарын өзгертирсе, сызылмада бул өзгерис талап қыя сызығы бойлап гүзетиледи, бунда ҳәр бир баҳаға тән рәўиште өним муғдары да өзгереди.

Сызылмада бул төмендегише сәўлеленеди:




2 - суўрет. Талап қыя сызығының баҳадан тысқары факторлар тәсиринде өзгериўи.

Талаптың **$Д_1$** яки **$Д_2$** тәрепине өзгериўи жоқарыда келтирилген, яғный баҳаға байланыслы болмаған факторлар нәнтийжеси.

Талап **Д** сызығы бойынша өзриўине талап муғдарының өзгириўин ҳәм соның менен бирге талап нызамын сәўлелендиреди. Талаптың **Д** сызығы бойынша өзгериўи талап эластиклиги дейиледи.

## 2. Усыныс түсиниги ҳәм усыныс нызамы

Базардағы товарлардың баҳасы тек ғана талапқа байланыслы болмай, бәлки базардағы өнимлер муғдарына да туўрадан туўры байланыслы. Яғный базарға усынылып атырылған өнимлер муғдары қанша көп болса, олардың баҳасы сонша томен болады ҳәм керисинше.

Базарға сатыў мақсетинде келтирилген яки келтирилиўи анық болған товарлар муғдарына усыныс дейиледи. Өним баҳасының өзгериўи менен базарға усыныс қылынып атырған товарлар муғдары да өзгереди.

Усыныстың баҳаға қарата өзгерип турыўын төмендеги таблицада көриў мүмкин.

2 – таблица

| Товар бирлигиниң баҳасы (сўм) | Талап муғдары (дана) |
|---|---|
| 5000 | 50000 |
| 4000 | 40000 |
| 3000 | 30000 |
| 2000 | 20000 |
| 1000 | 10000 |

Таблицада көринип турғанындай, өнимге қойылған баҳа қаншелли жоқары болса, базарға келтирилип атырған өнимлер муғдары соншелли көп болады. Бул - өнимниң баҳасы менен оның муғдары ортасында туўры байланыс барлығынан дәлалат береди. Бул байланысты график көринисинде сәўлелендиремиз:




3 - суўрет. Усыныс қыя сызығы.

Бул жерде: **ОП** - товарлар баҳасы. **ОҚ** - товарлар муғдары. **С** - базардағы усыныс.

Графикдаги **С** сызығы усыныс қыя сызығы дейиледи ҳәм усыныс нызамын сәўлелендиреди. Сызылмада көрсетилегниндей, усыныс көлеминиң өзгериўи товар баҳасына туўры байланыслы. С қыя сызығы бойынша усыныс көлеминиң баҳаға қарата өзгериўи усыныс эластиклиги дейиледи. Усыныс та талапқа уқсап тек ғана баҳаға байланыслы емес. Усыныстың өзгериўине бахадан тысқары және көпғана факторлар тәсир қылады, олар төмендегилер:

**1. Ресурслар баҳасының өзгериўи.** Бизге мәлим өнимниң баҳасы туўрыдан туўры ресурслардың баҳасына байланыслы. Ресурслар баҳасы асса, өним баҳасы да асады. Нәтийжеде усыныс қылынып атырған өним көлеми кемейеди ҳәм керисинше ислеп шығарыў қарежетлериниң кемейиўи ислеп шығарыў көлемин асырады ҳәм соның менен бирге, өним усынысы да асады.

**2. Технологияның өзгериўи.** Жаңа технологияның енгизилиўи ресурслардан нәтийжели пайдаланыў ҳәм соның менен бирге көбирек өним ислеп шығарыўға алып келеди. Демек, усыныс көбейеди.

**3. Салық ҳәм дотация муғдары.** Олардың асыўы яки кемейиўи усыныстың өзгериўине алып келеди.

**4. Орынбасар товарлар баҳасының өзгериўи. Мәселен**: «**Кока-кола**» яки «**Фанта**»ның баҳасының асыўы басқа усыған уқсас ишимликлер усынысын көбейтиреди ҳәм керисинше.

**5. Баҳа өзгериўиниң күтилиўи. Мәселен:** келешекте бирар бир өним баҳасы өзгериўиниң кутилиўи оның усынысын да өзгертиреди.

**6. Сатыўшылар саны өзгерсе** ҳәм т.б.

Жоқарыда санап өтилген факторлар усыныс көлемин емес, бәлки усыныстың өзгериўин сәўлелендиреди. Сызылмада буны төмендегише сәўлелендириўимиз мүмкин:

Усыныстың **$C_1$** яки **$C_2$** тәрепине өзгериўи баҳаға байланыслы болмаған факторлар нәтийжеси. Баҳаға қарата усыныс тек ғана **С** сызығы бойынша гүзетиледи ҳәм бунда жоқарыда айтып өткенимиздей усыныс көлеми өзгереди.




4 - суўрет. Усыныс қыя сызығының баҳадан тысқары факторлар тәсиринде өзгериўи.

### 3. Базардағы тенсалмақлы баҳа.

Талап ҳәм усыныс қыя сызығы бизге түрли баҳаларда қарыйдарлар қанша товар сатып алыўын, сатыўшы болса қанша товарды базарға келтире алыўы ҳаққында мағлыўмат береди. Базар механизмине болса турақлылық тән. Соның ушын талап ҳәм усыныс бир–бирине мас, яғный муўапық болыўы керек. Себеби турақсызлық жағдайлары тек ғана базардың искерлигине ғана емес, бәлки пүткил экономика раўажына кери тәсир өткизеди. **Мәселен,** товардың усынысы оған болған қарыйдар талабынан асты деп параз қылайық. **Бириншиден** бундай қатнас товар молшылығы нәтийжесинде оған болған талап кемейеди яки товарлар усынысы кемейсе баҳалардың бийтәртип өсиўине, товар сыпатының пәсейиўине, қандырылмаған талап ҳәм пул қытшылығына алып келиўи мүмкин.

**Екинши тәрептен** талап усыныстан асып кетиўи мүмкин. Бунда товар қытшылығы жүзеге келеди. Адамлар қолында ислетилмеген пуллар муғдары көбейип кетади. Бул болса өз нәўбетинде инфляцияны келтирип шығарады.

Демек, экономикада жүз болатуғын бундай кери жағдайлардың алдын алыў ушын талап муғдары менен усыныс муғдарын муўапықластырып турыў керек.

Талап пенен усыныс сәйкеслилиги базарға қанша өним керек екенлигин ҳәм ол қандай баҳада сатылғанда хақықый алды - сатты жүз берилиўин сәўлелендиреди. Буны анықлаў ушын талап ҳәм усыныс қыя сызықларын бирлестириў лазым.

Бунның ушын жоқарыдағы еки таблицаны салыстырмалы анализ етемиз. Егер бир бирлик өним 5000 сўмнан сатылса, қарыйдар 10000 бирлик өним сатып алыўы мүмкин. Ислеп шығарыўшы болса бул баҳада 50000 өним усыныс етеди. Демек, 40000 өним қарыйдар тәрепинен талап қылынбай қалады. Егер өнимниң бир бирлиги 1000 сўмнан сатылса қарыйдар 50000 бирлик сатып алыў имканиятына ийе болады. Бирақ бул жағдай ислеп шығарыўшыны қанаатландырмайды, яғный ол бул баҳада тек ғана 10000 бирлик өним ислеп шығара алады. Демек, 40000 бирлик өним ислеп шығарылмайды, яғный өним қытшылығы жүз береди. Усы тәризде анализди даўам еттирип барсақ, өним 3000 сўмдан сатылғанда, қарыйдар талабы менен ислеп шығарыўшы усынысы бир - бирине мас келиўи гүзетиледи. Талап пенен усыныстың мас келиўи базар теңсалмақлығы делинеди ҳәм бундағы баҳа теңсалмақлы баҳаны береди. Сызылмада бул жағдай төмендегише сәўлеленеди:




5 - сүўрет. Теңсалмақлы баҳаның қәлиплесиўи.

Бул жерде: **Д** - талап. **С** - усыныс. **Е** – теңсалмақлы баҳа.

Яғный талап ҳәм усыныс қыя сызықлары кесилискен точкада теңсалмақлы баҳа жүзеге келеди. Бизиң сызылмада ол **Е** точкасында жатады. Демек, теңсалмаклы баҳаның орнатылыўы ушын, **бириншиден** - қарыйдарлар сатып алыўы мүмкин болған товарлар муғдары усыныс муғдарына мас келиўи керек, **екиншиден**, баҳа ҳәм товар муғдары өзгермеслиги керек, бирақ талап ҳәм усыныс ҳәр дайым субъектив ҳәм объектив себеплерге көре өзгерип турады.

Жоқарыда келтирип өткенимиздей, талап ҳәм усыныстың баҳаға қарата өзгериўи олардың эластиклиги дейилади. Эластиклик түсиниги талап ҳәм усыныс динамикасын белгилеп беретуғын тийкарғы факторлардың өзгериўине базардың масласып барыўы процессин аңсатрақ аңлап алыўымызға жәрдем береди. Ҳәр қыйлы товарларға болған талап ҳәм усыныс баҳалардың өзгериўине қарап ҳәр қыйлы болады. **Мәселен,** биринши дәрежели өнимлерге болған талап ҳәм усыныс баҳалар асыўы ақыбетинде де өзгермеўи мүмкин (нан, май, қант, картошка)

Бирақ орынбасар товарларға болған талап өзгереди. Екинши дәрежели товарлар баҳасының асыўы болса көбинесе оларға болған талаптың пәсейиўине себеп болады. Баҳа 1 процентке өзгергенде талап неше процентке өзгериўин көрсетиўши көрсеткиш талаптың баҳаға қарата эластиклиги коеффициенти дейиледи ҳәм төмендегише сәўлелендириледи:

$$E_Д = \frac{\textbf{Талап муғдарының процентли өзгериўи}}{\textbf{Баҳалардың процентли өзгериўи}}$$

Усындай тәризде усыныс эластиклигин де анықлаў мүмкин, яғный

$$E_C = \frac{\textbf{Усыныс муғдарының процентли өзгериўи}}{\textbf{Баҳалардың процентли өзгериўи}}$$

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер:**

Талап түсиниги, талап қыя сызығы, талап нызамы. Талап муғдарына тәсир етиўши факторлар. Усыныс түсиниги, усыныс қыя сызығы, усыныс нызамы. Усыныс муғдарына тәсир етиўши факторлар. Базар теңсалмақлығы. Теңсалмақлы баҳа. Талап эластиклиги. Усыныс эластиклиги.

## 8– тема: Бәсеки ҳәм оның түрлери

### 1. Бәсекиниң әҳмийети, эконмикалық тийкарлары ҳәм түрлери

Бәсеки гүресиниң әҳмийети соншели жоқары, олсыз базарды тәсеўир етип болмайды, себеби ол базар экономикасының мазмунына айланып кеткен. Бәсеки улыўма инсаный категория болып, социал процесслер қатнасшылары ортасындағы көбирек пайдаға ерисиў ушын болатуғын гүрести аңлатады.

Бәсеки қатнасыўшыларының социал экономикалық статусы бирдей емес, сол себепли олардың туўрыдан - туўры мақсети де өзгешеленеди. Исбилерменниң мақсети көбирек пайда көриў, исшиниң жақсы ис ҳақы алыў, банкир болса көбирек процент алыў, жер ийеси болса жерден көбирек дәрамат алыў есапланады. Бәсеки бул тек ғана индивидуал мәп ғана емес, бәлки жәмәәттиң биргеликтеги мәпин көзлейди. Бәсеки хожалықтың бәрше тараўында ҳәрекет етип, онда экономикалық искер адамлар қатнасады. Бәсекиниң күши базар хожалығының раўажланыўына қарай артып барады. Тарийхий тәжрийбе соны көрсетеди, қайсы жәмийетте бәсеки мунәсип орын ийелесе, сол жерде ислеп шығарыўшы күшлер тез раўажланады, ислеп шығарыў қатнасықлары оларға мас ҳалда жетилисип барады ҳәм жәмийет ағзаларының турмыс дәрежеси жоқары болады. Экономикалық бәсекиниң тийкарын жекелениў пайда етеди. Себеби ҳәр бир мүлк ийесиниң өз мәпи бар. Оның бәрше хызмети өз мәпине бойсынған болады. Усы мәнисте бәсеки ислеп шығарыў субьектлериниң тоқнасыўынан ибарат.

Бәсеки ең дәслеп исбилерменликке сәйкес, ол инвестицияның ишки тәбиятын сәўлелендиреди. Бәсекиде қолы бәлент келиўиниң және бир шәрти тәжрийбели ҳәм өте жоқары тәжрийбели исшилер ҳәм қәнийгелерге ийе болыўы есапланады. Сол себепли фирмалар мийнет базарында қарыйдар сыпатында бәсекилесиў менен шекленбей өз қолындағы исшилер тәжрийбесин асырыўға, оларды жаңа кәсипке үйретиўге де қаржы сарплайды. Бунда олар инсан капиталына пулды сарплаўды ең қолайлы жайластырыў деп қарайды. Инсан факторын толық иске салыў есабынан халық аралық базардағы бәсекиде ҳәм жеңип утып шығыў мүмкин. Бәсеки гүреси төмендеги параметрлер бойынша түрленеди:

**1. Бәсеки гүреси ҳәрекет етиўи, әмел қылыўы, көлеми ҳәм характерине қарай төмендегилерге бөлинеди:**

1. Материаллық техника тараўында сапалы шийки зат, жаңа технология, жетилискен ислеп шығарыў қураллары ушын болатуғын бәсеки гүреси.

2. Транспорт - географиялық тараўға ийе болыў ушын алып барылатуғын бәсеки гүреси, соның ишинде, фирманың базарға, транспорт тараўларына, ресурсларға, жақсы орынға ийе болыў ушын алып барылатуғын бәсеки гүреси.

3. Кадрлар тараўында тәжрийбели қәнийгелерге ийе болыў ушын алып барылатуғын бәсеки гүреси.

4. Жаңа товарлар ислеп шығарыў ушын болатуғын бәсеки гүреси.

5. Улыўма тараў, өнимди сатыў ушын, тутыныўшы ушын болатуғын бәсеки гүреси.

**2. Бәсеки гүреси ҳәрекет етиў шеңдерине қарай төмендегише болады:**

**1. Тараў ишиндеги бәсеки гүреси.** Бунда бир түрдеги товарларды жақсы шараятта сатыў ҳәм базардың үлкен бөлегине ийе болыў мақсетинде де гүрес алып барылады.

**2. Тараўлар ара бәсеки гүреси. Биринשиден:** капиталды керекли тараўларға жумсаў мақсетинде алып барылатуғын бәсеки гүреси болса, **екиншиден:** ҳәр қыйлы тараўларда ислеп шығарыў бир түрдеги өнимди сатыў ушын алып барылатуғын бәсеки гүреси есапланады.

**3. Бәсеки әмел кылыў шеңберине қарап екиге бөлинеди:**

1. Баҳалар жәрдеминде алып барылатуғын бәсеки.

2. Баҳасыз бәсеки гүреслерине ажыратылады.

Базар экономикасы шараятында «ҳадал емес» бәсеки түри де бар. Бундай бәсеки гүресине экономикалық айғақшылық, фирма белгисинен нызамсыз пайдаланыў, шантаж, рекет, коррупция, экономикалық жынаятшылықларды киритиў мүмкин.

Базар экономикасы шараятында базар дүзилисин сәўлелендиретуғын төрт түрли бәсеки гүреси ҳәрекет етеди:

1. Жетилискен яки жетилиспеген бәсеки гүреси.

2. Жетилиспеген (монопол) бәсеки гүреси.

3. Олигополия.

4. Сап монополия.

**1. Жетилискен ҳәм жетилиспеген бәсеки.**

Бәсеки турли экономикалық шараятта жүзеге келеди. Бул шараят фирмалар саны, өним түри, баҳалар үстинен қадағалаў, ҳәр түрли тараўларды монополласыў дәрежеси баҳасыз бәсекиниң барлығы ямаса жоқлығы, информация имканиятларының ҳәр қыйлылығын билдиреди.

Бул реал турмыста базар системасында ҳәр қыйлы болып, оның бәсекиге тәсир етиўин көрсетеди. Базар системалары жетилискен яки жетилиспеген бәсеки деп аталған еки түрге бөлинеди, соған қарай бәсеки де өзгешеленеди.

Жетилискен бәсеки дегенде сондай бәсекилесиў шараятлары түсиниледи, онда бирдей өним ислеп шығаратуғын көплеп майда ҳәм орта кәрханалар бар, олардың гүрес шеңбери кең, және сол тараўға кириў ҳәм оннан шығыў ҳәмде информация алыў еркинлиги кепиликке алынады. Жетилискен бәсекиге мысалы етип сап бәсеки системасын алыўымыз мүмкин. Сап бәсеки системасының тийкарғы қәсийети соннан ибарат, базарда өз өнимин усыныс ететуғын бир–биринен ғәрезсиз ис көретуғын (ҳәрекет ететуғын) көп санлы сатыўшылар бар болады. Бул системаның және бир өзгешелиги бәсекилесиўши фирмалардың бир турдеги өним ислеп шығарыўы есапланады. Жетилискен бәсекили базарда баҳа, талап ҳәм усыныс тийкарында жетилиседи ҳәм соның менен бәрше сатыўшылар менен есапласыўына мәжбүр болады. Сатыўшылардан ҳәр бириниң базарға шығарған товардағы үлеси кем болмағанлығы ушын олар базар баҳасына тәсир көрсете алмайды ҳәм сол ўақыттағы баҳа менен есапласыўына мәжбүр болады.

Жетилискен бәсеки шараятында ол яки бул тараўға жаңа фирмалардың еркин кирип келиўи ҳәм фирмаларды еркин шығып кетиўи мүмкин, себеби бул жолда хеш қандай юридикалық, технологиялық ҳәм финанслық тосықлар болмайды. Бундай шараятта еркин бәсекини шеклеўге имканият бермейди.

**Жетилиспеген бәсеки** дегенде мәлим дәрежеде шекленген бәсеки түсиниледи. Оның 3 түри бар: монополистик бәсеки, олигополия ҳәм сап монополия бәсеки.

**1. Монополистик бәсеки** — онда сатыўшылары көп уқсас, бирақ айырым көринислери менен парықланатуғын өнимлерди сатады. Монополистик бәсекиде

жетилискен бәсекиден өзгешелиги оларға қарағанда онша көп емес (олардың муғдары 25, 35, 60 яки 70 жетерли) санлы сатыўшылар ҳәрекет қылады. Монополистик бәсекиге төмендеги белгилер тийисли:

- Сатыўшылардың баҳа үстинен қадағалаўы жүдә шекленген;
- Өним сапасы, оралыўы, жайластырылыўы ҳәм хызметлер топламы бойынша группаларға ажыратылған болады.

Жетилиспеген бәсекиниң және бир түри олигополия шараятындағы бәсеки есапланады.

**2. Олигополия** – аз санлы ири фирмалар ҳәрекетиндеги бәсекилесиўши базар түри. Оған төмендеги белгилер тән:

- Басқа тараўларға қарағанда аз санлы фирмалар ҳукимранлық етеди. Олар қымбат баҳалы технологиялар қәрежетлерин үнемлеў, тараўға кириўге тосықлар қойыў менен өз-ара байланыста болады.
- Өним группаларға ажыратылған ямаса стандартластырылған болыўы мүмкин.
- Өз - ара қосып алыў ушын бәсеки. Буннан мақсет базарда бир өзи хукимранлықты қолға алыўдан ибарат.
- Улыўма өз - ара байланыслылық.

**3. Сап монополия бәсеки** дегенде, өним өндирис тараўында тек ғана бир фирманың хызмет көрсетиўин түсинемиз. Бул жерде пүткил бир тармақ бир фирмадан ибарат болады. Сап монополияны айырым ўақытта тәбийий монополия деп те атайды. Бундай жағдайда тәбийий монополияға мәмлекет ҳәм оның мүлкке монопол ийелик етиўи түсиниледи, **мәселен:** электростанциялар, министрликлер, Өзбекистан ҳаўа жоллары уқсағанлар мәмлкетке қараслы ҳәм оның тек жеке бир өзи ғана ийелилигин сәўлелендиреди.

Базар экономикасы шараятында мәмлекет кәрханалары, фирмалар ортасында еркин бәсекини тәмийинлеў ушын олардың хызметин қоллап қуўатлаўы ҳәм монополияға қарсы түрли экономикалық илажларды амелге асырыўы, монопол бәсеки орталығының алдын алыў ушын ҳәрекет етиўи зәрүр.

### 3. Монополия ҳәм мәмлекеттиң антимонопол сиясаты

Бәсеки базар экономикасының тийкарғы элементлеринен бири болып табылады. Ол ҳәрекет етиўи ушын мәлим бир шараятлар болыўы керек ҳәм ол монополияға қарсы күш сыпатында майданға шығады.

**Монополия** - бул экономиканың қандай да бир тараўындағы ҳукимранлығы деген мәнисти аңлатады.

Монополия ислеп шығарыў қураллары, жумысшы күши ҳәм жаратылған өнимлердиң тийкарғы бөлегин бирден-бир ямаса азшылық кәрханалар исбилермен шахслар яки мәмлекет қолында топланыўы нәтийжесинде пайда болады. Бунда монополистлердиң мәплерине тийкарланған шәртлер қалған бәрше ушын мәжбүрий есапланады. Усыныс көлеми ҳәм базардағы баҳа монополия тәрепинен белгиленеди.

Монополистик бирлеспелерниң бир қанша түрлери бар:

**Картел:** ислеп шығарыўдың бир тараўына тийисли бир қатар кәрханалардың бирлеспеси. Картел ағзалары өзиниң ислеп шығарыў қураллары ҳәм өнимлери ийеси болып қала береди. Картел ағзалары монопол пайда алыў мақсетинде де өним ислеп шығарыў, сатыў баҳалары, базарды бөлистирип алыў ҳәм тағы басқалар ҳаққында келисимлер дүзеди. Картелдиң басқа бирлеспелерден өзгешелиги сонда, оған кириўшилер хожалық жүритиў ғәрезсизлигин сақлап қалады.

**Синдикат:** бунда синдикатқа бирлесип атырған кәрханалар ислеп шығарыў ғәрезсизлигин сақлап қалған ҳалда өзлериниң коммерциялық тараўындағы ғәрезсизликлеринен айрылады. Бунда буйыртпаларды бөлистириў шийки затты сатып алыў, ислеп шығарылған өнимди сатыў ушын өзлериниң коммерциялық искерликлерин бирлестирип кәрхана дүзеди.

**Трест:** Онда өнимди ислеп шығарыў, сатыў, кәрханалардың қаржылары толық бирлестирилeди. Трест белигили бир тараўға ҳукимранлық етиўши бирден-бир үлкен ширкетшилик жәмийети болып есапланады.

**Концерн:** Көп тараўлы корпорацияларды түсиниў керек. Олардың қурамына ҳәр түрли тараўлардағы онлаған, жүзлеген, кәрханалар киреди. Демек, бәсеки шараятында қарыйдар бул хожайын, базар оның агенти, кәрхана болса оның хызметшиси есапланады. Монополиялардың жүзеге келиўи бул ўазыйпаны кескин өзгертип жибереди.

Бәсеки усулларының қатнасы базар жағдайына байланыслы. Тойынбаған, сонын менен, товарларды таңлап алыў имканы ҳәм адамлардың сатып алыў қәбилети шекленген шараятта баҳа жәрдеминде бәсекилесиў абзаллыққа ийе болады, себеби баҳа талаптың өзгериўшеңлилигине тәсири күшли болады, яғный баҳаны пәсейттирип, товарды көп сатыў ҳәм баҳаны өз ўақтында пәсейтирместен қарсыласты базардан сығып шығарыў мүмкин.

Ҳәр тәреплеме тойынған товар түрлери оғада көп базарда товарларды таңлап алыў имканы үлкен болады, қарыйдарлардың көпшилигиниң сатып алыў қәбилети жоқары болады, олардың қурамына пулдар адамлар үлеси артып барады, мол тутыныў ушын баҳаны сорастырмай товар сатып алыў жүз береди. Сондай шараятта баҳасыз бәсеки үстинликке ийе болады, лекин бәри бир базар экономикасы шараятында халық хожалығының барлық тараўларында саламат бәсеки ушын орталық жараталыўы имканын береди.

Республикамызда экономиканың ҳәр қыйлы тараўларында хожалық жүритип атырған субьектлердиң хуқуқый ҳәм экономикалық еркинлигин тәмийинлеўши нызамлар қабыл етилген. Монополистик искерлик монополия хызметин шеклеў нызамы тийкарында шеклеп қойылды. Базар инфраструктурасын жетилситириў ҳәм оның хызметин тәртипке салыўшы нызамлар қабыл етилди. Антимонопол нызамларды қабыллаў ҳәм турмысқа енгизиў базар қатнасықларына өтип атырған ҳәр бир мәмлекет ушын турмыслық зәрүрият есапланады. Себеби, еркин бәсекиге жол бермей турып, базарды жетилистирип болмайды. Сол мақсетте Өзбекистанда 1992-жылда монополияға қарсы нызамшылыққа тийкар салынды. Сол жылы Республикамызда монополистик хызметти шеклеў ҳаққындағы нызам қабыл етилди. Нызамға бойынша, арнаўлы түрде базарда қытшылықты пайда етиў, баҳаларды монополияластырыў, бәсекишилердиң базарға кирип барыўына тосқынлық етиў, бәсекиниң ҳадал емес усылларын қоллаў қадаған етиледи. Нызамды бузғанлар қарсыласына жеткизген зыянды қаплаўлары, жәрийма төлеўи шәрт. Олар нызамсыз жол менен алынған пайдадан айрылады.

Экономика тек ғана санлар емес, есап - китап, пайдалы келисимлер, өз - ара алмасыўлар менен ғана турақлы болмайды, бул менен раўажлана алмайды. Оның раўажланыўы ушын анық ҳәм пуқта исленген режелер, тийкарғы бағдарларын белгилеп бериўши принциплер, изшил сиясат жүритилиўи, саламат бәсеки орталығын жүзеге келтириў мақсетке муўапық болады. Ол болса демократиялық базар экономикасы қатнасықларының жетилисиўин тезлестиреди.

Өзбекистанда бәсеки орталығын жүзеге келтириў Президентимиз И.А. Каримовтың екинши шақырық Өзбекистан Республикасы Олий Мәжлисиниң биринши сессиясындағы баянатында айтып өтилгениндей, экономиканы еркинлестириў – бул хожалық жүритиўши субьектлердиң еркинлиги ҳәм экономикалық ғәрезсизлилигин асырыў, исбилерменлик хызметин раўажландырыў жолындағы тосықларды сапластырыўды аңлатады. Содай-ақ, Президентимиздиң 20-февраль 2000-жылда Министрлер Кабинетинде болып өткен жыйналысында сөйлеген баянатында бизнести еркинлестириў оларға, экономикалық ғәрезсизлик бериўдиң анық бағдарлары көрсетилген.

Өзбекистанда бәсеки ортлығын жүзеге келтириўдиң тийкарғы жолы, бул бәсекини бийкар етиўши мәмлекетлик мүлк монополиясынан мәмлекетлик емес, түрли мүлкшилик түрлерине тийкарланған хожалық жүритиў түрлериниң пайда болыўына тийкарланған базар системасына өтиўи есапланады. Бәсеки қатнасықларын жетилистириў, дәслеп ғәрезсиз товар ислеп шығарыўшылардың пайда болыўын аңлатады. Олар өз мәплери

ушын базарда еркин бәсеки тийкарында арзан шийки-зат, исши күши ҳәм тутыныў базары ушын гүрес алып барады.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер.**

Бәсеки, тараў ишиндеги ҳәм тараўлар ара бәсеки, баҳалар жәрдеминде ҳәм баҳасыз бәсекилесиуйи, қурамалы ҳәм қурамалы емес бәсеки, монополистик бәсеки, олигополия, сап монополия, монополия ҳәм оның түрлери, синдикат, концерн, трест, картел.

## 8.1 - тема. Баҳалар. Баҳалардың пайда болыў механизми.

### 1. Баҳалардың мазмуны, оның ўазыйпалары ҳәм оған тәсир етиўши факторлар.

Биз қандай да бир нәрсени сатып алыўдан алдын әлбетте оның баҳасын сораймыз, улыўма баҳалар менен қызығамыз. Буны өз қолымызға не алыўымызды шамалап көриў менен түсинтириў мүмкин, себеби товардың баҳасы арзан яки қымбат болыўы қарыйдар тутыныўын белгилейди.

Базар механизминде баҳаның әхмийетин оның ўазыйпаларында көриў мүмкин. Оның төмендеги ўазыйпалары бар:

**1. Базар теңсалмақлылығын тәмийинлеў ўазыйпасы.** Бунда баҳа талап ҳәм усынысқа тәсир етиў арқалы, оларды теңсалмақлылық жағдайына алып келеди. Бунда усыныс етилип атырған ҳәм талап етилип атырған товарлар муғдары бир - бирине тең болады, яғный базар баҳасы қәлиплеседи.

Базар баҳасы товарлардың сатылыўын тәмийинлейди. Базарда товар деффицитин жүзеге келтирмейди.

**2. Есап-китап, өлшем ўазыйпасы.** Баҳаны қунның пулдағы сәўделениўи дейиледи. Себеби сарп етилген қәрежетлер, алынған пайда – зыянлар, жумыс көлеми олардың барлығы баҳалар қатнасында есап китап қылынады. Ислеп шығарылған натурал – материаллық товарларды салыстырыў оның бирдей көрсеткишке келтириў ҳәм олардың ўлыўма өлшеми болған пулда сәўлеленген баҳа арқалы әмелге асырылады. **Мәселен:** натурал көрсеткиш болған тонна, кг, метр, квт саат ҳәм басқалардың улыўмалық өлшеми олардың пулда сәўлеленген баҳасы есапланады.

**3. Экономикалық тәртипке салыў ўазыйпасы.** Баҳа талап ҳәм усынысқа тәсир етип базарды тәртипке салып турады. **Мәселен,** белгили бир товарлар баҳасының өсиўи, оған талаптың көбейгенин, сол товар көбирек ислеп шығарылса жақсы пайда келтириўин билдиреди, ҳәм керисинше, баҳаның пәсейип кетиўи товарға талаптың кемлигин, оннан пайданың азлығын көрсетип турады. Бундай жағдай ислеп шығарыўшылар хызметине ҳәм тәсир көрсетеди.

Демек, баҳа жоқарыласа ислеп шығарыў кеңейеди, бул басқа қаржылардың ҳәм пайда жоқары болған тармақ ҳәм тараўларға ағып келе басланыўын билдиреди. Сол тәртипте баҳа арқалы ислеп шығарыў тәртипке салынады.

**4. Бәсеки қуралы.** Базарда ислеп шығарыўшылар өз - ара бир - бири менен бәсекилеседи. Ислеп шығарылған товар ҳәм хызметлерди сатыў ушын, базардан қарсыласын сығып шығарыў ушын олар товарлар баҳасын пәсейтиреди ҳәм сондай жол менен қарыйдарларды өзлерине тартыўға ҳәрекет етеди.

**5. Социал қорғаў ўазыйпасы.** Баҳа халықтың айырым тайыпасын қымбатшы-лықтан сақлаў ўазыйпасын өтейди. Халықтың кәмбағал ҳәм төмен қатламларына товарлар арзанластырылған баҳада сатылады. Баҳаның бул ўазыйпасын социал дотацияларда көриўимиз мүмкин. Олар мәмлекет бюджети ҳәм ҳәр түрли кекселер қаржылары тәрепинен финансластырылады.

Баҳа ҳәр түрли факторлар тәсиринде қәлиплеседи. Олардан ең тийкарғыларынан бири - қун. Қун товарға сарыпланған мийнетти сәўлелендиреди, лекин ҳәр қандай мийнет қәрежети ҳәм қун бола алмайды.

Пайдалы болған адамлар тән алатуғын мийнет қунды пайда етеди ҳәм ол баҳаға тийкар болады. **Мәселен,** үш нанбайшының ҳәр бири 3 саатта 150 ден нан жаўып, базарға алып

шығады дейик. Биринши нанбайшының нанын хеш ким алмады, демек оның сарып еткен мийнети зая кетди, екинши нанбайшы болса 100 нан сатты, оның сарп еткен еки саат мийнети тән алынды, қалған бир сааты болса тән алынбады. Үшинши нанбайшы болса барлық нанын сатып болды. Оның сарп еткен мийнети толық тән алынды. Демек, бул мысалда баҳаның қәлиплесиўинде мийнеттиң ҳәр түрли қатнасыўын көрдик.

Баҳаны жүзеге келтириўши және бир фактор талап ҳәм усыныс ҳәм олардың теңсалмақлығы есапланады.

Егер талап үлкен болса, баҳа жоқары болады ҳәм керисинше төмен болса - баҳа да төмен болады.

Егер олар ортасында теңсалмақлылық тәмийинленсе, баҳа орташа болады.

Базардағы баҳаға тәсир етиўши факторлардың және бири, товар пайдалылығы, яғный турмыслық зәрүрлик дәрежеси есапланады. Товардың пайда келтириў өзгешелиги дегенде, таңланған өним қарыйдарының дийдине түўры келиўи, оның мүтәжлигин толық қанаатландыра алыўы ҳәм улыўма тутыныў прцессинде қарыйдар толық қанаатланыў пайда етиў қусағанларды түсиниўимиз мүмкин. Демек, пайдалылық қанша жоқары болса, баҳада соншелли жоқары болады. Бирақ, баҳаның өсип барыўының шегарасы бар ҳәм биз оны тутыныўдың тойыныўы деп атаймыз, яғный пайдалылық ең жоқары дәрежеге шыққанға шекем өсип барады, соң ол кемейе баслайды. **Пайдалылықтың жоқары дәрежесин товар тутыныўынан алынатуғын ең жоқары қанаатланыў шегарасы менен белгилеймиз.**

**Пайдалылықтың және бир тәрепи бар, биз оны тутыныў ўақты деп атаймыз.** Тутыныў ўақты қаншелли қолайлы ҳәм ўақытты үнемлесе, қарыйдар ушын сонша мақул болады. **Мәселен,** еки шаңарақты алайық. **Биринши** шаңарақ палаў таярлаў ушын таяр туўралған геширди 300 сўмнан сатып алады. Екинши семья болса пүтин геширди 150 сўмнан сатып алады ҳәм өзи қыршып туўрайды. Буған ярым саат ўақыт кетеди, деп айтайық. Демек ярым саат ўақыт сарп еткен **екинши** семья 150 сўм үнемлейди. Бирақ ярым саат ўақыттың қәдири жоқары болған семьяда, сол ярым саатты басқа иске сарплап (мәселен өнерментшиликке), 200 сўм пул табады. Сол себептен баҳасы жоқарырақ болса да туўралған геширди сатып алады.

Баҳаға тәсир етиўши және бир фактор бул бәсеки болып есапланады: ол баҳаға усыныс арқалы тәсир көрсетеди. Егер бәсекишилер көп болса, баҳа төменлейди, егер аз болса, баҳа бәлент болыўы мүмкин. Мәселен, бүгин базарға 1 тонна алма усыныс етилди, деп есаплайық. Егер усы өним 20 сатыўшының қолында болса, 350 сўмнан, 10 сатыўшының қолында болса, 450 сўмнан сатылыўы мүмкин. Демек, биринши жағдайда бәсеки бар, екинши жағдайда болса бәсеки жоқ.

Баҳаның жетилисиўине инфляция ҳәм өз тәсирин тийгизеди. Инфляция тутыныўшыға кери тәсир тийгизеди, себеби бул ислеп шығарыў қәрежетлериниң өсип барыўы ҳәм товарлар қытшылығының көбейиўи есабынан жүзеге келеди.

Жуўмақлап айтқанда, баҳаны жүзеге келтириўши факторлар оған ҳәр қыйлы дәрежеде тәсир көрсетеди ҳәм соған қарата баҳа тебренип турады. Оның төменги ҳәм жоқары шегарасы бар. Төменги шегара ислеп шығарыў қәрежетлери менен белгиленеди, яғный баҳа дәрежеси қәрежетти қаплап, аз болса да пайда алыў имканын бериўи керек. **Мәселен,** ислеп шығарылған товар 1000 сўмға түсти, оны ҳеш болмағанда 1050 сўмға сатыў керек, сонда ол 50 сўм пайда көреди. Егер өнимди ол 995 сўмнан сатса ҳәм зыян көреди, демек, монопол абройдағы қарыйдар ҳәм баҳаны өзи билгенише түсире алмайды, себеби оның төменги шегарасы бар.

Баҳаның жоқары шегарасы болса қарыйдардың сатып алыў қәбилетин белгилейди. **Мысалы ушын,** товардың баҳасы 10.000 сўм болса, базарда 300 сатылыўы мүмкин, баҳа 12.000 сўмға көтерилсе 50 данасы сатылмай, оларға кеткен қәрежет ҳәм қапланбай қалады. Демек, пайда алыў мәлим бир баҳа дәрежесинде болыўы керек.

## 2. Баҳа түрлери

Әдетте «**баҳа**» сөзи улыўмаласқан түсиник сыпатында қабыл етиледи. Оған товар, хызмет аты қосылғанда ғана, айқынласқандай болады.

**Мәселен,** «**муз қаймақ баҳасы**», «**кино билети баҳасы**» дейилгенде ғана анықлық киргендей болады. Ҳақыйқатында болса, экономикада бир ғана «**баҳа**» сөзи негизинде оның ҳәр қыйлы түрлери жатады ҳәм оны төмендеги түрлерге бөлиў мүмкин.

Демпинг баҳа, ол қарсыласларды сығып шығарып, өз орнын ийелеўде қолланылады, яғный оғада төмен баҳалардың қолланылыўы болып табылады. Демпинг баҳа қарсыласын сындырып, бәсекини ҳәлсизлендириў ушын пайдаланғанлығы себепли, оны мәмлекет бийкарлайды. Соның ушын бул баҳа жасырын қолланылады.

Стандарт баҳалар қарыйдар жағдайына қарап қолланылады. Бунда баҳа өзгермесе де пайда көбейиўи мүмкин. **Мысалы ушын,** шоколад баҳасын өзгертпеген ҳалда, оны арзанрақ қағазға орап, қурамындағы қант ҳәм сары май муғдарын кемейтириў мүмкин.

Өзгермели баҳалар шараятқа қарай асырылып, яки кемейтирилип турылады. **Мысалы ушын**, қандай да бир товарға талап жоқары болғанда, соған қарай оның баҳасы да бәлент болады, әдеттеги товар жағдайына келген соң баҳасы арзанластырылады яки мәселен, қыс мәўсими басланғанда қыскы товарлар баҳасы бәлент, мәўсим ақырына шекем арзанласады.

Арнаўлы ҳүжжетлерде белгилеп қойылған баҳа ҳәм тарифлер прейскурант баҳалар дейиледи. Ол қарыйдар ушын мағлыўматнама баҳа болып, товар сол баҳа әтирапында сатылыўын билдиреди.

Бундан тысқары, товарлардың сатылыўы көлемине қарай, көтере (контракт) ҳәм усақлап сатыў баҳалары өзгешеленеди. Көтере баҳаларда товарлардың үлкен бөлеги сатылады ҳәм баҳалар бир қанша төмен болады. Халықтың тутыныў товарлары болса, тийкарынан, усақлап сатыў баҳаларында сатылады.

Баҳалар белгили территориялар бойынша да өзгешелениўи мүмкин. Соның ушын да базардың түрине қарай жергиликли, миллий ҳәм жер жүзлик баҳалары әмел қылады. Жергиликли баҳа тек ғана белгили базарға тән болып, сол территория дөгерегиндеги факторлар тәсиринде пайда болады. Миллий базар баҳасы бир мәмлекет дөгерегинде әмел етиўши баҳалар болып табылады. Жер жүзлик баҳа дегенде, жәҳән базарында халық аралық саўда - сатық тәжрийбесинде тән алынған баҳалар түсиниледи. Бул баҳалар өз-ара парықланса да бир - бирине жақын, себеби олар бирдей факторлар тәсиринде қәлиплеседи. Бирақ факторлардың тәсир дәрежеси ҳәр түрли болғаны ушын олар бирдей емес.

**Мәмлекет тәрепинен жоқары шегарасының белгилениўи ҳәм оннан артып кетпейтуғын баҳалар - лимит баҳалар деп аталады.** Бул баҳалар жәрдеминде инфляция жылаўлаўды ҳәрекетте болады.

**Дотацияланған баҳа** - бул мәмлекет бюджети есабынан, кем дәраматлы шаңарақлар, жумыссыз ҳәм майыпларды турмыслық зәрүр өнимлер менен кем болсада тәмий-инлеп турыў ушын арнаўлы арзанластырылған баҳалар болып есапланады.

Еркин базар баҳалары талап ҳәм усыныс тийкарында қәлиплеседи. Еркин баҳалар сатыўшыға да, қарыйдарға да қолайлы болған, яғный барлық базар субьектлери мәплерин жәмлестиреди.

## 3. Өзбекистанда баҳа сиясаты

Базарда пайда болатуғын баҳа базар экономикасының айнасы болса, бәсеки оны жүзеге келтириўши күш болып табылады. Бәсеки ҳәм баҳа механизмлери өз тәсирлери менен базарды ҳәрекетлендириўши тийкарғы механизмлер болып, базар экономикасының басқарылыўында шешиўши әҳмийетке ийе. Бәсеки орталығын жүзеге келтириў менен байланыслы болған мәселелерден бири баҳа сиясаты болып табылады. Социаллық таңлаў ақыбетинде кәрханалардың бир бөлеги ириленип, монопол статусқа ийе болады. Олар өз-ара келисип, еркин баҳалар орнына монопол баҳаларды орната баслайды.

Буның нәтийжесинде бәсекилес кәрханалар кемейип экономикалық еркинлик шекленеди ҳәм өз нәўбетинде монополиядан пайдаланып товарлар баҳасын арзанлас-

тырмай, олардың сапасын асырмай турып, пайданы максималластырыў имканияты пайда болады. Бунда хеш қандай ҳәрекет ислемей турып, жақсы пайда алыў имканияты тәмийинленеди, деп түсинилиўи мүмкин.

Соның есабынан мәмлекет бәсеки орталығын жүзеге келтириў илажларын көреди. Административ - буйрықпазлық экономикалық системадан базар экономикасына өтип атырған мәмлекетлерде мәмлекеттиң баҳа тараўындағы сиясаты баҳаларды еркинлестириўди, миллий базар баҳаларын жәҳән базар баҳаларына жақынластырыўға қаратылған.

Баҳаларды еркинлестириў сиясаты әсте-ақырынлық пенен халықтың дәрамат-ларын өсип барыўын тәмийинлеў арқалы әмелге асырылады. Соған қарай баҳалар төмендеги жоллар менен еркинлестириледи:

- баҳаларды бирден яки «**ҳәлсирететуғын**» тәризде қойып жибериў,
- баҳалар өсиўин жасалма рәўиште тоқтатып қойыў
- баҳаны мәмлекет тәрепинен басқарыўды ҳәм қадағалаўды белгили бир дәрежеде сақлап қалыў.

Республикада халықтың алып атырған дәраматларының социал - экономикалық реал шәрт - шараятларын итибарға алынған ҳалда экономикалық реформа жоллары таңлап алынған.

Ески аўқам негизинде жүзеге келген бир қанша мәмлекетлер баҳаны еркинлестириўдиң ең жақын жолын таңлап алды. Бул жолдың әҳмийетинен келип шыққан ҳалда барлық түрдеги шийки затлар, тутыныў буйымлары ҳәм хызметлер баҳасы бир қанша еркин қойып жибериледи. Нәтийжеде болса баҳалар кескин асты. Буның ақыбетинде тийкарғы халықтың бирден кәмбағалласыўына социал жағдайдың кескинлесиўи жүзеге келди. Ислеп шығарыў пәсейип, миллий санаат ҳәм аўыл хожалығының истен шығыўы гүзетилди.

Баҳаларды еркинлестириўге **биринши басқышта (1992-жыл басында)** кең көлемдеги ислеп шығарыўдың техника қуралы болған өнимлер айырым түрдеги халық тутыныў товарлары, орынланған жумыслар ҳәм хызметлердиң еркин баҳалары ҳәм тарифлерине өтилди. Халықты қорғаў мақсетинде болса шекленген көлемдеги азық-аўқат ҳәм санаат өнимлериниң баҳаларының шегарасы белгилеп қойылды.

Баҳаларды еркинлестириўдиң **екинши басқысында (1993-жыл)** келисилген көтере баҳаларды мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў тамамланды. Қатаң белгиленген баҳаларда сатылатуғын товарлар ҳәм хызметлардиң саны қысқартырылды.

Баҳаларды еркинлестириўдиң **кейинги басқышында (1994-жыл)** халық тутыныў товарларының тийкарғы түрлериниң баҳалары еркин қойып жиберилди. Транспорт ҳәм коммунал хызметлердиң тарифлери асырылды. Сондай етип респуб-ликада экономиканы реформаластырыўдың биринши басқышы баҳаларды басқышпа - басқыш толық еркинлестириў менен тамаланды. Жоқарыдағы пикирлерден жуўмақ етип, баҳаларды еркинлестириў, режелести-рилген экономикадан базар экономикасына өтиўдиң тийкарғы факторы есапланады деп айтыў мүмкин. Себеби еркин баҳа:

- Өним ислеп шығарыўшылар менен тутыныўшылардың өз-ара қарым - қатнасының беккемлигин тәмийинлейди.

- Базардағы талап ва усыныс теңсалмағын тәмийинлейди, яғный базарда өтпей қалған товарлар топланбайды ҳәм товар қытшылығы жүзеге келмейди.

- Ишки баҳаларды жер жүзлик баҳаларына муўапықластырыў процессин әмелге асырыў тәртибин белгилеп береди.

- Баҳа халықтың ҳәм кәрханалардың дәраматлары ортасындағы теңликке ерисиў процессине жандасыў шеңберин белгилеп береди.

Яғный соны да айтыў лазым, мәмлекет тәрепинен ис ҳақы, пенсия ҳәм степендиялардың ең кем муғдары турақлы пәтлерде асырылып барылды, балалар ушын напақалар енгизилди, халықтың мүтәж бөлегине жәрдем көрсетилди, яғный баҳалардың еркинлесиўи халықтың социал қорғаў илажлары менен бирге алып барылады.

## 9 - Тема : Талапкершилик ҳызмети. Исбилерменлик капиталы ҳәм оның айланысы. Өндирис шығынлары ҳәм дәрамат. Кәрхана пайдасы

Жобасы

1. Бизнес ҳәм исбилерменликтиң улыўмалықлары ҳәм айырмашылықлары.
2. Кәрхананың тийкарғы формалары.
3. Менеджмент ҳәм маркетинг.
4. Экономикалық шығынлар түсиниги, олардың түрлери ҳәм қурамы.
5. Кәрхананың хожалық хызметиниң нәтийжелилиги. Пайда нормасы ҳәм массасы.
6. Коммерциялық шығынлар ҳәм коммерциялық пайда.

### 1. Бизнес ҳәм исбилерменликтиң улыўмалықлары ҳәм айырмашылығы

Базар экономикасы исбилерменлик ҳәм бизнеске тийкарланған экономика. Бизнес дегенде қандайда хызмет пенен бәнт болыўды ҳәм исбилерменлердиң экономикалық қатнасықлары түсиниледи. Ҳәзириги ўақытта экономикалық хызметтиң қәлеген түри менен шуғылланыўшы хожалық субъектлериниң ис ҳәрекетлери бизнес ҳәм исбилерменлик пенен тығыз байланыслы. Бизнес исбилерменлик қатнасығы сыпатында өз субъектлерине ийе. Оларға:

- жеке тәртипте бизнес пенен шуғылланыўшылар,
- исбилермен бирлеспелер,
- мәмлекетлик шөлкемлер ҳ.т. басқалар киреди. Бизнес кең мазмундағы түсиник. Исбилерменлик оның бир формасы. Исбилерменлик товар ислеп шығарыў, хызмет көрсетиў жолы менен дәрамат табыўды аңлатады. Базар экономикасы жағдайында исбилерменлик экономиканы ҳәрекетке келтириўши күш сыпатында хызмет етеди. Исбилерменлик улыўма ақша табыў емес, ал қандайда товар ислеп шығарыў, хызмет көрсетиў ямаса дөретиўшилик пенен шуғылланыўды билдиреди.

Бизнеске исбилерменликтен басқа басқаша жоллар менен мәселен, жерди ямаса мүлкти ижараға берип рента алыў, басқаларды жаллап ислетиў арқалы дәрамат табыў, ақшаны банкке қойып процент алыў сыяқлы хызметлер де киреди. Бирақта бул хызметлерде ҳеш нәрсе дөретилмейди, ал тек ғана байлықтан байлық арттырылады. Бундай хызметлер исбилерменликке кирмейди. Сонлықтан да исбилерменлик жумыс ислемей турып, капитал есабынан дәрамат табыўды бийкарлайды.

Өзбекистан Республикасы исбилерменлик ҳаққындағы нызамына муўапық **“Исбилерменлик меншик субъектлериниң дәрамат табыў мақсетинде тәўекелшилик етиў ҳәм мүлк жуўапкершилиги тийкарында ҳәрекеттеги нызамларға сүйенген ҳалда экономикалық хызметлерди көрсетиў“** -деп көрсетилген.

Режели экономикадан базар системасын өтиў дәўиринде исбилерменликтиң төмендеги топарлары пайда болады:

1. Майда ислеп шығарыў менен бәнт болған исбилерменлер.
2. Ақыл мийнети менен шуғылланыўшы исбилерменлер.
3. Фермерлер.
4. Жәмәәт ҳәм акционерлик меншиктиң бирликтеги ийелери.
5. Өз кәрханасына ийе, басқаларды жаллап ислететуғын исбилерменлер.

Меншик формаларының көп түрлилигине байланыслы исбилерменликти тек ғана жеке хызмет пенен бир қатарда жәмәәтлик, семьялық, мәмлекетлик ҳәм аралас (қоспа) исбилерменликлер де ҳәрекет етеди. Исбилерменлер қаншелли көп болған сайын, өндирис раўажланып, экономика жоқары дәрежедеги өсиў көрсеткишлерине ийе болады.

Исбилерменлик пенен шуғылланыў ушын алды менен ҳуқықый кепилликке ийе болыўы керек ҳәм нызам қағыйдалар менен қорғалыў зәрүр. Исбилерменлерге қолайлы жағдайлар жаратып бериўде мәселен, **“Өзбекстан Республикасының исбилерменлик ҳаққындағы”**, **”Өзбекистан Республикасы меншик ҳаққындағы”** нызамлары ҳәм т.б.

нызамларында исбилерменликти шөлкемлестириўдиң, оған тийисли болған ҳуқықлары ҳәм жуўапкершиликлери көрсетилген.

Ең алды менен исбилерменликти шөлкемлестириўге белгили бир муғдардағы қаржы талап етеди. Себеби исбилерменлер ҳәм бизнесменлер еркин түрде жумыс алып барыўы ушын өзлериниң қаржыларына ийе болса мақсетке муўапық болар еди. Исбилерменликтиң ең зәрүр факторы исбилерменлик қәбилети, яғный истиң көзин билиўи болып табылады. Егерде исбилермен исти қалай алып барыўды билмесе, ол қанша қаржыға ийе болмасын, нызам оны қорғамасын, бәри бир ол жумысты алып бара алмайды. Сонлықтан да исбилерменлик жоқары тәжирийбени, терең билимди, басқарыў уқыплылығын, қәнигели жумыс күшин талап етеди.

Исбилермен базардың тийкарғы қатнасыўшысы түринде базардың жағдайы ҳәм дәрежесин өзиниң дыққат орайына тарта билиў қәбилетине де ийе болыўы лазым. Себеби исбилерменликтиң тийкарғы шәртлери базарды толтырыў, ал мақсети пайда алыў.

Исбилерменлик раўажланбаса экономикалық өсиўде болмайды. Исбилерменлик оның қандай да бир мақсетке қаратылған хызмети болғанлықтан, ол экономикалық қатнасық сыпатында өзиниң принцип ҳәм қағыйдаларына ийе. Олар төмендегилерден ибарат:

**1). Меншик қатнасықларының қатнасыўшысы болыў, өндирис факторларына ийелик етиў.**

**2). Экономикалық еркинликке ийе болыў.**

**3). Экономикалық ҳәрекетлер ушын жуўапкершиликти өз мойнына алыў ҳәм жумыстың нәтийжелигине жуўап бериў.**

**4). Пайда алыўға умтылыў.**

**5) . Коммерциялық сырға ийе болыў.**

**6). Бәсеки гүресине қатнасыў ҳәм базарда нызам тийкарында ҳадал бәсекелесиў.**

**7). Алдаўшылыққа жол бермеў, ҳадаллық пенен хызмет етиў.**

**8). Экономикалық тәўекелшилик.**

**9). Нызам қағыйдаларға бойсыныў.**

**10). Исбилерменликте өзин-өзи басқарыў.**

Исбилерменлик мәмлекеттиң қатнасыўысыз, оның жәрдемисиз раўажланбайды. Мәмлекет салықлар, субвенциялар, экспорт жеңилликлери, сондай-ақ өзиниң есабы-нан пулсыз улыўма билим бериў арқалы исбилерменликти қоллап қуўатлайды. Исбилерменлик пенен шуғылланыўшылар патент ҳәм лицензияларға ийе болыўлары тийис.

**Патент** - бул жеке тәртипте исбилерменлик пенен шуғылланыўға берилген гуўалық. Ол мәмлекетлик финанс шөлкемлери тәрепинен бериледи.

**Лицензия** -патенттен пайдаланыўға берилген рухсатнама.

## 2. Кәрхананың тийкарғы формалары

Базар экономикасы жағдайында тийкарғы товар өндириўши болып, кәрханалар хызмет етеди. Исбилерменликте кәрханалардан басланады. Кәрхана өз алдына, өз ықтыяры менен хожалық жүргизиўши субъект. Ол қандай меншикке тийкарланыўына қарамастан базар ушын хызмет етеди. Кәрхана сатыўшы сыпатында базарға өз товар-ларын шығарады, ал қарыйдар сыпатында өндириске керекли болған ресурсларды сатып алады.

Кәрхана хожалық жүргизиўши субъект сыпатында экономикалық ғәрезсизликке ийе. Ол тийкарғы экономикалық машқалаларды өзи шешеди. Базарға қарап ис тутады. Режели экономикадан базар экономикасына өтиў дәўиринде кәрхананың еркинлиги шекленген болады.

Кәрханалар мәмлекетлик меншикте болмаса да мәмлекет қадағалаўында болады. Олар хызмет түрин таңлаўда еркин болмайды. Биракта олар әстелик пенен базар қатнасықларына өте баслайды. Кәрханалардың меншик формалары ҳәм хожалық

жүргизиў усыллары ҳәр қыйлы. Хызмет көрсетиўине қарап кәрхана киши, орта ҳәм ири кәрханалар болып бөлинеди.

Кәрханалар өз нәўбетинде киши, орта ҳәм ири бизнестиде шөлкемлестиреди. Киши ҳәм орта бизнес базар экономикасы жағдайында ҳәр қандай жағдайға тез бейимлесе алады, оның ушын пул табыў аңсат, бул жерде экономикалық мәплер арасында үйлесимликте жоқары дәрежеде болады.

## 3. Менеджмент ҳәм маркетинг

Кәрханалардың нәтийжели жумыс ислеўи оларды басқарыў менен тығыз байланыслы болады.

Ҳәзирги ўақытта кәрханаларды басқарыўда менеджменттиң роли әҳмийетли. **Менеджмент** - бул базар экономикасы жағдайында кәрхананы басқарыў формасы болып табылады. Ол фирманың өндирислик хызметлерин режелестириў, мийнет жағдайын шөлкемлестириў, саўда жумысларын жүргизиў, фирманың келешегин белгилеў, оған жетиў илажларын әмелге асырыў ҳәм фирманың экономикалық потенциалын басқарыў сыяқлы ўазыйпаларды орынлайды. Менеджменттиң тийкарғы органлары маркетинг есапланады.

**Маркетинг** - бул фирма хызметин базар талабына муўапықластырыў. Маркетинг тек ғана базар жағдайын есапқа алыў емес, ал қарыйдарлардың талабына да тәсир етиў. Сондай-ақ реклама қураллары, көргизбе ярмаркасы илажлары сыяқлы қарыйдарларға экономикалық тәсир көрсетиў системасының қуралы болып табылады. Маркетинг товар ҳәм хызметлер базарын үйрениў ҳәм болжаў, тутыныўшылардың талабын анализлеў сыяқлы ўазыйпаларды орынлайды. Маркетингтиң орынлайтуғын ўазыйпалары өндирис ҳәм саўданың көлемине, товардың түрине сондай-ақ базардағы талап ҳәм усынысқа қарай анықланады.

### АҚШ – та менеджер кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаў

Профессионал менеджерлерди таярлаў бойынша АҚШ – та 1500 жоқары оқыў орынлары шуғылланады. 1987 жылы АҚШ – та 240 мың бизнес бағдарында бакалавр (яғный питкериўшилердиң 24%) ҳәм 70 мың магистр административ жумысшылар (яғный магистрлер дәрежесинде питкериўшилердиң 25% - ин қурайды).

Менеджмент қәнийгелигине кәсибин бағдарлаў ушын Америка университет-леринде оқыйтуғын студентлердиң 25%-тин, ал магистрлердиң де 25% -тин қурайды.

1985 жылы АҚШ – та менеджерлерди оқытыўдың барлық формалары ушын 60 млряд доллар жумсалған, соның ишинде 13 млряды менеджерлердиң қәнийгеликлерин жетилистириў ушын қаратылған.

АҚШ ҳәм Япония мәмлекетлериниң фирмаларында менеджерлердиң қәнийге-ликлерин қәнийгелестириўге күшли итибар берилген. **Мысалы ушын**, Американдағы «ИБМ» фирмасы 1986 жылы өзиниң хызметшилерин қайта таярлаў ҳәм оқытыўға 750 млн доллар жумсаған. Бул мақсетлерге ерисиўдиң ең жоқары қурылмасы (дәрежеси) болып профециональлық таярлық есапланады.

Ал, Японияда болса фирмалар бир хызметшиге есаплағанда Американдағы фирма-ларға қарағанда 3–4 есе көп қәрежет жумсайды. Японияда үзликсиз билим алыў өндирис процессиниң ажыралмас бөлеги болып есапланады. **Мысалы ушын**, Японияда ҳәптесине 8 саат оқыўға ажыратылса, соның ң сааты жумыс күни есабынан, ал 4 сааты болса билим алыўшының жеке өзиниң еса-бынан деп анықланған.

**АҚШ – та қәнийгеликти жетилистириў ҳәм қайта таярлаў системасы келеси көринисте бериледи:**

1. **Университет ҳәм бизнес мектеплер**. АҚШ – та 150 бундай курслар бар болып, онда ҳәр жылы 10 мың адам оқыйды. Фирмалардың бундай оқыў түрине жумсайтуғын қәрежетлери жылына шама менен 16 млряд долларды қурайды.

2. **(American Management Assosiation) Американың менеджерлер ассосациясы** жылына 2000 нан көбирек семинар ҳәм курс өткерилип, бунда 100 мыңға жақын менеджерлер (төменги ҳәм орта дәрежедеги персоналлар) оқыйды.
3. **Ассосация** 192қ жылы дүзилип, оның штат бирлигинде 900 адам ҳәм ө00 адам курс, семинар ҳәм конференциялар өткериў ушын сырттан шақырылады.
4. **Кешки курслар.** АҚШ –та 100 ге жақын болып, буларда оқыўға фирмалар есабынан төленеди.
5. **Менеджерлердиң қәнийгеликлерин жоқарылатыўды фирмалар ишинде жоқарылатыў курсы.** Мысалы ушын, «**Ксерокс**» фирмасының оқыў комплекси жылына 12 мың адам оқыта алады. Бундай комплекслер: **«ИБМ», «Вестерн электрик», «Дженерал моторс»** фирмаларында да өзлериниң оқыў программалары бойынша жумыс алып барады.
6. **Колледж, университет, оқыў орайлары жанындағы қәнийгеликти жетилистириў орайлары.** Бундай орайлар АҚШ – та 400 ге жақын (соның ишинде «ИБМ» фирмасы да киреди).
7. **«ИБМ» ҳәм «Доенерал Моторс» фирмаларында университет ҳәм бизнес мектеплер менен көп жыллық қәнийгеликти жетилистириў шәртнамалары ҳәрекет етеди.**
8. **Жумыс орнында қайта таярлаў.** Конкрет хожалық жағдайларында анализ етиў тийкарында оқып атырған жумысшылардың группасын дүзиўди талап етеди. Бундай усыллардан «ИБМ», «Дженерал Моторс», «Хьюллет-Паккард» ҳәм «Бойнг» фирмалары кеңнен қолланады.
9. **Жер жүзлик саўда-сатық Америка институтларының кешки мектеби,** бул мектеп өзиниң 3 орайында 45 курсты усыныс етеди. Сабақлар ҳәптесине 1-2 рет, улыўма 3 –тен 15 сабаққа шекем өтиледи. Бунда оқыўшылар ушын 1- курстың оқыў баҳасы 8**0$** доллардан 4**90$** долларға шекм белгиленген.

**Тийкарғы таяныш сөзлер**

**Исбилерменлик хызмети** - пайда алыў мақсетинде тәўекелшилик пенен ҳәм де нызамлар шеңберинде өз инициативасы менен әмелге асырылатуғын экономикалық хызмет.
**Акция** - бул оның ийеси шериклик жәмийети капиталына өзиниң белгили бир бөлегин қосқанлығы ҳәм оның пайдасынан дивидент формада дәрамат алыў ҳуқықы барлығына гуўалық бериўши қымбат баҳалы қағазлар болып табылады.
**Менеджмент** - кәрхананы басқарыў формасы.
**Маркетинг** - базар жағдайын үйрениў ҳәм алдын ала болжаў.
**Дивиденд** - акция ийеси өзлестиретуғын дәраматтың түри.
**Патент** -бул жеке тәртипте исбилерменлик пенен шуғылланыўға берилген гуўалық.
**Лицензия**-патенттен пайдаланыўға берилген рухсатнама.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар.**

1) Исбилерменлик хызметин тәрийплеп бериң?
2) Бизнес ҳәм исбилерменликтиң айырымашылығы неде?
3) Исбилерменликтиң формаларын ҳәм олардың қәсийетлерин көрсетиң?
5) Менеджмент ҳәм маркетингтинг мазмунын түсиндириң?

**ӘДЕБИЯТЛАР :**

1.Узбекистон Республикаси конституцияси.Т.1992 й.18-19 бетлар.
2.Узбекистон Республикасининг конуни. «Узбекистон Республикасида мулкчилик тугрисида». Узбекистон Республикаси Конун ва Фармонлар.Т.1992,1994 йиллар.
3. Узбекистон Республикасининг конуни. «Давлат тассаруфидан чикариш ва

хусусийлаштириш тугрисида».Узбекистон Республикаси Конун ва Фармонлар.Т.1992,1994 йиллар.
4. И.А.Каримов. Узбекистон XXI аср бусогасида: хавсизликка тахдид, баркарорлик шартлари ва тараккиёт кафолатлари. Т. 1997 й. 2-боб. 197-199, 245-272 бетлар.
5. И.А.Каримов. Узбекистон XXI асрга интилмокда Т. 1999 й. 33 бет.
6. М.Расулов Бозор иктисодиёти асослари. Т. 1999 й. 244-272 бетлар.
7. Ш.Ш.Шодмонов Иктисодиет назарияси Т. 2002 й. 180-205 бетлар.

## 4. Экономикалық шығынлар түсиниги, олардың түрлери ҳәм қурамы

Базар қатнасықлары жағдайында ҳәр қандай кәрхананың баслы мақсети жоқары пайда алыўдан ибарат болып есапланады.

Бул мақсетке ерисиўдиң реал мүмкиншиликлери өндирис шығынлары ҳәм сол кәрхана ислеп шығарған өнимге болған талаптың дәрежесине байланыслы. Әдетте шығынлар дегенде өним ислеп шығарыў ушын сарпланған қәрежетлер түсиниледи. Өндирис шығынларын жәмийетлик көз-қарастан ҳәм кәрхана көз қарасынан алып қараў керек. Жәмийетлик өндирис шығынлары өним өндириў ушын сарпланған толық мийнет қәрежетлерине тең болады. Ал өним өндириў ушын кәрхана есабынан сарпланған шығынлар кәрхананың өндирис шығынлары деп аталады. Марксистлик теория көз-қарасынан алып қарағанда өндирис шығынлары сол өнимди өндириў ушын сарпланған шийки зат, материал, жанылғы, хызмет ҳақы қәрежетлеринен ибарат болып табылады. Ал ҳәзирги ўақытта болса, экономистлер өндирис шығынларын ресурс-лардың шекленген-лиги менен байланыстырып көрсетеди.

**Экономикалық шығынлар** - бул фирма тәрепинен ресурсларды жеткерип бериўши-лерге төленетуғын ҳақы болып табылады.

Өндирис шығынлары **ишки** ҳәм **сыртқы** өндирис шығынлары болып бөлинеди. **Сыртқы өндирис шығынлары-** шийки зат, материал, жанылғы ушын яғный кәрхана өзи ислеп шығармайтуғын ресурслар ушын төленетуғын қәрежетлер болып табылады.

Ал, **ишки өндирис шығынларына** кәрхана ишиндеги қәрежетлер киреди. **Мысалы**, кәрхана ийеси өзине өзи хызмет ҳақы төлемейди, имәрат ушын аренда ҳақысын алмайды ямаса саўда ушын қәрежет жумсаған болса оннан процент алмайды. Бирақ фирма ийеси нормал пайда көриўи тийис. Егер ол бул пайданы алмаса, ислемегенде болар еди. Кәрхана ийеси алатуғын нормал пайда да өндирис шығынларына киреди.

Өндирис шығынларының муғдары өндирилген өнимлердиң көлемине байланыслы болады. Өндирис көлеми артса, өндирис шығынлары да көбейеди. Усыған байланыслы өндирис шығынларын **турақлы** ҳәм **өзгермели** өндирис шығынлары деп екиге бөлемиз.

**Турақлы өндирис шығынлары** - бул өндирис көлемине ғәрезсиз рәўиште жумсалатуғын қәрежетлер болып табылады. **Мысалы**, рента төлеўлери, амортизация ажыратпалары, қамсызландырыў төлемлери, басқарыўшы хызметлерге төленетуғын ҳақы ҳәм т.б. Бул қәрежетлер ҳәтте кәрханада өним ислеп шығарылмаған жағдайда да жумасалады.

**Өзгермели шығынлар деп** - өндирис көлемине қарап өзгерип туратуғын шығынларға айтылады. Оларға мәселен, шийки зат, жанылғы, транспорт, өндириў-шилерге төленетуғын хызмет ҳақы ҳәм т.б. киреди.

Турақлы ҳәм өзгермели шығынлардың жыйындысы улыўмалық өндирис шығын-ларын пайда етеди.

## 5. Кәрхананың хожалық хызметиниң нәтийжелери. Пайда нормасы ҳәм массасы

Ҳәр қандай кәрханада улыўмалық өндирис шығынлары менен бирге өнимниң бир-бирлиги есабына сарпланатуғын шығынларда есапқа алынады. Өнимлерди өндириў ушын сарпланған шығынлардың ақшалай формасы өнимниң өзине түсер қуны деп аталады. Өнимниң өзине түсер қуны шийки зат, материаллар, энергия, жанылғы, хызмет ҳақы сыяқлы бир қатар элементлерден қуралған.

Кәрхана әдетте жоқары нәтийжеге ерисиў ушын, яғный пайда алыў ушын өнимниң өзине түсер қунын арзанлатыўы керек. Өнимниң өзине түсер қунын арзанла-тыў бир неше факторларға байланыслы болады.

Ең алды менен өним өндириў ушын сарпланатуғын шийки зат, материаллардан үнемли пайдаланыў дәрежесине байланыслы болады. Өним бирлигине сарпланатуғын қәрежетлерди азайтыў арқалы өнимниң өзине түсер қунын арзанлатыўға ерисиледи.

Өнимниң өзине түсер қуны мийнет өнимдарлығынада байланыслы болады. Сондай-ақ ол кәрханада жаңа техника ҳәм технологиялардан пайдаланыў дәрежесине байланыслы жағдайда өзгерип турады.

Өнимниң өзине түсер қуны қаншелли арзан болса, кәрхананың алатуғын пайдасыда соншелли жоқары болады.

**Пайда** - бул кәрханалар ақырғы ис нәтийжелигин сәўлелендириўши ең әҳмийетли көрсеткишлердиң бир болып табылады. Ол кәрханалардың улыўма дәрамат-лылығынан улыўма шығынларды алып таслағаннан қалған бөлегине тең. Ҳәзирги ўақытта пайда категориясы байынша бир қатар анықламалар ушырасады. Олардан:

1) **Пайда** - бул өндирис факторларын пайдаланыўдан алынатуғын дәрамат.

2) **Пайда** - исбилерменлик хызмети ушын төленетуғын ҳақы.

3) **Пайда** - ойлап табыўшылық, фирманы басқарыўдағы уқыплылық ушын төленетуғын ҳақы.

ң. **Пайда** тәўекелшилик ушын төленетуғын ҳақы ҳ.т.б. Ҳәр қандай кәрхана ямаса исбилерменди алынатуғын пайданың муғдары қызықтырады.

Әлбетте, пайданың абсолют муғдарына қарай кәрхана искерлиги ҳаққында толық жуўмақ шығарыў мүмкин емес.

Толық жуўмақ шығарыў ушын пайданың қанша қәрежет сарплаў есабына алын-ғанлығын билиў керек.

Кәрханалардың алған пайдасын сарплаған қәрежетлерге салыстырыў арқалы пайда нормасы анықланады.

$$P^1 = \frac{PM}{\phi} * 100\% ё$$

Бул жерде:

$P^1$ - пайда нормасы;

$PM$ - пайданың муғдары;

Ф - сарпланған капитал.

## 6. Коммерциялық шығынлар ҳәм коммерциялық пайда

Коммерциялық тар мәнисте саўда менен шуғылланыўды көрсетеди. Коммерция ҳәр қандай искерлик сыяқлы белгили қәрежетлерди талап етеди. Саўда да ислеўшилер хызмет ҳақы алады, товарларды алып-сатыў, оларды тасып келтириў, қарыйдарға жеткерип бериў белгили дәрежедеги материаллық ҳәм мийнет қәрежетлерин талап етеди. Материаллық шығынларға имаратлар, машиналар, транспорт, амортизация, ижара ҳақы, ҳәр қыйлы материаллар, жанылғы ҳәм энергия қәрежетлери киреди.

Қәрежетлердиң үлкен бөлегин реклама шығынлары қурайды. **Мысалы**, Москвада 1980-жылы олимпияда откерилген жылы “**Кока-кола**” фирмасы реклама ушын 342 млн

доллар сарыпланған. Коммерсантлар өзлериниң дараматларынан ҳәр қыйлы салықларды төлеўди, булда шығынларға киреди. Коммерциялық шығынлар турақлы ҳәм өзгермели шығынлар болып екиге бөлинеди. **Туўрақлы шығынлар - бул коммерсант искерлиги ғәрезсиз түрде алдын ала белгилеп қойылған шығын-лардан турады, өзгермели шығынлар ҳәр қыйлы факторлар тәсиринде өзгерип турады.** Бунда баҳа тийкарғы орынды ийелейди. Қәрежетлерди қәлиплестириўши шығынлар ресурслар баҳасына байланыслы болады. Хызмет ҳақыда усындай шығынларға киреди.

Тек ғана **алыў - сатыў ислерине яғный товарларды ақшаға алмасыўға хызмет қылатуғын шығынлар нақ коммерциялық қәрежетлери деп аталады**.

Коммерциялық пайдада басқа пайда сыяқлы қосымша өнимниң бир бөлеги болып есапланады.

Коммерциялық пайда өзинде дереги ҳәм қәлиплестириў механизми бойынша ғана емес, ал өзлестириў субъектлери бойынша да ажыралады.

Коммерциялық пайданы өндириўши фирмалар өзлеринде өзлестириўи мүмкин. Бунда өз қарыйдарлары менен тиккелей байланыс орнатып, қәрежетлердиң ҳәммесин өзлери көтереди.

Саўда да дәлдалшы қатнасқанда пайданы коммерсант өзлестиреди. Коммерцияда нормал пайда, экономикалық пайда ҳәм омад пайдасы болады. Базар ушын нормал пайда болыўы шәрт, бирақ капиталлар саўдадан шығып кетпеўи ушын экономикалық пайда зәрүр ҳәм ол базарда қосымша ресурслар келиўин тәмийинлейди. Сонлықтанда базардың үзликсиз ислеп турыўы ушын баҳа ҳеш болмағанда нормал пайданы тәмийинлеўи керек. Сатыўшы бундай пайданы алыўы ушын баҳа қәрежетлерге киргизиледи. Әмелде баҳа қәрежетлери жоқары болыўы да мүмкин. Бундай жағдайда экономикалық пайда алынады. Базардағы күтилмеген пайда омад пайдасы деп аталады. Бундан пайда базарда қолайлы жағдайлар жүзеге келгенде алынады. Коммерциялық пайда нормасы ҳәр қыйлы факторлардың тәсиринде өзгерип турады.

1. Базардағы баҳаның дәрежесине
2. Саўда айланысының тезлигине
3. Алмасыў қәрежетлериниң муғдарына қарай.

Коммерциялық пайда нормасын еки усыл жәрдеминде анықлаўға болады.

**1.** $$ПН = \frac{ПМ}{К} * 100\%$$

Бул жерде:

Пн -пайда нормасы;

Қ-қәрежетлер

**2.** $$ПН = \frac{ПМ}{К} * 100\%$$

Бул жерде:

К-саўдаға қосылған капитал

**Тийкарғы таяныш сөзлер.**

**Өндирис шығынлары** - Товар ҳәм хызметлерди өндириске ҳәм тутыныўшыларға жеткерип бериўге жумсалған барлық қәрежетлер.

**Туўрақлы шығынлар** - Өндирис көлемине тәсир көрсетпейтуғын, ол өзгергендеде муғдары өзгермейтуғын шығынлар.

**Өзгермели шығынлар** -Өндирис көлеминиң өзгериўине тәсир ететуғын шығынлар.

**Пайда** - улыўмалық дәраматтан кеткен барлық шығынларды алып таслағаннан кейинги қалған бөлеги.

**Нақ коммерциялық қәрежетлери** - алыў-сатыў ислерине яғный товарларды ақшаға алмасыўға хызмет қылатуғын шығынлар аталады.

**Тәкирарлаў ушын сораўлар.**

1. Экономикалық шығылар деген не?
2. Кәрхана пайдасы қалайынша анықланады?
3. Пайда нормасы деген не ҳәм ол қалайынша анықланады?
4. Пайданың муғдарына тәсир көрсетиўши қандай факторларды билесиз?
5. Коммерциялық шығынларды мысалларда түсиндириң?

ӘДЕБИЯТЛАР:

1.Узбекистон Республикасининг конуни. Узбекистон Республикасида мехнатни мухофаза килиш тугрисида. Узбекистон янги конунлари. Т. 8-том 1994 йиллари.
2. «Узбекистон Республикасида мулкчилик тугрисида». Узбекистон Республикаси Конун ва Фармонлар.Т.1994 й.
3. «Узбекистон Республикасида банкротлик тугрисида». Узбекистон янги конунлари Т. 1997 й.
4. И.А.Каримов. Узбекистон иктисодий ислохотларни чукурлаштириш йулида. Т. 1995 й. 183-184 бетлар.
5. И.А.Каримов. Узбекистон XXI асрга интилмокда. Т. 1999 й. 34 бет.
6. Ш.Шодмонов Иктисодиёт назарияси Т. 2002 й. 10-11 боблар, 205-226 бетлар.
7. Н.Бекназов, Ю.К.Йулдошев Бозор иктисодиёти назарияси. Т. 1993й.30-41 бетлар.

## 9 -1. - тема: Аграр қатнасықлар ҳәм агробизнес

### 1. Аграр қатнасықлар ҳәм олардың өзгешеликлери

Экономикалық нызам ҳәм категориялар экономиканың барлық тараўларында әмел қылады. Бирақ ислеп шығарыў тараўларының өзине тәнс өзгешеликлери, олардағы социал - экономикалық шараятлар турлише болғанлығы себепли, экономикалық қатнасықлар ҳәм өзине тәнлиги менен ажыралып турады. Әсиресе, бундай өзине тәнлиги аграр тараўындағы экономикалық қатнасықларда анық көринеди. Себеби, бул тараўда ислеп шығарыў басқа тараўлардағы ислеп шығарыўдан көп тәрептен ажыралып турады.

Аграр тараўда жәмият ушын зәрүр болған азық - аўқат өнимлери ҳәм санаат тараўлары ушын шийки зат ислеп шығарылады. Улыўма алғанда, аўыл хожалығы экономиканың тийкарғы тараўы есапланады. Әсиресе, республикамызда аграр тараўда ислеп шығарыў муғдары, халықтың бәнтлиги, экспорт қуўаты бойынша экономиканың ири тараўы есапланады. Соның ушын халықтың турмыс дәрежеси оның параўанлығы, сондай-ақ, экономиканың басқа тараўларының раўажланыўы ҳәм тек ғана аграр тараўының жағдайы ҳәм оның раўажланыў дәрежесине байланыслы. Республикамыз Президенти И.А.Каримов айтып өткениндей, «**Республика санаатының көпшилик тараўларын, соның ишинде, пахта тазалаў, тоқымашылық, жеңил санааты, азық - аўқат, химия санаатын, аўыл хожалығы машинасазлығын ҳәм басқаларды (олар пүтин санаат потенциалының ярмына жақынын қурайды) раўажландырыў переспективалары, олардың қурамалы өтиў дәўириндеги экономикалық, финанслық жағдайы туўрыдан - туўры аўыл**

**хожалығына байланыслы**». ([4].226 бет). Соның ушын аграр сиясат мәмлекетимиз экономикалық финанслық сиясатының тийкарғы бууыны есапланады.

Ауыл хожалығында ислеп шығарыу көп тәрептен жер менен байланыслы. Соның ушын жерге ийелик етиу, бийлик етиуди шөлкемлестириу ҳәм оннан пайдаланыу менен байланыслы болған қатнасықлар аграр қатнасықлар делинеди. Бул қатнасықлардың **объекти** - жер, субъекти болса жер ийелери есапланады. Республикамызда жер мәмлекет мүлки болып, ол узақ мүддетке пайдаланыуға тапсырылады. Жерди қандай да бир уақыттқа ижараға бериу арқалы товарға айланыуы жерде ҳәр қыйлы мүлкшиликтиң пайда болыуы, жердиң исбилерменлик объекти болыуы, жердиң гиреуге қойылыуы, жерге рента түринде пул өндирилиуи агробизнестиң арнаулы хызмет түрине айланыуы базар менен байланыслы.

Ауыл хожалығында тәкирар ислеп шығарыудың басқа тарауларлардағы ислеп шығарыудан және бир парқы сонда, ауыл хожалығында ислеп шығарыу процесси туурыдын - тууры тири жанзатлар, яғный жер, өсимлик дүньясы ҳәм шаруа маллары менен байланыслы болады. Бул болса өз нәубетинде экономикалық нызамларды тәбийий нызамлар менен тығыз байланыслы болыуын аңлатады. Соның ушын ауыл хожалығында ислеп шығарыу еки жақлама характерге ийе дейиледи, яғный биринширден, бул экономикалық процесс болып, инсан мийнетиниң нәтийжесинде жүз береди; екиншиден, тәбийий биологиялық процесс болып, өним жетистириуди тәбийий факторлар болыуы климат шараяты, ҳауа - райының жағдайы, топырақтың тәбийий қәсийетлерине байланыслы. Соның менен бирге ауыл хожалығындағы өзине тән өзгешеликлерден және бири жердиң жеке ислеп шығарыу қуралы екенлиги есапланады, яғный бунда жер ҳәм мийнет қуралы, ҳәм мийнет предмети сыпатында қатнасады, ислеп шығарыу процессинде болса жерден пайдаланыу дәуринде ол желинбейди ҳәм тозбайды, ауыл хожалығында ислеп шығарыу процессиниң мәусимлик характерге ийе. Бул болса ауыл хожалығында бәнт болған ислеп шығарыу қуралларынан пайдаланыуды да мәусимге байланслы етип қояды. Жоқарыда көрсетип өтилгениндей жер ауыл хожалығында тийкарғы ислеп шығарыу қуралы есапланады. Лекин ҳәр қандай экономикалық ресурс уқсаған ол шекленген болып, оны ислеп шығарыу мүмкин емес. Жердиң пайдалылығын асырыу ушын оған сарп етилген инвестиция қаржылары тийкарында өнимниң өнимдарлығын көбейтиу мүмкин.

Жерге хақы төлеу менен мәлим мүддетте пайдаланыу есабынан келип шығатуғын экономикалық байланыслар ижара қатнасықлары дейиледи. Жер ийеси ижараға бериуши, жерге төгин бериуши болса ижараға алыуушы есапланады ҳәм олар ортасындағы ҳәм экономикалық қатнасықлар ижара келисими арқалы беккемленеди.

Белгиленген мүддет ишинде, келисилген қунда жерден пайдаланылғанлығы ушын төлейтуғын хақы ижара хақы дейиледи.

Ижара ҳақы менен жер рентасы бир – биринен парқ қылады. Ижара хақы тек ғана ижара алған жерден емес, бәлки сол жердеги мийуели тереклерден, тийкарғы ҳәм жәрдемши имарат ҳәмде жайлар қунын ҳәм өзиде сәулелендиреди. Жер рентасы болса жерден пайдаланғаны ушын жер ийесине төленетуғын ҳақы болып есапланады. Жер рентасы ижара ҳақыны белгилеу ушын тийкар болады. Оның қуны төмендеги факторларға байланыслы:

1. Жердиң тәбийий өнимдарлылығы;
2. Жердиң тутыныуушыларға қарай жайласыуы;
3. Оған сарп етилген материаллық ҳәм мийнет ресурсларына кеткен қәрежет муғдары.

Жер рентасы жер ийелигиниң экономикалық жақтан әмелге асырыу, яғный реализациялау шәрти болып, ол абсолют рента, дифференциал (группаларға ажыратылған) рента ҳәм монопол рента түринде сәулеленеди.

**Абсолют жер рентасы.** Жер майданларының шекленгенлиги себепли, ижараға берилетуғын барлық жер участкаларының сапасынан қаттий нәзер, жерден пайдаланылғанлығы ушын төленетуғын ҳақы абсолют жер рентасы дейиледи. Бул рентаның

жүзеге келиў механизми соннан ибарат, жер ийелери жерди ислеўши ижарашыларға пайдаланыў ушын ижараға береди ҳәм олардан пайдалағанлығы ушын төлем алады. Егер жер ижараға берилгенде сол жерде ҳәр түрли иморатлар, жайлар қурылған болса, олардың ижара ҳақы айрықша дара ҳалында есапланады.

**Дифференциал рента. Жер участкаларының өнимдарлығы ҳәм жайласқан орнындағы өзгешеликлер нәтийжесинде жүзеге келетуғын қосымша бир бөлеги рента формасын алады ҳәм ол дифференциал рента деп аталады.** Дифференциал рента жердиң сапасына қарап алынатуғын абсолют рентадан артықша болған бөлеги есапланады. **Дифференциал рента** өзиниң келип шығыў шараятларына қарай **дифференциал рента - I** ҳәм **дифференциал рента - II** ге бөлинеди.

**Дифференциал рента - I** жердиң тәбийий өнимдарлығы яки жер участкасының базарға, қалаға ҳәм орайлық жолларға қарағанда жақынырақ жайласқанлығына, яғный өнимди тутыныўшыға жеткериў, қосымша сарп – қәрежетти талап етпейтуғын яки кем сарп – қәрежет кететуғын жерлерден алынады. Басқаша айтатуғын болсақ жаман яки тутыныўшыға қарағанда узақ жерлердеги қәрежетлер менен басқаша сапалырақ яки тутыныўшыға биринoccupations жақынырақ жердеги қәрежетлер ортасындағы айырмашылық **дифференциал рента - II** ни пайда етеди. Бул мазмуны жағынан экономикалық пайданың бир түри болып, жер ийелерине тийисли болғаны ушын рентаға айланады.

Таблицада берилгениндей, жаман жерге сарпланған индивидуал ислеп шығарыў баҳасы да 250 сўмди пайда етеди, жаратылған өнимниң социал қуны (базар баҳасы) ҳәм 250 сўм. Демек, бундай жағдайда **дифференциал рента** - I - 0 ге тең. Екинши жер майданы орташа болғаны ушын оған сарпланған индивидуал мийнет пенен социал мийнет қәрежети 50 сўмға, жақсы жерлерде болса 125 сўмга тең. Әсиресе, мине усы айырмашылық (50 ҳәм 125 сўм) **дифференциал рента - I** болып, ол жер ийесине тийеди.

1-таблица

**Дифференциал рента- I диң пайда болыўы**

| | Жер сапасы | Жер майданы (га) | Ислеп шығарыў қәрежелери (сўм) | 1 га жерден алынатуғын өнимдарлық (ц) | Жеке тәртипте ислеп шығарыў баҳасы | Социал ислеп шығарыў баҳасы (сўм) | Дифференциал рента |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Жаман | 1 | 1000 | 4 | 250 | 250 | 0 |
| 2 | Орташа | 1 | 1000 | 5 | 250 | 250 | 50 |
| 3 | Жақсы | 1 | 1000 | 8 | 125 | 250 | 125 |

Жердиң өнимдарлығын көбейтиў мақсетинде жерге қосымша сарп-қәрежет сарпланады. Бул дифференциал рента- II ни береди. Яғный экономикалық өнимдарлық (қосымша материаллық қәрежетлер арқалы жердиң өнимдарлығын асырыў) есабынан алынған дарамат дифференциал рента- II ниң пайда етеди.

2-таблица

**Дифференциал рента- II ниң пайда болыў**

| | Жер сапасы | Жер майданы (га) | Ислеп шығарыў қәрежелери (сўм) | 1 га дан алынатуғын өнимдарлық (ц) | Қосымша ислеп шығарыў қәрежетлери (сўм) | 1 га жерден алынған қосымша өнимдарлық (ц) | 1 га жерден алынған улыўма өнимдарлық (ц) | Жәми қәрежет (сўм)а | Қосымша өнимдарлы өним ислеп шығарыў қуны (сўм) | Қосымша өнимдарлы өним сатыў баҳасы (сўм) | Дифференциал рента |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 3 | Жақсы | 1 | 1000 | 8 | 400 | 6 | 14 | 125 | 100 | 250 | 150 |
| 1 | Жаман | 1 | 1000 | 4 | 0 | 0 | 4 | 1000 | 250 | 250 | 0 |
| 2 | Орташа | 1 | 1000 | 5 | 200 | 3 | 8 | 1200 | 150 | 250 | 10 |

**Монопол рента.** Рентаның бул түри айрықша климат шараятларына ийе болған, ол аўыл хожалық өндирисинде айырым кем ушрасатуғын өним жетистирилетуғын жер ушын оның ийесине төленетуғын хақы есапланады. Айрықша климат шараятын талап ететуғын өнимлер монопол баҳаларда сатылады. Бул баҳа оларды ислеп шығарыўға кеткен қәрежетлерден соншелли жоқары болады, нәтийжеде жер ийелери монопол рента алады.

Жоқарыда тоқталып өткенимиздей, жер ҳәммеге тийисли ресурс болып, оннан тек ғана аўыл хожалығы өнимин жетистистириў ушын пайдаланылмайды, бәлки өндирис санаатта да қазылма байлықлар ислеп шығарылады. Тәбийий, бул ҳалда да қосымша дарамат алынады. Бул дарамат өндирис санаатта да рента деп аталады. Пайдалы қазылмалардың жайласыўы, оларда ислеўиниң қолайлы яки қолайлысызлығы, кәнниң байлығы жағынан да қазылма кәнлери бир–биринен айырылып турады. Демек, олардан алынатуғын дараматда ҳәр түрли болады, орта ҳәм жақсы кәнлердеги кәрханалар қосымша пайда алады ҳәм бул пайда да дифференциал рентаға айланады.

Базар экономикасы шараятында жер тек ғана ижараға берилмей, бәлки алды–сатты обьекти де бола алады. Жер аўыл хожалық өнимлерин жетистириў, тәбийий қазылма байлықларын қазып алыў, ҳәр түрли ислеп шығарыў ҳәм турақ-жай имаратларын, жоллар қурыў ушын сатып алынады. Лекин жер мийнет жемиси болмағаны ушын ол алмасыў қунына ийе емес. Соның ушын жер иррационал баҳаға ийе. Жер участкасының ийеси оны сатыўдан алынған сумманы банкке қойғанда, процент тәризинде ол келтиретуғын дәрамат сол жер участкасынан алынатуғын рентадан кем болмаған тәғдирде ғана жерди сатады. Яғный жердиң баҳасы капиталласқан рента болып ол бириншиден, жер участкасы ийеси алыўы мүмкин болған жер рентасы муғдарына, екиншиден, ссуда проценти нормасына байланыслы. Жер баҳасы төмендегише анықланады:

$$\textbf{Жб} = (\textbf{Жр} / \textbf{П})^{*}\ 100\%$$

бул жерде: Жб – жердиң баҳасы;

Жр– жер рентасы;

П – банклерде төленуғын процент.

Жердиң баҳасы рента муғдарына туўры, ссуда процентине болса кери қатнаста. Рента муғдары өсип, ссуда проценти нормасы пәсейип барғанда жердиң баҳасы өсип барады, жер баҳасының өзгериўине басқа факторлар да тәсир етеди. **Мәселен**, инфляция ҳәм гиперинфляция шараятында жерге талап өседи, яғный оның баҳасы артады.

## 3. Агробизнес ҳәм оның Өзбекистандағы көриниси

Бизиң республикамызда, жоқарыда айтып өткенимиздей, аўыл хожалығы экономиканың тийкарғы, жетекши бөлеги есапланады. Соның ушын аўыл хожалығын раўажландырмай турып, пүтин экономикалық реформаларды нәтийжели даўам еттириў мүмкин емес. Буған ерисиў ушын аўыл хожалығыда ҳәм исбилерменликти кең раўажландырыў керек. Исбилерменлик хызметиниң аўыл хожалық тараўларындағы формасы агробизнес формасында көринеди. Агробизнес дегенде аўыл хожалығы тараўындағы бизнес түсиниледи ҳәм ол базар системасының қурамлы бөлеклеринен бирин қурайды. Агробизнес аўыл хожалығына техникалық, ремонтлаў, хызмет көрсетиў, оның өнимлерин қайта ислеў ҳәм тутыныўшыларға жеткерип бериў менен байланыслы болған исбилерменлик хызмети болып, оның мақсети тутыныў базарын жетерли муғдарда сапалы аўыл хожалық өнимлери, санаатты болса шийки зат пенен үзликсиз тәмийнлеў арқалы пайда көриўден ибарат.

Өзбекистанда **агробизнес агросанаат комплекс** көринисинде раўажланады. **АСК** төрт тараўды өз ишине алады:

**Биринши тараў** – аўыл хожалығына ислеп шығарыў қуралларын жеткерип беретуғын санаат тараўлары ҳәм аўыл хожалығына техника хызметин көрсетиў менен бәнт болған тараўлар.

**Екинши тараў** – аўыл хожалығы кәрханаларының өзи.

**Үшинши тараў** – аўыл хожалығы өнимлерин тутыныўшыға жеткерип бериўди тәмийинлейтуғын тараўлар (қайта ислеў, таярлаў, сақлаў, тасып бериў ҳәм сатыў).

**Төртинши тараў** – инфраструктура, яғный агросанаат көлеминде хызмет етип атырған адамлардың ислеп шығарыў ҳәм жасаўы ушын зәрүр шәрт - шараятларды тәмийинлеп беретуғын тараўларды, яғный жол - транспорт хожалығы, байланыс, материаллық техника хызмети, өнимди сақлаў системасы, склад ҳәм тара хожалығы, мәдений турмыслық хызмет, саўда, үй - жай, улыўма аўқатланыў ҳәм тағы басқаларды өз ишине алады. Ол өзиниң әҳмийетине қарай, ислеп шығарыў ҳәм социал инфраструктураға бөлинеди. Ислеп шығарыў инфраструктурасы тек ғана ислеп шығарыўға хызмет қылатуғын, социал инфраструктура болса, адамлардың турмыс кешириў хызметиниң улыўма шараятларын тәмийинлейтуғын тараўларды өз ишине алады.

Президентимиз И.А. Каримов инфраструктура искерлигине баҳа берип, «**Аўылды жаңалаў ҳәм қайта қурыў иләжлары системасында ислеп шығарыў ҳәм социал инфраструктураны жедел раўажландырыў жүдә үлкен әмийетке ийе**» ([4],239 бет) деп айтып өткен.

Агробизнестиң тийкарғы ҳәм бирлемши түри бул фермер ҳәм дийхан хожалықлары есапланады. Олар киши бизнестиң көриниси болып, туўрыдан - туўры аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарады. Бул хожалықлар өзиниң жерлеринде яки ижараға алынған жерде ис жүритип, мүлк ийеси ҳәм ис жүритиўши фермердиң өзи ҳәм шаңарақ ағзалары есапланады. Бунда мүлк ҳәм мийнет туўрыдан - туўры қосылып кетеди, бул болса жоқары нәтийже бериўге имканият жаратады. Фермер - дийхан хожалықлары ғәрезсиз дүзилме болғанлығы себепли базар конъюнктурасына тез масласады. Бунда экономикалық мәпдарлық жоқары болғанлығы ушын фермерлер жуўапкершилик пенен ислейди.

Республикамызда фермер хожалықларын раўажландырыў ушын ҳәм ҳуқуқый, ҳәм шөлкемлестириўшилик шәрт–шараятлар жаратылған. **Мәселен,** фермерлерге ажыратылған жерлерди мийрас етип қалдырыў шәрти менен узақ мүддетке алыў ҳуқуқы нызам тәрепинен кепилликке алынған.

Нәтийжеде дийхан - фермер хожалықлары саны жыл сайын артып бармақта.

**Экономикамызда жүз берип атырған унамлы өзгерислерди айқын көз алдымызға келтириў ушын төмендеги цифрларды келтирип өтпекшимен.**

Егер буннан он жыл бурын, яғный 2000-жылда елимиздиң жалпы ишки өниминде санааттың үлеси тек 14,2 процентти қураған болса, 2010-жылда бул көрсеткиш 24 процентти, аўыл хожалығының үлеси болса, 30,1 проценттен 17,5 процентке қысқарды.

2010-жылда аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыў 2009-жылға салыстырғанда 6,8 процентке, 2000-жылға салыстырғанда болса, 1,8 есеге асқаны да усыны көрсетеди.

Бизиң бул бағдардағы ең үлкен табысымыз жалпы ишки өним қурамында киши бизнес ҳәм исбилерменликтиң үлесиниң көбейиўине және елимиз экономикасын раўажландырыўда оның ролиниң сезилерлик дәрежеде артқанында көринбекте.

2000-жылда ЖИӨ ниң дерлик 31 проценти экономиканы жедел раўажландырып атырған усы секторының үлесине туўра келген болса, 2010-жылда бул көрсеткиш 52,5 процентти қурады.

Кәрханалар арасында кооперациялық байланыслар беккемленбекте, бул процесске киши кәрхана ҳәм жеке бизнес субъектлери барған сайын кең тартылмақта.

2010-жылда өткерилген Халықаралық санаат ярмакасы ҳәм коопеpрациялық биржаға дүньяның 51 елинен 700 ден аслам шет ел фирмалары ҳәм компанияларының ўәкиллери қатнасты, 500 ден аслам жаңа түрдеги өним өрсетилди, Куны 2 триллион 600 миллиард сўмлық сумлық шәртнамаларға қол қойылды.

Өткен жыл даўамында киши бизнес субъектлерине ажыратылған кредитлердиң көлеми 14 есе көбейди ҳәм 2 триллион 700 миллиард сўмды қурады. Соның ишинде, микрокредитлердиң көлеми 485 миллиард сўмнан асып, бул көрсеткиш 2009-жылға салыстырғанда 1,5 есе көбейди.

Аўыл хожалығын реформалаў, фермер хожалықларына бекитилген жер участкаларын оптималластырыў, пахта ҳәм ғәллениң сатып алыў нырқларын арттырыў бойынша әмелге асырылып атырған избе - из ислер нәтийжесинде **экономикамыздың аграрлық секторында структуралық сапа өзгерислери жүз бермекте.**

Пахта ҳәм ғалле сыяқлы стратегиялық әҳмийетли аўыл хожлығы егинлери менен бир қатарда, мийўа-овошь, шарўашылық, қус өсириўшилик ҳәм балықшылық салаларында да өндирис көлеми сезилерли дәрежеде өсти, қайта ислеў тармақлары ҳәм ишки базарды сүт, гөш, картошка овошь сыяқлы ең әҳмийетли азық-аўқатлық ҳәм басқа да аўыл хожалығы өнимлери менен жәёне де көбирек толтырыў ушын беккем шийки зат базасы жаратылмақта.

Тек 2010-жылдың өзинде жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаўға қаратылған жойбарларды әмелге асырыў ушын 150 миллиард сўмнан аслам қаржы қаратылады ҳәм бул 724 километрлик коллектор-дренаж тармақларын, 208 милоративлик қудықларды қурыў реконструкциялаў, дерлик 14 мың километрлик коллектор-дренеж системасын оңлаў, қайта тиклкеў ҳәм 335 заманагой мелиорация техникасын сатып алыў имканиятын береди.

Қашқадәрья, Бухара, Наўайы, Сурхандарья, Сырдәрья, Жиззақ ўәлаятлар, сондай-ақ, Орайлық Ферғана аймағы ҳәм Қарақалпақстан Республикасында ирригация және мелиорация қурлысларын қайта тиклеў ушын 2010-жылда халық-аралық финанс институтларының 62 миллион доллардан аслам қаржылары тартылды ҳәм өзлестирилди.

Әмелге асырылған әне усындай кең көлемли ислер нәтийжесинде 260 мың гектар суўғарылатуғын жердиң мелоративлик жағдайы жақсыланды ҳәм бул аўыл хожалығы егинлериниң зүрәәтлигин, фермер ҳәм дийхан хожалықларының дәраматын арттырыў ушын беккем тийкар болып хызмет етпекте.

Бунда, бәринен бурын, жерлердиң өнимдарлығын арттырыўға айрықша итибар қаратыў тийис. Бул бағдардағы ислердиң көлеми жыл сайын кеңейип атырғанына қарамастан, суўғарылатуғын жерлердиң ҳәзирги мелиоративлик жағдайы үлкен тынышсызланыўшылық туўдырып атырғанын айтыў керек.

Ҳәзирги ўақытта елимизде жәми суўғарылатуғын жерлердиң дерлик 49 проценти ҳәр қыйлы дәрежеде шорланған болып, бунның дерлик 18 проценти күшли ҳәм орта дәрежеде шорланған жерлер, 23 проценттен асламы болса бонитети төмен жерлер қатарына киреди. Мелоративлик жағдайы қанаатландырарсыз жердиң үлкен бөлеги Қарақалпақстан Республикасы, Хорезм, Бухара, Жизхақ ҳәм Ферғана ўәлаятларына туўра келеди.

Шарўашылық саласын алатуғын болсақ, бул тараўда иске қосылған үлкен имканиятлар бар екенлигин атап өтиў орынлы болады. Салыстырыў ушын төмендеги бир мысалды келтиремен: Дания ҳәм Қубла Кореяда сүт саўып алыў бойынша орташа көрсеткиш 8 - 9,5 мың килограмды, Венгрия, Германияда болса 6 - 7 мың килограмды қурап атырған бир ўақытта, бизде соңғы бес жылда бул көрсеткиш 1,7 мың килограм дәрежесинде сақланып қалмақта.

Бул жерде гәп тек өзине тән ықлым шаараятлары менен ғана емес, ал ең тийкарғы мәселе болған заманагой технологиялардан пайдаланыў менен байланыслы екенин, түсиниў қыйын емес.

Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиги заманагой агротехналогияларды үйрениў ҳәм әмелде енгизиў менен күтә шынтлап шуғылланыўы, селекция ислерин және де

жетилистириў ҳәм аўыл хожалығы өндирисиниң өнимдарлығын арттырыў бойынша анық илажлар комплексин ислеп шығарыў зәрүр.

Агробизнес түрлеринен бири агрофирмалар есапланады. Олар мәлим түрдеги аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў ҳәм оны санаат усылында қайта ислеўди қосып алып баратуғын кәрханалар есапланады. Олар ҳәм аўыл хожалығы, ҳәм санаатқа мас ресурслардан пайдаланып, тутыныўға таяр болған өним жаратады. Және соны айрықша атап өтиў лазым, агрофирмалар фермер хожалықлары уқсаған бирден-бир индивидуал жеке мүлкке тийкарланбаған, оларда ғәрезсиз индивидуал мүлк пенен биргеликте улыўма–кооператив мүлкте болады.

Агросанаат бирлеспелер ҳәм комбинатлары агробизнестиң жаңа түрлери есапланады. Олар бир түрдеги өним яки бир неше түрдеги ислеп шығарыў хызмети менен пайдаланыўшы бир неше хожалық ҳәм де кәрханаларды бирлестиреди. **Мәселен,** бағшылық ҳәм жүзимгершилик пенен шуғылланыўшы хожалықлар, олардың өнимин қайта ислеўши цех ҳәм заводлар, жеткерип бериўши саўда тараўлары бир технологиялық процесске бирлесип биргеликте искерликти (хызметти) әмелге асырады. Бундай бирлеспе қатнасыўшылары ислеп шығарыў, хожалық ҳәм финанслық ғәрезсизликти сақлап қалыўы менен бирге, олардың улыўма мүлки ҳәм өнимлерин жетистириў, қайта ислеў ҳәм тутыныўшыларға жеткерип бериўге шекем барлық технологиялық процесслерге хызмет қылыўшы хожалық ҳәм кәрханалардың мәлим территориядағы бирлесиўи болып табылады.

Жоқарыда айтып өтилгениндей, елимизде алып барылып атырған экономикалық реформалардың ишинде аўыл хожалығы ҳаққындағы реформалар тийкарғы орынды ийелейди. Бул ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов «**Аўылда базар қатнасықларының раўажланыўына, дийханның мүлкдарлық сезимин қайта тиклеўге жерди мийрас етип қалдырыў ҳуқуқы менен өмиринше пайдаланыў ушын берип қойыў арқалы ерисиледи. Ең тийкарғысы аўылда хожалық жүритиўдиң ҳәр бир дийханға мәпдарлық пенен еркин мийнет етиў, өз мийнетиниң нәтийжелерин ғәрезсиз тәсеўир етиў имканын беретуғын қуралды жаратыўдан ибарат**», деген еди ([4] ,228 бет). Аўыл хожалығының өзи аўыллық жерлерде жасап атырғанлардың ҳәммесин жумыс пенен тәмийинлей алмайды. Аўыл хожалық ислеп шығарыўға жоқары нәтийжели индустриал усыллар, алдынғы агрохимия усыллары жағдайы әсте енгизилмекте. Мийнет өнимдарлығы төмен дәрежеде.

Сол себепли аўыллық жерлерде ҳәм заманагөй технологияға ийе кәрханалар ашыў есабынан жумыс орынларын пайда етиў тийкарғы ўазыйпа есапланады. Биз өз жуўапкершилигимизге аўылда улыўма жаңа тараўларды ислеп шығарыў ҳәм социал инфраструктураны пайда етиў ўазыйпасын алғанбыз. Бул болса аўылдың көрнисин, турмыс мәдениятын өзгертиўге имкан туўылады. Бул мәмлекетте социал - сиясий шараятты турақластырыўға жәрдем береди. ([4] ,580-581 бетлер)

**Тийкарғы түсиниклер:**

Аграр қатнасықлар, ижара қатнасықлары, ижара хақы, жер рентасы, абсолют рента, дифференциал рента - I , дифференциал рента - II, монопол рента, санаат рентасы, жердиң баҳасы, агробизнес, агросанаат комплекси, агросанаат, агрофирмалар.

## 10– тема: Жәмийетлик ислеп шығарыўдың дәўирлиги. Жумыссызлық ҳәм инфляция.

### 1. Жәмийетлик ислеп шығарыўдың әҳмийети

Экономика ушын ислеп шығарыў бирлемши болып үстинликке ийе. Ислеп шығарыў дегенде тек ғана өнимлерди емес, бәлки адамлардың талап - мүтәжликлерин қанатландырыўшы ҳәр қыйлы хызметлерди жаратыўды ҳәм түсиниледи. Теорияда ислеп шығарыў өндирис ушын зәрүр болған факторлар, яки ислеп шығарыўшы күшлер ҳәм олардың жоқары нәтийже менен ислетилиўин тәмийинлеўши экономикалық шәрт-шараят (қатнасықлар) ҳәмде олардан келип шығатуғын дүзилиси баян етиледи. Экономикада өндирис кең мәниске ийе. Адамлардың мүтәжликлерин қанаатландырыўға қаратылған искерлик өндирис есапланады.

**Улыўма өндирис – бул ислеп шығарыўдың оның өзине тәң жәмийетлик түрлерине байланыслы болмаған тийкарғы ҳәм улыўма белгилериниң жыйындысынан ибарат.** Жәмийетлик ислеп шығарыў процессиниң раўажланыўы инсаният мәдениятын жоқарыға қарай раўажланыўының материаллық тийкары болып есапланады. Ислеп шығарыў анаў мынаў ҳәрекет емес, ислеп шығарыў бул үзликсиз процесс есапланады. Ислеп шығарыў процессинде товарлар көлеми, ҳәмде оның қуны да артып барады.

Ислеп шығарыў процесси еки түрге бөлинеди: **материаллық ислеп шығарыў процесси** ҳәм **материаллық емес ислеп шығарыў процесси**. Материаллық ислеп шығарыў процесси жәмийеттиң раўажланыў келешеги ушын зәрүр болған шийки зат ҳәм ҳәр түрли ислеп шығарыўшы тараўлар, санаат, қурылыс, транспорт, аўыл хожалығы, коммунал хожалығы, турмыслық хызмет ҳәм басқа да тараўлардан турады. Материаллық емес ислеп шығарыў материаллық емес өнимлер, яғный руўхый қәдриятлар, материаллық емес хызметлер көрсетилетуғын ден саўлықты сақлаў, билимлендириў ҳәм басқада соған уқсас тараўлардан турады.

Ислеп шығарыў қатнасықлары адамлар ортасында материаллық өнимлерди ислеп шығарыў, бөлистириў, алмастырыў ҳәм тутыныў процессинде жүзеге келетуғын қатнасықлар есапланады. Олар ҳәр түрли системаларда өзине тән белгиге ийе болып, өз-ара өзгешеленеди.

### 2. Экономикалық раўажланыўдың дәўирлиги. Экономикалық цикл ҳәм оның басқышлары

Тарийхый тәжрийбе соны көрсетеди, ҳеш қайсы мәмлекетте экономикалық раўажланыў бир тегис болмайды. Ол дәўирлик характерге ийе болып, экономикалық өсиў изинен бәрқулла кризис келип турады. Экономикалық әдебиятларда экономикалық дәўирге (циклге) төмендегише анықлама бериледи: «**Дәўирлик – бул мүлкшилик хожалықлар ҳәм жер жүзлик хожалығын бир пүтин ҳалда ҳәрекет етиўиниң улыўма түри …экономикалық динамиканың ең тийкарғы факторы, микроэкономикалық теңсалмақлылықтың анықлаўшылардан бири... прогрессив раўажланыўдың түри**»

«**Экономикалық цикл экономикалық раўажланыў дәрежесиниң избе-из көтерилиўи ҳәм түскинликке түсиў процесси болып табылады**». Демек, экономикалық дәўир бул раўажланыўдың түри болып, экономиканың бир кризистен екинши кризиске шекем болған ҳәрекет дәўирин өз ишине алады. Дәўирлер даўамлылығы түрлише, яғный қысқа ҳәм узын болыўы мүмкин. Соның ушын «узын толқынлар» ҳәм «**қысқа толқынлар**» дәўири менен өзгешеленеди. Узын толқынлар дәўири 40-60 жыллық дәўрин өз ишине алады. «**Узын толқынлар**» теориясына Уллы Британиялы Х.Кларк тийкар салған. Ол 1847-жылда 1793 ҳәм 1847 жыллардағы кризислер ортасында 54 жыллық айырмашлыққа итибар берди ҳәм тосынарлы емес, бул процесс обьектив тийкарланған, деген жуўмаққа келди.

Жоқарыда тоқталып өтилетуғын экономикалық дәўир (цикл)де ислеп шығарыўдың бир экономикалық кризистен екиншиси басланғанға шекем тәкирарланып туратуғын ҳәрекети түсиниледи.

Буны схематик көринисте төмендегише сәўлелендириўимиз мүмкин.

**Миллий ислеп шығарыўдың реал көлеми**




**1-сүўрет. Экономикалық цикл фазаларының классик жақтан сәўлелениўи.**

**У** – жыллар;

**Х** – миллий ислеп шығарыўдың реал көлеми;

**А** – өткен ислеп шығарыў циклының ең жоқары көлеми;

**Б** – ислеп шығарыўдың ең кем пәсейиў точкасы;

**АБ**- кризис дәўиринде ислеп шығарыўдың пәсейиў көлеми;

**БС**- турғунлық ҳәм жанланыў басқышларының экономикалық раўажланыўы;

**Д** – басқыштың жоқары точкасы;

**СД** – раўажланыў басқышының экономикалық раўажланыўы.

Экономикалық дәўир (цикл) кризис, турғынлық, жанланыў, раўажланыў қусаған басқышларын өз ишине алады. Бул басқышлар экономикалық дәўир фазалары делинеди. Фазалардың ҳәр биринде нәўбетиндеги фазаға өтиў ушын шараят жүзеге келеди. Енди фазаларды дара ҳалында көрип шығамыз. Айырым ўақытлары жәмийетлик ислеп шығарыў ҳәрекетинде пайда болып туратуғын үзилис, яғный экономикалық турақсызлық экономикалық кризис деп аталады. Оның еки түри өзгешеленеди:

**1. Артық товар ислеп шығарыўдан жүзеге келетуғын кризис.**

**2. Ислеп шығарыўды қысқартырыў нәтийжесинде жүзеге келетуғын кризис.**

Кризис дәўиринде ислеп шығарыўдың қысқарыўы, баҳалардың турақлы болмаўы, жумыссызлар санының артыўы, ис ҳақының пәсейиўи, халық (мийнеткешлер) турмыс дәрежесиниң төменлеўи уқсаған жағжайлар жүзеге келеди. Кризис басқышында товарлар халықтың сатып алыў қәбилети менен белгилениўши талабына қарағанда артықша ислеп шығарылғанлығы ҳәм сатылмай қалып атырғанлығыда анық сәўлеленеди, баҳалар пәсейип кетеди, пайда муғдары төменлейди, ислеп шығарыў көлеми қысқарады. Буның нәтийжесинде жумыссызлар саны көбейеди, ис ҳақы пәсейеди, кредитке талап артады, процент көтериледи, банклердеги қойылмалар массалық түрде қайтарып алынады.

Кризистен кейин турғынлық фазасы басланады. Бул басқышта ислеп шығарыўдың төменлеўи тоқтайды, ол турғынлық ҳалатында турады. Товарларды базарда жүдә төмен баҳаларда сатыў басланады. Бос пул капиталы жүзеге келип, процент төменлейди. Бул жанланыў басқышы ушын шараятты жүзеге келтиреди. Жанланыў басқышында ислеп шығарыў аяққа турып алады. Ислеп шығарыўдың көлеми әсте-ақырын кризистен алдынғы дәрежесине жетеди, баҳалар көтериледи, пайда муғдары артады, жанланыў фазасының орнын раўажланыў көтерилиў фазасы ийелейди. Көтерилиў фазасы ушын ислеп шығарыўдың кризиске шекем болған дәрежесинен артып кетиўи, товар баҳаларының бир қанша көтерилиўи, кәрханалардың иске түсирилиўи, жумыссызлар санының азайыўы,

банк ҳәм кредит жумысларының жолға қойылыўы, кредитке талаптың артыўы ҳәм процент нормасының көбейиўи характерли есапланады. Салыстырмалы артықша ислеп шығарыў ҳәм салыстырмалы аз ислеп шығарыў түриндеги кризислерден тысқары структуралық кризис ҳәм бар болып, олар дәўирлик характерге ийе емес. Бундай жағдайда айырым тараў ҳәм тараўлар ортасында терең теңсизлик жүз береди. Бундай кризис шийки затлардың кескин жетиспеўшилиги мәселен, энергия кризиси менен басланады. Структуралық кризис нәтийжесинде талап ҳәм усыныс теңсалмақлығы бузылады ҳәм шийки заттың баҳасы көтерилип кетеди. Жоқарыда айтып өтилгениндей, структуралық кризис дәўирлик характерке ийе емес, лекин узақ мүддет даўам етиўи менен характерленеди. Цикллы кризистен парқлы рәўиште, структуралық кризисте, бир яки бир неше тараў изден шыққан шараятта қалған тараўлар тез раўажланады.

Әлбетте, мәмлекет кризиске қарсы шараларын әмелге асырып турады. Кризис ҳәм түскинлик дәўирлери унамсыз ақыбетлерниң алдын алыў, оларды сапластырыў ушын бир мәмлекет шеңберинде ғана емес, бәлки мәмлекетлер ара дәрежесинде хызметлер муўапықластырылмақта, биргеликте миллий программалар ислеп шығарылмақта.

### 3. Жумыссызлық ҳәм инфляция ҳәмде олар ортасындағы байланыслылық

Мийнет базарында исши күшине болған талап ҳәм усыныс ортасындағы теңсалмақлық қатар факторлар тәсиринде бузылып турады. Бул факторлардан бири мийнет базарының басқа товарлар базарына байланыслы екенлиги. Тутыныў товарларына болған талаптың өзгериўи ислеп шығарыў қурамының өзгериўине алып келади. **Мәселен,** бир товарды ислеп шығарыўға қарағанда басқасының ислеп шығарылыўы пайдалы болып қалады. Мийнет базарында ҳәм соған мас рәўиште биринши тараўда исшилерди жаллаў қысқарып, екинши тараўда исшилерге болған талап артады. Исшилер бир жумыстан босап, екиншисине кириўи лазым болып қалады. Олар қашан басқа тараў бойынша товар ислеп шығарыў, тәжрийбесин ийелеп, оған масласып алғанға шекем, яғный, исши күшиниң усынысы талабына масласыўына шекем, мийнет базарында теңсалмақлық бузылады. Нәтийжеде жумыссызлар пайда болады.

Жумыссызлық мәмлекетте жумысқа қәбилетли, белгиленген ис ҳақыға ислеўди қәлеўши ҳәм жумыс излеп жүрген пуқалардың барлығы менен сәўлеленеди. Мийнетке қәбилетли халық дегенде, 16 жастандан үлкен (республикамызда 16 жастан баслап мийнет етиў нызам бойынша рухсат етилген) ҳәм мийнет етиўге жарамлы адамлар түсиниледи. Мәмлекеттиң барлық мийнетке қәбилетли халық оның мийнет ресурсларын пайда етеди. Мәмлекеттеги жумыссызлық дәрежеси жумыссызлар санының мәмлекет исши күшиниң улыўма санына қарағанда процент муғдары менен өлшенеди.

$$\textbf{Жумыссызлық дәрежеси} = \frac{\textbf{Жумыссызлар саны}}{\textbf{Исши күши саны}} * 100\%$$

Жумыссызлықтың келип шығыўы өзиниң себеплерине қарай төмендеги түрлерге бөлинеди.

**1. Фрикцион жумыссызлық.** Бул жумыссызлық адамлардың бир жумыстан босап, екинши жумысқа жайласпай атырған ўақытта жүзеге келеди. Сондай-ақ бундай жумыссызлық жаслардың өспирим жасына жетип, яки оқыў орынларын питирип жумыс излеп атырған ўақытлары да келип шығыўы мүмкин.

**2. Мәўсимлик жумыссызлық.** Мәўсимлик жумыслардың тамамланыўы нәтийжесинде келип шығады. Мәселен, қыс айларында аўыл хожалық жумыслары тоқтап, аўыллық жерлерде көпшилик адамлар жумыссыз қалады.

**3. Структуралық жумыссызлық.** Бул жумыссызлық мәмлекет экономикасындағы структуралық өзгерислер нәтийжесинде келип шығады. Мәмлекет экономикасындағы ески тараўлар қысқарып, орнына жаңа тараўлардың пайда болыўы, жаңа экономикалық

территориялардың жүзеге келиўи, ислеп шығарыўда жаңа технологиялардың қолланылыўы, жаңа кәсип ийелерине жаңа тәжрийбеге ийе болған қәнийгелерге талапты келтирип шығарады. Мийнетке қәбилетли халық жаңа талапқа масласыўына шекем структуралық жумыссызлық пайда болады.

**4. Дәўирлик жумыссызлық.** Мәмлекет экономикасының дәўирлик өзгериўи менен байланыслы жумыссызлық, дәўирлик жумыссызлық деп аталады. Дәўирлик жумыссызлық мәмлекет экономикасының барлық тараўлары кризиске ушраған ўақытта пайда болады. Бундай ўақытта экономикалық искерлик пәсейеди, жалпы талап кемейеди. Бул болса өз нәўбетинде жумыссызлық дәрежесиниң кескин өсиўине алып келеди. Мәмлекет экономикасы жанланған дәўирде болса жалпы талап артады. Бул болса өз нәўбетинде жумыссызлық дәрежесиниң пәсейиўине алып келеди ҳ.т.б. Бундай көринистеги жумыссызлық дәўирлик рәўиште биресе өсип, биресе пәсейип турады. Дәўирлик жумыссызлық жәмийет ушын жүдә аўыр өтеди. Дәўирлик жумыссызлықтың узақ ўақыт даўам етиўи, пүткил экономиканы изден шығарыўы ақыбетинде болса пүткил жәмийетти ләрзеге салыўы мүмкин.

**5. Ықтыярый жумыссызлық** – тәбийий жумыссызлық түри болып, бунда мийнетке қәбилетли адамлардың мийнет хызметинен өзиниң қәлеўи бойынша жумыстан шыққан, яғный ислеўди қәлемейтуғын бөлеги түсиниледи.

**6. Институционал жумыссызлық ҳәм тәбийий жумыссызлықтың нәўбеттеги түри есапланады.** Жумыссызлықтың бул түрин исши күши базары инфраструктурасы ҳәрекет етиўи ҳәмде сол базарда талап ҳәм усынысты өзгертиўши факторлар келтирип шығарады.

**7. Технологиялық жумыссызлық ислеп шығарыўдың амел қылыўында технологиялық усыллар бир - бириниң орнына кирип келиўи менен бирге барады.** Олардың жумыстағы тийкарғылары механизация, автоматластырыў, роботластырыў ҳәм информацион технологияны қоллаў есапланады.

**8. Территориялық жумыссызлық** тарийхий, демографиялық, мәдений, миллий ҳәм социал-психологиялық қәсийеттеги бир қатар комплекс факторлар менен байланыслы.

**9. Жасырын жумыссызлық** ушын жумыс күни яки жумыс ҳәптеси даўамында толық бәнт болмаўы тән. Ол өз ишине исши күшиниң жумысларын толық көлемин орынламайтуғын бир бөлегин алады.

**10. Турғун жумыссызлық** мийнетке уқыплы халықтың жумыс орнын жоғалтқан, жумыссызлық бойынша пенсия алыў хуқықынан айырылған ҳәм искер мийнет хызметине хеш қандай қызығыўы болмаған бөлегин өз ишине алады.

Айырым жағдайларда миллий өнимниң хақыйқый көлеми потенциал көлеминен артып кетиўи мүмкин. Бундай жағдай жумыссызлық дәрежеси тәбийий дәрежеден ҳәм төмен болған дәўирлерде жүз береди. Ислеп шығарыўға исшилердиң қосымша жумыс сменаларын тартыў, капитал үскенелерден орнатылған нормадан жоқары дәрежеде пайдаланыў жумыс ўақтынан артықша ислеў ҳәм қосымша жумысларда бәнт болыў уқсағанлар буның тийкарғы себеби болып табылады.

**Жумыссызлық – бул тек ғана экономикалық, бәлки социал ақыбетлерге де ийе болады.**

Турғынлық (депрессия) фазасы исши күшиниң ҳәрекетсизлигине себеп болады, ҳәрекетсизлик болса тәжрийбениң жоғалыўына да ҳәмде социал ҳәм сиясий тәртипсизликлерге алып келеди.

Жумыссызлықтың кери ақыбетлеринен бири оның **ЖМӨ** көлемине тәсир өткериўи есапланады. Жумыссызлықтың хақыйқый дәрежеси 1% ке артқанда **ЖМӨ** ниң көлеми 2,5% ке түседи. Жумыссызлық дәрежеси менен ЖМӨ ортасындағы бундай кери байланыслылықты америкалик экономист А.Оукен анализлеген, соның ушын бул байланыслылық А.Оукен нызамы деп жүритиледи.

Жумыссызлықты сапластырыўда Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов «**..киши, орта ҳәм жеке исбилерменликтиң жалпы ишки өним ислеп шығарыўда тек**

**ғана шешиўши абырайды ийелеўи, соның менен бирге оның халық параўанлығын ҳәм дәраматларының көбейиўинде, жумыссызлық машқаласының шешимиде тийкарғы факторға айланыўына ерисиўимиз лазым.»** ([3],17 бет), деген еди.

Жумыссызлық инфляция менен тығыз байланыслы. Әпиўайы Кейс моделин бәнтлилик ҳәм ислеп шығарыў көлеми моделине салыстырсақ, экономикада жумыссызлық ҳәм инфляция бирден жүзеге келмейди. Бәлки инфляция менен жумыссызлық ортасында байланыслылық бар шығар. Бул байланыслылықты **Филлипс қыя сызығы** дейиледи.




2-сүўрет. Филлипс қыя сызығы.

Бул сызылмада көринип турғанындай, инфляция менен жумыссызлық ортасында байланыслылық бар.

Инфляция макроэкономикалық турақлылықтың көринислеринен бири есапланады.

Инфляция түсиниги биринши мәртебе Америкада, (1861-1865) жыллардағы пуқаралар урысы дәўирниде ислетиле баслаған ҳәм қағаз пул айланысының көбейип кетиў процессин билдирген. Экономикалық әдебиятларда инфляция түсиниги XX әсирде, биринши жер жүзлик урыстан кейин кең тарқалады.

**Инфляция – бул пул бирлигиниң қәдирсизлениўи ҳәм умыған мас рәўиште товар баҳаларының өсиўи есапланады.**

Инфляция базар хожалығының ҳәр қыйлы тараўларында тәкирар ислеп шығарыў турақсызлығын жүзеге шығаратуғын қурамалы социал - экономикалық ҳәдийсе есапланады. Пул товарларға, алтынға ҳәм өзиниң қәдирин, турақлылығын сақлап қалған шет ел валюталарына қарай қәдрсизленеди.

Баҳалар индексинен пайдаланған ҳалда, инфляция темпин (ИТ) төмендеги формула арқалы анықлаў мүмкин:

$$ИТ = \frac{Бб - Аб}{Аб} \times 100\%$$

**ИТ** – инфляция темпи;

**Бб**- базис баҳа индекси;

**Аб** – ағымдағы баҳа индекси.

Келип шығыў себеплери ҳәм өсиў темплерине қарай, инфляцияның бир қанша түрлери бар.

**1. Талап инфляциясы.** Баҳа дәрежесиниң дәстүрий өзгериўи жәми талап артықшалығы менен түсинтириледи. Экономиканың ислеп шығарыў тараўы өнимниң реал көлемин көбейтип, артықша талапты қанаатландыра алмайды. Себеби барлық бар ресурслар толық пайдаланылған болады. Сол себепли бул артықша талап баҳасының артыўына алып келеди ҳәм талап инфляциясын келтирип шығарады.

**2. Усыныс инфляциясы.** Инфляция ислеп шығарыў қәрежетлери ҳәм базардағы усыныстың өзгериўи нәтийжесиндн ҳәм келип шығыўы мүмкин. Ислеп шығарыў

қәрежетлериниң өзинше келтирип шығаратуғын инфляция, өним бирлигине сарпланатуғын қәрежетлериниң көплигиниң есабына баҳалардың артыўын билдиреди.

**3. Тезкор инфляция** – жылына 200% ке шекем өседи, мәмлекетлер ортасында дүзилетуғын экономикалық шәртнамалар шет ел валютасына байланыслы ҳалда баҳалардың өсиўин итибарға алып дүзиледи.

**4. Гиперинфляция** – бунда баҳалар 200% артық жылға өседи, айланыстағы пул көлеми ҳәм баҳалар астрономиялық темплери менен артады, баҳа менен ис ҳақы ортасында жүдә үлкен парқ жүзеге келеди. Төлененетуғын ис хақылари минимум тутыныў корзинасы талабын да қанаатландырмайды. Инфляция бир турден екинши түрге өтиўи мүмкин. Болжаў мүмкинлигине қарай күтилетуғын ҳәм күтилмеген инфляция парқланады. Күтилип атырған инфляция ҳәм оның ақыбетлерин алдыннан болжаў мүмкин, күтилмеген инфляцияны алдыннан айтып болмайды. Биринши жағдайда инфляцияның кутилип атырған унамсыз ақыбетлерге таярланып оны сезилерли дәрежеде жумсартыў мүмкин. Екинши жағдайда баҳалардың күтилмеген өсиўи нәтийжесинде мәмлекеттиң экономикалық жағдайын сезиларли дәрежеде төменлеўи жүз бериўи мүмкин. Инфляцияға қарсы гүрестиң тактикасы бар болып, қысқа мүддет ишинде оның нәтийжелерин анализлеў, стратегиясы болса узақ мүддетке белгиленген мақсетлер ҳәм усыллардың жыйындысы есапланады.

**Стратегикалық усылда** – узақ мүддетли пул сиясаты әмелге асырылады. Пул массасының өсиўине қатты лимит белгиленеди. Бюджет жетиспеўшилигин қысқартырыўға ҳәрекет етеди. Буның ушын тактик усыллардан пайдаланылады.

**Тактикалық усыллар**: кәрханалардан жеңилликли салық алыў, мәмлекет мүлкин меншиклестириў, тутыныў таварларын сатып алыныўын көбейтипўди топлаў нормасын, мәмлекет облигациялары процентин көбейтириў ҳ.т.б қолланылады.

**Тийкарғы түсиник ҳәм атамалар.**

Ислеп шығарыў, материаллық ислеп шығарыў, материаллық емес өндирис, экономикалық цикл, кризис турғынлық, жанланыў, пәклениў, жумыссызлық, фрикцион жумыссызлық, мәўсимлик жумыссызлық, қурамлылық жумыссызлық, дәўирлик жумыссызлық, ықтыярый жумыссызлық, институтционал жумыссызлық, технологиялық жумыссызлық, территориялық жумыссызлық, жасарын жумыссызлық, турақлы жумыссызлық, А.Оукен нызамы, Филлиппс қыя сызығы, инфляция, инфляция темплери. Талап ҳәм усыныс инфляцияси, өзгермейтуғын инфляция, тезкор инфляция, гиперинфляция, күтилип атырған ҳәм кутилмеген инфляция, стратегик усыл ҳәм тактик усыл.

## III - Бөлим. Макроэкономика
## 11- тема: Экономикалық өсиў ҳәм миллий байлық.
### 1. Экономикалық өсиў әҳмийети ҳәм факторлары

Жәмийет ағзаларының ҳәр түрли ҳәм раўажланып баратырған мүтәжликлерин қанаатландырыўдың бирден бир қуралы экономикалық өсиў болып табылады. Экономикалық өсиў жәмийетте ислеп шығарыў процессиниң өсиўине, ислеп шығарылып атырған өнимлердиң сапасын жақсыланыўына ҳәм ислеп шығарыў қәрежетлерин ислеп шығарылып атырған өним бирлигине қарай кемейип барыўына байланыслы. Егерде экономикалық раўажланыў процесси сезилерли дәрежеде болмаса, бул жәмийеттиң экономикалық раўажланыўының тийкарғы шәрти болған ислеп шығарыў күшлериниң өсип барыўын ислеп шығарыў қатнсықларына муўапық келмеслиги болып табылады. Себеби экономикалық өсиў жәмийет проггресиниң талаплары менен тығыз боғлан. Оның тийкарғы ўазыйпасы жәмийет ағзаларының экономикалық талапларын толық қанаатландырыўға қаратылған.

**Экономикалық өсиў дегенда адамлардың талап - мүтәжлиликлерин қанаатландырыў ушын зәрүр болған материаллық өним ҳәм хызметлерди, яғный барше өнимлерди ислеп шығарыўдың көбейип барыўы түсиниледи.** Экономикалық өсиў тек ғана тутыныў буйымлары, бәлки ислеп шығарыў қураллары, яғный ресурсларды да көбинесе ислеп шығарыўды аңлатады, себеби өсиў жәмийет ағзаларының тутыныўын қанаатландырыў менен шекленбей, келешекте ислеп шығарыўды раўажлантырыў арқалы келешектеги тутыныўды қанаатландырыўды да мөлжеллейди.

Социаллық - экономикалық өзгерислериниң улыўма мақсетин белгилеп алыў ҳәзирги реформаластырыў стратегиясының басланғыш точкасы болып хызмет қылады.

Экономикалық өсиў жәмияттеги ислеп шығарыў көлемин халықтың жан басына жартылған өнимлер ҳәм хызмелер көлеминиң артып барыўы менен өлшенеди. Бул ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов «**Бунда биз орайластырылған админстратив-буйрықпазлыққа тийкарланған экономикадан, базар экономикасына өтиў – ески хожалықты жүритиў механизмин тек ғана жаңалаў яки жетилистириў емес, бәлки бир сапа жағдайынан екинши сапа жағдайын өтиў екенлигин қайта - қайта айтып өтилген. Бул бир экономикалық қатнасықлар ҳәм шөлкемлик – басқарыў системаларының басқа экономикалық қатнасықлары менен алмасыўы болып табылады**». ([4],186 бет).

Экономикалық өсиўде жәмийеттиң экономикалық қуўаты артады, кележек ушын исенимли орталық таярланады. Экономика өсип баратырған сайын жаңа пайда болып атырған көтерилиў турған мүтәжлиликлерди қанаатландырыў имканы жүзеге келеди.

Өзбекистанды уллы келешеги мәмлекети болыўы ушын оның экономиканы жедел өсириў экономиканың үстинликке ийе болыўы шәрт.

**Экономикалық өсиў не менен өлшенеди?**

Экономикалық өсиў бир жыл ишинде жаратылған жалпы миллий өнимниң, миллий дәраматтың ҳәм сап пайданың көпейиўи билан яки халықтың жон басының өсиўи менен өлшенеди.

Соған қарай, экономикалық өсиўдиң бәрше көриниси жыллық өсиў пәтлериниң проценттеги өлшемиде толық өз көринисин табады: Оны төмендегилер менен есаплаў мүмкин:

$$Эо = \frac{ЖИО_{агымдагы\ дауир} - ЖИО_{базис\ давр}}{ЯИМ_{базис\ давр}} \times 100\%,$$

бул жерде:

**Эө -** экономикалық өсиў пәти, процентте;

**$ЖИӨ_{базис\ дәўир}$** - салыстырылып атырған дәўир (жыл)дағы реал **ЖИӨ** көлеми;

**$ЖИӨ_{ағымдағы\ дәўир}$** - ҳәрекеттеги дәўир (жыл) дағы (усы дәир) реал **ЖИӨ** көлеми.

Экономикалық өсиўге тәсир көрсетиўши факторларды шәртли рәўиште еки топарға ажыратыў мүмкин.

Биринши топар факторлары экономиканың муғдарлық өсиў потенциалын белгилеп береди, олар усыныс факторлары деп те аталады. Бул факторлар төмендегилерден ибарат:

1.Тәбийий ресурслардың муғдары ҳәм сапасы.

2.Жумысшы күши ресурсларының муғдары ҳәм сапасы.

3.Тийкарғы капитал, тийкарғы фондлардың көңлеми ҳәм сапасы.

4.Технология ҳәм илим техника прогресси.

Республикамызда базар экономикасына өтиў дәўиринде әмелге асырылып атырған «**қурамлы өзгерислер экономикалық өсимниң шешиўши факторына айланып баратыр**», - деген еди Президентимиз И.А.Каримов

Экономикалық өсиўде ресурсларды бөлистириў факторлары да өзиниң ийе болса – да, бул машқаланы анализлеўде тийкарғы итибар усыныс факторлоарына қаратылыўы лазым. Экономикалық өсиў темплерине өлшеў мүмкин болмайтуғын факторлар (ислеўди қәлеў, исбилерменлик, хожалықтағы тәртип бузарлықлар, мийнетке саналы жандасыў, аўыл хожалықтағы тәбийий шараят, тәбийий апатлар х.б.т.) да тәсир етеди.

Экономикалық өсиў ислеп шығарыў процессин кеңейтирилген усулда алып барыў менен байланыслы. Бул болса өз нәўбетинде ислеп шығарыў қайсы факторлар есабынан алып барылатуғынлығын сәўлелендиреди. Улыўма экономикалық өсиў еки түрли **экстенсив** ҳәм **интенсив** турге бөлинеди.

**Экстенсив турдеги** экономикалық өсиўге ислеп шығарыўдың дәслепки техникалық тийкары сақланып қалған ҳалда ислеп шығарыў факторлары муғдарының көбейиўи себепли ерисиледи. Экономикалық өсиўдиң **интенсив туринде** өним ислеп шығарыў көлемин кеңейтириўге ислеп шығарыў факторларын сапасы жағынан жетилистириў жәнеде жетилистириў жәнe де прогресссив өндирис әсбапларын ҳәм жаңа техниканы қолланыў, жумыс күшиниң қәнийгелигин арттырыў, бар болған өндирис потенциалинан жақсирақ нәтийжели пайдаланыў жоли менен ерисиледи. Бул жағдайда өндирис нәтийжелиги өндиристиң алдынғы дәрежесине салыстырғанда артади, мийнет өнимдарлығы көтериледи.

Ҳәр бир жәмийетте экономикалық өсиў сол жәмийеттеги өндиристиң көлеми менен өлшенеди. Ол мәмлекеттиң реал улыўма өниминиң ямаса реал миллий дәраматтың өсиўинде сәўлелендирилди.

Илим - техниканың раўажланыўы мийнет өнимдарлығы ҳәм экономикалық өсиўди тәмийинлеўши тийкарғы фактор болып табылады. Техниканның раўажланыўы өзиниң ишине тек ғана ислеп шығарыўдың пүткил жаңа усылларынан емес, бәлки басқарыў ҳәм ислеп шығарыўды шөлкемлестириўдиң жаңа формаларынан турады. Тәлим ҳәм тәжрийбели таярлық мийнет өнимдарлығын асырыды ҳәм нәтийжеде мийнет исерлигинде бәнт болғанларды бир қанша жоқары ис хақыға ийе болыў имканиятын береди. Инсан капиталына инвестициялар қойыў яки олардың тәжрийбелерин асырыў, илим–пән жетискенликлерин өндириске жалып етиў мийнет өнимдарлығын асырыўдың тийкарғы қуралы есапланады. Ҳәзирги дәўирди республикамыз халық хожалығында бәнт болғанлардың 90% ке жақыны жоқары ҳәм орта арнаўлы тәлимге ийе. Әмелий турмыста экономикалық өсиўди тоқтатып турыўшы факторлар бар, олар мийнет қорғаўы, әирап–орталықтың патасланыўы ҳәм соған уқсас жағдайлар нәтийжесинде келип шығады.

Экономикалық раўажланыў темплери ҳаққында айтатуғын болсақ оның мәўсимлерине ең дәслеп, сапа көрсеткишлерине көбирек итибар қаратыў әҳмийетке ийе.

Бундай өсиўлер экономикамызда жүз берип атырған составлы өзгерислер, оның изшил ҳәм турақлы раўажланыўы ушын хызмат қылыўшы, халқымыздың турмыс дәрежесини раўажлантырыўға бир сөз бенен айтқанда, әмелий турмысымызды жақсылаўға алып келиўи мүмкин.

## 2. Экономикалық өсиў моделлери

Экономикалық өсиў мәмлекет тәбийий ресурсларының муғдары ҳәм сапасына, мийнет ресурсларының муғдары ҳәм сапасына, инвестиция ресурсларына ҳәм ислеп шығарыў технологиясы уқсаған факторларға байланыслы.

Өзбекистан Республикасының экономикалық өсиўи ушын жетерли дәрежеде шийки зат илмий өндирис күшлери бар. Өзбекистан Республикасы Президенти И.А. Каримов айтқанындай: «**Өзбекистан – келешеги уллы мәмлекет**», деп айтыўы ушын барлық тийкары бар. Республикада барлық нәрсе де тәбийий байлықлар, өнимдарлы жер, қүдретли экономикалық ҳәм илмий техникалық , инсаный ҳәм руўқый потенциал бар. Ҳәзирги күнде, шәртли рәўиште, экономикалық өсиў моделлариниң 3 түрли теориясы ҳәм 3 түрли бағдарларын айтып өтиў мүмкин:

**- Кейнсшилик бағдар;**

**- Неоклассик бағдар;**

**- Тарийхый – социал бағда.**

Экономикалық өсиўди биринши мәретебе **Фридрих Кене** өзиниң экономикалық таблицасында (1758 ж.) көрген еди. Ол миллий хожалықты экономикалық система сыпатында сәўлелендирди. Тек ғана ол аўыл хожалығында мийнет, өнимли мийнет ҳәм онда қосымша өним жаратылады деген пикирге тийкарланған еди. Ол қосымша өним деп, аўыл хожалығында улыўма өнимниң тутынылғаннан кейин артықшасын түсинген. Яғный тек ғана аўыл хожалығында өнимли мийнет дарамат келтиреди. **Фридрих Кене** аўыл хожалығы өними экономиканың басқа тараўларына сатыў жолы менен ҳәрекет қылады деген.

1. **Фридрих Кене таблицасы** әмелий әҳмийетке ийе болмасада, бундай бағдардағы биринши экономикалық өсиў модели еди. **Дж. Кейнс модели** жалпы талапқа тийкарланады. Жалпы талап теңлескен экономикалық өсиўди тәмийинледи. Социал талап капитал қойылмалар тийкарында қанаатландырылады ҳәм дарамат артып барады. Ол **Домар моделине** тийкарынан, капитал қаржылар дараматлары ғана емес, бәлки ислеп шығарыў қуўатларының факторы деп есапланған. Капитал қаржылардың өсиў динамикасы, жалпы талап ҳәм жалпы усыныстың теңсалмақлығын тәмийинлейди, соның менен биргеликте жаңа ислеп шығарыў қуўатларын ҳәм капитал қаржыларын келтирип шығады. **Домар модели** бир факторлы ҳәм бир түрли өним ислеп шығаратуғын тараўға тийкарланған.

2. **Харрд модели.** Бу модел акселератор теориясына тийкарланған болып, экономикалық өсиўди нормал ҳалда алып барыў, дарамат ҳәм капитал қаржыларының қатнасына байланыслы екенлиги анализленеди. Яғный ол дароматлардың балансля өсиў нормасы капитал қаржылар менен байланыслы екенлигин сәўлелендиреди. Акселератор теориясына тийкарлана, исбилерменлердиң инвесиция менен байланыслы болған хызметлери анализленеди. **Харрд** еки түрли шарт - шараяилардан келип шығады. БиринШиси: топлаў дәрежесиниң өсиўи менен дарамат дәрежесиниң өсиўи (**АРС=МРС**) болса, екиншиси капитал қаржылар көлеминиң артыўы менен дарамат муғдарының артыўы есапланады.

**Харрд** еркин исбилерменлик хызмети системасын жоқары дәрежеде раўажланыўы ушын мәмлекеттиң экономикаға араласыўы шәрт деген пикирди илгери сурди.

**Неоклассик модел** еки модел ҳәм оның өз-ара байланыслы екенлигинен пайдаланады. Неоклассик моделиндиң тийкарғы анализ қуралы өндирис функциясы есапланады (**П. Дуглас, Х. Кобб**). Авторлар тийкарғы капиталдың көбейиўи, ислеп шығарыў ўақты ҳәм ислеп шығарыў көлемин анализлеген. Нәтийжеде төмендеги сәўлеленеди:

$$Y = A * K^{\alpha} * L^{\beta},$$

бул жерде:

**Й** – ислеп шығарыў көлеми;

**К** – капитал қәрежетлери;

**Л** – жумысшы күши қәрежетлери;

ал, α ҳәм β - ислеп шығарыў көлеминиң жумысшы күши ҳәм капитал қәрежетлери бойынша эластиклик коэффициенти.

**А** – турақлылық коэффициенти;

Эластиклик коэффициенти бир көрсеткиш муғдарының өзгериўи нәтийжесинде басқа бир көрсеткиш муғдарының өзгериў дәрежесин сәўлелендиреди. Соған қарай, α коэффициенти капитал қәрежетлериниң 1% ке өсиўи ислеп шығарыў көлминиң неше процентке өсиўин, β коэффициенти болса жумысшы күши қәрежетлериниң 1%ке өсиўи ислеп шығарыў көлеминиң неше процентке өсиўини көрсетеди. α ҳәм β ның жыйындысы жумысшы күши ҳәм капитал қәрежетлериниң бир ўақыттың өзинде 1% ке өсиўи ислеп шығарыў көлеминиң неше процентке өсиўин көрсетеди.

**3. Тарийхый – социологиялық модел. У. Ростау** - экономикалық өсиў басқышлары теориясының авторы. Ол төмендеги басқышларға итибарын қаратқан:

1). Класслық жәмийет (статистик теңсалмақлық,)те пайдаланыўдың шегараланған екенлиги, халықтың жан басына туўры келетуғын дарамат дәрежесиниң төменлеўи.

2). Раўажланыў ушын шәрт-шараятларды жаратыў басқышы (айырым ислеп шығарыў тараўында нәтийжелиликтиң артыўы)

3). Раўажланыў басқышы (миллий дараматтағы үлеси артады, илмий техника жетискенликлеринен пайдаланылады)

4). Жетискенлик дәўрине жол (экономикалық өсиў темплери артады, ислеп шығарыў халықтың саны өсиўине қарағанда жоқары болады)

5). Көп муғдардан тутыныўшы жәмийет қысқа мүддетли өнимлерге болған талапты шеклеў нәтийжесинде, узақ мүддетке мөлжелленген товарларды тутыныўдың әҳмийети артып барады.

Экономикалық өсиўди тәмийинлеўде тараўлар ара балансларын муўапық дәрежеде болыўы үлкен әҳмийетке ийе. Буны биринши мәретебе америкалық экономист алым, Нобел сыйлығы лауреаты **В. Леонтев** ислеп шықты. В.Леонтевтың тараўлар баланс модели. Бул модел экономикалық өсиўди басқарыўға мөлжелленген болып, ислеп шығарып қәрежетлери сыпатында сәўлеленетуғын натурал ҳәм қун көринисиндеги системаны сәўлелендиреди. Оның жаратқан тараўлар ара балансы тийкарында өнимлерди ислеп шығарыў ушын зәрүр болған мийнет ҳәм ресурслар ҳәрекетин анықлаў мүмкин болады.

### 3. Миллий байлық түсиниги ҳәм оның дүзилиси

Миллий байлық инсаният жәмийетиниң раўажланыўы даўамында ата - бабаларымыз тәрепинен жаратылған ҳәмәўладлар тәрепинен топланған материаллық, материаллық емес ҳәм интеллектуал ҳәмде тәбийий байлықлардан ибарат. Миллий байлықтың бир бөлегин инсан мийнетиниң нәтийжесин есапласақ, басқа бөлегин табият байлықларынан ибарат болады. Сондай екен, миллий байлық кең мәнисинде өзиниң ишине тек ғана материаллық ҳәм материаллық емес өнимлер, жаратылған санаат шығармалары, интеллектуал потенциалын, барше тәбийий ресурслар ҳәм байлықларды ҳәмде тәкирар ислеп шығарыўдың тәбийий климат шараятларын да өз ишине алады. Миллий байлықтың бундай барше составлы бөлеклерин муғдар, қун өлшемлеринде есаплап шығыў бир қатор объектив себеплерге қарай бир қанша қыйын, соның менен, оның тәбият жемислеринен ибарат бөлеги инсан мийнетиниң нәтийжеси есапланбайды ҳәм қун өлшемлерине ийе емес. Сол себепли экономикалық анализ әмелиятында миллий байлықтың инсан␣ият мийнети менен жаратылған ҳәм тәкирар ислеп шығарылыўы мүмкин болған барлық материаллық байлықлардан ибарат бөлеги көбирек, итибарға алынады. Миллий байлық-тың бул бөлеги миллий экономика раўажланыўының пүткил тарийхы даўамында бәрқулла тәкирарланып турыўшы өндирис процессиниң улыўма нәтийжеси сыпатында шығады ҳәм материаллық буйым түринде сәўлеленеди. Ол адамлардың көплеп әўладының мийнети нәтийжеси есапланады.

Айтылғанлардан келип шығып, миллий байлықты шәртли рәуиште төмендеги үш ири қурамлы бөлеклерге ажыратыў мүмкин:

**1. Материаллық буйымға айланған байлық.**

**2. Материаллық емес байлық.**

**3. Тәбийий байлық.**

Материаллық буйымға айланған байлық ақыр-ақыбетинде өндиристиң үнемли мийнетиң нәтийжеси есапланады. Ол ислеп шығарыў жаратылған өнимлердиң жорий тутыныўдан артықша бөлегин топлаў ақыбетинде жүзеге келеди ҳәм өсип барады.

Бирақ материаллық буйымға айланған байлықты қатар жыллардағы жыллық жалпы өнимлер жыйындысы сыпатында тәсеўир етиў натуўры болады. Себеби бул байлықтың бир бөлеги ҳәр жылы истен шығарылып, қайтадан жаңаланып турады (өндирис қураллары, тутынылары). Сол себепли өндирис қуралларының орнын қаплаў менен бир ўақытта жалпы өнимниң тек ғана бир бөлеги материаллық буйымға айланған байлық сыпатында топланып барылады. Демек, қаплаў фонды ҳәм материаллық буйымға айланған байлықтың өсиўи жалпы миллий өним есабынан әмелге асырылады.

Миллий байлықтың инсан мийнети менен жаратылған материаллық бөлеги қун түрине ийе болып, составлы дүзилиси бойынша төмендегилерди өз ишине алады:

- ислеп шығарыў өзгешелигиндеги тийкарғы капитал (фондлар). Булар пүтин миллий байлықтың қурамында бир қанша үлкен салмаққа ийе болады ҳәмде өзиниң техникалық дәрежеси бойынша жалпы миллий өнимниң өсиў имканиятын белгилеп береди;
- өнидирслик емес тийкарғы капитал (фондлар). Тийкарғы капиталдың бул түрине мәмлекеттиң үй-жай фонды, социал мәдений өзгешеликтеги обектлер киреди;
- айланба капитал (фондлар). Миллий байлықтың бул бөлеги мийнет предметлеринен ибарат болып, тийкарғы капиталдың шамаланған бөлегин қурайды;
- тамамланбаған өндиристиң материаллық буйымға айланған бөлеги. Олар өндирис басқышында мийнет процесси тәсири астында болып, потенциал таяр өним есапланады;
- материаллық запаслар ҳәм мүтәжликлер. Буған асланыс басқышындағы таяр өним, кәрханалар ҳәм саўда тараўларындағы материаллық запаслар, мәмлекет мүтәжликлери ҳәм резерв фондлары киреди. Материаллық запаслар экономикада жүз бериўи мүмкин болған ҳәм алдыннан билип болмайтуғын күтилмеген жағдайларда пайдаланыў мақсети де услап турылады.

Мәмлекет мүтәжликлерине алтын запаслары, қамсызландырыў ҳәм қураллы күшлер мүтәжликлери ушын зәрүр запаслар киреди:

- халықтың үй, жеке ҳәм жәрдемши хожалықларында топланған мал - мүлклер. Оларға й-жай, автомобил, мәдений - маиший буйымлар, кийим - кеншеклер ҳәм ҳәм тағы басқа қусағанлар киреди.

Материаллық буйымға айланған байлық қурамлы бөлеклериң мазмуны ҳәм олардың салмағы өзгерместен қалмайды. Тийкарынан илим - техниканың раўажланыў шараятында материаллық, буйымға айланған байлық қурамында ири өзгерислер жүз береди. Санаат тараўларының тийкарғы капиталы тез көбейеўи ҳәм жаңаланыўы себеинен, өндирислик емес тараўының тийкарғы капиталы қурамында илмий, оқыў, ден саўлықты сақлаў шөлкемлериниң үлеси көбейип барады. Тәбийий ресурсларды экономикалық хызметке жалып етиў темплери өсип барады.

Материаллық буйымға айланған байлық өсиўиниң тийкарғы факторлары сыпатында төмендегилерди ажыратып көрсетиў мүмкин:

- мийнет өнимдарлығының өсиўи;
- өндирис нәтийжелигиниң артыўы;
- миллий дараматта топлаў нормасының артыўы.

Материаллық буйымға айланған байлықтың өсиўи өндирис дәрежесин өсип барыўына байланыслы. Материаллық байлық өндиристиң нәтийжеси ҳәм шәрт - шараяты есапланады. Материаллық байлықтың өсиўи өндирис қәрежетлерин кемейттириў, өним сапасын асырыўға да байланыслы. Қаншелли ислеп шығарыў үнемли ҳәм сапалы алып барылса

материаллық буйымға айланған байлық көбейип барады. Бунда өндиристиң өсиў пәти ҳәм дәрежеси миллий байлықтан пайдаланыў өзгешелигине байланыслы болады.

Миллий байлықтың басқа бөлеги тәбийий байлықлар илеп шығарыў шәрт-шараятын ҳәм инсан искерлигиниң сыртқы орталығын пайда етеди. Тәбийий байлықтың жүзеге келиўи инсаният жәмийети раўажланыўы менен байланыслы емес, ол тәбият нызамлары тийкарында жүзеге келеди. Тәбият жемислери өзлериниң дәстлепки көринисинде тәбийий байлық болып, сол халатында инсан хызметиниң нәтийжеси есапланған социал байлық қурамына кирмейди. Буның мәниси, тәбийий байлықлар жәмийет ушын тек ғана потенциал байлық есапланады. Олар реал байлыққа инсан мийнетиниң тәсири ақыбетинде айланады.

Миллий байлық тек ғана материаллық өндирис тараўларында жаратылады. Оның бир бөлеги материаллық емес өндирис тарўларында жүзеге келетириледи ҳәм жәмийеттиң материаллық емес байлығы есапланады. Материаллық тараўларды материаллық буйым түри менен байланыслы болмаған айрықша түридеги тутыныў қунлары пайда етиледи. Олар ҳәм материаллық өндирис тараўларының хызмет етиўи ҳәм раўажланыўы ушын соныңдай-ақ, туўрыдын-туўры халықтың турмыс дәрежесин тәмийинлеў ҳәм көбейтиў ушын зәрүр болады. Бундай байлықларға тәлим, ден саўлықтыи сақлаў, илим, мәденият, санаат, спорт тараўларында жүзеге келтирилетуғын материаллық емес қунлары киреди. Оның қурамында тарийхый естеликлер, архитектура естеликлери, ноёб әдебият ҳәм санаат шығармалары айрықша орынды ийелейди.

**Тийкарғы түсиник ҳәм атамалар.**

Экономикалық өсиў, экономикалық өсиў омиллари, усыныс фактолары, экстенсив ҳәм интенсив өсиў, экономикалық өсиў моделлери, Кейнсишилик модели, неоклассик модел, тарийхый - социал модел. В.Леонтевтиң тараўлар ара модели, миллий байлық, материаллық ҳәм материаллық емес байлық, тәбийий байлық.

## 11.1- тема: Мийнет қатнасықлары ҳәм ис ҳақы

### 1. Мийнет базары ҳәм жумысшы күшиниң товар сыпатында қуны

Базар экономикасы шараятында жумысшы күши ҳәм басқа мийнет өнимлери қусаған товар түрине ийе болып, товар пул қатнасықларына искер жалып етиледи ҳәм бул процесс мийнет базарында жүз береди. Мийнет базарының әҳмийети жумыс табыў, жумысшы күшинен пайдаланыў имканиятын анықлаўдан ибарат. Мийнет базарының объекти арнаўлы товар болып, бул жумыс күши есапланады, яғный мийнет етиўге болған потенциалының товар болып сатылыўы ҳәм сатып алыныўы. Мийнет базарында жумысшы күши пүтинлей сатылмайды, бәлки ўақтынша сатылады. Бул базар басқа базарлардан өзгешеленеди. Бул арнаўлы товар базары болып базарда жумысшы күши мийнетке жарамлыхалық тәрепинен сатылады. Жумысшы күши өз нәўбетиншде оған мүтәж болған кәрханалар тәрепинен сатып алынады. Демек, жумысшы күшине талап ис бериўши кәрханалар тәрепинен, оның усынысы болса жумысқа потенциалы халық тәрепинен жетилиседи. Бул болса өз нәўбетинде, мийнет базарының басқа базарлардан айырмашылығы өзине мас өзгешеликлериин ҳәм машқалаларды келтирип шығарады. Жумысшының күшиниң усынысы адамлар менен байланыслы. Оны кемейтириў яки көбейтиў менен адамлар санын белгили ўақытта өзгертип болмайды. Жумысшы күшине болған талап, сол жумысшы жәрдеминде ислеп шығарылатуғын товарга болған талаптан келип шығапаныќланады. Мийнет базарының еки түрли өзгешелиги бар:

**1 – Сатылатуғын товардың универсаллығы.**

**2 – Сатыўшылардың социал әдилликке умтылыўы.**

Бул товардың универсаллығы бул ҳәр түрли кәсипти ийелеўи, ҳәр қыйлы фирма ҳәм территорияларда ислей алыўы мүмкинлиги есапланады. Жумысшылардың кәсиплерин ҳәм жумыс орынларын тез - тез өзгерте алыўы жумыс бериўши, яғный қарыйдарлар

ортасындағы бәсекини күшейтиреди. Мийнет базарының көринислеринен бири мийнет биржасы болып, ол тийкарынан бул тараўда дәлдәлшылық ўазыйпасын атқарады, яғный мийнет биржасы жумысшы күши - товар ийеси менен фирма ортасында турады.

Биржа усыныс ҳәм талапты бир - бири менен байланыстырады. Бир ўақыттың өзинде сатыўшы ҳәм қарыйдар атыннан ис жүргизип дизимге алынады ҳәм мәлим бир кәрхана, шөлкемге жибериледи. Буннан тысқары биржалар зәрүрликке қарай жаңа өнер үйрениў ҳәм буның ушын оқыўды шөлкемлестириў, тәжрийбесин асырыў яки оны мийнет етиў тәжрийбесин қайта таярлаў кусаған жумысларды да орынлайды.

Жумысқа жаллаўшы ҳәм жумысқа жалланып ислеўшилер ортасындағы келисимди үшке бөлиў мүмкин:

**1. Мийнет шәртнамалары** - жумысқа кириўши ҳәм жумысқа алыўшы ортасында жекке тәртипте келисим дүзилип, жумыстың мазмуны, жумыс ўақты, жумыс шараяты, ис ҳақы төлеў тәртиби ҳәм еки тәрептиң жуўапгершиликлери анық белгиленеди.

**2. Жамәәт келисими** - фирмалар ҳәм жумысшы хызметшилер жамәәти ортасында шартнома дүзилип, бунда еки тәрептиң миннетлемелери яғный сыпатлы ҳәм үнемли ислеў, ис ўақты, мийнет қәўипсизлигин тәмийинлеў, ис хақы муғдары, баҳа көтерилгенин есапқа алып ис ҳақыны асырыў кусағанлар белгиленеди.

**3. Бас келисим** - ис бериўши ҳәм жумысшы хызметшилерниң кәсиплик бирлеспелер ҳәм ҳукимет ортасындағы келисим. Оған қарай мийнет қатнасықларының тийкарғы тәреплери улыўма мәмлекет көлеминде белгиленип, кәсиплик бирлеспелериниң федерациясы кеңеси менен жумыс бериўшилер бирлеспелери ортасында дүзиледи.

## 2. Ис ҳақының әҳмийети ҳәм түрлери

Экономика тараўындағы баршени қызықтыратуғын, ҳәмме билетуғын, көретуғын ҳәм ең қызықтуғын нәрсе ҳақы төлеў, ис ҳақы машқаласы есапланады. Белгили мийнетке қанша ҳақы төлеўи керек, қанша муғдардағы пул менен сарыпланған мийнет орнын қаплаўы керек, деген мәселе бәрқулла экономист алымларды, жумыс бериўши кәрхана ҳәм шөлкем ийелериниң жумысларын қызықтырып келген. Ҳақыйқаттан да жумысшы орынлаған мийнети ушын әлбатте ҳақы алыўы керек. **Қанша ҳақы алыўы керек? Оның муғдарын жумысшы белгилейдиме, жумыс бериўши белгилейдиме яки қандай да бир тәртип, нызамы барма?**

Инсан ислейди ҳәм бул процессте ақлый ҳәм физикалық күш - қуўатын сарыплайды. Бул ислегенлиги ушын алатуғын ис ҳақы қәнийгениң жасаўы ушын зәрүр болған шығынлар орнын қаплаўы, хошаметлеў ҳәм нәтийжели ҳәмде сапалы мийнетке ийтермелеў ўазыйпасыларын орынлайды. Қәнийге орынлаған иси ушын төленетуғын ис ҳақыға айтып өтиў орынлы, сарпланған мийнеттиң муғдары ҳәм сапасы мас келиўи керек. **Сондай екен ис хақы қандай анықланады?**

Бир тәрептен ҳәммеге белдгили жумысшы күшиниң баҳасы қанша арзан болса бундай мийнет менен шуғулланыўды қәлейтуғын жумыслар саны сонша кем болады ҳәм керисинше. Жумысшы күшиниң баҳасы қанша қымбат болса, бундай мийнет пенен шуғулланбақшы болғанлар муғдары сонша көп болады.

Екинши тәрептен, жумысшы күшиниң баҳасы қанша арзон болса, кәрханалар сонша көп жумысшы жаллайды ҳәм керисинше, жумысшы күшиниң баҳасы қанша қымбат болса, сонша кем жумысшыны жумысқа жаллайды. Демек, жумысшы күшиниң базар баҳасы оған болған талап ҳәм усыныстан келип шығып анықланады. Жумысшы күшине болған талаптың усыныс муғдарына тең болғандағы баҳасы оның базар баҳасын белгилейди.

Жумысшы ҳәм хызметшилериниң ис ҳақыларының көп яки кем болыўы жәнe төмендеги факторларға байланыслы:

- жумысшыдан қаншели билим, тәжрийбе талап етсе, ол соншелли қымбат турады, яғный әпиўайы жумысларын орынлай алатуғын адамлар жүдә көп;

- жумыстың нәтийжеси болған товар яки хызмет сатылғанан кейин, жумыс бериўшиге қаншелли көп пайда алып келсе, жумыстың өзи де соған мас рәўиште жоқары баҳаланады;

- жумыс қаншелли аўыр ҳәм адамнан физикалық күшти талап етсе, сонша қымбат болады;

- жумыс қаншелли қәўипли, ден саўлыққа зыян келтиретуғын болса, сонша қымбат баҳаланады.

Сондай факторлардан келип шыққан ҳалда, ис ҳақы муғдары турлише. Демек, **ис ҳақы - жумысшы ҳәм хызметшилер мийнетиниң муғдары, сапасы ҳәм өнимдарлығына қарай, миллий өнимнен алатуғын үлесиниң пулдағы сәўлелениўи есапланады.**

Биз билемиз, ис ҳақы дәраматының бир түри есапланады. Дәрамат болса инсанның мийнети есабынан яки мүлки есабынан алатуғын пул қаржылары есапланады. Жумысшы күшин тәкрар ислеп шығарыў процессинде қатнасатуғын дәрамат тек ғана ис ҳақыдан бәлки қосымша дереклер тәрепинен түсетуғын улыўма жыйындысыда қатнасады. Соның менен, жумысшының исбилерменлиги тийкарында қосымша мийнет искерликлери арқалы алынатуғын қосымша дәраматлары, мүлклери есабынан келетуғын дәраматлар, қымбат баҳалы қағазлар арқалы алынатуғын дивидентлер, банклерге қойылған пулларга төленетуғын процентлер, ижара ҳақы, жер ренталары ҳәм басқалардан турады. Бирақ дараматтың тийкарғы бөлеги ис ҳақы болып табылады. Ис ҳақыны асырып барыў Өзбекистан Республикасы хукиметиниң тийкарғы ўазыйпасы болып қалмақта. Себеби бул халықты социал қорғаўдың ең тийкарғы факторы есапланады. Бул ҳаққында Өзбекистан Республикасы Президенти И.А. Каримов: – «**Барлық реформалардың –экономикалық, демократик, сиясый реформалардың тийкарғы мақсети инсанға мунәсип турмыс ҳәм хызмет шараятларын жүзеге келтириўден ибара**т», ([4], 282 бет) деген еди.

Ҳәр қандай ислеп шығарыўшыны ис хақының муғдары емес, бәлки оған бир қанша товар хызметлер сатып алыўы мүмкинлиги қызықтырады. Оның дәрежесин анықлаў ушын номинал ҳәм реал ис ҳақыны айырып биле алыўымыз лазым.

**Номинал ис ҳақы - ислеўшиниң мәлим бир ўақыт аралығында (саат, күн, ҳәпте, ай) исленген мийнети есабынан алған пул муғдары.** Оның хақыйқый сатып алыў қуўатын баҳалаў ушын әмелдеги баҳалар дәрежесин есапқа алыў зәрүр, яғный адам сол пул муғдарына базардан қанша товар ҳәм хызметлерди сатып алыўы мүмкинлигин яғный реал ис хақы муғдарын аниқлаў керек. Оны төмендегише анықлаў керек:

$$\textbf{Реал ис ҳақы} = \frac{\textbf{Номинал ис ҳақы}}{\textbf{Тутыныў буйымлары ҳәм хызметлеринриң баҳа дәрежеси}}$$

Номинал ис ҳақы ислеп табылған пул дәраматы дәрежесин реал ис ҳақы болса жумысшылардың тутыныўы ҳәм пәраўанлық дәрежесин анықлайды.

Ис ҳақы төлеўди пайда етиўде оның тийкарғы еки түрине итибар бериледи, олар ўақыт пай ҳәм жумыспай ис ҳақылар есапланады. **Ўақыт пай ис ҳақы мийнет қылынған ис ўақты муғдары тийкарында белгиленеди.** Мәмлекетимизде ўақыт пай ис ҳақы төлеў түри тийкарынан орынлап атырған ис муғдарын есапқа алып болмайтуғын тараўларда көбирек материаллық емес тараўларда билимлендириў, медицина ҳәм басқаларда қолланылады. Бирақ айырым ислеп шығарыў бағдарларында, соның ишинде, дари - дармақлар, анық оптик асбаплар ҳәм соған уқсас тараўларда да ўақыт пай ис ҳақы төлеў түринен пайдаланылады.

Ўақыт пай ис ҳақы орынланған ис яки таярланған өним муғдарына қарай белгиленеди. Ўақыт пай ис ҳақы төлеўде жумысшының айлығы таярланған өним муғдарының артыўы менен турақлы рәўиште артып барады. Өнимниң жоқары сапалылығын, шийки зат материалларын тежелгенлигин ҳәм басқа соған уқсасларын сыйлаўды көзде тутыўшы

мукафатлаў системасы да кең тарқалған. Олардан ўақытпай сыйлықлаў, жумыс пай сыйлықлаў, жумыс пай, прогрессив аккорд ҳәм тағы басқа ис ҳақы түрлерин мысал етиў мүмкин.

Ис ҳақының жоқары ҳәм төмен дәрежеси бар болып, ең төменги ис ҳақы муғдары нызам тийкарында орнатылады. Жалланба жумысшыға оннан төмен муғдарда айлық төлеў қадаған етилген. Ис хақының ең төмен дәрежеси қәнийгениң сарп еткен потенциалын тиклеўге, оның тәжрийбесин асырыўға семьясын бағыўына кететуғын қуннан ибарат. Өзбекистанда ис ҳақының ең кем муғдары инфляция себепли, оның реал дәрежеси турақлылығын тәмийинлеў мақсетинде ўақты - ўақты менен қайта көрип шығылмақта. **Мысалы,** Өзбекистанда ең кем ис ҳақы 2000-жылы 1-августен баслап 2450 сўм деп белгиленген болса, 2005 жылға келип бул 9500 сумды қурайды ал, 2006 жыл 1-ноябрден 12420 сўм болсын деп Президентимиз И.А.Каримов тәрепинен 12- октябр 2006 жылы қарар қабыл етилди ҳәм ис ҳақылар 1,2 есеге көбейетуғынлығы көрсетилди. Қартайғанлық (ғаррылық) ҳәм тағы басқа пенсия түрлери болса 14900 сўм деп белгиленди. 2007 жыл август айынан баслап болса Президентимиздиң парманына муўапық ис ҳақылар орташа есап пенен 25 прпоцентке көтерилди.

Ал, 2013 - жыл 15-декабринен баслап болса Президентимиздиң парманына муўапық ис ҳақылар, пенция, степендиялар орташа есап пенен 1,05 есеге көтерилди. Ең киши ис ҳақы 92150 сум болып белгиген болса, 2014 жыл 1-сентябринен баслап ис хакы 1.2 есеге котерилген еди. 2014-жыл 15-декабринен баслап ис ҳақы және 1.2 есеге көбейттирилди. 2015-жыл 1-апрелинен баслап ең кем ис ҳақы және 1.5 есеге көбейттирилди. Ал 2015-жыл 1-сентябринен баслап ең кем ис ҳақы және 1 есеге көбейттирилди. Яғный, ең кем ис ҳақы – 130240 сўм; жасына байланыслы пенсиялар айына – 254730 сўм; балалықтан майыпларға берилетуғын напақа айына – 254730 сўм; зәрүрли мийнет стажына ийе болмаған кексе жастағы ҳәм мийнетке жарамсыз пухараларға напақа – 156310 сўм болып белгиленди.

Дәраматлардың жоқары шегарасы белгилеп қойылмайды. Бул адамларда ақша табыўға болған қызығыўшылығын арттырады. Бирақ та исбилерменлер, бизнесменлер әдалатлы жол менен дәрамат табыўы тийис ҳәм оны жасырмастан жәрия етиўи керек. Жоқарыда айтып өтилгендей, жумысшы ҳәм хызметшилер ис ҳақыны олардың билими ис маҳараты ҳәм түрине қарай группаларға ажыратылған ҳалда төленеди. Биз буны тарийф системасы деп жүритемиз. **Тариф системасы - қәнийге мағлыўматнама, тарийф сеткасынан ҳәм лаўазым ис ҳақылары сеткасынан турады.** Тарийф системасы норматив ҳүжжет болып, оның жәрдеминде мәмлекет регионы ҳәм тараўлары бойынша олар жумыста ислеп шығарыў түрлери, қәнийгелер тәжрийбеси ҳәм мийнет шараятларына қарай, жумысшы ҳәм хызметшилердиң ис ҳақы дәрежесини тәмийинленип турады.

### 3. Ис ҳақыны белгилеўде кәсиплик бирлеспелериниң роли

Ҳәзирги пән техника келешеги жетисkенликлерин ислеп шығарыўға енгизиў темплерин тезлесkенли нәтийжесиде қәнийгелердиң мийнет етиў ҳәм жасаў шараятлары өзгерип бармақта. Бундай шараятда тийкарғы мәселе жумысшы ҳәм қәнийгелердиң мийнет етиў шараятларын жеңиллестириў, мийнет искерликлерин жәнеде хошаметлеўден ибарат. Ол мәлим социал орталықта жүзеге келип мийнети ушын төленетуғын барлық төлемлерди ҳәм орталық шараятларын өз ишине алады ҳәм социал нызамларда сәўлеленеди. Бул нызамларға тийкарланған ҳалда мәмлекет кәсиплик бирлеспелери ҳәм мийнет жәмәәтлери мийнет қатнасықларын жетилистирип береди.

Биз билем кәрхананың кәрхананың тийкарғы мақсети көбирек пайда алыў болып, ис хақы болса өндирис қәрежетлери қурамына киреди. Өндирис процессиндн жумысқа жаллаўшылар ҳәм жалланып ислеўшилер ортасында келиспеўшиликлер тартыслар келип шығады. Бул келиспеўшиликлерди болса белгили бир дәўирге келисиўлер тийкарында жәмәәт келисимлерине қол қойыў арқалы шешиў мүмкин. Жумысқа жаллаўшылар ҳәм қәнийгелер ортасындағы мийнет социал, экономикалық ҳәм кәсиплик қатнасықларын

тәртипке салыўшы хукуқый ҳүжжет жәмәәт келисими дейиледи. Келисимде еки тәреп яғный кәрхана басқармасы ҳәм қәнийгелериниң өара миннетлемелери, ис хақы ставкасы нормасынан артықша орынланған ислер ушын ставка, дәм алыў күнлери ҳәм дем алыслар, пенция фондлары ҳәм ден саўлықты сақлаўға ажратпалар сәўлелендириледи.

Тарийхтан белгили жумысшылардың өз хуқуқларын, соның менен бирге, мийнетлерин туўры баҳалаў ушын гүресиўи кәсиплик бирлеспелериниң жүзеге келиўине себепши болған. Кәсиплик бирлеспелери жумысшыларының ассоциациялары болып олар өзиниң ағзаларының мәплерин сәўлелендириў ушын дүзиледи. Кәсиплик бирлеспелердиң тийкарғ ўазыйпасы жумыссызлықты социал кепилликкеалыў (қорғаў) ислеўшилердиң мийнет шараятларын жақсылаў ҳақы муғдарын асырыў, мийнет қәўипсизлигин тәмийинлеўден ибарат. Бундай мақсетке болса ҳәр түрли жоллар менен ерисиў мүмкин.

Бириншиден мийнетке болған талапты кеңгейтириў арқалы, яғный жумысшы күшине талап артса, өз - өзинен ис ҳақы ставкасы да, бос жумысшы орынлары да артып барады. Бунда кәсиплик бирлеспелериниң ўазыйпасы талапты белгилеўши бир неше факторларды өзгертиўден ибарат:

1. Ислеп шығарылып атырған өним, көрсетилип атырған хызметине болған талапты асырыў.
2. Мийнет өнимдарлығын асырыў.
3. Басқа ислеп шығарыў факторлары баҳасын өзгертиў.

Екиншиден ис хақы ставкасын асырыўдың жаңа бир жолы жумысшы күши усынысты қысқартырыў. Бунда кәсиплик бирлеспелериниң ўазыйпалары:

1. Балалар мийнетин ққысқартыў.
2. Эмиграцияны шеклеў.
3. Жумыс ҳәптесин қысқартыўға жәрдем бериў
4. Пенцияға мүддетинде шығыўды тәмийинлеў.

Үшиншиден кәсиплик бирлеспелериниң жәнe бир ўазыйпасы, кәрхана басқармасмына белгили бир кәсиптеги жумысшыларды анық көрсетилген талапларға жуўап бергенде ғана жумысқа қабыл етиўлерин қадағалаў болып табылады. Бул талапларға жумысшының билим дәрежеси, қәнийгелиги бойынша ис стажы, шахсый характеристикаларын киритиў мүмкин.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер**

Мийнет базары, мийнет биржасы, мийнет контракты, жәмәәт келисими, бас келисим, жумысшы күши, ис ҳақы, номинал ис ҳақы, реал ис ҳақы, ўақыт пай ис ҳақы, жумыс пай ис ҳақы, тариф систеасы, тарийф қәнийгелик мағлыўматнамасы, кәсиплик бирлеспелери.

## 12- тема: Халық дәраматлары ҳәм мәмлекеттиң социал сиясаты

### 1. Халық дәраматлары ҳәм оның дереклери

Ҳәр қандай жәмийетте өнидирис процессинде бәнт болған жәмийет ағзалары миллий дәраматынжетилистиреди. Олар өз үлеслерин миллий дәраматан ис ҳақы сыпатында алады. Бул халықтың дәрамат дереклериниң тийкарғы бөлеги есапланады. Лекин, инсанлар ҳәр қандай өндирис процессинен қәттий нәзер белгили бир дәрежеде қосымша мийнет искерликлери менен шуғылланып, белгили бир дәрежеде қосымша ис ҳақыларын өзлестиреди. Бул қосымша ис хақылар төмендеги түрлеринде, яғный пайда, мал - мүлктен алынатуғын дәрамат, қымбат баҳалы қағазлардан келетуғын дивидентлер, банклерде қойылған пул ушын алынатуғын процентлерде ҳәм социал төлемлерде сәўлеленеди. Мине усы бәрше ис ҳақы, пайда дивидентлери, процент, ренталар, социал төлемлер,халық дәраматларын пайда етеди.

Халық дәраматлары әдетте бир жыл ишинде алынған пул ҳәм натурал түрдеги дәраматларының жыйындысына айтылады. Халық дәраматларының әҳмийети жәмийеттиң бирлемши буўыны болған семьяның жәми дәраматларында сәўлеленип, ол усы семьяның жасаў дәрежесин белгилеп береди.

Базар экономикасы шараятында халықтың алып атырған дәраматларына қарай олардың классларға ажыралыўына алып келеди алып келеди.
Халықтың дәраматлары **номинал** ҳәм **реал** дәраматларға бөлинеди.

**Номинал дәрамат** белгили ис ўақтына төленген мийнет хақы есапланады. **Реал дәрамат** болса алынған номинал дәрамат халықтың жасаў шәраятын қаншелли қанаатландырыўында сәўлеленеди. Халықтың номинал дәраматларының өсиўи, ис хақылары, процент ставкаларының өсиўи, алынып атырған дивидентлерн, мал - мүлктен түсип атырған дәраматлар, жер ренталарының өсиўи ҳәм халықты социал қорғаўға ажратылған қаржылардың көбейип барыўына байланыслы болса, халықтың реал дәраматлары болса номинал дәраматларның өсиўине ҳәм ислеп шығарылып атырған өнимлердиң, халыққа көрсетилип атырған социал хызметлерниң арзанласыўына байланыслы болады. Республикамызда жалпы ишки өнимниң өсиўи 2003-жылда 4,3% ти қураған болса, санаат ислеп шығарыўында 8,5% ин аўыл хожалығында 6,1% ин пайда етти. Ислеп шығарыў процессиниң өсиўи нәтийжесинде халықтың орташа жан басына дәраматлардың өсиўи 12,5 % ке көбейеди. Бул өз нәўбетинде халыққа пуллық хызмет көрсетиўди 8,3% ке, усақлап сатып алыў товар айланбасын 1,7% ке өсиўине алып келди. Бул көрсеткишлер халықтың номинал ҳәм реал дәраматларының өсип барыўы нәтийжелери есапланады деп есаплаў мүмкин. 2003-жыл майдан баслап халықтың ис хақыларын 20% ке көбейиўи де номинал ҳәм реал дәраматларының өсиўин тәмийинлейди.

**Халық дәраматларын ҳәм абаданлығын арттырыў бойынша да** сапа жағынан терең өзгерислер жүз бермекте. Халықтың мийнет ҳақы ҳәм улыўма ақша дәраматлары турақлы кобейип бармақта, оның сатып алыў уқыплылығы турақлы өспекте, пуқараларымыз тутынатуғын өнимлер қурамының сапасы артпақта.

2010 –жылда бюджет саласы мекемелери хызметкерлериниң мийнет ҳақысы, пенсиялар ҳәм социаллық напақалар, степендиялардың муғдары 32 процентке, халықтың улыўма ақша дараматлары болса жан басына 1,3 есе көбейди.

Халықтың дәраматлары қурамында исбилерменлик жумысынан алынып атырған дәраматтың үлеси барған сайын салмақлы орын ийелемекте ҳәм барлық дәраматлардың 47 процентинен асламы усы саланың үлесине тура келмекте.

Елимизде шаңарақлардың сапалы ҳәм узақ мүддет пайдаланатуғын тутыныў товарлары менен тәмийинлениў дәрежеси сезилерли түрде артты. Атап айтқанда, бүгинги күнде ҳәр 100 шаңараққа орташа 132 телевизор, 99 музлатқыш, 18 ден аслам кондиционер, 27 ден аслам жеңил автомобиль, ҳәм 12 персонал компьютерлер туўра келеди.

Халық дәраматларының өсип барыўы мәмлекетлер тәрепинен ислеп шығарылған дәраматлар сиясатына байланыслы болады. Бул дәрамат сиясаты төмендегилерден ибарат: Пуқаралардың «**кәмбағаллық сызығынан**» төменге түсип кетпеслик иләжлары көриў тийкарында, дәрамат муғдарларын кепилликке алыў яки дәраматларын кепилликке алмастан пуқараларға өз дәраматларын асырыў ушын шәрт-шараятлар жаратып бериўден ибарат.

## 2. Дәраматлардың бөлистирилиўи. Лоренс қыя сызығы

Дүньядағы барлық мәмлекетлер халықтың жан басына туўры келетуғын орташа дәраматлар дәрежеси менен бир – биринен кескин парықланады. Бул ҳәр қыйлы мәмлекетлер халқының дәраматлары дәрежесинде ортасында теңсизлик барлығын билдиреди.

Дәраматларды қәте бөлистирилиўи экономикалық нызам есапланады. Дәраматлардың қәте бөлистирилиўи тәбийий болып, оның обьектив себеплери бар. Бул себеплер төмендегилер есапланады:

1. Адамлар қәбилиетлериниң ҳәр қыйлы екенлиги ҳәр кимниң қәбилиетине жараса ислейди ҳәм мийнетине жасара хақы алыў принципиниң әмел қылыўын аңлатады.
2. Әўмет. Адамларға әўмет күлип бaққанда, байып кетиў имканына ийе болады.

3. Бахтсыз ҳәдийсе, қәуиплер қәтерлер орта яки бай адамлардың турмыс дәрежесин кескин түсирип жибериўи мүмкин.

4. Билимли, потенциаллы, талантлы адамлардың турмыс дәрежеси жоқары болады. **Мәселен:** Дуньяда өзиниң ақыллылығы есабынан ең бай болған компютер патшасы **Билл Гейтстиң** турмысын мысалы етип келтириў мүмкин. Оның бир жыллық дәраматы 37 млрд. долларды пайда етеди. Бир саатлық дәраматы болса, 5 миллион доллардан ибарат.

5. Мийрас та адамлар дәраматларының артыўына тәсир етеди.

6. Таныў - билиўшилик. Бизде сол күнге шекем бул факторға пәнжере (решетка) арқасынан қарап келинген. Лекин адамлардың жумысқа жайласыўында усынынслар бериў, таныўлар көмегине таяныў да бар. Бул жағдайды инкар етип болмайды.

Дәраматлар ортасындағы айырмашылық қәуипли, өзине жалып етиўи, аўыр жеңил-лигине де байланыслы болыўы мүмкин. Шахта жумысшылары мийнетиниң қәуипли екенлиги оған төленетуғын хақының жоқары болыўын талап етеди. Моделлердиң мийнети көркем. Бул жумысты әмелге асырыў ушын бул кәсип ийеси сқртқы жақтан мәлим талапларға жуўап бериўи керек. Исбилерменлик мийнети де қәуипли есапланып, ол бир күнде байып кетиўи яки банкрот болыўы мүмкин. Демек, жоқарыда санап өтилген факторларды есапқа алсақ теңсизликтиң тәбийий жағдайы екенлигине ықрар боламыз. Дараматлардың теңсизлиги дәрежесин муғдарлық анықлаў ушын жәҳән әмелиятында Лоренц қыя сызығынан пайдаланылады ( 5-сүўрет)
Сызбаның жайық сызығы арқалы халық группаларының процентлеги үлеси, тик сызықта болса, бул группалар тәрепинен алынатуғын дәраматтың процентлеги үлеси жайлас-тырылған. Теориялық жақтан дәраматлардың абсолют тең бөлистирилиў имканияты (мүйешти тең екиге бөлиўши) **ОЕ** сызығында сәўлеленген болып, ол семьялардың ҳәр қандай тийисли проценти дәраматларының сәйкес келиўши процентти алыўын көрсетеди. Яғный халықтың 20% ти барлық дәраматлардың 20% тин, халықтың 40% дәраматларының 40% тин, халықтың 60% ти дәраматларының 60% тин алыўын билдиреди ҳәм тағы басқа. Демек, **ОЕ** сызығы дәраматлардың бөлистирилиўиндеги абсолют теңликти сәўлелендиреди




5- сүўрет. Лоренц қыя сызығы

Соныңдай-ақ теориялық жақтан абсолют теңсизликти ҳәм ажыратып көрсетиў мүмкин. Бунда халықтың мәлим топарлары (20%, 40% яки 60% ҳ.т.б.) ҳеш қандай дәраматқа ийе болмай, тек ғана бир проценти ғана бәрше 100% дәраматқа ийе болады. Сызылмадағы **ОКЕ** сынық сызығы абсолют теңсизликти сәўлелендиреди.

Реал өмирде абсолют теңлик ҳәм абсолют теңсизлик жағдайлары болмайды. Бәлким халықтың мәлим бир группалары ортасында дәраматлардың бөлистирилиўин тәртипсиз рәўиште барады. Бундай бөлистирилиўди **Лоренц қыя сызығы** деп аталыўшы **ОЕ** қыя сызығы арқалы гүзетиў мүмкин. Халықтың топарлары үлеси ҳәм дәрамат үлесин бирлестириўши қыя сызықтан сәўлеленеди, халықтың дәслепки 20% ти дәраматлардың жүдә аз (шама менен 3-4 % ке шекем) бөлеги туўры келеди. Кейинги группаларға туўры келиўши дәрамат үлеси артып барады. Дәраматтың ең үлкен бөлеги (диерли 60%)

халықтың соңғы 20% ке туўры келеди. Бул топар шегарасын ишинде де дәраматлао тәртипсиз бөлистирилген, яғный дәслепки 10% шама менен 20% дәраматқа ийе болса, кейинги 10% ке дәраматтың дерлик 40% ти туүры келеди, ҳәм т.б. Абсолют теңсизликти сәўлелендириўши сызық **Лоренс қыя сызығы** ортасындағы аралық дәраматлар теңсизлиги дәрежесин сәўлелендиреди. Бул айырмашылық қаншелли үлкен болса, яғный Лоренц сызығы **ОЕ** сызығынан қаншелли узақта жайласса, дәраматлар теңсизлиги дәрежеси де соншелли үлкен болады.

Дәраматларды бөлистирилиўиндеги теңсизлик муғдарының дәрежеси **Джини коэффициенти** жәрдеминде аниқланады. **Джини коэффиценти** сызылмадағы **Лоренц сызығы** менен абсолют теңлик ортасындағы майданы **0КЕ** үшмүйешлик майданына қатнасы арқалы анықланады. Бул көрсеткиш қаншелли үлкен болса, (яғный 1,0 ге жақынласса) теңизлик сонша күшли болады. Жәмийет ағзаларының дәраматлары теңлесип барғанда бул көрсеткиш 0 (ноль) ке умтылады. **Мәселен,** кейинги ярым әсир даўамында **Джини индекси** Уллы Британияда 0,39дан 0,35 ке шекем, АҚШ та болса, 0,38 ден 0,34 ке шекем пәсейген.

Өзбекистанда **Джини коэффициенти** 1996-жылда 0,396, сол жылдың ақырында 0,315 болған. Теңсизлик кемейген. Демак, теңсизликти келтирип шығаратуғын обьектив себеплерди есапқа алған ҳалда, дәраматлардың тегис емес бөлистирилиўин обьектив екенлигине ықрар болыўы мүмкин.

### 3. Халықты социал қорғаўдың зәрүрлиги ҳәм оның тийкарғы бағдарлары

Теңсизлик машқаласы социал машқала болған камбағаллық пенен байланыслы. Камбағаллық машқаласы дейерли барлық мәмлекетлерде бар. Ҳәттеки Америка қурама штатында да ҳәзирги күнде 13% ке жақын халықтың камбағаллық шегарасында жасайды.

Камбағаллық дегенде адамның тийкарғы мүтәжликлерин қанаатландыра алмаўы түсиниледи. Камбағаллықты анықлаўда камбағаллық шегарасы деген көрсеткиштен пайдаланылады. Камбағаллық шегарасының тийкарғы көрсеткиши минимум тиришилик өнимлерине болған мүтәжликлерин қанаатландырыў болып табылады. Социаллық ҳәм физиологиялық тиришилик минимуми бар.

Физиологиялық минимум физикалық мүтәжликлерге керекли болған минимум товарлар ҳәм хызметлер жыйындысынан ибарат. Социаллық минимумға – минимум социал ҳәм руўқый мүтәжликлер де киреди.

Ҳәр бир мәмлекетте минимум тиришилик өнимлери ҳәр түрли жоллар менен есапланады. Өзбекистанда минимум тиришилик өнимлерин есаплаўда норматив усыл қолланылады. Минимум тиришилик өнимлери минимал тутыныўшылар корзинасына туўры келеди. Әпиўайы тутыныўшы корзинасына 18 өним киреди. Тутыныўшылар корзинасына киретуғын өнимлер илимпазлар, биолог экономистлер тәрепинен анализленеди ҳәм есапланады.

Өзбекистанда әпиўайы тутыныўшылар корзинасынды 1 адамға өнимлер төмендеги муғдарда белгиленген:

Тутыныў корзинасы

| № | Өним аты | Өлшем бирлик | Айлық норма | Жыллық норма |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Қара нан | Кг | 7,7 | 92,4 |
| 2 | Ақ нан | Кг | 7,25 | 86 |
| 3 | Күриш | Кг | 1,5 | 18 |
| 4 | Вермишел | Кг | 0,6 | 7,2 |
| 5 | Қант | Кг | 0,85 | 10,2 |
| 6 | Өсимлик майы | Кг | 0,85 | 10,2 |
| 7 | Сары май | Кг | 0,3 | 3,6 |
| 8 | Мал гөши | Кг | 3,5 | 42 |
| 9 | Калбаса (писирилген | Кг | 1,8 | 21,6 |
| 10 | Колбаса (дузланған) | Кг | 1 | 12 |
| 11 | Сүт | Литр | 15,5 | 186 |
| 12 | Қаймақ | Кг | 0,25 | 4,2 |
| 13 | Сыр | Кг | 0,2 | 2,4 |
| 14 | Мәйек | Дана | 15 | 180 |
| 15 | Картошка | Кг | 12,5 | 150 |
| 16 | Капуста | Кг | 2,5 | 30 |
| 17 | Пияз | Кг | 2,1 | 25,2 |
| 18 | Алма | Кг | 1 | 12 |
| 19 | Сигарета | Пачка | 8 | 96 |

Минимал тиришилик дәрежеси мәмлекеттиң социал сиясатын әмелге асырыўда тийкар болып есапланады. Ҳәр бир мәмлекет халықты кем тәмийинленген қатламын қорғаў социал сиясатын алып барады.

Халықты социал қорғаў мәмлекеттиң дәраматлар бөлистирилиўиндеги теңсизликти жумсартыўы ҳәм халық қатламлары ортасындағы келиспеўшиликлерди шешиўге қаратылған сиясат болып табылады.

Халықты базар экономикасына өтиў дәўиринде социал қорғаўдың тийкарғы бағдарлары Өзбекистан Республикаси Президенти И.А. Каримовтың "**Өзбекистан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында**" атлы китабында толық баян етилип берилген. Халықты социал қорғаў ҳәр қыйлы формаларда жүзеге келеди:

- пул менен жәрдем бериў,
- материаллық жәрдем,
- бийпул аўқатларға талонлар бериў,
- балаларды асырап алыў,
- кекселер ойынын қурыў,
- спонсорлық етиў ҳәм тағы бсқалар.

Дәслеп социал қорғалатуғын қатламлар анықланады. Оларғы дәраматы минимум тирикшилик өнимине жататуғын қатламлар, кекселер, көп болалы ҳәм жалғыз перзент өсирип атырған аналар, "**өзине жәрдем бере алмайтуғын**" адамлар киритиледи.

Халықтың искер қатламларына болса жәрдем – өз имканиятларын көрсетиўлери ушын керек болатуғын қолайлы шәрт – шараятларды жаратыўдын ибарат.

Инфляция шараятында ўақтыншалық әмелге асырылатуғын социал қорғаў механизми:

1. Халықтың социал искерлигин асырыўы.
2. Социал қорғаў биринши нәўбетте хақыйқаттан да мүтәжлерге қаратылыўы.
3. Реал мийнет базариын пайда етип, мийнет ресурсларынан нәтийжели пайдаланыўды жолға қойыў.
4. Социал тараўларды раўажлантырыў.
5. Халықты социал қорғаўды мәмлекет ҳәм пуқаралардың каржылары есабынан әмелге асырыў зәрүр. Республикада халықты социал қорғаў бир неше басқышта әмелге асырылды.

**Биринши бағдарда** - дәраматлардың ең кеми ҳәм орташасы турақлы асырылып барылды. Дәраматлар қатнасын өзгертиўде 1993 жылда енгизилген бирден-бир тарийф сеткасы үлкен әҳмийетке ийе болды.

**Екинши бағдарда** – ишки тутыныў базарын қорғаў ҳәмде азық-аўқат өнимлери ҳәм азық аўқатлық емес өнимлериниң баҳаларын белгили дәрежеде сақлаб турыў болды.

**Үшинши бағдарда** – ногиранлар, пенционерлер көп болалы ҳәм кем дәраматлы семьялар, жумыссызлар, оқыўшылар (бийпул аўқатлар), талабаларға (аўқатланыўы ушын) талонлар берилди.

**Төртинши бағдарда** – адресли социал қорғаў әмелге асырылды. Мүтәжлер қатламын анық белгилеў ҳәм жәрдемлерди әмелге асырыў мәҳәле ықтыярына тапсырылды.

Халықты социал қорғаў мәмлекет бюджетинен тысқары Өзбекистан Республикасы социал қамсызландырыў фонди, кәрханалар (жумысшыларына жеңиликлер бериў, бийпул аўқат, жол хақыны төлеў, мийнеткешлердиң мәресимлерине жәрдем бериў, үй-жай менен тәмийинлеў), социал шөлкемлер кәсиплик бирлеспелери, ветеранлар ҳәм инивалидлер бирлеспелери, кекселер фондлары тәрепинен ҳәм әмелге асырылады.

Мәмлекеттиң социал қорғаўдағы искерлиги адамларда бейпарўалылық кейфиятын асырады, бул болса ислеп шығарыў нәтийжелиги пәсейип кетиўине алып келеди. Мәмлекет тәрепинен социал қорғаўдың пәсейиўи болса теңсизликти тереңлесиўине алып келеди.

**Социал әдиллик түсиниги** - субьектив түсиник болып, оның әмел етиўине экономикалық караслар менен биргаликте сиясый, мәдений, социал, тарийхый, адамлардың турмыс тәрзи кусаған факторлар да тәсир етеди.

Адамлар дәраматындағы теңсизлик әдилсизлик деген гәп емес. Жәмийеттеги әдиллик ислеп шығарыў қуралларына биргеликте пайдаланатуғын орынларына қарай сәўлеленеди. Аз дәрамат яки көп дәрамат алыўдан қатыий нәзер жәмийет ағзаларының бәршеси жәмийеттеги социал өнимлерден бирдей пайдаланыў хуқықына ийе болады. **Мәселен:** Жоқары оқыў орайында оқыў, медицина хызметинен пайдаланыў, жарыс, конкурсларда қатнасыў ҳ т.б.

Бирақ базар механизминиң бар екенлиги экономикалық теңсизликти жолғалтпайды. Мәмлекет байлар яки бай кәрханалардың артықша пайдасын мәмлекет бюджетине жалып етсе, экономикалық хошаметлеў болмайды. Базар механизми истен шығады.

## 13- тема. Финанс ҳәм финанс қаинасықлары. Салық системасы.
## 1. Финансттың әҳмийети ҳәм ўазыйпалары

Финанс тарийхый характерге ийе болған экономикалық категория. Ол базар экономикасы қатнасықлары процессинде мәмлекеттиң алдында турган тийкарғы ўазыйпаларынан ҳәм халықтың мүтәжликлерин тәмийинлеў мақсетинде түрленеди.

Финанс категориясы латынша сөзден алынған болып, төлем, дәрамат мәнисин билдиреди. Экономиканың келешеги ушын зәрүр болған пул қатнасықлары пул фондлары түринде жетилистирилип өндирис процессин кеңгейтириўге, социал келешекти раўажландырыўға сарпланады. Финанс экономика келешегинде ҳәрекетте болған барше пул қаржыларының өзинде жәмлемейди. Финанс қатнасығы белгили бир дәрежеде шекленген болады. Финанс қатнасықлары те ғана хуқықый субьектлердиң ҳәм хуқықый жағдайына ийе болған физикалық шахслардың, ҳәр қыйлы социал шөлкемлериниң пул қаржыларының көлеми дәрежесиниң финанслық қатнасықларды түрлентиреди.

Демек, финанслық қатнасықлар улыўма есапқа аланған пул қаржылары фондларының ҳәрекети есабынан мәмлекет, кәрханалар, шөлкемлер, социал мекемелер территориялар ҳәм физикалық хуқықый субьектлер жағдайына ийе болған пуқаралар ортасында жүзеге келиўши экономикалық қатнасықлар болып табылады. Финанслық қатнасықларды төмендеги бөлеклерге бөлиў мүмкин:

- Мәмлекет пенен кәрханалар ортасындағы қатнасықлар.
- Кәрханалар менен банклер ортасындағы қатнасықлар.
- Кәрхана ишиндеги, бөлимлер ара ҳәм жумысшылар ортасындағы хожалық байланыслары.
- Басқарыўдың ҳәр түрли дәрежесиндеги мәмлекет шөлкемлери ортасындағы қатнасықлар.
- Мәмлекет пенен бирлеспелер, жәмәәт шөлкемлери ортасындағы қатнасықлар.
- Мәмлекет пенен халық ортасындағы финанслық қатнасықлар.

Барлық пул қатнасықлары финанслық қатнасықлар бола алмайды. Жеке тутыныўға ҳәм алмасыўға, усақлап сатыўға, транспортқа, коммунал хызметлерге, тамашаханалар ҳәм басқаларға төлем ушын, соныңдай-ақ жәмийеттиң айырым ағзалары ортасындағы алдысатты айланысы, пул саўға етиў ҳәм мийрас етип алыў ушын хызмет ететуғын пул қаржалары финанслық қатнасықларға кирмейди.

Финанстың төмендеги ўазыйпалары бар.

Ҳәр жылы жаратылған миллий өним ҳәм миллий дәрамат ҳәр түрли финанс фондларына айлантырылып, пул түринде бөлистириледи. Бөлистириў екиге бөлинип, бирлемши (ис хақы, пайда, социал қамсызландырыў, амортизация фондлары), яғный туўрыдан-туўры ислеп шығарыўдағы бөлистириў, екилемши (салықлар, түрли төлемлер, маиший хызмет хақы ҳ. т. б.) яки қайта бөлистириўден ибарат. Бөлистирилген пул қаржыларын пайдаланылыўын қадағалаў. Яғный ислеп шығарыўды раўажлантырыў яки

социал келешек ушын ажыратылған финанслық қаржыларын белгиленеан бағдарда туўры пайдаланыўды тәмийинлеў ўазыйпасын орынлайды. Финанслық қадағалаў базар экономикасы қатнасықлары процессин талап ҳәм усыныс нызамы тийкарында туўры жетилисиўин тәмийинледи. Финанс экономикалық раўажланыўды хошаметлеўши экономикалық фактор болып та хызмет қылады. Финанс системасы өзиниң экономикалық қураллары салықлар, төлемлер, субсидиялар ҳәм субвенсиялар арқалы хожалық субьектларин нәтийжели раўажландырыўға ийтермелейди.

Финанс тек ғана өндирис ишлаб чиқариш процессиниң тийкарғы факторы ғана болмай, бәлки халықтың социал қорғаўда да тийкарғы социал - экономикалық әҳмийетке ийе. Халықты социал қорғаўдың ең тийкарғы жолы ис хақын асырып барыў болыа табылады. Реал ис хақы 2004- жыл 9 айы жуўмақлары бойынша. 2003- жыл сол дәўирге қарата 18,4% ке асты ҳәм 62,3 млн. сўмды пайда етти, халықтың жан басына реал дәраматы 12,8%, пенциялардың реал орташа айлық муғдары 13,6% ке көбейди. ([14] ,2 бет).

Базар экономикасы шараятында социал қорғаўға мүхтаж болған пуқаралар болады. Олардың жасаўлары ушын минимум дәрежеде тутыныў талапларын қанаатландырыўда, финанс оларды социал қорғаўды тәмийинлейди.

Халықты социал қорғаў төмендеги усыллар арқалы әмелге асырылады.

Халыққа бийпул яки жеңилликли хызмет көрсетиўши тараўлар (билимлендириў, денсаўлықты сақлаў, мәдения, физикалық тарбияны финансластырыў) ҳәм халықтың нашар, жәрдемге мүтәж қатламларына пул менен жәрдем бериў. Бул ислер мәмлекет, фирмалар, хайрия шөлкемлери тәрепинен әмелге асырылады.

Финанстың орны жүдә үлкен әҳмийетли болып, бул хаққында да: Өзбекистан Республикасы Президенти экономикалық реформалар стратегиясы ҳәм жолын жетилистириў механизмлеринен бири «**Финанс ҳәм салық сиясаты тараўындағы үлкен сиясатты әмелге асырыў, халық хожалығы тараўларын, айырым кәрханаларды раўажландырыў ушын бюджеттен пул менен қайтармайтуғын қетип тәмийинлеў әмелиятынан ўаз кешиў. Әне сол мақсетлер ушын инвестиция кредитлернен кең пайдаланыў, турақлы пул машқаласын тәмийинлеў, кредит ҳәм нақ пул эмиссиясын, жәми пул массасын тийкарсыз өсиўин кескин шеклеў, баҳаны белгилеў системасын жәнеде, тәртипке салыў, базарды тәртипке салып турыўшы қурал сыпатында баҳаның ролин беккемлеў**»ден ([4],190-191 бетлар) ибарат деген еди.

Финанслық қатнасықлар ҳәм оларға хызмет қылыўшы арнаўлы шөлкемлер жәмийеттиң финанс системасын пайда етеди. Финанс системасын еки бөлекке бөлиў мүмкин.

Демек, микрофинансқа фирмалар (коммерциялық ҳәм коммерциялық емес) ҳәр қыйлы жәмәәт шөлкемлери үй хожалығы финансы (ис хақы, пенция, стипендия, дивидент, мүлктен келген ҳәм исбилерменликтен алынған дәраматлар) кирсе, макрофинансқа мәмлекет финансы (мәмлекет бюджети) ҳәм социал финанс (социал қамсызландырыў, пенция, халықты жумыс пенен тәмийинлеў, жол қурылысы, тәбиятты қорғаў, тарийхый естеликлеримизди сақлаў, исбилерменлерге, әскерлерге, кәрханаларға санация жәрдем бериў ҳәм басқалар) киреди.

## 2. Мәмлекет бюджетиниң түрлениўи

**Мәмлекет бюджети** - финанслық реже болып,белгили дәўир ушын дәрамат ҳәм қәрежетлерди өзинде сәўлелендиреди. Мәмлекет бюджети мәмлекет көлеминде улыўма жәмийет мәпин орайласқан ҳалда топланыўын ҳәм сарплаўын сәўлелендириўши финанс системесының тийкарғы бөлеги есапланады. Бюджет финанслық режа болып, белгили дәўир ушын дәрамат ҳәм қәрежетлерин жәмлейди. **Мәмлекет бюджетин дүзиўден көзленген тийкарғы мақсет: мәмлекет алдында турған социал ҳәм экономикалық ўазыйпаларды орынлаў ушын финанслық тийкарын түрлендириў, мәмлекет экономикасын раўажландырыўдың келешектеги режесин әмелге асырыў, халық дәраматларын қайта көрип шығыў болып есапланады.** Мәмлекет бюджети еки бөлимнен турады.

1. Дәраматлар бөлими. Дәраматлар бөлеги төмендегилер есабынан турады:

- қосылған қуннан алынған салық;
- республика территориясынан алып шығып кетип атырған шийки зат өнимлери ҳәм таяр өнимлерге салинатуғын салық;
- акцияларды сатыўдан келетуғын түсимлер;
- айланба салықлар;
- дәраматқа (пайдаға) салынатуғын салықлар;
- кәрханалар дәраматларына салынатуғын салықлар;
- социал шөлкемлер дәраматларына салынатуғын салықлар.
- халыққа салынатуғын мәмлекет салықлары;
- акциз салығы;
- халыққа сатылатуғын мәмлекет заёмларынан турады.

Бюджеттиң қәрежетлер бөлеги төмендегилерден ибарат:

- халық хожалығын раўажлантырыў;
- билимлендириў ҳәм пәнди раўажлантырыў;
- ден саўлықты сақлаў ҳәм физикалық тарбияны раўажлантырыў;
- халықты социал қорғаў;
- көп балалы ҳәм жалғыз бағыўшысы жоқ аналарға берилетуғын, мәмлекет пенционерлери фондын жаратыў;
- халықтың параўанлығын асыратуғыншөлкемлерди раўажландырыў;
- мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў органларын тәмийинлеў;
- мәмлекеттиң қураллы күшлериниң жағдайларын жақсылаў;
- пенциялар бериў;
- қоршаған орталықты қорғаў жақсылаў менен байланыслы болған қәрежетлерден турады. Бюджет жыл ақырында дәрамат пенен тамаланса нәтийжели, қәрежетлердиң артықшалығы менен тамамланса нәтийжесиз бюджет болады. Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов мәмлекет бюджетин беккемлеў ҳәм оннан нәтийжели пайдаланыў ҳаққында: «**Мәмлекет бюджети дефицитин илажы барынша кемейтириў, бюджеттен берилтуғын дотациялар ҳәм субсидиялардың түрлерин басқышпа-басқыш қысқартырып барыў, бюджет қаржылары дәрамат түскеннен кейин ғана бөлистиретуғын жолдан бурылмай сүринбей барыў, биринши дәрежели, eң зәрүр улыўма мәмлекетлик мүтәжликлери ушын ғана бюджеттен қаржы ажыратыў, салық системасын жетилистириў, бюджет дәраматлары турақлы пәтлер менен толтырып турылыўын тәмийинлейтуғын ислеп шығарыўды хошаметлейтуғын пухта сиясатын алып барыў керек**» ([4],190 бет) дегтн еди.

Әдетте, мәмлекет бюджетиниң дәраматлар ҳәм қәрежетлер бөлимлери өз-ара тең болмайды. Дәраматқа қарағанда қәрежек көп болғанда бюджет жетиспеўшилигине алып келеди. Жыллар даўамында жәмленип келинген бюджет жетиспеўшилигиниң жәми муғдары мәмлекет қарзын пайда етеди. Мәмлекет қарызлары еки түрге бөлинеди:

- Мәмлекеттиң сыртқы қарызы;
- Мәмлекеттиң ишки қарызы.

Мәмлекеттиң сыртқы қарызы дегенде, оның шет мәмлекетлерге, ҳәр қыйлы финанслық бирлеспелерге, шет ел фирмалар ҳәм айырым шахсларға қарызы нәзерде тутылады. Мәмлекеттиң ишки қарызы дегенде, фирма, киши кәрханалар, жәмәәт кәрханалары ҳәм өз халықнан алған қарызы түсиниледи. Бюджет дефицити менен мәмлекет қарызы бир-бирине байланыслы. Себеби бюджетти тәртипке салыў мәселеси ҳәр қандай хүкиметтиң алдында турған орайлық мәселеси. Мәмлекет бюджетиниң илажы барынша жетиспеўшилик муғдары болмаўы керек.

## 3. Салық системасы ҳәм оның ўазыйпалары

Салық экономикалық қатнасықларын түрлентириўде, оны бөлистириўди жетилистириўде ең тийкарғы экономикалық факторлардан бири есапланады. Салық экономикалық категория болып, салық өндириўшилер менен салық төлеўшилер ортасындағы экономикалық қатнасықларын сәўлелендиреди. Соның ушын да салық сиясатын ислеп шығарыў субьектларин ҳәм халықты күшли социал қорғаўды тәмийинлеў тийкарында алып барыў зәрүр.

Базар экономикасы шараятында республикамызда салықларды енгизилиўинен мақсет мәмлекет бюджетин жетилистириў ҳәм халық хожалығын ҳәр тәреплеме раўажланыўын ҳәм халықты социал қорғаўды тәмийинлеў болып табылады. Солардан келип шыққан ҳалда салықлардың төмендеги ўазыйпаларын айтып өтиў мүмкин:

1. Фискал ўазыйпасы, яғный мәмлекет қәрежетлерин финансластырыў.
2. Экономикалық искерликти хошаметлеў.
3. Социал қорғаў, яғный халықтың айырым қатламларына жеңилликлер бериў.
4. Мәмлекет ғәзийнесине пул түсириў.
5. Миллий дәраматты бөлистириў ҳәм қайта бөлистириў.

Салық системасының ең тийкарғы ўазыйпасы ислеп шығарыўды раўажландырыўға материаллық, шийки зат, тәбийий, финанслық ҳәм мийнет ресурсларынан, топланған мал-мүлктен нәтийжели пайдаланыўға хошаметлеўши тәсир көрсетиўи есапланады.

Ҳәр түрли мүлк түриндеги кәрханалар, бирлеспелер ҳәм шөлкемлер салық төлеўши болып есапланса, мәмлекет салықларды алыўшы есапланады. **Неге салық салынса оны салық обьекти, салық төлеўшилерди болса салық субьекти деп аталады?**

## 4. Өзбекистанда бюджет ҳәм салық системасын жетилистириў мәселелери

Базар экономикасыена өтиў процессинде улыўма экономикалық бәркамаллыққа ерисиў, финанслық баркамаллықты тәмийинлеў, соның менен, мәмлекет бюджети турақлылықты мүмкин болған дәрежеде услап турыў ўазыйпасын өзиниң ишине алады. Соған муўапық финанс сиясаты Республика мәмлекет бюджетиндеги жетиспеўшиликти (дефицитти) жоғалтыў яки ең кем дәреже шеңберинде услап турыўына қаратылған. Сонан келип шыққан ҳалда, мәмлекет бюджети жетиспеўшилигиниң сапластырыўды тийкарғы жоллары төмендегилерден ибарат:

- ислеп шығарыўды кеңейтириў, мийнет өнимдарлығын асырыў жәрдеминде жалпы миллий дәраматтың өсиўине ерисиў:
- админстратив-басқарыў, қураллы күшлер ҳәм басқа түрдеги қәрежетлерди кемейтириў есабынан бюджетниң қәрежетлер бөлегинен дәрамат бөлегиниң артық болыўын тәмийинлеў;
- жәҳән базарына шийки зат шығарыў орнына, оларды қайта ислеп, таяр өним сыпатында шығарыў арқалы мәмлекет миллий дәраматын көбейтиў болып есапланады.

Ҳүкимет өз мәмлекетиниң экономикалық шараятынан келип шыққан ҳалда, бюджет сиясатын ислеп шығады.

Финанслық жағдайды беккемлеў арқалы экономиканы турақлы бир қәлипте услаў ушын салық сиясатын жетилистириў зәрүр. Оның әҳмийети төмендегилерден ибарат:

- базар қатнасықларына өтиў шараятында салықлар экономикалық сиясатты әмелге асырыўда ең тийкарғы басқарыўшы фактор болып қалады,
- дәслеп салық системасы өзине мас ўазыйпаны фискал қәзийнени толтырыў, қайта бөлистириў ҳәм хошаметлеў ўазыйпасын толық дәрежеде орынлаўы керек,
- салықлар қәзийнесин толтырыў сиясатының тийкарғы элементи болып, мәмлекет бюджетиниң дәраматлар бөлеги ең тийкарғы улыўма мәмлекетлик халық хожалығына зәрүр болған муғдарда түрлениўин тәмийинлеў лазым,
- салық системасын анық мақсетке қаратылған финанслық сиясат пенен биргеликте, жалпы миллий өнимниң бир бөлегин қайта бөлистириў сол тәризде экономика дүзилиўин

өзгертириуде, халықтың социал қорғаў кепиллигин тәмийинлеўде туўрыдан-туўры қатнысады,

- салықлар системасының ең тийкарғы ўазыйпасы ислеп шығарыўды раўажлантырыўға материаллық, шийки зат, тәбийий, финанслық ҳәм мийнет ресурсларынан топланған мал-мүлктен самарали пайдаланыўға хошаметлеўши тәсир етиў болып табылады.

Салыққа тарыў обьектинен дәраматты мәлим бир бөлегин бюджетке нызамда белгиленген нормада мәжбүрий төлеўге салық ставкасы дейиледи яки салық салынатуғын жәми суммаға қарағанда процент муғдары салық ставкасы дейиледи. **Мәселен:** 1000 сўм пайдадан 300 сўм салық төленсе, салық ставкасы 30% ни пайда етеди. Салық ставкасының үш түри бар:

- **пропорционал ставка** - дәрамат өсиўи яки кемейиўинен қәтый нәзер ставка өзгермейди;

- **прогрессив ставка** дәрамат өсиўи менен салық ставкасы ҳәм өсип барады.

2004-жыл 1-август айынан баслап, минимал бир айлық ис ҳақы 6530 сўмды қурады ҳәм дәраматқа салық салыў процентлери төмендегише болды:

- 5 минимал айлық ис ҳақысына шекем 13% ,
- 5-10 минимал айлық ис ҳақысына шекем 21%,
- 10 минимал ҳәм оннан артық айлық ис ҳақысынан 30% салық өндирилген.

Ал, 2015-жыл 1-апрелден баслап ең минималь ис ҳақы көлеми 118400 сўм болып бектилди. Усы жылыдан баслап дәраматқа салнатуғн салық проценти төмендегише белгиленди:

- 5 минимал айлық ис ҳақысына шекем 8,5% ,
- 5-10 минимал айлық ис ҳақысына шекем 11,0%,
- 10 минимал ҳәм оннан артық айлық ис ҳақысынан 22% салық өндириледи.

**Регрессив ставка** - дәраматлар өсип барыўы менен салық ставкасы пәсейип барады.

Өзбекистан Республикасы салықларын экономикалық әҳмийентине қарай туўры ҳәм қыя салықларға бөлиў мүмкин.

**Туўры салықлар - бул дәраматтан алынатуғын салықлар есапланады, яғный салық субьектиниң өзи туўрыдан - туўры төлейтуғын салықлар**. Бундай салықларға: пайда салығы жер салығы, қосымша қун салығы, дәрамат салығы, мүлк салығы ҳәм басқалар киреди.

**Қыя салықлар – товар қуны (жумыс хызмет) үстине қойылатуғын үстеме салықлар болып, салық обьектиниң ийеси емес, бәлки тутыныўшылар төлейтуғын салықлар болып табылады.** Оларға акцизлер киреди. Базы бир товар қарыйдарларынан товар баҳасын мәлим проценти көринисинде өндириледи. **Мәселен:** темеки, спиртли ишимликлер, бензин, қымбат баҳалы тақыншақ буйымлары баҳасы үстине қойылады.

Қосылған қун салығы-ислеп шығарыўдың ҳәр бир басқышында товар қунының артиып барыўына салынатуғын салық. Келип түсиў дерегине қарап салықлар (юридикалық) шөлкемлерден ҳәм (физикалық) шахслардан аланатуғын салықларға бөлинеди. Бюджетке келип түсиўине қарап мәмлекет бюджетине түсетуғын салықлар (|ҚҚС, акциз, бажхана бажы ҳәм басқалар) ҳәм жергиликли бюджетке (жергиликли ҳәкимият, район басқарыў органлары) түсетуғын салықларға бөлинеди.

Өзбекистанда салық системасының әҳмийетине тоқталатуғын болсақ, Өзбекистан Республикасы бюджетине салықларды қатнасы төменденги принциплер тийкарында әмелге асырылады.

- дерегинен қәтый нәзер барлық дәраматлардың салыққа тартыўдың мәжбүрийлиги.

- барлық админстратив-территориялық басқарыў филиаллары ушын улыўма мәмлекет салық сиясатының әмел қцлцўы;

- кәрханалардың тийисли нормалары арқалы салықларды хошаметлеў ролин тәмийинлеў, ҳәмде хожалық жүритиўдиң ең алға түрлерин хошаметлеў;

- барлық субьектлердиң дәраматларынан, мүлклеринен салық төлемлери декларациясын талап етиў ҳәм тексериўлер өткериў, салық нызамшылығын бузғанларға экономикалық санкциялар қоллаў арқалы финанслық қадағалаўды әмелге асырыў;

- Олий Мәжлис тәрепинен белгиленген салық ҳәм жыйымларды сөзсиз өндирип алыў;

- салық аўырлығын барлық салық төлеўшилер ортасында бөлистириў ҳәм басқарыў.

Жоқарыдағылардан келип шыққан ҳалда, мәмлекетимиздиң барлық пуқаралары ҳәр жылы 1-апрелге шеккем өткен жыл ушын салық декларациясын толтырып, салық инспекцияларына тапсырыўлары шәрт. Декларацияда өткен жылғы барлық дәраматлар ҳәм оннан төленген салық муғдары көрсетилген болыўы шәрт.

Сондай етип, кәрхана бирлеспе ҳәм шөлкемлеринен алынатуғын салықлар ҳәмде халықтың салықлары Республика мәмлекет бюджетине түсип, олар тийкарынан зайып, кем тәмийинленген семьялар, пенциялар, талабалар ҳәм мәмлекет тәрепинен финансластырылатуғын билимлендириў, социал тәмийнат, ден саўлықты сақлаў, халық хожалығы тараўларын раўажландырыўға ҳәм мәмлекет басқарыў аппарат талапларын қанаатландырыўға сарыпланады.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер.**

Финанс, микрофинанс, макрофинанс, мәмлекет бюджети: дәрамат ҳәм қәрежетлерир бөлеги, мәмлекет қарызы, салық, салық ставкалары, туўры ҳәм қыя салықлар, Өзбекистан салық системасы.

## 13.1- тема: Пул-кредит системасы ҳәм банклер

### 1. Пул айланысы. Пулға талап ҳәм пулдың усынысы

Базар экономикасы шараятында пул қаржылары тоқтаўсыз ҳәрекетте болады, товарлар ҳәм хызметлерин алмаслаў процессинде, ресурслар ушын төлемларди әмелге асырыўда, ис ҳақы ҳәмде басқа миннетлемелерин төлеўда, пул қолдан - қолға өтиў арқалы айланып турады.

Пулдың өз ўазыйпаларын орынлаў процессиндеги тоқтаўсыз ҳәрекети пул айланысы деп аталады. Пул айланысы нақлай ҳәм кредит пуллар жәрдеминде әмелге асырылады. Нақлай пул айланысына банк билетлери ҳәм металл теңгелер (пул белгилери) хызмет қылады. Нақ пулсыз есаплар, яғный кредит пуллар айланысы шеклер, кредит картошкалары, векселлер, аккредитивлер, төлем талапнамалары жәрдеминде әмелге асырылады. Олардың барлығы пул агрегаты деп аталады. Айланыста бар болған пул массасы оларды (нақлай ҳәм кредит пулларды) қойыў жолы менен анықланады.

Пул айланысы өзине мас нызамларға тийкарланған ҳалда әмелге асырылады. Оның нызамларынан ең тийкарғы айланысы ушын зәрүр болған пул муғдарын анықлаў ҳәм соған муўапық айланысқа пул шығарыў болып табылады.

Айланысты тәмийинлеў ушын зәрүр болған пул муғдары төмендеги факторларға байланыслы:

1. Белгили дәўирде, айтайлық бир жыл даўамында сатылыўы ҳәм сатып алыныўы лазым болған товарлар суммасы. Товарлар ҳәм хызметлер қанша көп болса, олардың баҳасы қанша жоқары болса, оларды сатыў ҳәм сатып алыў ушын сонша көп пул муғдары талап етиледи.

2. Пулдың айланыў тезлиги. Пул бирдей болмаған тезлик пенен айланады. Бул көп факторларға, соның менен бирге, сатылаып атрыған товарлар түрине, қарыйдарларға байланыслы болады. Пул бирликлери қаншели тез айланса айланыс ушын зәрүр болған пул муғдары сонша кем болады.

3. Айланыс ушын зәрүр болған пул муғдары кредиттиң раўажланыўына, пулдан төлем қуралы ўазыйпасында пайдаланыўға да байланыслы. Көбинесе товарлар қарызға (кредитке) сатылады ҳәм олардың хақы келисиўине муўапық кейинги дәўирлерде төленеди.

Демек, айланыс ушын зәрүр болған пул муғдары соған муўапық азырақ болады. Екинши тәрептен бул дәўирде илгери кредитке сатылған товарлар хақын төлеў ўақты басланады. Бул пул муғдарына мүтәжликти көбейтеди.

Бундай жағдайларды есапқа алғанда айланыс ушын зәрүр болған пул муғдары төмендегише анықланады.

Айтылғанларды формула жәрдеминде төмендегише көрсетиўге болады:

$$A_a = \frac{T_б - X_k + X_T}{A_{a.T}}$$

Бунда:

**$А_а$** - айланысқа керекли болған ақшаның муғдары;

**$Т_б$** - алмасыўға шығарылған товарлар баҳасының суммасы;

**$Х_к$** - ҳақысы белгили мүддеттен кейин төленетуғын товарлар баҳасының суммасы;

**$Х_т$** - ҳақысын төлеў мүддети жетип келген товарлар баҳасының суммасы;

**$А_{а.т.}$** - ақшаның айланыс тезлиги.

Айланыста болған пул муғдары сатылып атырған товарлар ҳәм хызметлер суммасына қарағанда артып кетиўи ҳәм оның нәтийжесида товарлар билан тәмийинленбеген пулдың пайда болыўы, пулдың қәдирсизлениўи, яғный инфляцияны билдиреди. Миллий экономикада мәмлекеттиң, коммерциялық банклери ҳәм басқа финанслық шөлкемлердиң миннетлемелери пул сыпатында пайдаланады.

Барлық пул агрегатлары жыйындысы жалпы пул массасы яки жалпы пул усынысын пайда етеди. Нақлай пуллар раўажланған базар экономикасы мәмлекетлеринде улыўма пул массасының 9-10% тин, базар экономикасына өтип атырған ғәрезсиз бирлескен мәмлекетлериндн 35-40% тин қурайды.

**Пулға талап** – бул алмасыў ушын (**П1**) ҳәм активлер тәрепинен пулға талап (**По**) ты өз ишине алады.

**Пулға талап = П1 + По**

Халық өзлериниң есапларына нәўбеттеги пул ағымы келип түскенге шекем, күнделик мүтәжликлери ушын қоларында жетерли пулға ийе болыўы зәрүр. Кәрханаларға ис хақы төлеў, материал, жанылғы сатып алыў ҳәм соған уқсаслар ушын пул керек болады.

Алмастырыў ушын зәрүр болған пул муғдары номинал **жалпы миллий өним (ЖМӨ)** көлеми менен анықланады, яғный ол номинал **ЖМӨ** ге турақлы рәўиште өзгереди.

Халық ҳәм кәрханаларға еки ҳалда алмастырыў ушын көбирек пул талаб етиледи: баҳалар өскенде ҳәм ислеп шығарыў көлеми көбейгенде. Адамлар өзлериниң финанслық активлерин ҳәр қыйлы түрлерде, мәселен, корпорация акциялары, жеке ҳәм мәмлекет облигациялары түринде услап турыўы мүмкин. Демек, активлер тәрепинен, яғный инвестициялар ушын пулға талап да бар болады.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов - «**экономиканың турақлы барқарар ислеп турыўын тәмийинлеў ушын кредит – банк системасын, пул айланысын беккемлеў, валюта қатнасықларын тәртипке салыў… пулдың қәдрсизлениўине қарсы, монополиялассыўына жол қоймастан, басқарыў барысында әмелий илажлар көриў, халықтың социал қорғаўға мүтәж қатламларын мәмлекет тәрепинен қорғалыўының исенимли системасын жүзеге келтириў**» - зәрүр ([4],159-160 бетлер) деген еди.

Пул муғдарына тәсир етиўши факторлар төмендегише: белгили дәўирде айланыс ушын зәрүр болған пул муғдары барлық товарлар баҳасы суммасына (жыйындысына) туўры пропорционал, пул обороты тезлигине кери пропорционал өзгереди.

## 2. Кредиттиң әхмийети ҳәм ўазыйпалары, кредит түрлери

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов - «**Анық - пуқта ислеп шығылған ҳәм жетерли дәрежеде қатты болған финанс-кредит сиясатын әмелге асырыў республиканың базар қатнасықларына өтиўиндеги ең тийкарғы буўыны есапланады**», - деген еди([4],160 бет).

Кредит дегенде ўақтында өз ийелери қолында бос турған пул қаржыларын басқалар тәрепинен мәлим бир мүддетке хақы төлеў шәрти менен қарызға алыў ҳәм мәлим бир процентлер төлеў есабы менен қайтарып бериў есабынан келип шыққан қатнасықларды түсиниў керек.

Кредит субьектлери ҳәр қыйлы, оларға кәрхана, фирма, шөлкем, мәмлекет ҳәм ҳәр қыйлы типтеги халық киреди.

Кредит обьекти болып ҳәр қандай пул емес, бәлки тек ғана ўақтынша бос турған, ийеси тәрепинен қолланылмай ҳәм қарызға берилиўи мүмкин болған пул есапланады.
Кредиттиң дереги болған бос пулдың келип шығыўы төмендегилерден ибарат:
- амортизация фонды, оның мүддети тамам болғанша мәлим бир бөлеги пайдаланылмай топланып борады;
- ислеп шығарыўды өсириў ушын пайдадан инвестиция пулы барқулла ажыратып барылады, лекин бул пул мәлим муғдарда жыйналғаннан кейин ғана инвестициялаў мүмкин;
- шийки зат, жанылғы ҳәм материаллар ушын алдын сарыпланған пул товар сатылыўы менен ийесине қайтып келеди, лекин оларды жаңадан сатып алыў сол ўақыттың өзиндн жүз бермейди;
- ис хақы фонды келип түсиўи ҳәм сарыпланыўы бир ўақытда жүз бермейди;
- мәмлекет бюджетине пул дәраматларының келип турыўы ҳәм олардың сарыпланыўы бирдей ўақытта жүз бермейди ҳәм басқалар.
Ҳәзирги заман базар экономикасында кредиттиң төмендеги турлери бар:
- коммерция кредити - ислеп шығарыўда ҳәм саўдада хызмет жүргизип атырған исбилер-менлер өз-ара бир-бирларине, сатылған товарды өткериў көринисинде пайдаланады.
- банк кредити - хожалық жүритиўши субьектлари финанс-кредит шөлкемлери тәрепинен берилетуғын ссуда көринисиндеги кредит.

Банк кредити бағдарларының, мүддетиниң ҳәм кредит келисимлери суммасының шекленмегенлиги менен коммерциялық кредитиниң кемшиликлерин толтырады;
- тутыныў кредити – халыққа коммерциялық кредит (товарларын хақын төлеў мүддетин узайтырыў арқалы сатыў) яки банк кредити (тутыныў мақсетлери ушын ссуда бериў) түринде бериледи;
- ипотека кредити - узақ мүддетли ссуда көшпес мүлкти (жер, бина, иматратлар) гиреўине алыў арқалы берилади;
- хожалықлар ара пул кредити - хожалық жүритиўши субьектлердиң бир-бирлерине акция, облигация, кредит билетлери ҳәм бсқа түрдеги қымбат баҳалы қағазлар шығарыў жолы менен әмелге асырылатуған кредит;
- мәмлекет кредити – кредит қатнасықларының өзине мас түри болып бунда мәмлекет пул қаржылари қарыздары халық ҳәм жеке бизнес болса кредиторлар болып шығады;
- халық аралық кредит - халық аралық экономикалық байланыслар, шеңберинде пул (валюта) яки товар көринисиндеги кредит тәрзинде әмелге асырылады.

Ҳәзирги замон экономикасында кредитниң ролин төмендегилерде көриў мүмкин:
- кредит социал ислеп шығарыў көлемин кеңейтириўге түртки береди;
- кредит бос пул қаржыларды тез жалп етиў ҳәм олардан экономиканың көбирек пайда келтириўши тараўларында пайдаланыўға жәрдем береди;
- кредит айланыс қәрежетлерин нақ пулларды кемейтириў жолы менен қысқарады, себеби төлемлердиң салмақлы бөлеги нақлай емес формада (вексел, чек ҳәм басқалар) әмелге асырылады.

Республикада 1 январ 2004 жыл мағлыуматына көре 33 комерциялық банклер 806 бөлимлери менен хуқуқый ҳәм физикалық шахсларға хызмет көрсеткен. Коммерциялық банклери системасы 12 жеке, 5 шет ел капитал менен, 3 мәмлекет банклери, 13 аралас мүлк есабынан пайда болған банклерден ибарат. 2003 жылда киши бизнес ҳәм исбилерменлерге кредит бериў 2,3 мәртебеге көбейген. Тараўлар бойынша қарасақ санаат раўажландырыўға улыўма кредиттиң 60% ти, транспорт ҳәм коммуникация жумысларына – 13,7% ти, материаллық–техника тәмийинатына 4,8% ти, саўда ҳәм улыўма аўқатланыў тараўына 3,8% ти бағдарланған. Кейинги 2000–2003 жыллар ишинде кредит ушын төленетуғын процент ставкалары 32,3 проценттен 27,1 процентке кемейген. Хуқуқый субьектлерден асығыслық пенен мүддетли депозитив қаржылардан алынатуғын орташа салық проценти 12,9 дан 18,0 ге шекем физикалық шахслар төлейтуғын салық процентлери усы бағдарларда 32,3% тен 37,0% ке шекем көбейген.

2003 жылда республика экономикасын кредитлестириў арқалы 1867,4 млрд. сўм қаржы инвестицияластырылған. Улыўма кредит қаржысының 52,9% ти кәрхана ҳәм халық үлесине, 26,3% ти шет ел инвестор ҳәм кредитлестириўшилерге, 17,7% ти мәмлекет бюджетине, 2,7% ти банк кредитлерине ҳәм басқа алынған қаржыларға туўры келген.

Өзбекистан Республикасында базар экономикасына өтиў қатнасы менен пүтинлей жаңа дәўир талабына жуўап беретуғын ғәрезсиз пул-кредит сиясатын түрлендириўди талап етеди. Республикада еки басқышлы банк системасы пайда етилдии. Бул базар қатнасықларын шаклланиши түрлениўи талапларына жуўап береди. Өзбекистан Республикаси Президенти И.А.Каримов бул ҳаққында сондай деген: «**Базар қатнасықларын түрлендириў шакллантириш шараятында кредит сиясатын әмелге асырыў қуралы түптен өзгереди. Кредит қаржылар биринши нәўбетте азық - аўқат өнимлери, басқа халық тутыныў маллары ҳәм оларды таярлаў ушын шийки зат байлықлары ислеп шығарыўды көбетиў, жеке тәртиптеги үй-жай қурылысын кеңейтириў, социал тараўды, республиканың экономикалық ғәрезсизлигин тәмийинлеўши тийкарғы, тараўларын экспорт өнимлери ҳәм импортының орнын босатуғын өнимлер ислеп шығарыўшы кәрханаларни кеңейтириў менен байланыслы жүдә жоқары нәтийжели ис-иләжларды өткизиўге сарыпланады**» (4.162-163 бетлар).

**Кредит системасы дегенде** - пул ресурсларын өзинде жәмлеўши, мәлим бир мүддетте қайтарып бериў ҳәм ҳақы төлеў шәртлери тийкарында оларды қарызға бериўши шөлкемлердиң жыйындысы түсиниледи.

Оның үш түрин ажыратып көрсетиў мүмкин:

1. Орайлық банк.
2. Коммерциялық, фонд, инвестиция банклери.
3. Арнаўлы кредит шөлкемлери; қамсызландырыў шөлкемлери, пенция фондлары, инвестицион шөлкемлер, финанс шөлкемлери ҳәм басқалар.

Базар экономикасының ең әҳмийетли механизмлеринен бири кредит системасы болып табылады. Себеби ҳәзирги заман базар экономикасын кредит - банк системасысыз көз алдына келтириў мүмкин емес.

Кредит латын сөзинен алынған болып {**қарыз**} деген мәнисти аңлатады. **Экономикалық категория сыпатында кредит бос турған ақша қаржыларын ссуда фонды формасында белгили мүддетке ҳақы төлеў ҳәм қайтарып бериў шәрти менен қарызға бериўди көрсетеди.**

Кредиттен пайдаланыў бойынша жүзеге келетуғын қатнасықлар кредит қатнасықлары деп аталады ҳәм ол қарыз алыўшы менен қарыз бериўши ортасында жүзеге келеди.

Кредиттиң ҳәрекет етиўиниң зәрүрлиги удайы өндириў процессинде капиталдың шеңберли айланыс жасаўы дәўиринде ўақтынша бос ақша ресурсларының жүзеге келиўи болып табылады. Соның менен бирге экономиканың айырым буўынларында қосымша ақша қаржыларына зәрүрлик сезиледи. Бир тәрептен ўақтынша бос ақша қаржыларының ҳасыл болыўы ҳәм екинши тәрептен оған мүтәжликтиң пайда болыўы кредиттиң ҳәрекет етиўи ушын жағдай жаратып береди.

Кредиттиң тийкарғы дереклери төмендегилерден ибарат:
- өнимлерди сатыў ҳәм шийки зат сатып алыў ўақытлары арасында ўақтынша бос турған ақша ресурслары;
- кәрханалардың амортизация фондлары;
- кәрханалардың өндиристи раўажландырыў менен байланыслы болған ҳәр қыйлы фондлары;
- хызмет ҳақы фонды;
- кәрханалардың банклердеги есап бетинде сақланатуғын пайдасы;
- пухаралардың бос ақша қаржылары;
- ҳәр қыйлы резерв фондлары ҳ.т.б.

Кредит өзиниң бир қатар белгилерине ийе болып, олардың ең әҳмийетлилери төмендегилерден ибарат:
- қайтымлылығы;
- мүддетлилиги;
- төлемлилиги;
- мақсетлилиги.

Яғный кредит белгили мүддетке қайтарып төлеў шәрти менен, белгили бир мақсетке ҳәм процент нормасы тийкарында бериледи.

Берилиў мүддетине қарай кредит қысқа ҳәм узақ мүддетли болады.

**Процент нормасы - ссуда процентиниң ссуда капиталы муғдарына қатнасы болып есапланады.**

Кредиттиң мәнисин ҳәм оның өндиристи раўажландырыўдағы әҳмийетин толық түсиниў ушын, кредиттиң хызметлерин көрип өтиў талап етиледи.

Кредит:
- **бириншиден**, қаржыларды қайта бөлистириў арқалы өндиристи кеңейтиў ҳәм раўажландырыўға тәсир көрсетеди.
- **екиншиден**, өндиристиң үзликсизлигин тәмийинлейди.
- **үшиншиден,** айланысқа кредит ақшаларын шығарыў арқалы, нақ ақшалардың пайдаланылыўын үнемлейди. **Мысалы,** ақшаға теңлестирилген төлеў қураллары есапланған чек, вексель, сертификатларды айланысқа шығарып, бул арқалы айланыс шығынларын да кемейтеди.
- **төртиншиден** кредит экономиканы ретлестириў хызметин атқарады. Бунда мәмлекет кредит механизминен пайдалана отырып, халық хожалығының айырым тараўлары ҳәм буўынларының раўажланыўын тәртипке салып отырады.
- **бесиншиден,** кредит тек ғана ақша қаржыларын қайта бөлистирип қоймастан, кредит ресурсларынан нәтийжели пайдаланыўды қадағалаў хызметинде атқарады. Кредиттиң бул хызмети арнаўлы кредит шөлкемлери арқалы әмелге асырылады.

Халық хожалығында кредиттиң ҳәр қыйлы формаларынан пайдаланылады` коммерциялық кредит, банк кредити, тутыныўшылар кредити, ипотекалық, мәмлекетлик, мәмлекетлер ара кредит ҳәм т.б.

**<u>Коммерциялық кредит</u>** тийкарынан товар формасында берилетуғын кредит болып, ол кәрханалар ҳәм шөлкемлер ортасында товарлар ҳақысын белгили мүддеттен кейин төлеў шәрти менен бериледи.

**<u>Банк кредити</u>** банклер тәрепинен ақшалай түрде берилетуғын кредит болып табылады. Кредиттиң бул түри кең тарқалған болып, оның бағдары ҳәм кредит келисимлериниң суммалары шекленбейди.

**<u>Тутыныўшылар кредити</u>** - узақ мүддетте пайдаланылатуғын тутыныў товарларын сатып алыў ушын берилетуғын кредит болып, ол коммерциялық ҳәм банк кредити формасында әмелге асырылады.

**<u>Ипотека кредити</u>** - көшпес мүлкти гиреўге алыў арқалы узақ мүддетке бериледи. Мысалы жер, өндирислик ҳәм турақ жай имаратлары.

**Мәмлекетлик кредит** - кредит қатнасықларының өзине тән формасы болып бунда қарыз алыўшы ямаса қарыз бериўши болып мәмлекет есапланады. Бунда мәмлекет бюджет қытшылығын қаплаў ушын мәмлекетлик заемларды айланысқа шығарады ҳәм белгили мүддеттен кейин оларды қайтарып сатып алады.

**Мәмлекетлер ара кредит** - ссуда капиталының халық аралық қатнасықлар сферасындағы ҳәрекетин көрсетеди. Қарыз алыўшы ҳәм қарыз бериўшилер болып банклер, кәрханалар, мәмлекет ҳәм халық аралық шөлкемлер есапланады.

Кредит қатнасықларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўда банклер тийкарғы орынды ийелейди. Банк системасы еки басқышлы болып, ол Орайлық банк ҳәм коммерциялық банклерди өз ишине алады.

Кредит қатнасықлары системасында Орайлық банк айрықша әҳмийетке ийе болып, ол экономиканы макроэкономикалық ретлестириў ҳәм мәмлекеттиң кредит сиясатын әмелге асырыў ўазыйпасын атқарады. Орайлық банк қалған барлық түрдеги банклердиң жумысларында тәртипке салып отырады. Сонлықтанда оны банклердиң банки деп те атайды. Коммерциялық банклер - универсал характердеги кредит шөлкемлери болып, ол кәрханалар ортасындағы есап - санақларды әмелге асырады, дәлдалшылық хызметин, валюта операцияларын орынлайды.

Булардан басқа қәнигелестирилген комерциялық банклерде болып, олар халық хожалығының белгили бир сферасы ҳәм тараўларына кредит хызметлерин көрсетеди. **Мысалы,** инвестициялық банклер, аманат сақлаў шөлкемлери, ипотека банклери ҳ.т.б.

Банклер актив ҳәм пассив операцияларды орынлайды.

**Пассив операциясы арқалы** - кәрхана, шөлкем ҳәм пухаралар қолындағы ўақтынша бос ақша ресурсларын банклерде жәмлейди.

Актив операциясы арқалы бул ресурсларды қайта жайластырады. Банк ресурс-лары олардың өзлериниң қаржылары ҳәм шеттен тартылған ресурслар есабынан қәлиплеседи. Банк ресурсларының тийкарғы бөлегин шеттен тартылған депозит қаржылар қурайды.

Банклердиң актив операцияларында тийкарғы үлес кредит операциялары ҳәм баҳалы қағазлар менен болатуғын операцияларға туўры келеди.

### 3. Банк системасы. Орайлық ҳәм коммерциялық банклери ҳәмде олардың ўазыйпалары

Базар экономикасы шараятында пул айланысын тәмийинлеўде банклер тийкарғы рол атқарады. Банклер пул қаржыларын топлаў, жайластырыў ҳәм олардың ҳәрекетин тәртипке салыў менен шуғулланыўшы экономикалық шөлкемлер болып табылады.

Банклер кредит қатнасықларына хызмет қылып, кредиттиң ҳәр қыйлы түрлерин өз ишине алып, кредит шөлкемлериниң тийкарын пайда етеди. Банклер системасы әдетте еки басқышлы болып, өзиң ишине Орайлық (эмиссион) банк ҳәм коммерциялық (депозитли) банклердиң тараў өткен филиалларын алады. «**Орайлық банк басшылығында ҳәмде кең тараўлы ғәрезсиз коммерциялық ҳәм жеке банклер еки басқышлы банк системасы жүзеге келтириў…**» eң тийкарғы бағдар; деган еди И.А.Каримов ([4],120 бет)

Мәмлекет банки мәмлекет пул - кредит системасын орайласқан тәртипте басқарады ҳәм мәмлекеттиң бирден - бир кредит сиясатын әмелге асырады.

Мәмлекет банки, Орайлық банк есапланады. Оның мазмуны соннан ибарат, **бириншиден,** көпшилик мәмлекетлерде мәмлекет банки бирден - бир орайлық банктен ибарат болып, ол өткизетуғын сиясат тәртиплери жоқары мәмлекет органлары тәрепинен орнатылады.

**Екиншиден,** Орайлық банк коммерциялық банклери ҳәм жамғарма шөлкемлеринен қаржыларын қабыл етип, оларға кредит береди. Улыўма алғанда, сол себепли Орайлық банк «**банклер банки**»деп те аталады.

**Үиншиден,** Орайлық банк тек ғана пайда алыўға умтылыўға искерлик ете алмайды. Мәмлекет пүткил экономикалық жағдайды жақсылаў сиясатын әмелге асырады ҳәм социал сиясатты әмелге асырыўға жәрдемлеседи.

Орайлық банк көбилеген ҳәр қыйлы ўазыйпаларды атқарады.

**Биринширен,** басқа банк шөлкемлериниң мәжбурий резервлерин сақлайды. Бул резервлер пул усынысын басқарыў ушын шешиўши әҳмийетке ийе болады. Орайлық банк мәмлекеттиң рәсмий алтын – валюта резервлерин сақлаў ўазыйпасын да атқарады.

**Екинширен,** чеклерди дизимге алыў, (инкассация)механизмин тәмийинлейди ҳәм банклнр ара есап-китапларын әмелге асырады, оларға кредитлер береди.

**Үшинширен,** мәмлекеттиң монетар сиясатын әмелге асырады.

**Төртинширен,** барлық банклер хызметин сапластырады уйғунлаштиради ҳәм олар үстинен қадағалаўды әмелге асырады.

**Бесинширен,** халық аралық валюта базарларында миллий валюталарды алмастырады.

**Алтыншыдан,** пул усынысы үстинен қадағалаў жуўапкершилигин алады, айланысқа миллий валютаны шығарады.

Экономиканың мүтәжликлерине мас рәўиште пул айланысын тәртипке салады.
Базар экономикасына өтиў шараятында банклер ҳәм кәрханалар тең хуқуқлы шериклер сыпатында шығады. Кредит бериўден пән - техника прогрессин жеделлестириўди, ислеп шығарыўды раўажлантырыўдың жаңа сапа дәрежесине ерисиўин тәмийинлейтуғын шараларға үстинлик береди.

Өзбекистан Республикасы Орайлық банки ғәрезсизлигиниң кепиликке алыныўы тийкарғы әҳмийетке ийе. Орайлық банк Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисине есап береди ҳәм өз ўәкиллиги дөгерегинде қарарлар қабыл етиўде ғәрезсиз. Коммерциялық банклер өзлериниң хожалық абыройына қарай акционерлик түриндеги шөлкемлер есапланады.

Экономиканың системалы трансформациясы процессинде коммерциялық банклер кредиттиң қайтарылыўын тәмийинлеў машқаласына дус келеди. Бул белгили бир рәўиште коммерциялық банклериниң **ликвидлик** аўҳалына ҳәм төлемге қәбилийетлилигине өз тәсирин көрсетеди.

Коммерциялық банклер хызметиниң тийкеарғы мақсети пайда шығарып алыныўы көзде тутады. Коммерциялық банклер дәраматларының дереги клиентлериниң банк хызмети ушын төлеми ҳәм активлерден – заём, кредит, қымбат баҳалы қағазлардан алынатуғын процент есапланады.

**Қәнийгелескен коммерциялық банклер** – экономиканың ҳәр түрли тараўлары да коммерциялық принциплеринде кредит - пул операцияларының белгили түрлерин әмелге асырады.Соның менен бирге, Республикада санаат қурылыс банки, транспорт, байланыс ҳәм материаллық тәмийнат тараўында; «Заамин», «Агросанаат» банклер – агросанаат комплекси тараўлары ҳәм шөлкемлеринде хызмет жүритеди. Исбилермен банки майда ҳәм орта бизнес, кооператив ҳәм жеке тәртиптеги мийнет искерлиги тараўында кредит-пул операциялариниәмелге асырады.

**Халық банки** – мәмлекетте аманат жумысларын шөлкемлестириўди, нақлай емес есапласыўды ҳәм халық ушын касса ўазыйпасынқ әмелге асырыў, халыққа, жеке мүтәжликлерге кредит бериўин ҳәм соған уқсас операцияларды тәмийинлейди.

Сыртқы экономикалық хызмет миллий банки экспорт - импорт операцияларын туўрыдан-туўры әмелге асырыўшы кәрхана ҳәм шөлкемлерине кредит береди, қоспа кәрханаларға кредит бериўде қатнасады,валюта режасиниң орынланыўын, валюта ресурсларынан тежеп пайдаланыўды қадағалайды, сонындай-ақ, сыртқы экономикалық операцияларға тийисли есап-китапларын шөлкемлестиреди ҳәм әмелге асырады.

Коммерциялық банклер системасында тар қәнийгелесиў бойынша инвестицион ҳәм ипотека банклерин ажыратып көрсетиў лазым.

**Инвестицион банклер** – жеке кредит шөлкемлери болып, облигация ҳәмде қарыз миннетлемелери басқа түрлерин шығарыў жолы менен узақ мүддетли ссуда капиталын жалып етеди ҳәм оларды клиентлерге (тийкарынан мәмлекет ҳәм исбилерменлерге) бериледи.

**Ипотека банклери** – бул көшпес мүлк (жер ҳәм имарат) есабына узақ мүддетли ссуда бериўге қәнийгелескен кредит шөлкеми болып есапланады. Ипотека банкиниң ресурслары өзлериниң ипотека облигациялары есабынан түрленеди. Алынған ссуда үй-жай ҳә басқа имаратлар қурыў, кәрханалардың ислеп шығарыў қуўатларын кеңейтириў ушын пайдаланылады.

Барлық коммерциялық банклери мүтәжликлик(резерв)лериниң көлеми ҳәм қурамы бойынша Орайлық банк тәрепинен орнатылатуғын мәлим талапларға жуўап бериўи зәрүр. Халық ара Валюта Фонды ҳәм Жәҳән банки тәрепинен Өзбекистан Республикасына кредит жолларының ашылыўы республика экономикасының финанс–банк секторын дүзилиси жағынан өзгертиў барысында алып барылатуғын ислери тән алынғанлғынан дерек береди. Бирақ, халық аралық финанс институтларының усынысларын жүзеге шығарыў ушын жәнеде көп күш-қуўат талап етиледи.

Бүгунги күнде Республика территориясында мүлкшиликтиң ҳәр қыйлы түриндеги 30дан артық коммерциялық қәнийгелескен банклер ҳәм олардың 3,7 мыңнан көбирек филиаллары хызмет көрсетип атыр.

## Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер.

Пул айланысы, айланыс ушын зәрүр болған пул муғдары, пулға болған талап, пулдың усынысы, кредит, кредит субьектлери, кредит обьектлери, кредит түрлери: коммерциялық, банк, тутыныў, ипотека, мәмлекет, халық аралық ҳәм хожалықлар аралық кредит, кредит системасы, банк, мәмлекет банки, коммерциялық банклери.

## IV - бөлим. Жер жүзлик хожалық.

## 14 - тема: Жер жүзлик хожалық ҳәм оның эволюциясы

### 1. Жер жүзлик хожалық ҳәм оның белгилери

Жер жүзлик хожалық бир - биринен экономикалық, сиясый, мәдений, идеялогиялық жақтан парқ қылатуғын миллий мәмлекетлердиң халық аралық мийнет бөлиниўшилиги тийкарында өз - ара әмелге асырылатуғын қатнасықлардың системасы есапланады Жер жүзлик хожалықтың дәслепки қәдемлери әййемги дәўирлерден-ақ жүзеге келген.

Тарийхтан бизге Орта Азия регионынан «**Уллы Жипек жолы**» ның өткенлиги мәлим. Әййемги дәўирларден-ақ Орта Азия мәмлекетлери Қытай, Авғаныстан, Араб мәмлекетлери менен саўда - сатық ислерин әмелге асырған.

Капитализмниң раўажланған дәўиринде жер жүзлик базарда капиталистик мәмлекетлердиң ҳүкимранлығы жоқары болған.

Ески аўқам дәўиринде Европа экономикалық бирге ислесиўге аўқамына кириўши мәмлекетлердиң жер жүзлик саўдасындағы үлеси ҳәм жоқары дәрежеде болған. Ҳәзирги дәўирде 2000 нан артық елат ҳәм миллетлер бар болып олардан 150 өзиниң мәмлекет атағына ийе. Мәмлекетшилик атағына ийе болғанлардың саны қаншелли артып барса жер жүзлик хожалықтың структурасы да соншелли өзгерип барады. Оның өзгеариўине соның менен биргеликте илмий - техника раўажланыўына да тәсир етеди.

Жер жүзлик хожалықтың жүзеге келиўинде интеграция процесси тийкарғы рол ойнайды. Илмий - техника прогресси, қурамаласқан технологиялардың жүзеге келиўине алып келди. Бундай өндирис қуралларын бир мәмлекет территориясында ислеп шығарыў мүмкин емес. Себеби оларды исллеп шығарыў миллий мәмлекетке жүдә қымбатқа түседи. Ҳәзирги замон техникасы соншелли кең ҳәм терең мийнет бөлиниўшилигин аңлатады, бундай бөлиниў ислеп шығарылып атырған өнимлердиң түрлериниң көбейип кеткенлиги, айырым ислеп шығарыўшылар жүдә ҳәм терең қәнийгелескенлиги себепли ҳәр қандай - ҳәттеки ең ири ҳәм экономикалық раўажланған мәмлекеттиң мүтәжликлерин барлық түрдеги өним менен тек ғана өз күши арқалы тәмийинлеўин рентабелли емес жағдайға алып келеди, айырым болса туўрыдан - туўры кәрханалардың сыныўына себеп болады. Интеграцияласыў жәрдеминде айырым бир мәмлекетлер бирорта өнимди ислеп шығарыўға қәнийгелескен. Қәнийгелесиў аралық санаат өнимлерин, ярым фабрикатларын ислеп шығарыўда әсиресе қол келади. **Мәселен**, Америкада «**Боинг–747**» маркалы самолётти ислеп шығарыўда 4,5 миллионға жақын деталлар ҳәм қосымша керекли бөлеклер қолланылады. Бул керекли бөлеклер 1500 шөлкем тәрепинен жеткерип бериледи. Буған шет ел шөлкемлери де киреди. Демек, АҚШ тың үлкен ишки базары да сонша қуўатқа ийе болған технологияны өз күши менен ислеп шығара алмайды.

Халық аралық экономикалық интеграцияның сол ўақытқа шекем төмендеги түрлери болған:

- **еркин саўда зонасы.** Бунда саўдада қатнасыўшы мәмлекетлерге тосықлар қойылмайды.
- **бажыхана қатнасыўы** - еркин саўда етиў менен биргеликте ағза болған мәмлекетлерге улыўма тарийф белгиленеди, ҳәмде улыўма болған саўда сиясаты әмелге асырылады.

Интеграцияның раўажланған формасы улыўма базар есапланады. Бунда жоқарыдағы жеңилликлер менен биргеликте капиталдың ҳәм жумысшы күшиниң еркин ҳәрекет етиўине имканият жаратылады ҳәмде саўда сиясаты менен биргеликте әмелге асырылады. Еркин экономикалық зоналардың жүзеге келиўи шет ел инвестицияларын жалып етиўде тийкарғы хощаметлентириўши қурал есапланады. Өзбекистан Республикасында қабыл етилген «**Еркин экономикалық зона»** ҳаққындағы нызам бул зонаның шегарасы, хуқуқы, капиталды жоқары технологияны жалып етиў, зонаның социал-экономикалық жағынан раўажланыў ушын керек болған бағдарларын белгилеп береди.

Ҳәзирги күнде дүньяда 700 экономикалық зона бар болып, буннан дүньядағы товар айналысының 30% өтеди.

Еркин экономикалық зоналардан бири кәрханалардың еркин зонасы есапланады. Бунда кәрханалар сол орынлардағы ҳәкимият органларынан сол территорияларда еркин хызмет етиў хуқуқын алады.

Интеграция процесси ислеп шығарыў кушлериниң бийимлесиўине себепши болады. Жер жүзлик хожалық өз халына тәбийий раўажланатуғын система емес. Оның хызметин неше тәртипке салыўшы механизмлер басқарады. Оларға: **Халық аралық валюта фонды (ХВФ), халық аралық раўажланыў ҳәм реконструкция банки (ХТТБ), халық аралық саўда шөлкеми (ХСТ), халық аралық мийнетти ш5лкемлестириў (ХМТ) шөлкеми** ҳәм басқалар киреди. Халық аралық финанслық шөлкемлер раўажланып атырған мәмлекетлер экономикасын раўажлантырыў ушын инвестициялар ажыратады ҳәм гуманитар жәрдем берди.

Демек, усы күнде миллий мәмлекетлердиңраўажланыўын жер жүзлик экономикасыз тәсеўир етиў мүмкин емес. Бул обьектив процесс болып табылады.

## 2. Жер жүзлик хожалықтағы мәмлекетлер

Жер жүзлик хожалықтағы мәмлекетлер бир тутас дуньяны қураса да ҳәр қыйлы мәмлекетлерден ибарат. Адамлар 2000 қыйлы тилда сөйлеседи, дүньяда 300 түрден артық пул бирликлери қолланылады. Ҳәр бир мәмлекет жер жүзлик хожалықтың раўажланыўына түрлише тәсир етеди. Ҳәр бир мәмлекет өзине мас өзгешеликлерге ийе. Бундай жағдай дүньядағы мәмлекетлерди классларға ажыратыўды талап етеди. Мәмлекетлерди төмендеги топарларға ажыратыў мүмкин:

- **раўажланған индустриал мәмлекетлер:** (АҚШ, Канада, Буюк Британия, Италия, Испания, Франсия, Швеция, Швейцария, Австрия, Жаңа Зеландия, Австралия Германия, Белгия, Греция, Исландия, Ирландия, Нидерландия. Жәми: 19 мәмлекет
- **жаңа индустриал мәмлекетлер:** (Сингапур, Гонконг, Мексика, Қубла Корея, Қытай, Малайзия, Тайланд, Россия.
- **раўажланған, нефт ресурсларына ийе болған мәмлекетлер** Саўидия Арабияны, Кувейт, Иран, Ирак. Жәми: 4 мәмлекет
- **раўаланыўы төмен мәмлекетлер:** Чад, Эфиопия, Бангладеш.
- **қалған мәмлекетлер** – раўажланып атырған мәмлекетлер қатарына киреди.

Мәмлекетлер ортасындағы экономикалық қатнасықлар өзиниң ишине төмендегилерди алады:

- товарлар ҳәм хызметлердиң халық аралық саўдасы;
- капиталдың ҳәрекети;
- жумысшы күши миграциясы;
- илим ҳәм техниканы алмастырыўдан болатуғын экономикалық байланыслар;
- валюта-кредит қатнасықлары.

## 3. Шетке капитал шығарыў. Жумысшы күши миграциясы

Капиталдың шетке шығарылыўы мәмлекетлер ортасындағы экономикалық қатнасықлардың ең тийкарғы түри есапланады. **Капиталдың экспорты** - шет мәмлекетлерде пайда нормасы жоқары болғанда (пайда нормасы өзге мәмлекетлерде жумысшы күши ҳәм шийки зат ресурслары арзан болғандағана жоқары болады) ҳәмде сол мәмлекетте капиталға талап болғанда әмелге асырылады.

Ҳәзирги дәўирде капиталдың экспорт етиў өзгешелиги бир ўақыттың өзиндн капиталды импорт етилиўин де сәўлелендиреди. Және соның менен биргеликте ХХ әсирдиң басларында төмен раўажланған мәмлекетлерге капитал экспорт қылынған болса, усы күнде раўажланған мәмлекетлердиң өз - ара бир - бирине капиталдың экспорт қылыўы күзетиледи. Инвестициялардың тийкарғыбөлеги раўажланған мәмлекетлерге экспорт қылынбақта.

Ҳәзирги күнде Уллы Британия ҳәм Францияда өндириў санааттың 1/5 бөлеги Италияда, Германияда 1/3 бөлеги шет ел инвестицияси есабына ислемекте. Бир ўақытлары

капиталды экспорт қылыўшы болған Уллы Британия ҳәм АҚШ мәмлекетлери усы күнде капиталды импорт қылыўшы мәмлекет сыпатында хызмет етеди. Олар ортасындағы экономикалық қатнасықлар өз - ара мәпдарлық тийкарында әмелге асырылмақта.

Шетке капитал шығарыўдың усы күндеги және бир тийкрғы өзгешеликлеринен бири раўажланып атырған мәмлекетлердиң шетке капитал ығарыў болып табылады.

Өзбекистан Республикасында ғәрезсизлик дәўиринен баслап шет ел капиталының кирип келиўине шәрт-шараят жаратылған. Капитал еки қыйлы түрде экспорт қылынады: қайырхомлық ҳәмде **ссуда** түринде.

Қайырхомлық түриндеги капиталдың экспорт қылыныўы, өзге мәмлекет территориясында қурылысларды әмелге асырыўға пул қаржыларын ажыратыў яки аралас кәрхана сыпатында биргеликте ислеп шығарыў процессин әмелге асырыўды сәўлелендиреди.

қайырхомлық капиталының экспорт қылыныўы инвестиция түринде әмелге асады.

Туўрыдан-туўры инвестиция қәрежетлериниң әмелге асырылыўы шет ел капиталының мәмлекеттеги хызметин дейерли өзи қадағалаўды билдиреди. Шет ел капиталы жәрдеминде **«қиз»** кәрханалар, филиаллары, франгчайзинглер қурайды.

**Портфел инвестициялары** - дегенде шет ел акцияларын сатыпалыў түсиниледи. Бунда акциялардың муғдары мүлкке ийелик етиў ҳәм қадағалаў дәрежесиндн болмаслығы керек.

**Ссуда капиталы** - халық аралық кредиттиң тийкары есапланады. Кредит қатнасықлары товар алмастырыў ҳәм инвестицияға қарата жоқары темплерде әмелге асырылатуғын экономикалық қатнасық есапланады.

Бир мәмлекет банкинен екинши банкке пул муғдарларын өткериў сутка даўамынды конвертирленген заманагөй техника менен үскенеленген жасалма жер жолдасы жәрдеминде әмелге асырылады.

Мүддетине қарай халық аралық кредитлер узақ мүддетли (10 жыл), орта мүддетли (5 жылғ шекем), қысқа мүддетли (1 жылға шекем) кредитлерге ажыратылады.

Кредиттиң дереклерине қарай халық аралық ссуда алынатуғын қарыз яки коммерциялық кредити болыўы мүмкин. Кредит өз нәўбетинде мәмлекет тәрепинен яки халық аралық финанслық шөлкемлер жеке фирмалар тәрепинен бериледи.

Халық аралық кредит жәрдеминде мәмлекетлердиң экономикалық жағдайы теңлестириледи. Кредит бериўшилер пайданы асырыў есабына байыйды. Кредит алыўшылардың аўҳалы аўырласады. Бундай ҳалда халық аралық кредит мәмлекетлер ортасындағы қарама - қарсылықлар күшейиўине де тәсир етеди. Раўажланып атырған мәмлекетлердиң 90-жыллардағы сыртқы қарызлары 1 трилл. долларды пайда етти. Базибир мәмлекетлерге қарызларын төлей алмағаны ушын ссуда бериў тоқтатылды. Бул мәмлекетлер тийкарынан Африка мәмлекетлери есапланады. Капиталдың экспорты менен биргеликте жумыс күши миграцияси да бар.

Шет эл демографларының есапларына тийкарлансақ, 90-жыллардың басында дүньяда 25 миллион мийнеткешлер эмигрант болған, олардың 50% тен көп бөлеги раўажланып атырған мәмлекетлер үлесине туўры келген.

**Жумысшы күши миграциясы** - оның экспортын әмелге асырыўшы мәмлекетке бир тәрепте қосымша капиталының кирип келиўин тәмийинлесе, екинши тәрепинен тәжрийбели жумысшылардың шығып кетиўине себепши болады, бундай жағдай миллий экономикаға зыян келтиреди.

Егерде 90 - 95 жылларда жумыс күши миграциясына жумыссызлық, мүтәжлик, социал-экономикалық шараятлардың жетерли дережеде емеслиги себеп болған болса, ҳәзирги күнде жумыс күши қуны менен оның баҳасы ортасындағы кескин парқтың бар болғанлығы сыяқлы себеплер де қосылды. 80-жыллардан баслап ески аўқамдағы мәмлекетлерде эмиграция процесси мүддетли түс алды, жумыс күши миграциясы ҳәр бир мәмлекет ушын обьектив жағдай тусине кирди. Жумыс күши миграциясынан келетуғын пайда, капитал экспортындағын -дай бир неше есе жоқары. Жумыс күши миграциясын мәмлекет, жеке кәрханалар тәрепинен әмелге асырыў зәрүр. Шет еллерде көшилик

жағдайларда жумыс күши миграциясы менен кәсиплик шөлкемлери шуғылланады. Бунда нызамсыз жумыс күши миграциясы менен шуғылланыўшылардың жолы тосылады.

Кәсиплик шөлкемлери мәмлекет, мәмлекет емес шөлкемлери атынан ис жүритеди, ҳәмде жумысшыларын ҳәр қандай қолайсызлықлардан қорғайды. Республикада қабыл етилген «**Өзбекистан Республикасы пуқаралығының шет еллардеги хызмети**» атлы қарырында шет еллерде ислеўди қәлеген пуқараларға кең жол ашып берилген.
Сол бағдарда нәтийжели сиясатты әмелге асырыў зәрүр.

### 4. Жер жүзлик хожалық инфраструктурасы

Жер жүзлик хожалық инфраструктурасы жер жүзлик хожалықты нәтийжели әмел қылыў ушын керек болған орталық есапланады. Инфраструктураның айырым состав бөлеклери әййемги дәўирлерден-ақ болған. Теңиз кемешилиги, суў, сахрадағы жоллардан бир неше мәмлекетлер өз - ара саўда қатнасықларын әмелге асырған.

Жер жүзлик хожалық инфраструктурасына жер жүзлик жүк тасыў системасы (теңиз, дәрья, темир жол ҳәм автобил жоллары киреди.

Жүк тасыў системасына: газ ҳәм нефт линиялары хам киреди.

Жер жүзлик ахборот коммуникациялары системасы да инфрасруктурасының және бир бөлеги есапланады. Буған радио информациялар, газета ҳәм журналлардың мағлуматы, жасалма жалдас жәрдеминде берилетуғын информациялар, әсиресе усы күнде кең қулаш жайған интернет информациялары жер жүзлик хожалықтың раўажланыўында тийкарғы рол атқарады. Интернеттен қәлеген тараўда, дүньяның ҳәр қандай мүйешинен мағлумат алыў мүмкин. Биржалар, банклер мийманханалар, елшиханалар да жер жүзлик хожалықта тийкарғы рол ойнайды. Жер жүзлик инфраструктурасының раўажланыўы мәмлекетлердиң биргеликте хызмет жүргизиўи, экономикалық ресурсларынан нәтийжели пайдаланыўы, миллий экономиканың жер жүзлик хожалыққа кириўи ушын қолайлықлар жаратады.

**Тийкарғы атама ҳәм түсиниклер.**

Халық аралық экономикалық интеграция, экономикалық территория, еркин экономикалық территориялар, мәмлекетлер, шетке капитал шығарыў, сқайырхомлық ҳәм ссуда капиталы, инвестиция: туўрыдан - туўры инвестиция, портфел инвестициялары, жер жүзлик хожалық инфраструктурасы.

## 15– тема: Халық аралық саўда

### 1. Халық аралық саўда ҳәм оның әхмийети

Халық аралық мийнет бөлиниўшилигиниң бар екенлиги екенлиги мәмлекетлер ортасында халық аралық саўданы әмелге асырыўын талап етеди. Саўда мәмлекетлер, кәрханалар, жеке исбилерменлер жәрдеминде әмелге асырылады. Мәмлекеттен алып кетилип атырған товарлар экспорт болса, шет мәмлекетлерденсатыа алынып атырған товарлар импортын пайда етеди. Экспорт пенен импорттың жыйындысы мәмлекеттиң товар оборотын белгилейди. Экспорт пенген импорт ортасындағы парқ саўда балансы есапланады. Экспорт импорттан көп болғанда мәмлекеттиң саўда балансы актив, керисинше болғанда болса пассив болады.

Өзбекистан Республикасында 2003- жылда сыртқы товар айналысы 6189,2 млн. АҚШ долларын қураған. Бул өткен 2002-жылда жылға қарағанда 17,5% ке көп болып табылады. Республиканың сыртқы саўда айналысының үштен еки бөлеги узақ шет мәмлекетлер менен алып барылған.

2004-жылда Өзбекистан Республикасы сыртқы саўда тараўында 125 дүнья мәмлекетлери менен сәўбетлесиў алып барылған. 2004-жылда тийкарғы сыртқы саўдадағы байланысларын алып барыўшы мәмлекетлер: Россия – экспорты 14,9% тин, импорты 23,6% тин, Украйна – экспорты 2,3% тин, импорты 2,8% тин, Қазақстан – экспорты 3,8% тин, импорты 6.3% тин, узақ шет мәмлекетлеринен Қубла Корея – экспорты 1,2% тин, импорты 9,2% тин, Германия – экспорты 1,0% тин, импорты 7,1% тин, Туркия – экспорты

4,5% тин, импорты 4,5% тин қурады. АҚШ – экспорты 3,0% тин, импорты 10,3% тин ҳәм Швейцария – экспорты 3,1% тин, импорты болса 0,4% тин қурады.

Мәмлекетлердиң экспорт қатнасықларын раўажланыўында сыртқы саўда инфраструктурасы әҳмийетке ийе. Мәмлекетлердиң нени экспорт қылыўына қарай олардың экономикалық раўажланыў келешеги ҳаққында пикир жүритиўи мүмкин. Раўажланған мәмлекетлер жетилискен техника - технологияны экспортқа шығарса, раўажланыў дәрежеси төмен болған мәмлекетлер шетке шики - зат, тәбийий ресурслар экспортын әмелге асырады.

Сыртқы саўданың нәтийжели раўажланыўы жер жүзлик базарындағы баҳалар дәрежесине байланыслы. Жер жүзлик баҳасы да қун нызамы тийкарында жүзеге келеди. Бунда миллий экономикада жаратылған өнимлердиң баҳасы индивидуал баҳа есапланады. Индивидуал баҳалар тийкарында жер жүзлик баҳасы жүзеге келеди ҳәм бул баҳа байналминал баҳа есапланады. Байналминал қунға ийе болған миллий экономикадағы товарлар бәсекиге шыдамлы болады. **Салыстырмалы абзаллық теориясына** тийкарланған ҳалда мийнет өнимдарлығы төмен болған мәмлекетлер шет мәмлекетлерден өнимлерин сатып алыўы мақсетке муўапық болып табылады.

**Не ушын мәмлекетлер өз - ара саўда қатнасықларын әмелге асырады? Оның тийкары неден ибарат?** Жер жүзлик саўдасы миллий мәмлекетлерде қәнийгелесиў процессинен нәтийжели пайдаланыў, өним көлемин көбейтиў имканын береди. Халықаралық саўда тийкарын еки жағдай белгилейди:

- **биринshiden** экономикалық ресурслардың бар болыўы ҳәм олардың дүньяда тәртипсиз жайласқанлығы;
- **екинshiden** ҳәр қыйлы товарларды ислеп шығарыўдың нәтийжелилигин асырыў, жетилискен технологияға ҳәм ресурслардың ҳәр қыйлы комбинациясында болыўы есапланады: **Мәселен,** Венгрия жоқары тәжрийбеге ийе болған мийнет ресурслары менен формакалогия, автобуслар ислеп шығарыўға бағдарланған. Қазақстан ҳәм мийнет ресурсларына ийе болып, бийдай жетистириўге, Өзбекистан көп мийнет ресурсларына ийе болып пахта жетистириўге бағдарланған. Миллий мәмлекетлердиң экономикалық жағдайындағы өзгерислер олардың қәнийгелесиў дәрежесине де тәсир етеди.

## 2. Мәмлекеттиң саўда сиясаты

Сыртқы экономикалық қатнасықлар мәмлекеттиң саўда сиясаты жәрдеминде тәртипке салынады. Тарийхтан саўда сиясатының усы күнге шекем әмел қылып келген еки қыйлы түри: **(ашық саўда сиясаты) фритедерлик** ҳәм **(жабық саўда сиясаты) протекционизм**.

Ашық саўда сиясатның тийкарын Д. Риккардо тәрепинен усыныс етилген «**салыстырмалы абзаллық**» теориясы пайда етеди. Ашық саўда барқулла мәмлекетлердиң раўажланыўына алып келеди. Ашық саўданың әҳмийети ҳаққында 1776- жылда А.Смитт … «**ҳеш қандай ақыллы семья баслығы, сатып алғанда, арзан болған өнимди үйинде ислеп шығарыўға ҳәрекет қылмайды. Тигиўши аяқ-кийимди, аяқ - кийим тигиўшиден сатып алады, аяқ-кийим тигиўши қапыны устадан алады ҳәм т.б.**». Демек, ҳәр бир қарыйдар алып атырған өнимин әсиресе өз кәсибине қәнийгелескен адамнан алады сатып алады. Ашық саўда нәтийжели болсада, мәмлекет жабық саўданы әмелге асырады.

Жабық саўда сиясатын әмелге асырыўда мәмлекет шет ел товарларының кирип келиўине тосықлар қояды. Оларға:

- **Бажы салығы** – бул акциз салығы болып, импорт товарлардан алынады. **Мәселен:** дәрамат алыў ҳәм миллий экономиканы қорғаў.
- **Фискал салықлар** мәмлекетте ислеп шығарылмайтуғын товарлардан алынады. (банан, чай, ситрус өсимликлери ҳ т.б)
- **Импорт квоталары.** Бунда импорт товарлардың муғдары белгиленеди. Артықша товарлар импорт қылынғанда бажы салықлары жәнеде артады.

- **Тарийфсиз тосықлар** – лицензиялар талап етилади, бюрократиялық тосықлар қойылады. Тарифсиз тосықларға: туўрыдан - туўры шеклеўлер – айырым өнимлерге мәмлекет яки ири жеке кәрханалардың монопол ийелиги де киреди.

- **Тиккелей шеклеўлер** – миллий салық сиясаты, шет ел портлары ҳәм темир жол вокзалларының жабылыўы, өнимлерди ислеп шығарыўда миллий шийки затты қолланыўын талап етиў, миллий экономикада импорт товарлардың алтернативли болғанлығы ушын импортты шеклеўлер киреди.

«**Ықтиярый**» экспортты шеклеў, жабық саўда сиясатын алып барылып атырғанлығы ушын товарларды экспорт етиў қыйынласады. Нәтийжеде мәмлекетлер «**Ықтиярый**» экспортларын қысқартырады. «**Жабық саўда сиясаты**» тәрепдарлары өз пикирлерин төмендегише тийкарлайды:

- Мәмлекеттиң қураллы күшлер қураллы күшлер қүдретин беккемлеў жабық сиясатын әмелге асырыўды талап етеди. Лекин бул себеп экономикалық емес, бәлки сиясий себеп болып табылады. Жабық сиясат нәтийжесиндн алынған салықлар стратегик товарлар ҳәм материалларды ислеп шығаратуғын тараўларды сақлап қалыўға ҳәм раўажландырыўға сарыпланады.

- Миллий экономикада жумысшыларды жумыс пенен бәнт етиў. Жәмийеттеги жалпы қәрежетлерге тутыныў, жалпы инвестиция, мәмлекеттиң қәрежетлери ҳәм сап экспорты киреди. Импорттың артыўы жумыс орынларының қысқарыўына алып келеди. Бажы салығы жоқары болғанда экспорт артады, ислеп шығарыў көлеми кеңейеди, жумыс орынлары көбейеди.

Базыбир мәмлекетлердиң экономикасы халық аралық базардағы өзгерислерге байланыслы. Усы мақсетте миллий экономикадағы санаат кәрханаларын банкроттың алдын алыў ушын бажы салықлары асырылады. Жас тараўларды қорғаў мақсетинде бажы салықлары жоқары дәрежеде белгиленеди. Демпингтен қорғаў мақсетинде тарийф ҳәм лицензиялар талап етиледи.

Миллий экономикадағы жумыс күшин арзан сатылыўынан қорғалады. 1934-жылда шығарған «**Өз - ара саўданы әмелге асырыў**» ҳаққындағы нызамға муўапық, бажы салықларын кемейтириўге болған ҳәрекет басланды.

1947- жылдан баслап саўда ҳәм тарийфлер есабынан келип шығыў тийарында жумыс жүритетуғын **тарийф ҳәм саўда бойынша бас келисим халық аралық шөлеми (ТСББ)** ис жүргизе баслады. Ҳәзирги күнде бул шөлкем «**халық аралық саўда шөлкем»и (ХСШ)** деп жүритиледи. Ҳәзирги күнде халық аралық саўданы тәртипке салыў ушын ашық саўда Европа ассосиациясы, саўданы қадағалаўшы БМШ комиссиясы ислеп атыр. Бул шөлкемниң ўазыйпасы саўда қатнасықларын әмелге асырып атырған мәмлекетлердиң тең хуқықлылығын тәмийинлеў, оларды кемситпеў, баж салықларын пәсейтириў импорт квоталарын алып таслаў болып есапланады. Еркин саўданы әмелге асырыўдың ең тийкарғы қуралы экономикалық интеграция есапланады.

Көпшилик жағдайларда мәмлекетлер масласыўшы саўда сиясатын әмелге асырады. Бунда ашық ҳәм жабық саўда сиясатының элементлерин өзинде жәмлеген ҳалда мәмлекет өзиниң сиясатын әмелге асырады.

## 3. Саўда балансы ҳәм оны тәртипке салыў усыллары

Мәмлекетлер өз - ара саўда - сатық есабынан ғана социал байланысларды әмелге асырмайды. Мәмлекетлер ортасында социал байланыслар менен биргеликте мәдений, илмий, сиясий байланыслар да әмелге асырылады. Бул қатнасықлардың әмелге асырылыўы мәмлекеттиң төлем балансында өз көринисин табады. Ҳәр бир мәмлекет бәрқулла төлем балансы ҳаққында мағлыуматларды есаплап турады. Бул мағлыумат тийкарында мәмлекетлердиң жер жүзлик экономикадағы орны ҳаққында пикир жүритиледи. Төлем балансы белгили бир ўақыт аралығында шет елдеги төлемлер менен ол жерден келип атырған кирим ортасындағы парқты сәўлелендиреди. Егер төлемлерден кирим жоқары болса, төлем балансы актив, керисинше болғанда пассив болады. Төлем

балансындағы жетиспеўшилик (импорт жоқары болғанда) шет ел валютасына болған талапты асырады. Төлем балансы актив болғанда мәмлекеттеги дәрамат артады, экспорт ҳәм. Төлем балансындағы жетиспеўшилик шет еллерден алынатуғын қарыз, яки Орайлық банк резервлери есабынан қопланады. Ҳәр бир мәмлекеттиң валютасы шегараланған. Соның ушын төлем балансының турақлы, турақлы рәўиште болатуғын қытшылық экономикалық жағдайды аўыр аўҳалға алып келеди. Бундай жағдайда мәмлекетлер төлем балансының баланслы ҳалда болыўы ушын шара–илажларын излеўи керек болады. Ақырғы жылларда ҒМА мәмлекетлери менен алып барылып атырған қатнасықлардағы төлем балансы актив болып атыр.

Жер жүзиндеги мәмлекетлер өз төлем балансларын **Халық аралық валюта фонды (ХВФ)** усынысларына тийкарланып дүзиледи. Бул қурамалы болып (ол жүзлеп схемалардан турады), оның дийўалларын сыртқы саўда айналысы пайда етеди. Төлем балансы: бажыхана мағлыуматлары тийкарында дүзиледи.

Халық аралық есаплар банклер жәрдеминде нақ пулларсыз әмелге асырылады. Халық аралық есаплар клиринг төлемлери жәрдеминде ҳәм әмелге асырылады. Клиринг есабында өз - ара есаплар алып барылғанда товарларды алмастырылғандағы парық нақлай пуллар жәрдеминде қапланады.

Өзбекистан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң халық аралық экономикалық байланыслар болған итибар жәнеде күшейди. И.А.Каримовтың «**Өзбекистанның базар экономикасына өтиўиниң өз модели**» атлы шығармасмында базар экономикасына өтиў дәўириндеги халық аралық экономикалық байланыслардың тийкарғы принциплери белгилеп берилген. Бизиңг экономикамыз әсиресе усы принциплер тийкуарында жер жүзлик хожалық көлемине интеграция жолы менен қосылып барады. Бул принциплер:

- идеялық карaслардың ҳәр түрли болыўынан қәттий нәзер мәмлекетлердиң тең хуқуқлы тийкарында халық аралық қатнасықларын әмелге асырыў;
- мәмлекет мәплериниң үстинлигин есапқа алған ҳалда өз-ара мәпдарлылықты есапқа алыў;
- бир тәреплеме ҳәм ҳәр тәреплеме сыртқы экономикалық байланысларды әмелге асырыў халық аралық хуқуқый нормаларға әмел қылыў.

## 15.1 - тема: Валюта қатнасықлары ҳәм валюта системасы

### 1. Халық аралық валюта системасы ҳәм түрлениў басқышлары

Өзбекистан Республикасы 1-сентябрь 1991-жылда ғәрезсиз республика деп жәрияланады. Оның ғәрезсизлиги Бирлескен Миллетлер Шөлкемине ҳәм оның шөлкемлерине, Халық аралық Банк, Халық аралық Валюта фонды, Халық аралық финанс корпорациялары, экономикалық өсиўине қәўендерлик қылыўшы, халық аралық мийнетти шөлкемлестириў , халық аралық ден саўлықты сақлаў қусаған шөлкемлерге ағза болыўы менен сәўлеленеди.

Өзбекистан Республикасының Президенти И.А. Каримов тәрепинен экономиканың тийкарғы бағдарларын белгилеп берилди. Тийкарғы бағдарлардан бири мәмлекеттиң ғәрезсиз пул бирлигин ислеп шығыў ҳәм Өзбекистанның жер жүзлик валюта системасында өзине мас болған орынды ийелеўи есапланады.

**Валюта не? Валюта системасы - не?** Бул сораўларға жуўап бериў ушын валюта қатнасықларының жүзеге келиўи ҳәм оның экномикада тутқан орнын көрип шығамыз.
Пулдың жер жүзлик хожалықта әмел қылыўы ҳәм ҳәр қыйлы халық аралық экономикалық байланысларға (сыртқы саўда, жумысшы күши ҳәм капитал миграцияси, дәраматлар, қарызлар ҳәм субсидиялар ағымы, пән-техника алмаслаў, туризм ҳәм т.б.) хызмет қылыўы менен байланыслы экономикалық қатнасықлар валюта-кредит қатнасықлари дейиледи. Ол пулдың халық аралық төлем қатнасында әмел қылыў процессинде жүзеге келеди.

**Халық аралық валюта системасы дегенде** – мәмлекетлер ортасында келисимлер тийкарында алып барылатуғын халық аралық валюта қатнасықларын шөлкемлестириў түсиниледи.

Халық аралық валюта системасының өзгешеликлери:

- миллий ҳәм коллектив валюта запасына ийелик етиў,
- валюта паритетиниң қатнасы,
- халық аралық ликвид активлердиң (валюта қаржылары ҳәм алтын запаслары) қатнасыўы,
- халық аралық есап-китапларының әмелге асырылыўы,
- халық аралық валюта кредит операцияларын әмелге асырыў имаканының бар екенлиги,
- валюта қатнасықларын тәртипкеа салыў имканияты менен сәўлеленеди.

Ҳәзирги дәўирге шекем тарийхтан бир қанша валюта системасының әмел қылып келгенлиги мәлим. Валюта системасы алтын стандарты ХЫХ әсирдиң ақырында тәбиийй рәўиште жүзеге келген. Бунда айырым мәмлекетлердиң валюталары мәмлекеттиң ишинде еркин рәўиште алтынға алмастырылған. Алтын стандарты белгиленген валюта курсин болыўын талап еткен.

Алтын үш шәртти орынлағанда мәмлекетте алтын стандарты әмел қылады деп есапланған.

1. Мәмлекеттеги пул бирлиги алтын мазмунын сәўлеленгенде.
2. Алтын запасы жәрдеминде пулдың усыныс етилетуғын муғдары белгиленгенде.
3. Экспорт ҳәм импортқа тосқынлық қылынбағанда.

Алтын стандарты төмендеги абзаллықларға ийе:

- валюта курсы қәўпин ҳәм қәдрсизлениўди пәсейтиреди, нәтийжеде халық аралық саўданы раўажландырыўды хошаметлейди.
- алтын стандарты төлем балансының активлери ҳәм кемисин автоматик рәўиште теңлестиреди.

Соның менен бирге алтын стандарты төмендеги кемшиликлерге ийе:

- жумыссызлық ҳәм пулдың қәдрсизлениў машқаласын жоғалта алмайды.
- алтын стандарт мәмлекетте алтын запасы (резерви) тамам болғанға шекем даўам етеди.

ХХ әсирдиң 30-жылларындағы "**Уллы дипрессия**" пүткил дүньяны ийелеп алды, ҳәмде алтын стандартының жүзеге келиўине алып келди. Көпшилик мәмлекетлер экспортты асырыў, импортты кемейтириў мақсетинде алтынға қарағанда өз пул бирликлерин девалвациялаўға ҳәрекет қылды. **Девалвация – миллий пул бирлиги қунының рәсмий рәўиште пәсейтирилиўи есапланады.** 1978- жылға шекем девалвация – пул бирлигиниң қурамындағы алтын үлесин кемейтириў жолы менен әмелге асырылған. Ҳәзирги ўақытта пул бирлиги барлық еркин алмасатуғынн валюталарға (АҚШ доллари, Германия маркасы, Уллы Британия фунт стерлинги, Евровалюта) қарағанда пәсейтириў жолы менен әмелге асырылады. Девалвация процесси алтын стандартын желиниўин жәнеде тезлестирди.

Екинши валюта системасы валюта алтан стандарты тийкарында жүзеге келди. Оның жүзеге келиўи ХХ әсирдиң 30- жылларда басланған болса 50-60 жылларда тамамланды.

Жер жүзлик валюта системасын ислеп шығыў мақсетинде 1944-жылда Бреттон Вудсда АҚШ аўқамлас мәмлекетлердиң анжуманы болып өтти. Анжуманда валюта курсларын басқаратуғын системаны дүзиў ҳаққында келисимге қол қойылды. **Бул анжуман Бреттон Вудсда болғанлығы себебинен, Бреттон Вудс системасы деп аталады.**

Жаңа система дәслепки системаның кемшиликлеринен азат болған болыўы керек еди. Соңырақ және бир анжуман шақырылды, бунда халық аралық валюта фонды (ХВФ) пайда етилди. ХВФ мәмлекетлерара валюта қатнасықларын тәртипке сала баслады. Бреттон Вудс системасы халық аралық запас сыпатында алтын ҳәм долларды қоллана баслады. Доллар жер жүзлик пул сыпатында тән алынды.

ХХ әсирдиң 60-жылларының ақырына келип капиталистлик хожалық системасының байналминалласыў ҳәм трансмиллий капиталдың жүзеге келиўи нәтийжесинде Бреттон Вудс системасында қарсылықлар жүзеге келе баслады.

1971-1973 жылга келип Бреттон Вудс системасы АҚШ тың рәсмий түрде алтынды долларға алмастырыўдан бас тартыўы нәтийжесинде хызмет көрсете алмай қалды. Урыстан соң пайда болған системаның буўынлары әмелде истен шықты. Доллардың еркин сүзиўи алтынның жер жүзлик базарында валюта сыпатында қолланылыўына точка қойылды.

Ямайкадағы келсим 1969-жылда шөлкемлестирген ХВФ тәрепинен коллектив валюта системасын шөлкемлестииўди мақсет етип қойды. Коллектив валюта, алтын ҳәм доллардың абсолют көриниўи болыўы керек еди. Дәслеп коллектив валюта паритет ҳәм валюта курсының тийкары болып хызмет қылды. Лекин, кейиншелик ол нәтийже бермеди.

Ямайка валюта системасы валюта қатнасықларын тәртипке салыў машқаласын шешпеди. Соның ушын "**Улыўма базар**" ға кириўши мәмлекетлер өзлери ушын улыўма валюта системасын дүзиўге қарар етти. Бул валюта – **Европа валюта системасы (ЕВС)** болып, ол 1979-жылдың март айынан баслап усы күнге шекем әмел қылып келмекте.
Европа валюта системасының тийкарғы элементи жасалма ислеп шығылған Европа валюта бирлиги «ЭКЮ» есапланып, оның жәрдеминде мәмлекетлер ортасындағы экономи-калық байланыслар әмелге асырылмақта. Ҳәзирги күнде Европа экономикалық аўқамына ағза болмаған мәмлекетлердиң банклери де бул валюталар жәрдеминде есап-китапларын алып барылмақта. «ЭКЮ» дың халық аралық есап – китапларын әмелге асырыўдағы роли артып баратырған болсада, ҳәзирги күнде Европа мәмлекетлери, АҚШ мәмлекетлери оның әмел қылыныўынан қанаатланбаған.

Ҳәзирги күнде Европа валютасының айланысқа қосылыўы да бирден-бир валюта системасының жаңа түри жүзеге келмегенинен хабар береди. Буның себеби мәмлекет-лердиң мәплери ортасында жүдә үлкен айырмашылыққа ийе екенлиги есапланады.

## 2. Валюта түрлери

**Валюта** – италянша "**Валута**" сөзинен алынған болып "**қун**" деген түсинигин сәўлелендиреди. Валюта конвертирлениўи ҳәм ликвидлилигине қарай төмендеги түрлерге ажыратылады:

- Қатты валюта
- Жумсақ валюта
- Экзотик валюта

**Қатты валюта** – бул валюта дуньяның ҳәр қандай жеринде еркин сатылады ҳәм сатып алынады. Қатты валюталарға: Евровалюта, Америка доллары (УСД) Австралия доллары (АСД) киреди. Бул валюталар ҳеш қандай машқласыз бир мәмлекеттен екинши мәмлекетке "**сүзип**" өтеди.

**Жумсақ валюта** - Евровалютаға бурынғы социалистик мәмлекетлердиң валюталары кирмейди. Қатты валюталар топарына кирмейтуғын қалған валюталардың барлығы жумсақ валюта есапланады. Бул валюталар белгили бир мәканда ҳәрекет етеди. Бундай валютага бурынғы социалистик мәмлекетлердиң усы күндеги валюта бирликлери киреди.
Россия рубли, қазақ теңгеси БМШ мәмлекетлеринде еркин алмасланады ҳәм олардың банклери есап-китап операцияларын алып барады. Олардың өз-ар, ҳәмда қатты валюталарға қарағанда курсы белгиленеди.

**Екзотик валюталарға** – бул валюталар ликвид валюта емес. Оған төмендегише мәмлекетлердиң валюталары киреди:

- Ҳиндистан – рупийи;
- Малайзия – ренги;
- Авғанстан – авғаны;
- Багама – доллары.

Ҳәр қандай валюта белгили бир курста сатылады ҳәм сатып алынады.

**Валюта курсы** – бир мәмлекет валютасының екинши мәмлекет валютасында сәўлелениўи есапланады. **Мәселен**, 2015-жыл Өзбекистанда 1 доллар = 2200 сўмға теңлестирилди. Валюта курсы талап ҳәм усынысқа байланыслы. Шет ел валютасына

усынысқа қарағанда талап артса, миллий валютаның курсы паритетке қарағанда пәсейеди яки керисинше.

Шет ел валютасына болған талап ҳәм усыныс мәмлекеттиң төлем балансына байланыслы болады. Демак, валюта курсы да төлем балансына байланыслы болады. Төлем балансы актив болғанда шет ел валютасының усынысы жоқары болады, пассив болғанда шет ел валютасына талап жоқары болады.

Мәмлекетлердиң төлем балансындағы айырмашылық олар ортасындағы валюта қатнасықларының жағдайын сәулелендиреди. Валюта курсы еки түрде болады:

- Сүзип жүриўши валюта курсы.
- Белгиленген валюта курсы.

**Сүзип жүриўши валюта курсы** – валютаның реал курсы есапланады.

**Белгиленген валюта курсы** – күнде белгиленетуғын валюта курсының муғдары болып, халық аралық есапларда, статистика есабатларында қолланылады.

Валюта курсы арнаўлы шөлкемлестирилген валюта биржаларында белгиленеди. Оның курсы белгили бир ўақытта белгиленеди. Валюта курсы халық аралық валюта базарында ҳәм котировка тийкарында белгиленеди. **Котировка** – бир мәмлекет валютасын халық аралық саўда дақатнасатуғын мәмлекетлердиң валютасына қарағанда белгилениўи есапланады. Халық аралық валюта базарындағы валюта курсы ҳәм талап ҳәм усыныс тийкарында жүзеге келеди.

Халық аралық валюта базары, валюта курсын белгилеўде оның орны жоқ. Халық аралық валюта базары оның қатнасыўшылары жәрдеминде пайда болады. Қатнасыўшылар: брокерлер, банклер, валюта пенен саўда етиў хуқықына (лицензияға) ийе болған шөлкемлер есапланады. Халық аралық валюта базары (Евро базар) валюта ҳәм пул базарын өз ишине алады. Бул базарлар ҳәр түрли ўазыйпаларды, ҳәр қыйлы қәўип қәтер астында әмелге асырады.

Валюта курсы "**актив**" валюта курсына ҳәм "**пассив**" валюта курсына ажыратылады. Банклер валюта базарында актив қатнасыўшылар есапланады. Ири коммерциялық банклер валютага еки қыйлы курс белгилейди. **Биринширси** сатыўшы ушын, **екиншиси** қарыйдар ушын. Сатыўшы ушын ҳәм қарыйдар ушын белгиленген валюта курсы ортасындағы пыры анк пайдасы есапланады.

## 3. Валюта сиясаты

Ҳәзирги жер жүзлик мәмлекетлерин өз - ара интеграцияласыўы валюта қатнасықларын нәтийжели раўажланыўына байланыслы. Өзбекистан Республикасы Президенти И.А. Каримов бул ҳаққында: - «**Социал ҳәм экономикалық процесслерди мәмлекет жолы менен тәртипке салыў ҳәммеге белгили дәстүрлер финанс, кредит, салық, валюта сиясаты, баҳаларды қадағалаў ҳәмде тиккелей тәсир етиўдиң басқа шаралары жәрдеминде әмелге асырылады**» ([4], 43 бет) деген еди. Валюта қатнасықлары тәбийий әмелге асатуғын процесс емес. Валюта қатнасықларын тәртипке салыў, мәмлекеттиң валюта сиясаты жәрдеминде әмелге асырылады.

Миллий валюта курсы пәсейгенде экспортты асырыў мақсетке муўапық болады. Бундай жағдайда мәмлекетке қосымша валюта кирип келеди. Импортты бул ҳалда шеклеў зәрүр. Валюта қатнасықларының турақлы емеслиги миллий мәмлекеттиң жер жүзлик базарындағы абыройын төменлетеди. Бундай жағдайда мәмлекет валюта қатнасықларын басқаратуғын қураллардан пайдаланады. Бул қураллар **дисконт сиясаты** ҳәм **валюта интервенциясы** болып есапланады.

**Дисконт** – банклер тәрепинен алынатуғын процент есапланады. Банк процентларин пәсейтириў яки асырыў менен шет ел валюталарының кирип келиўин тәртипке салады. Бул сиясат мәмлекетте экономикалық аўҳалын турақлы болса ғана нәтийже береди.

Валюта интервенциясында орайлық банк валютаның талап ҳәм усынысын басқарады. Пулдың қәдрсизлениўи валюталардың паритетлик қәблийетин пәсейтиреди.

Бундай жағдайда валюта интервенцияси валюта курсын **деволвация** (валюта курсын рәсмий рәўиште пәсейтириў) ҳәм **револвация** (валюта курсын рәсмий түрде көтериў) етиў менен тәртипке салынады.

Валюта қатнасықларын тәртипке салыўда саўдада протекционизм ҳәм фритидерлик сиясатын қоллаўдан ҳәм пайдаланылады.

**Протекционизм сиясаты** – мәмлекеттиң миллий экономикасын шет ел бәсекесинен, ишки базарды шет ел товарлары кирип келиўинен қорғаўға қаратылған сиясат болып табылады. Экспортты хошаметлеў, импортты, шеклеў ҳәм соған уқсас илажларды әмелге асырыў ушын шет ел товарларына үстеме ҳақылар мәмлекет тәрепинен белгиленеди, баж ҳақылары тапсырылыўы арқалы мәмлекет протекционизм сиясатын әмелге асырады.

**Фритидерлик сиясаты** мәмлекетлердиң сыртқы экономикалық қатнасықларға араласпаў сиясаты болып есапланады.

Протексионизм сиясатында валюта түсиминиң бир бөлеги мәмлекет банкине келип түседи. Валюта жетерли болғанда экономикада ашық саўда сиясатын әмелге асырылады. Өзбекистан Республикасында өзбек валютасы «**сўм**» 1-июль 1994-жылда нызамлы төлем қуралы сыпатында айланысқа киритилди. Миллий валюта қәдрин асырыў, мәмлекеттиң қалаберсе миллеттиң келешегин асырыўдың тийкарғы бағдары есапланады. Бизде оның қәдрин асырыў имканияты ҳәм тәжрийбеси бар.

Туркистан жеринде қүдретли валюта бар болған дәўирди тарийх еле умытпаған. Уллы Темур ийелеген еткен теңгелер Европа, Азия мәмлекетлери, ҳәттеки Нил жағалаўларында еркин қабыл етилген, яғный ол абырайлы валюта дәрежесинде болған.

ХХ әсирдиң 20-жылларында ҳәм Туркистанның пул сиясаты, Россияның пул сиясатына үлкен тәсир еткен. Өзбекистан пулының дәслепки шухраты да даңқын тиклеў мәмлекетте жасап атырған бүгинги әўлад мойнына жүкленбекте.

Оның қәдрин асырыў ушын:

- **Мийнет интизамын асырыў.** Ҳәр бир адам өзиниң ислеп тапқан пулының қәдрини асырыўы лазым. Валюта, қун, сарпланған мийнет муғдарын анықлайды. Бул тежемлиликти асырыўды талап етеди.
- **Инфляцияны пәсейтириў.** Бунның ушын ишки ҳәм сыртқы базарда бәсекиге шыдамлы товарларды ислеп шығарыўды әмелге асырыў зәрүр.

## Әдебиятлар:


1. Каримов И.А.Жәмийетда исбилерменлик рухини қарор топтириш – тараққиёт гарови. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Махкамасининг мажлисида 2001 жыл 17 июлда сўзлаган нутқи. «Халқ сўзи», 18 июл 2001.
2. Каримов И.А. Донишманд халқимизнинг мустахкам иродасига ишонаман. «Фидокор», 8 июн, 2000.
3. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, Еркин ва фаровон хаёт пировард мақсадимиз. Т; Ўзбекистон 2000. 463 б.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. – Т.: Ўзбекистон 1998. 682 б.
5. Каримов И.А. Ислохотлар стратегияси мәмлекетимиз салохиятини юксалтиришдир Халқ сўзи 2003-жыл 18-феврал ВИИ 40. Ўзбекистон Конститутсияси. Ўзбекистон Республикасининг мүлкчилик хақидаги нызами.
6. Каримов И.А. Ўзбекистон экономикалық ислохотларни чуқурлаштириш жолида. Т; Ўзбекистон 1995. 43 б.
7. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг сиёсий - социал ва экономикалық истиқболининг асосий принсиплари. Т; Ўзбекистон 1995. 10-11 б.
8. Каримов И.А. Экономикани еркинлаштириш ва чуқурлаштириш энг мухим вазифа. «Халқ сўзи» газетаси, 2000 жыл, 16 феврал.
9. Каримов И.А. Экономикани еркинлаштириш ресурсларидан тежам-корлик билан пайдаланыў бош жолимиз. «Халқ сўзи» 2002 жыл 1 феврал 34-1 сон.
10. Ўзбекистон Республикаси Конститутсияси. Т. Ўзбекистон 1998. 46 б.

11. Ал - Форобий Фозил кишилар шахри. Тошкент., 1993.
12. Камаев В.Д. Учебник по основам экономической теории. -М.: Владос. 1994.- 355 с.
13. Макканелл Р. Брю С.Л. Экономика. Реферат.- М.: Менеджер. 1992. - 72 с.
14. «Халқ сўзи» газетаси 2004 й. 11 ноябр.
15. Экономика Узбекистана. Аналитический обзор за 2003 год. Ташкент 2004. 108 с.
16. Статистическое обозрение Республики Узбекистан за 2003 год. Т. 2004. 228 с.

**Қосымша пайдаланыў ушын усыныс етилетуғын әдебиятлар**

**1. Ўзбекистон Республикаси Қонунлари:**

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: “Ўзбекистон”, 2003.
2. Ташқи иқтисодий фаолият тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2004.
3. Ўзбекистон Республикаси Ер кодекси.– Т.: “Адолат”, 2004.
4. Қишлоқ хўжалиги кооперативлари (ширкатлари) тўғрисида. – Т.: “Адолат”, 2004.
5. Фермер хўжалиги тўғрисида.– Т.: “Адолат”, 2004.
6. Деҳқон хўжалиги тўғрисида.– Т.: “Адолат”, 2004.
7. Давлат тасарруфидан чиқариш ва хусусийлаштириш тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2003.
8. Ўзбекистон Республикаси Марказий банки тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2003.
9. Акциядорлик жамиятлари ва акциядорларнинг ҳуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2003.
10. Қимматли қоғозлар бозорининг амал қилиши тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2003.
11. Еркин иқтисодий ҳудудлар тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2003.
12. Касаба уюшмалари, уларнинг ҳуқуқ ва кафолатлари тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2002.
13. Меҳнат муҳофазаси тўғрисида.- Т.: “Адолат”, 2002.
14. Биржа ва биржа фаолияти тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2001.
15. Рақобат ва товар бозорларида монополистик фаолиятни чеклаш тўғрисида. - Т.: “Адолат”, 2001.
16. Ўзбекистон Республикаси Солиқ кодекси. - Т.: “Адолат”, 2001.

**2. Ўзбекистон Республикаси Президенти Фармонлари:**

17. Тўғридан-тўғри хусусий хорижий инвестицияларни жалб етишни рағбатлантириш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида. 2005 йил 11 апрел`.
18. Ўзбекистон Республикаси Монополиядан чиқариш, рақобат ва тадбиркорликни қўллаб - кувватлаш давлат қўмитасини ташкил етиш тўғрисида. 2005 йил 30 апрел`.
19. Микрофирмалар ва кичик корхоналарни ривожлантиришни рағбатлантириш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида. 2005 йил 20 июң.

**3. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг қарорлари:**

20. 2005 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожланиш якунлари ва 2006 йилда иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштиришнинг енг муҳим устувор йўналишлари тўғрисида. 2006 йил 10 феврал`.
21. Тадбиркорлик фаолиятини ташкил етиш учун рўйхатдан ўтказиш тартиботлари тизимини тубдан такомиллаштириш тўғрисида. 2003 йил 20 август.
22. Тадбиркорлик суб`ектларини давлат рўйхатидан ўтказиш ва ҳисобга қўйиш тизимини такомиллаштириш тўғрисида. 2001 йил 22 август, 347-сон.

**4. Ўзбекистон Республикаси Президенти асарлари.**

23. Каримов Ы.А. Еришилган ютуқларни мустаҳкамлаб, янги марралар сари изчил ҳаракат қилишимиз лозим. 2005 йилда мамлакатни ижтимоий- иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2006 йилда иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштиришнинг енг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги мәрузаси. «Ўзбекистон овози», 2006 йил 11-феврал.
24. Каримов Ы.А. Ынсон, унинг ҳуқуқлари ва еркинликлари ҳамда манфаатлари – енг

олий қадрият. Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 13 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги мэрузаси. «Халқ сўзи», 2005 йил 8 декабр.
**25.** Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ етишдир. Т.: "Ўзбекистон", 2005.
**26.** Каримов И. А. Ескича қарашлар ва ёндашувлар билан янгича ҳаёт қуриб бўлмайди. - Т.: "Ўзбекистон", 2005.
**27.** Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб ҳисоблашар еди. Т.: "Ўзбекистон", 2005.
**28.** Каримов И.А. Мавжуд имконият ва ресурслардан оқилона фойдаланиш – тараққиёт омили. - Т.: "Ўзбекистон", 2004.
**29.** Каримов И.А. Ықтисодиётни еркинлаштириш, ресурслардан тежамкорлик билан фойдаланиш – бош йўлимиз. Т.: "Ўзбекистон", 2002.
**30.** Каримов И.А. Ықтисодиётни еркинлаштириш ва ислоҳотларни чуқурлаштириш – енг муҳим вазифамиз. Т.: "Ўзбекистон", 2000.
**31.** Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, еркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.: "Ўзбекистон", 2000.
**32.** Каримов И.А. Ўзбекистон ХХЫ асрга интилмоқда. Т.: "Ўзбекистон", 1999.
**33.** Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. Т.: "Ўзбекистон", 1998.
**34.** Каримов И.А. Ўзбекистон ХХЫ аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т.: "Ўзбекистон", 1997.
**35.** Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштириш йўлида. Т.: "Ўзбекистон", 1995.
**36.** Каримов И.А. Ўзбекистон – бозор муносабатларига ўтишнинг ўзига хос йўли. Т.: "Ўзбекистон", 1993.

**5. Дарсликлар.**

**37**. Шодмонов Ш.Ш., Ғафуров У.В. Иқтисодиёт назарияси. Т.: «Фан ва технология». 2005.
**38**. Раззоқов А., Тошматов Ш., Ўрмонов Н. Иқтисодий тэлимотлар тарихи. Т.: «Молия». 2002.
**39.** Борисов Е.Ф. Экономическая теория: учеб. – 2-е изд., перераб. и доп. - М.: ТК Велби, Изд-во Проспект, 2005.
**40.** Ыохин В.Я. Экономическая теория: Учебник. – М.: Економист`, 2005.
**41.** Куликов Л.М. Экономическая теория: учеб. – М.: ТК Вебли, Ызд-во Проспект, 2005.
**42.** Экономика. Учебник, 8-е изд., пререраб. и дополненное. - /Под ред. А.С. Булатова. М.: Экономист, 2005.
**43.** Экономическая теория: Учебник. – Изд. испр. и доп. /Под обш. ред. акад. В.И.Видяпина, А.И.Добринина, Г.П.Журавлевой, Л.С.Тарасевича. – М.: ИНФРА-М, 2005.
**44.** Экономическая теория. Учебник./Под. ред. А.Г.Грязновой, Т.В.Чечеловой – М.: Экзамен, 2004.
**45.** Экономическая теория: Учеб. для студ. висш. учеб. заведений / Под ред. В.Д.Камаева. – 10-е изд., перераб. и доп. - М.: Гуманит. изд. центр ВЛАДОС, 2004.
**46.** Макконнелл К.Р., Брю С.Л. Экономикс: принципи, проблеми и политика. (перевод с англ.). М.: «Инфра-М», 2002.

**6. Ўқув қўлланмалар.**

**47.** Шодмонов Ш.Ш., Баубекова Г.Д. Педагогическое мастерство и инновации в преподавании экономической теории. - Т.: Янги аср авлоди. 2004.
**48.** Шодмонов Ш.Ш., Баубекова Г.Д., Халикова Г.Т. Инновационние методи

обучения в экономическом образовании. – Т.: “Фан”, 2003.
**49.** Шодмонов Ш., Алимов Р., Жўраев Т. Иқтисодиёт назарияси. -Т.: Молия. 2002.
**50.** В поисках новой теории с проблемними ситуациями: Учеб. пособ. / Под ред. Грязновой А.Г. и др. - М.: КНО РУС, 2004.
**51.** Куторжевский Г.А. Экономика. Основи теории: Учеб. пособ. - М.: ЗАО изд-во Экономика, 2004.
**52.** Бренделёва Е.А. Неоинституционал`ная теория: Учеб. пособ. - М.: ТЕИС, 2003.

**53.** Клинов В. Г. Економическая коңюнктура. Фактори и механизм ее формирования. Учебное пособие. - М.: МГИМО. 2003.
**54.** Современная экономическая теория: проблеми разработки и преподавания. Под ред. ХубиеваК.А. - М.: Экономический факул`тет МГУ, ТЕИС, 2002.
**55.** Шаститко А.Е. Новая институционал`ная экономическая теория. М.: Экономический факул`тет МГУ, ТЕИС, 2002.
**56.** Курс экономической теории: Обшие основи экономической теории. Микроэконмика. Макроэкономика. Основи национальной экономики: Учебное пособие / Под ред. д.э.н., проф. А.В.Сидоровича. – М.: «Дело и Сервис», 2001.
**57.** Мишкевиц А.А. Сборник заданий по экономике. В.3-х книгах. Кн. 1. Задачник по микроэкономике с решениями. - М.: Вита-Пресс, 2001.

### 9. Интернет сайтлари.

**1.** www.стат.уз – Ўзбекистон Республикаси Давлат статистика қўмитасининг расмий сайти.
**2.** www.уза.уз – Ўзбекистон Республикаси Миллий Ахборот Агентлиги расмий сайти.
**3.** www.сееп.уз – Ўзбекистон Республикаси Ықтисодиёт вазирлиги ҳузуридаги Самарали иқтисодий сиёсат маркази расмий сайти.
**4.** www.беарингпоинт.уз – УСАЫД Беарингпоинт Узбекистан Эсономис Реформ.
**5.** www.економй.сом – АҚШнинг Пенсил`вания штатидаги Эсономй.сом,Инс. корпорацияси веб-сайти.
**6.** www.интернетиндисаторс.сом – Иқтисодий индикаторлар Интернет веб-сайти.
**7.** www.економйўорлд.сом – Пҳотиус Соуцоукис анд Информатион Технологй Ассосиатес (Ахборот Технологиялари Ассоциацияси) веб сайти.
**8.** www.економйўорлд.орг – Пҳотиус Соуцоукис анд Ынформатион Течнологй Ассосиатес (Ахборот Технологиялари Ассоциацияси) веб сайти.
**9.** www.мд-манагемент.ру – Официал`ний сайт Российской компании "Консалтинговая группа МД".
**10.** www.узрепорт.сом – САЫПРО консалтинг компаниясига тегишли, О'збекистон ва бутун дунёдаги бизнес тизим ва исте`молчиларга ахборот йетказиб беришга мо'лжалланган интеграциялашган интернет лойиҳа.
**11.** www.узсесуритиес.сом – О'збекистон Республикасининг Қимматли қог'озлар бозори ҳақида ахборот берувчи расмий сайти.
**12.** www.узехпорт.сом - О'збекистон Республикасининг мамлакат экспорт салоҳияти ҳақида ахборот берувчи расмий сайти.